# МАХ ДУГ



## ÆВДУДОН ИРЫСТОН

8

2022





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2022

# МАХ ДУГ

**8**
2022

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав,  КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2022

# НОМЫРЫ ИС:

**УЫРЫМТЫ ПЕТЯ: 90АЗЫ**
УЫРЫМТЫ Петя.
Зарæг азæлд суадæттау нæ кæмтты. *Æмдзæвгæтæ* .......................... 6

**ПРОЗÆ**
АГЪЫНАТЫ Гæстæн. Хæрзгæнæг. *Уацау* ............................................ 17
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман* ........................ 24

**«МАХ ДУГ»-Ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД**
ХЪАЙСЫНТЫ Артур. Фæсмон ........................................................... 63

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**
ТЕМБОТ КЕРАШЕВ: 120 АЗЫ.
Рæгъаугæсы мастист. *Уацау*...2-аг хай... ............................................. 65

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
ГОБОЗТЫ Агуындæ. Азæ. *Радзырд* ..................................................... 91

**АХУЫРГÆНÆГÆН АХХУЫСÆН**
Аивадон – нывгæнæн æвзаджы мадзæлттæ Дзесты Куыдзæджы радзырдты ............................................................................................... 104

**ХÆЗНАДОН**
Алы адæмты хабæрттæ ............................................................................ 108

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
ПЛИТЫ Гацыр. Æвдудон Ирыстон. *Уац* .............................................. 110
МАМИАТЫ Таймураз. Ивгъуыд мысгæйæ – сомбоны рухсмæ ........ 116

**СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ**
БЯЗЫРТЫ Алыксандр.
Нæртон нæмттæ «Уæргæх» æмæ «Уæхтæнæг» ................................. 122

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД – АДÆМÆН**
Хъайтарон аргъау. *Аргъау* .................................................................. 125

**ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ.** Ирон хъæлдзæг ныхæстæ ................ 131

**ТÆФÆРФÆС** СОТТИТЫ Риммæ ......................................................... 142

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .................................................... 143

# УЫРЫМТЫ ПЕТР: 90 АЗЫ



**(1932 – 1993 )**

*Æз цы дæн? Фыцгæ æхсидгæ зæрдæ,*
*Данкойау ыл н‘ ауæрдын æппын.*
*Хурау уын æй сауындзин уæ сæрмæ,*
*Уа цæмæй фæндагамонæг тын.*

# ЗАРÆГ АЗÆЛД СУАДÆТТАУ НÆ КÆМТТЫ

## ЗÆРОНД ФÆНДАГ

Хуыссыс æнцад... Цыма мæрдвынæй бадæ.
Фæлурс фæсалæй бамбæхстай дæ тæрттæ.
Цыма сæ разæй барджытæн нæ уадтæ,
Цыма дыл никуы цыдысты уæрдæттæ,

Цыма нæ хуыдтай адæмы дæ фæстæ,
Цыма Акимы зарæгмæ нæ хъуыстай,
Цыма æдзух фæсалы бын æмбæхстæ,
Цыма лæгæн хæрзгæнæгæй нæ куыстай;

Цыма нæ сыгътæ карз бонты цæхæрты,
Цыма дæ сæрмæ тохы мигъ нæ бадти.
Хуыссыс æнцад... Ныр разагъды кæстæртæн
Сæ лæгъз фæндаг дæ иувæрсты æруади.

## КУЫДЗÆМГАД

Дзæгъæлдзу куыдз кæрты. Куыд нæ уа бынатон!
Фæкъахыр мын кодта йæхицæн мæ бандон.
Кæцæйдæр æрхаста йæ лæппынты абон,
Фæцæуы, фæзыны кæддæрты, æнафон.

Бынтондæр фæхъал и: хæдзары – рæбинаг.
Куы мæ федта а изæр – уыд мыл рæинаг.
Мæхи йыл ысцагътон, ысдзырдтон хъæбæрæй,
Цæуыл, зæгъын, кæныс, мæ лымæн, дзæгъæл рæйд.

Йæ хъуыр-хъуыр ыссыди, цыма мæм хæцыди:
«Мæнæй уæлдай абон дæуæн дæр цæй цыт и?»

## МАХ ФЕДТАМ ХÆСТ...

Хæххон къуылдымтыл хурзæрины тынтæм
Ызгъордтам мах, кæлкæлгæнгæ, тъæбæрттæй.
Нæ зарæг азæлд суадæттау нæ кæмтты,
Сæууон æртæх – нæ цæстыты цæхæртæ.

Æвзонг сæгуыттау хъазынæй æфсис та
Уæд чи зыдта нæ карæнæй, зæгъут-ма?
Мæ фыд мæ-иу бæрзонд йæ къухты систа,
Цыма мæ ‘вдыста арвы цъæхмæ, хурмæ.

Фæлæ нæ сæрмæ сыстадысты мигътæ,
Æмбæхстой, ссæстой мах рæвдауæг хуры.
Нæ хъæубæстæ æмбырдтæ кодтой тигътыл.
«Хæст райдыдта...»-иу фехъуысти сæ дзурын.

Нæ фыдæлтæ, нæ æфсымæртæ, хотæ
Хæстæлвæстæй æрбабастой сæ гæрзтæ.
Хæрзбоны пъа-иу акодтой сæ цотæн...
Мах кастыстæм кæуындзастæй сæ фæстæ.

Хæст райдыдта... Цæмæй æмбæрстам мах та,
Кæй фескъуыди нæ хъæлдзæг цард рæстæгмæ,
Нæ ахсджиæгты сау фыдгул кæй цагъта,
Кæй не ссæудзысты бирæтæ фæстæмæ.

Цы уыди хæст, æвзæрстам æй нæхæдæг,
Фыдгул нæ скаст кæд ныккæндтæй нæ уагъта.
Нæ хъæлдзæг худт нын раивта æрхæндæг,
Нæмгуыты ‘хситт нæ судзаджы тас уагъта.

## КОМБАЙНЕРЫ ЗАРÆГ

Денджызы науау ме ‘фсæн бæх тулы
Мæнæуы хуымты, гъей.
Мæй мæм уæларвæй йæ цæст ныкъулы,
Цæуылдæр худы, гъей.

Кæд мын базыдта мæ зæрдæйы фæндтæ!
Нанайы рæсугъд, мæ зарæг ды кæй дæ.
Уæлæ мæй, курын, аивæй бакæс
Чызгайы уатмæ, гъей.
Мæ бæсты уымæн фæдзур мæ сагъæс,
Мысын æй дардмæ, гъей.

Зæгъ-иу ын æргом мæ зæрдæйы фæндтæ:
Нанайы рæсугъд, мæ зарæг ды кæй дæ.
Марадз-ма, уадымс, фæцагай хъæумæ
Мæйрухс æхсæвы, гъей.
Зæгь-иу чызгайæн, кæсæд æнхъæлмæ
Нæ чындзæхсæвмæ, гъей.
Зæгь-иу ын æргом мæ зæрдæйы фæндтæ:
Нанайы рæсугьд, мæ зарæг ды кæй дæ.

## БУР ГÆЛÆБУ

Бур гæлæбу,
Тæнæгбазыр,
Къулы рæбын
Хурмæ хъазы.

Бауадтæн æм –
Уайтагъд амбæхст,
Базыртæй ма
Хорз фæцарæхст.

Дымгæимæ
Смидæг хуымты.
Ныр кæимæ
Хъаздзæн уым та?

Бур гæлæбу –
Къабускайыл,
Хуры тын –
Йæ даргъ сыкъайыл.

Бур гæлæбу
Æртæх нуазы,
Ма йæм лæбур,
Уадз æй хъазын.

Бур гæлæбу,
Тæнæгбазыр,
Мауал атæх,
Бад мæ разы.

Бур гæлæбу,
Дзыгъуырбазыр,
Хъулон гæды
Дæу нæ уарзы.

Атæх тагъддæр,
Уæртæ гæды.
Ма дæ ‘рцахсæд,
Мæн нæ фæнды.

Бур гæлæбу
Стахти арвмæ,
Базыртæй мын
Кодта арфæ.

## ДЗИУ

Фаг ыл нæ цыд азтæ,
У мæнæй кæстæр.
Скъоламæ йæ н‘ айстой,
Кодтон хъыг æз дæр.

Дзиу нæ кæны цухтæ
Ахуырæй уæддæр.
Чингуытæ – йæ къухты
Райсом уа, изæр.

Иубон та йæ рустæ –
Чернилæамæст.
Райдыдтон ыл бустæ:
«Марадз, дæхи цæхс!»
Дзиу нæу хиæппæлой,
Бахудти уæддæр.
Уадз, дам, сых æнхъæлой,
Скъоладзау мæн дæр.

## ФЫНУАРЗАГ

Бæлæстæ ‘мæ
Дидинджыты
Пух сæртыл
Райсом раджы
Уалдзыгон хур
Атылди.
Мин-мин цæстæй
Бахудтысты
Хуссæрттæ,
Цыма сæ
Сыгъзæрин доны
Атылди.
Рудзынгæй дæм
Бакаст хур
Æфсæрмхуызæй.
– Айс мæ салам! –
Сабырæй дæм
Бадзырдта.
Фæлæ ды
Æгæр уарзыс
Дæ хъарм хуыссæн, –
Иунæг хатт дæр
Хурыскаст
Нæ базыдтай.

*СОТТИТЫ Риммæ*

# БÆЛЛИЦ, БÆЛЛИЦ... ДÆ БАЗЫРТÆ – ÆГÆРОН...

## СÆМÆН

Мæ рагбонтæй мæ абонмæ дæуæн
Мæ удрæбын мыдадзын цырагъ судзын.
Дыууæ цалхау домбай царды сæмæн
Нæ дыууæйы хъысмæт æмдзуйæ здухы.

Гуыргъахъхъ фæндаг æнæсцухæй нæ фæд
Фыссы дыууæ рæсугъд æмдæрццæг хаххæй,
Æмæ цæуæм фæрсæй-фæрстæм,
Æцæг æндон сæмæн нæ хицæн кæны махæй.

Уый азты ‘хсæнты иугæндзон йæхи
Дыууæ æнæнцой цалхы ‘хсæн æмбæхсы
Æмæ цæуы уæлмит æмæ уæлих,
Цыдæр сусæггаг адæмæн фæдзæхсгæ.

## ДЕНДЖЫЗЫ БЫЛ

Ныссабыр денджыз сатæг зæххы риуыл,
Æрмæст ма улæн улæны уызта...
Дунескæнæг – æмбисондаг зæрингуырд –
Æгæрон арвыл стъалытæ фыста.

Ныссабыр денджыз. Никæмæуал ‘взиды...
Æвзист мæй йыл æрæмбæрзта йæ хыз.
Кæдæмдæр дард – бæллицты бæстæм – сиды,
Æмæ цæуыс æвзонг чызгау, цæуыс...

Æппæт дуне дæ алыварс куыд аргъау,
Парахат гом йæ æппæт дуæрттæ... Ах!
Уæд та-иу лæг тæхын куы зонид маргъау,
Уæд арвы тыгъды сфардæг уаид арф.

Зынджы хуызæн ыстъалытæй æдæрсгæ
Цъæх денджызæн æрхæссид уый лæвар,
Сæууон хуры фыццаг тынты æнгæсæн
Куыд ыссудза йæ зæрдæйы цъæх арт.

Бæллиц, бæллиц... Дæ базыртæ – æгæрон...
Кæм нæ балæудзæн уыдонимæ уд!
Æхсæвыгон мæм денджызы былгæрон
Йæ мидбылты стъалыдзæст арв худт.

## ИРОН ДЗЫЦЦА

Ирон Дзыцца, мæ сабибонты аргъау,
Мæ уды рухсдæр, адджыдæр хæзна...
Дæ къухты хъарм, нæ рагфыдæлты загъдау,
Лæгау лæг хъуамæ зæрдæйы хæсса.
Æз та ма уды рухс цырæгъты рухсмæ
Дæ номы аккаг агурын лæвар.
О Иры мад! Бæсты рæсугъддæр урссæр!
Нæ сарæзтон дæ номыл æз хæдзар,
Зæрдылдарæн нæ балхæдтон сызгъæрин,
Нæ дын бауæфтон къабайагæн тын!
Амал уæвгæйæ, æз дæ номыл скæнин
Æппæт зæххы ныййарджытæн мæсыг.
Йæ тæккæ астæу сæвæрин æз авдæн,
Рæсугъд зарæг ыл саразин æмæ,
Ныййарæг мад, дæ уарзт æмæ дæ кадæн
Ныллæг мæ сæрæй акувин. Стæй
Æз дун-дунетæн радзурин, нæ Дзыцца
Куыд бирæ уарзта сабитæ ‘мæ хур,
Дзуæрттæ сыл куыд æфтыдта, куыд куывта:

«Дунескæнæг! Сæ хъахъхъæнæг фæу!
О Мады Майрæм, сабитæ дæ фæдзæхст –
Зын сахат сын æххуысгæнæг фæлæуу!
Дзыцца, Дзыцца... Рæсугъд ныфсытæ ‘вæрæг,
Фыдæй-фыртмæ – нæ Иры сæрызæд.

## СОНЕТ

Рæсугъд ныхæстæй макуы бауарз мæн.
Гæртам-лæварæй ма æлхæн мæ зæрдæ.
Къуырма дæр хаты ныхæстæн сæ мæнг,
Дæ лæвары та уды хъарм нæ цæрдзæн.

Мæнæн æмбæлццон ма рахон дæхи.
Дæ фæндаггаг дæр ма æвæр мæ разы:
Æз фистæг дæн. Дæумæ – саулох бæх и.
Хæрын кæрдзын. Ды та дзидзайæ хъазыс.

Хуымгæнды æз йæ цæдисон вæййын
Хуымон галæн, йæ фæллад ын æмбарын.
Ды уарзыс сатæг дымгæйы фæйлыд,
Дзаджджын фынгыл цыты уазæгæй бадыс.

Цæй диссаг у æцæгæй дæр нæ цард:
Зын равзарæн ысвæййы арæх махæн
Æцæг кады тæккæ фарсмæ æгад.

## ЦАРД – ÆВДИСÆН

Кæйдæрты цард фырдзаджджын у бынтæй –
Сæ размæ ды рæсугъд гауызтæ ма тау.
Фæлтау, мæ хур, хуымæтæг кусæг дæ
Æмæ дæ хуымы хоры гага байтау.

Кæйдæр цухъхъатæй ма хъал кæн дæхи,
Фæлтау æмпъызт дарæс скæн уæндонæй.

Хуымон галау уæззау куысты дæ хид
Уадз, рахъарæд дæ хурæй сыгъд хæдонæй.

Схъæлбæрзæйы ма рахон хæлар.
Гæдывадимæ макуы баком разы.
Ирон хъазты дын байсдзæнис дæ рад,
Зын сахат та фæлидздзæнис дæ разæй.

Мæнгæй нæ дзурынц дзыллæтæ: кæрцæн
Йæ æмпъузæн дæр хъуамæ уа йæхицæй.
Кæй нæ уырны, гъе уымæн цард – æвдисæн.

## ФÆСТАГ САЛДАТ КУЫ ‘РÆВÆРА ЙÆ ХОТЫХ

Фæстаг салдат куы ‘рæвæра йæ хотых,
Æгас бæстыл уæд ралæудзæн дзæнæт.
Сабыр дунейы мадæлтæ ‘мæ хотæ
Уæд нал кæндзысты сагъæс æмæ мæт.

Фæстаг салдат куынæуал æхса топпæй,
Куынæуал уа æфсад æмæ знаг,
Уæд нал кæндзысты лигъдон адæм цоппай,
Фынæй кæндзысты сабитæ сæ фаг.

Фæстаг салдат куынæуал уа æфсæддон,
Куы æрлæууа йæ гутоны фæстæ,
Уæд дзыллæтæ æмзонд æмæ æмвæндæй
Цæудзысты райгæ фидæны хæрзтæм.

## КУЫДЗÆДЖЫ МЫСГÆЙÆ

Дзесты Куыдзæгæн
Цыма та ногæй фембæлдыстæм, и?..
Дæ цæсгомыл-иу мидбылты худт рæйхæлд.

Æвæццæгæн, нымадтай мæн æмбайыл,
Дæ зæрды мын цыдæр зæгъын уыди.

Фæлæ нæ загътай никуы, Куыдзæг, нæ!
Цыдæр катай дæ рыст зæрдæйы цард...
Æрмæст-иу мидбыл бахудтæ фæлмæн
Æмæ-иу дзургæ дзурын зæхмæ кастæ.

Кæддæр дын загътон фембæлды рæстæг,
Кæй ацæудзынæн Едысмæ æнæмæнг.
Ды бахъæлдзæг дæ: «Сайыс мæ... Æцæг?
Мæ цæстытæй-иу акæс, мæ хур, рæгътæм!

Мæнæн мæхи бон абалц кæнын нæу, –
Мæ фæллæдтæ мыл ‘ртыхстысты, мæ ристæ…»
Æмæ нынкъард дæ... Кодтай мæм хæлæг...
Фæндыдис ма дæ Едыс фенын искуы...

«Мæ цæстытæй-иу акæс, мæ хур, рæгътæм!»
Дæ уыцы фæдзæхст зæрдæйы хæссын.
Æмæ куы афтын Хуссар Иры кæмттæм,
Уæд сæм зæрдæйы цæстытæй кæсын.

## МÆ ЗÆРДÆЙЫ РÆСУГЪД ЗАРÆГАУ ЧИ ЦÆРЫ...

Мæ зæрдæйы рæсугъд æфснайдæй чи лæууы,
Хæххон суадонау табуйаг цы уарзт у,
Уый а дунемæ райгуырдис ыссивæнты,
Хæххон дидинджын уыгæрдæны фахсыл.

Мæ зæрдæйы рæбинагдæр æвæрæнтæй
Мæ фыццаг уарзт стъалыйау æрттивы.
Сæууон хурау ныррухс кæны æрвгæрæттæ,
Зæрæхсидау йæ буц даритæ ‘вдисы.

Ӕрзилы уый хæххон хъæдрæбын фæрвджынты,
Уым малусæгæн батæ кæнын сисы.
Бæрзонд уарзты æвзистхъæлæс дзæнгæрджытæй
Йæ сыгъдæгдзинад дунейæн æвдисы.

Мæ зæрдæйы рæсугъд зарæгау чи цæры,
Мæ зæрдæйы хъуытаз фæндырæй чи цæгъды,
Ӕз уыцы уарзт æрмæст дæуæй æмбæхсын.

## МÆ ИРОН ЗÆХХ

Цæй диссаг у фыццаг хуры скаст хæхты,
Куы сæрттивы цъæх уыгæрдæнтыл ‘ртæх!
Сæууон уддзæф куы аныдзæвы рæгътыл,
Куы расимы зæлдаг хуымты уæрæх!

Мæ цин æмæ мæ уарзты зарæг кæмттæм
Йæ уæлныхты лæварæн уый хæссы.
Ирон лæппуты цæвджыты æвнæлдмæ
Ӕрвгæрæттæй цъæх цъититæ кæсынц.

Ӕмзæл зарæг уæлвонг хосгæрстæй хъуысы,
Суадæттæ йæм бахъырнынц фæлмæн.
Кæмфæнды уон, æдзухæй дæу фæмысын,
Мæ Ирон зæхх, мæ цардамонды сæр.

АГЪНАТЫ Гæстæн

# ХÆРЗГÆНÆГ

*Уацауы ацы хай фыст у нæ хъæуккаг*
*Цыдаты Николайы мысинæгтæм гæсгæ.*

– Уæд æз мæ хистæр æфсымæр Хъазыбегимæ куыстон Фалдоны, Црауы бæркадджын быдырты зæхгæсæй. Колхозтæ – сæ тæккæ тæмæныл. Уæд магуса æгад уыд. Цард цæджинагау фыхт. Быдыры нæ хæдзар – нæ мусонг, нæхи арæзт, бæрзонд, парахат, хъæзæй æмбæрзт. Арв æмæ зæхх кæрæдзийы хойæнт, тæрккъæвдатæ къуыри дæр цæуæнт – иу æртах дзы не 'рхъардтаид. Дуне судзæд, хур зæххыл атулæд – нæ мусонджы та – сатæг. Иу ныхасæй, зæххон – дзæнæт.

Иунæг никæд уыдыстæм. Црауы, Салыгæрдæны 'рдæм чи цыд æмæ фæстагмæ чи здæхт, уыдон нæм ма афæстиат уыдаиккой, уымæн гæнæн нæ уыд. Тамако дымæг йæ тамако ссыгъта, хиирхæфсæн цалдæр ныхасы, цалдæр æхсызгон пъæртты æмæ дарддæр йæ фæндаг нывæнды. Хъæдмæ æмæ хъæдæй фæндаг цыд нæ мусонджы рæзты. Фатхъæд кæнæ тæрс сугтæй дзаг бричкæйы цæлхыты хъæр, сæ хъыс-хъыс. Нæ! Уый хъыс-хъыс нæ уыд, уый уыд æхсызгон музыкæ, уый уыд зарæг, зæрдæйыл æмбæлд. Лæмбынæг æм ныхъхъус æмæ йын бахъырн.

Хъæддзаутæ-иу нæ цуры æрлæууыдысты. Дæ бæхтæ, дæ галтæн дон бадар. Дæхæдæг дæр аулæф, дæ дойны суадз, иу тамако бадым, æмæ дæм дарддæр дæ фæндаг æнхъæлмæ кæсы. Æмæ та райхъуыст сугтæй дзаг уæрдоны, сугтæй дзаг бричкæйы цæлхыты æхсызгон зарæг.

Уæд дæ фыд Æмзор куыста хъæдгæсæй. Махмæ-иу арæх æрбауад, бон дыууæ-æртæ хатты дæр. Куы ма йæ загътон: хъæдмæ фæндаг цыд нæ мусонджы хæдрæзты. Æмзор – махæй бирæ хистæр, фæлæ кæрæдзийæн куыддæр фæадджын, фæхион стæм, раст цыма æмгæрттæ, æмдæндаг уыдыстæм.

Æфсæрмы дзы куыд нæ кодтам. Æгæр дæр ма. Йæ бæх-иу суагъта, æмæ æмбаргæ, æрмахуыр хайуан мусонгмæ хæстæг хызт, цыма, йæ хицау æм кæд фæдзурдзæн, уымæ æнхъæлмæ каст.

Мусонджы фарсмæ – дыууæ хъæды лыггагæй арæзт даргъ бадæн. Быдыртæ дæр æмæ хъæдмæ фæндаг дæр, цыма дæ армытъæпæны сты, афтæ сæм кæсыс. Æмзор уыцы бадæны йæхи æруадзы, йæ лулæ сисы. Йæ лулæ… Цымæ, цал æмæ цал азы сты кæрæдзийæ æнæфæхицæнгæнгæ? Лулæ кæм сау у, кæм бур, йе 'нгуылдзты, йæ уырзты æхсæн афтæ слæгъз, цыма авг у. Йæ дзыппæй сисы сау хъæдабæ чысыл дзæкъул, йæ ком синаг бæттæнæй фидар æлвæст. Дзæкъул æдзухдæр у дзаг: махоркæйæ, арæхдæр та хисагъд тамакойы карстæй. Æмæ цæмæн, уый мах хорз зыдтам. Тамакодымæг дæм æрбаулæфыд, æмæ йын ды зæлдаджы хуызæн фæлмæн бур тамако йæ армытъæпæны æркодтай. Уый йæ газеты скъуыддзаг кæнæ, aзтæй чи сбур, ахæм чиныджы сыфы гæбазы тагъд-тагъд æрбатыхта. Æмæ тамако сулæфыд. Æхсызгонæй, зæрдиагæй, йæ къæхты бынæй. Хиконд сигареты фындз цæхæр акалдта, бæзджын цъæх фæздæг йæхи хæрдмæ ивазы. О! Цы стыр хорздзинад ын ракодтай, цы! Йæ уд æрдуйыл нал хæцыд æмæ аирвæзт. Аирвæзт. Дæ фæрцы та йæм цард йæ мидбылты бахудт. Тамакодымæгæн тамако раттын у, цыма йын хæдзар балæвар кодтай, афтæ.

Æмзор рæстæгæй-рæстæгмæ хъæды фæндагмæ акæсы, ницы дзуры. Хъæддзаутæ уырдæм дæр æмæ фæстæмæ дæр цы афон фæцæуынц, уый хорз зоны. Æмзоры нæхи хъæуы цæрджытæ нæ, фæлæ ма чырыстонхъæуккæгтæй дæр бирæ чидæртæ зыдтой. Электрон тых, уæлдайдæр та газæн, уæд йæ кой, йæ хъæр дæр нæма уыд. Дурæвзалы дæр чи зыдта? Искуы иу. Суг… Суг цы у, уый ныры кæстæртæй чи нæ зоны, æвæццæгæн, ахæмтæ иу æмæ дыууæ нæ разындзæн. Суг никæд федтой æмæ... фæлæ уæд суг… Уæд суг царддæттæг уыд, удирвæзынгæнæг. Суг дæм и, уæлдайдæр та зымæгон, уæд амондджын дæ, уæд ды цæрыс зæххон дзæнæты. Хъæдгæс… Уый уыд адæмæн хæрзгæнæг кæнæ та знаг. Чи уыд, цавæр адæймаг уыд, уымæ гæсгæ. Æмзор уыд хæрзгæнæг. Дæ зæрдæ дын балхæнон, уый тыххæй йæ нæ зæгъын. Адæмы чи уарзы, адæймаджы чи æмбары, уый у зæххон Уастырджи.

Чырыстонхъæуæй дæр нæ хъæдмæ суг ласынмæ бирæтæ цыдысты. Сæ иу, йæ фæндзай азæй чи ахызт, ахæм кары лæг. Ныр æз уымæй бирæ хистæр дæн, фæлæ уæд уый мæнæй уыд дзæвгар асдæр. Гъæйтт-мардзæ лæг, æз та –æвзонг лæппу. Мах дзы, ай-гъайдæр, æфсæрмы кодтам. Уæвгæ, æфсæрм æмæ уæздандзинад уымæн йæхицæй цыдысты. Иу æнæууылд, иу æнæрхъуыды, иу стыр ныхас дзы никæд схауд. Йæ ном

дæр ын бахъуыды кодтон. Даукуй. Бæрзонд, бæзæрхыг лæг, бæзджын сау рихи, бæзджын сау æрфыг. Цæстытæ – æдзухдæр хурæнгæс, æдзухдæр дзырдта мидбыл худгæйæ. Хъæууон, куыстдзагъд лæг. Суг ласта колхозонтæн, хæдзарадæн. Цал къонайы стæфст йæ æрмтты хъармæй? Цал адæймаджы зæрдæ ныррухс йæ сугты артæй? Хъуыцаубоны-иу барæвзар фатхъæд кæнæ барæвзар тæрс сугтæй дзаг бричкæ Чырыстонхъæуы базары кæрон иннæ бричкæтæ æмæ уæрдæтты фарсмæ æнхъæлмæ каст æлхæнæгмæ. Уæд сабат æмæ хуыцаубоны базарты суг арæх уæй кодтой. Табуафси, фен, равзар, суг дын дæ кæрты æркалдзысты.

… Даукуй нæ цуры æрлæууыд. Фыццаг райста Æмзоры къух. Ай-гъайдæр, уый – нæ хорз, нæ кадджын хистæр, дзуары хуызæн лæг. Уæдæ хъуамæ фыццаг мах къухтæ райстаид? Хъæддзау нæ разы афæстиат цыбыр рæстæг. Хæрзхаст бæхтæ сæ мидбынат кафыдысты, сæ мыдхуыз синтыл сæууон хуры тынтæ цæхæртæ калдтой. Даукуй йæхимæ афтæ нæ зилы, йæ бæхтæм куыд зилы: хæрзхаст, сыгъдæг, цыма сæ дугътæм цæттæ кæны.

– Цæй уал, уæдæ, – загъта хъæддзау æмæ бозийыл æрбахæцыд.

– Фæндараст. Уастырджи дæ йæ рахиз базыры бын бакæнæд, – йæ мидбынаты йæхиуыл схæцыд Æмзор. Æмæ та йæ лулæ йæ къæхты бынæй сулæфыд. Æхсызгонæй. Зæрдиагæй. Цыма дзы йæ мондæгтæ уадзы. Уæвгæ, æдзухдæр дымдта афтæ æхсызгонæй. Æмзор дæр, чысыл ма бафæстиат, йæ бæхыл сбадт æмæ ацыд. Мах æй, кæдæм цæуы, фæстæмæ кæд фæзындзæн, уымæй нæ бафарстам, стæй никæд фарстам. Афтæтæ йæм уæндыдыстæм? Æнæмæнг, æрбацæудзæн, фæлæ кæд?..

Хур йе ‘хсæв бынатмæ фæкъул, афтæ Æмзор йæ бæхæй нæ цуры æрхызт. Хъæддзаутæй чи цы афон æрцæудзæн, уый Æмзор нæ, фæлæ ма мах дæр зыдтам. Даукуйæн йе ‘рцæуын афон уыд, нæ фæлæ ма ивгъуыйгæ дæр акодта.

– Цæй, нырма рæстæг и, зындзæн, – загъта ме ‘фсымæр Хъазыбег. Хъæдмæ æмæ хъæдæй фæндаг иу у, Даукуйæн æндæр рæтты ацæуæн нæй. Дæ фыд æнæдзургæйæ бадт, куы-иу ирдæм акаст, куы – иннæрдæм. Бæрæг уыд: йæхимидæг тыхст. Даукуй æгæр фæстиат кæны, мацы фыдбылыз ыл æрцæуæд, исты бæллæх… Хъæдæй сугæй дзаг бричкæтæ хъысхъысгæнгæ цал æмæ цал æрласта? Зымæг дæр æмæ сæрд дæр. Фæлтæрдджын хъæддзау, фæлæ уæддæр… Æгæр æрæгмæ зыны. Æмæ Æмзор загъта:

– Ләппутә, бабәрәг әй хъәуы, – комкоммә мәнмә әрбакаст. – Къола, Даукуй хуымәтәджы нә зыны, мә бәхыл абад әмә йә рацагур.

– Хорз. – Хайуанән йә саргъ йә уәлә, сгәпп кодтон әмә бәх хъәдмә фәндагыл сарәзтон. Әфсәнвәндаджы сәрты ахызтән. Фәндаг фәнарәгдәр, ноджы тынгдәр фәкъәдзмәдзытә. Мәнә ныртәккә таджы сәрты бахиздзынән. Әмә… Әмә дзагъуырәй баззадтән. Даукуйы бричкә таджы доны тәккә астәу ләууы, уыләнтә сугтыл сәхи хойынц. Бричкәйы фәстаг цалх ныззгъәләнтә, сәмән донәй нә зыны. Әмә Даукуй йәхәдәг кәм и? Кәм сты йә бәхтә? Уәртә. Фәндагмә хәстәг фәрв бәласыл цыбыр баст.

– Даукуй!

– Чи дә! – бәләсты ауонәй хъуысы зонгә хъәләс. – А-а, Къола дә. – Йә хъәләсы фәстә йәхәдәгдәр фәзынд. Әнә худ, йә рахиз къухы фәрәт, йә иннә къухы дыууә метрәй чысыл даргъдәр чи уыдзән, әхсәр хъәды ахәм лыггаг, цонджы стәвдән.

– Даукуй, Әмзор мә дәу агурәг рарвыста, – бәхәй йә цуры әрхызтән.

– Әмзор, – хъәддзау йә мидбынат әдзәмәй ләууы, кәдәмдәр джихәй кәсы, йә цәстытә… цыма ныртәккә доны разилдзысты. – Ер…ер, уымән аргъ и. Әмзоры зонын, фәлә афтә… Адәймаг… Адәймаг, уый у сәйрагдәр. Адәймаг уәвын... – Даукуй бәласыл банцой кодта. Йә къухы цы хъәды лыггаг и, уый йә цәмән хъәуы, уый мын цас зын базонән уыд: цы цалх асаст, уый мидәггаг фарс әй сәмәны бынты ауадздзән, – фидар әй бабәтдзән әмә кәд афтәмәй… Тагәй фәндаг цәхгәр фәхәрдмә. Хъәддзау йә сәр банкъуыста:

– Гәнән и, әмә бәхты бричкә исты хуызы фәуәле кәной, фәлә уый фәстә та куыд?

Әз хорз әмбәрстон Даукуйы. Бәхтә бричкә исты хуызы сласдзысты, фәлә уый фәстә та… Сугтә ракал әмә афтидәй ацу, ай-гъай, уый Даукуйы нә фәндыд. Уымән әмә зыдта: райсом дзы йе ссыдмә әхсныф дәр нал әрбайййафдзән. Хъәддзау йә къәхты бынмә джихәй кәсы, цалдәр хатты йә сәр банкъуыста:

– Цалх нә ссарын хъәуы, – йә цәстытә мыл ахаста Даукуй. – Әмә кәм? Йә цалх алкәмән дәр йәхи хъәуы. Әмзоры… Әмзоры ма афәрс, кәд искәмә исты зоны.

– Әмзоры… Афәрсдзынән, – әмә бәхмә сгәпп кодтон. Дә фыд

æмæ мæм ме ‘фсымæр æнхъæлмæ кастысты. Нæ сыхæгты дыууæ лæппуйы дæр мусонджы баййæфтон. Хабар зæгъынмæ мæхæдæг фæразæй дæн:

– Таджы Даукуйы бричкæйы фæстаг цалх асаст.

– Уый дын, гъе, – æрбакаст мæм Æмзор. Ничи ницы дзырдта. Æдзæм сабыр, тæссаг, æрхæндæг сабыр. Бирæ нæ ахаста, фæлæ цыма бирæ рæстæг рацыд, мæнмæ афтæ фæкаст. Æмзор йæ сæрыл схæцыд:

– Даукуйæн цалх ссарын хъæуы.

– Æмæ…

– Мæ уæрдоны цæлхытæй иу раппардзыстæм, зæронд цалх мæм и æмæ йыл уый бакæндзыстæм. Чи мæм фæкæсдзæн? Кьола ды?

– О. Æз, – æмæ йæ фæсарц сбадтæн.

– Лæппутæ, банхъæлмæ нæм кæсут, бричкæйыл схæцын хъæуддзæн, – æмæ бæх фезмæлыд. Цас бауаинаг уыд мусонгæй сымахмæ. Бæх уæрдоны сифтыгътам. Дæ фыд скъæтæй зæронд цалх ратылдта, гуыффæйы йæ æрæвæрдтам æмæ рацыдыстæм. Ме ‘фсымæр Хъазыбег æмæ нæ сыхаг дыууæ лæппуйы дæр немæ сбадтысты. Даукуй нæм æнхъæлмæ каст, зыдта йæ æнæмæнг ссæудзыстæм, æнæмæнг ын цалх сласдзыстæм. Æмзор ыл йæхи дзæгъæлы бафæдзæхста?!.

– Æмзор, ды… ды зæххон Уастырджи дæ, – йæ цæстытæй хуртæ каст Даукуйæн.

– О, о, зæххон Уастырджи. Ма хуынджылæг кæн. Рæстæг цæуы, – дæ фыд йæ цырыхъхъытæ раласта, йæ хæлафы фадгуытæ хæрдмæ стылдта. Мах дæр нæ дзабыртæ феппæрстам, цыма уый фæзмыдтам, цыма уымæ æнхъæлмæ кастыстæм.

– Мах æмхуызонæй фæсте бричкæйыл схæцдзыстæм, ды та, Даукуй, саст цалх раппардзынæ æмæ йыл иннæ бакæндзынæ, – йæ цæстытæ нæ алкæуыл дæр ахаста Æмзор.

– Хорз, – Даукуй нæ разæй донмæ бахызт. Тæрс сугты бричкæ хус хъæмпы тъыфыл нæу, фæлæ цалдæр адæймаджы сæ тыхтæ куы сиу кæной, уæд хох дæр афæлдахдзысты. Æмзоры уæрдоны цалх, цыма бричкæйæн конд уыд, афтæ йыл сбадт. Не ‘ппæт дæр æхсызгонæй сулæфыдыстæм. Даукуй йæ бапъироз – Беломор (канал) ссыгъта.

– Бузныг. Бузныг уе ‘ппæтæй дæр. Æмзор, бузныг, стыр бузныг, – цыма кувæндоны бын лæууыд, ахæм хъæлæсы уагæй дзырдта хъæддзау.

– Даукуй, тыхст рæстæг, зын сахат кæрæдзи цур куы не ‘рбалæууæм,

уæд ма нæ цард цы у, – йæ цырыхъхъытæ кæнгæ, загъта Æмзор. Хъæддзаумæ разылд æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Уæддæр, цалх куыд асаст, уый мæм диссаг кæсы. Ды зæрдæхсайгæ цалхимæ рацыдаис, уый мæ нæ уырны.

Нæ, йæ цалх зæрдæхсайгæ нæ уыд. Тагмæ доны сæрты ныууайæн, алчидæр зоны, тынг уырдыг у. Бæхтыл фæстæмæ хæц, тыххæй сæ уром.

Тагæй хæрдмæ суайæн – цæхгæр фæхæрдмæ. Гæнæн ис, æмæ сæ уæззау бричкæ йæ разæй ахæсса. Бæхты цыд æгæр фæсабыр кодтай, уæд сын дзаг бричкæ зын сласæн у æмæ сæ афтæ араз, лæгъз фæндагмæ æнцондæрæй куыд схизой. Даукуй ацы доны сæрты иу æмæ дыууæ хатты нæ ацыд. Æвæццæгæн, мин хатты, æмæ Хуыцауæн табу – æнæ фыдбылызæй. Фælæ ныр… Уыцы суджы лыггаг кæцæй фæци, доны уылæнтæ йæ кæцæйдæр æрбаскъæфтой, цалхы дыууæ дæндаджы æхсæн фæныхст, æмæ дæ фыдгул афтæ: фыццаг иу дæндаг фæсаст, стæй дыккаг… цалх фæчъил, мидæмæ бахауд, сæмæн зæххы аныхст. Бæхтæ æрлæууыдысты.

– Æгайтма фыдбылыз ницы æрцыд, ныр та, не 'ппæты дæр Уастырджийы хорзæх уæд, – Æмзор уæрдонмæ схызт, бæхы бози йæхимæ æрбайста. Мах дæр сбадтыстæм, чи йæ фарсмæ, Даукуй та цыд нæ фæстæ. Нæ мусонджы цур фæхицæнтæ стæм. Даукуй, æнæмæнг, райсом Æмзоры цалх сласдзæн.

– Фæндараст.

– Сымах дæр фæндараст.

Æмæ нæ фæндæгтæ фæсаджил сты.

Дыккаг бон сихормæ хæстæг Даукуй фæзынд, цалх сласта. Фælæ æрмæст цалх нæ: ссыд уæззау хуын, рæсугъд æгъдауимæ: æртæ уæлибæхы, гогызы йас уасæг, иу къух æй тыххæй фæрæзта, четверт бур бадт арахъхъ, картæфтæ сойы фыхæй, джитъритæ, пъамидортæ. Суанг ма агуывзæтæ дæр нæ ферох кодта.

Æмзор хъæдмæ ацыд æмæ нæ зынд. Даукуй тыхст: йæ хæрзгæнæг кæм и? Кæд фæзындзæн? Уый йæм райсоммæ дæр æнхъæлмæ кæсдзæн, фælæ кувинæгтæ æгæр ныууазал уыдзысты.

Сахатырдæг рацыдаид æви фылдæр, афтæ дæ фыд фæзынд. Фынг – цæттæ, æмæ йын цы базонын хъуыд: Даукуй æгъдауимæ ссыд. Æмзор, цыма æвзонг лæппу уыд, афтæ ныфсæрмы:

– Уый… уый та куыд?! Цавæр хуын? Цалх кæй сластай, уый хорз,

фæлæ… Дæ хъуыддаг дын ацарæзтам, æмæ уым диссагæй цы ис? Ау, уæдæ куыд? Цæй тыххæй цæрæм? Æвзæр ракæнын æнцон у, хорз ракæнын та – зын. Æмæ адæймаг хъуамæ хæрзгæнæг уа, – йæхицæн дзурæгау дзырдта Æмзор.

– Æмæ… æмæ ды адæмæн хæрзгæнæг дæ, – загъта Даукуй æмæ Æмзоры уæхскыл, цыма гыццыл лæппу у, афтæ йæ сæр æруагъта.

Къола мæм æрбакаст, йæ цæстытæ – фæллад, сагъæсæй се ‘дзаг. Азтæ сæ кæнон кæнынц. Кæддæры æрыгон, æнæрцæф лæппуйæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал и, баззади ма дзы æрмæстдæр мысинæгтæ... мысинæгтæ… Мæ цуры лæууы ас, кардзыд лæг, урс сæр, рæстæджы фæдтæ йæ ных, йæ рустыл ауæдзы фæдтау сау æндæргтæй зынынц. Æз дæр, Æмзоры кæстæр лæппу, ныр гъæйтт-мардзæ кардзыд дæн.

– Æмзоримæ цал æмæ цал хатты сæмбæлдыстæм, фæлæ цæмæндæр, æппæты арæхдæр мæ зæрдыл æрлæууы, Даукуйæн цалх цы бон сласта, уый. Хъæддзау лæджы зæрдæбын ныхас мæ нæ рох кæны, ныр дæр мæ хъустыл уайы: «Æмæ… æмæ ды адæмæн хæрзгæнæг дæ», – æмæ та Даукуй, цыма æцæгдæр гыццыл лæппу у, уыйау Æмзоры уæхскыл йæ сæр æруагъта…

Хæрзгæнæг… Цымæ дунейы уымæй стырдæр хорзæх исты ис?..

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

# ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

*Роман*

## ÆРТЫККАГ ЧИНЫГ

Удисæн сагъæстæй цы зæрдæ басыгъд, уым ма искуы цардхъом æнкъарæнтæ райгуырдзæн, уый æнхъæл нал уыдтæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæм кæцæйдæр фæлмæн уддзæф æрбаулæфы, йæ дудгæ хъæдгæмттæ йын дзæм-дзæмы донæй æрæхсы, æмæ дзы мынæг ныфсы ‘ртæхтæ равзæры. Ихдзагъд кæрдæджы хæлттæ хурмæ сæхиуыл æнæбары куы схæцой, уыйау ме ‘руад уæнгтæ базмæлынц, æмæ та мæм мæнгæфсон хъарутæ фæзыны. Стъолы уæлхъус æрбадын æмæ мæ удæй арт цæгъдын райдайын. Уæвгæ, ацы хатт аивадон уацмысыл нæ удхар кæнын. Мæ зæрды ‘рдхæрæны ахуыргæнæджы уды сыгъдæгдзинад æмæ æнæзæрдæхудт фæллой равдисын ис. Кæддæр, дурнад фæндагыл згъоргæйæ, йе ‘мкусджытыл иударон сыдывд ныхæстæй газеты бирæ очерктæ фæфыстон æмæ мæ уыцы аслам фæрæзтæй пайда кæнын нал фæнды. Былалгъæй æппæлын та æппындæр нал уарзын, фæлæ, кæй кой ракæнынмæ хъавын, уый мæм, æцæгдæр, алцæмæй æххæст адæймаг кæсы, æмæ йын хъуамæ йæхи аккаг ахадгæ дзырдтæ ссарон.

Ис ын лæгъзцъар цæсгом, гыццыл æмраст фындз æмæ тавиц нывæндæг цæстытæ. Кæд хæрзхуызтæ æмæ ацæргæ у, уæддæр æй зæрдæ йæхимæ тынг исы. Дзурынмæ та афтæ дæсны у, æмæ йæм хъусынæй не ‘фсæдын. Йæ ахуырдзаутæ йæ сæ дыккаг мад хонынц æмæ йыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцынц. Уæвгæ, уыдоныл цы дзурын? Мæхæдæг æй цыбыр рæстæгмæ мæ зæрдæйæ атонын куы нал фæразын. Æмæ йæ куыд фæразон? Йæ алы ныхас дæр мыл æвдадзы хосау куы ахады. Кæд та рæдигæ кæнын, мыййаг? Мады рæвдыд нæ зонын, æмæ мæм æцæгæлон сылгоймаг «мæ къона»-йæ куы сдзуры, уæд сойын цырагъау атайын, æмæ мæм уымæй зæрдæхæлардæр ничиуал фæкæсы. Ноджы ма мын Райкæ уайтагъд мæ разы дзадджын фынг авæрдта æмæ мæ йæхи хъæбулау барæвдыдта. Фыр буцæй ма мын цы акодтаид, уый дæр нал зыдта, æмæ дзы мады ад банкъардтон.

Ныр мæ фыссæн стъолы уæлхъус бадын æмæ йын мæ тых-мæ бонæй йæ фæлгонц аразын. Цæмæй биræвæрсыгдæр æмæ ирддæр рауайа æмæ адæммæ цардæгасæй разына, уый тыххæй мæ фæлгæнæны иуæй иннæ зæрдæмæхъаргæдæр аивадон ахорæнтæ агурын, фæлæ, диссаг, йæхи бæсты мæ цæстытыл уайы йæ чызджы сурæт. Куыд нæ мæ хъыгдара, афтæ йæ мæхицæй сурын, фæлæ уый мæ цуры лæууы, йæ сæгъдзаст цæстытæй мæм комкоммæ кæсы æмæ мын тæрын нæ комы. Уагæр ма йемæ бирæ хæттыты куы фембæлдаин. Хæрзæфснайд райдзаст уаты йæ мадимæ ахуырады фарстатыл зæрдæбын ныхас куыд кодтон, афтæ цигайнаг кæркæ-мæркæ къабайы уынгæй æрбауади, кæсгæ дæр мæм не 'рбакодта, афтæмæй мын йæ хæс æххæстгæнæгау йæ сæры зына-нæзына фæтылдæй салам радта, кæнæ та мæнмæ афтæ фæкасти, æмæ цæлгæнæны фæмидæг и.

– Лизæ, ацы лæппу чи у, уый нæ зоныс? – райдзастхуызæй йæ афарста Райкæ. Ома зындгонд адæймаг у, хорз хъуыддаджы тыххæй нæм æрбацыд, æмæ йыл ды дæр мæнау зæрдиагæй бацин кæн.

– Нæгъ, – раджы кæй аппæрста, æмæ дзы чи ферох и, ахæм æнæхъæугæ дзаумайыл дзурæгау ын куыдфæндыйы дзуапп радта Лизæ.

– Гæраты Ирбег у, курдиатджын уацхæссæг. Газеты иуцасдæр акуыста, ныр та рауагъдады чингуытæ уадзы æмæ мыл очерк фыссы.

Уыцы ныхæстæм дæр ын Лизæ ницы хъус æрдардта. Уыйхыгъд мæнæн ме 'нæуынон «уацхæссæг» мæ тъæнгтæ ацагъта. Мæ раздæры ном мыл сасымæй сæрстау баныхæсти, мæ фыссæджы кад мын дæлæмæ тæры, æмæ дзы ме сæфт уынын. Уæвгæ мæ Райкæ «номдзыд фыссæг» куы рахуыдтаид, уæддæр, мæнмæ гæсгæ, йæ хъал чызджы цæсты мæ  цытыл мур дæр ницы бафтыдаид.  Мад ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг у, фысджыты æмæ журналистты хорз зоны æмæ сын стыр аргъ кæны, фæлæ Лизæ, мæнмæ гæсгæ, уыдонмæ тынг дард у, кæнæ та мæныл не 'рвæссы æмæ мæм йæ уазал ахаст барæй æвдисы. «Æхца нæ дæн. Алчидæр мæ цæмæн хъуамæ уарза?» – мæхи сабыртæ кæнын, фæлæ ме 'фхæрд сæрыстырдзинад сабыр кæнын нæ комы. «Æхсызгон мын у», зæгъгæ, æфсоны загъд уæддæр куы кодтаид. Йæ мады йын скадджын кæнынмæ куы тырнын. Мæ зæрдæ балхæныны тыххæй дзы иу ныхас дæр не схаудта. Мæ иувæрсты æддæмæ куыд фæцæйтындзыдта, афтæ ма йæ къабайы сыбар-сыбур ссыди, æмæ уат сафтид и… Цæмæдæр гæсгæ мæ

фæнды, фæстæмæ куы ‘рбаздæхид æмæ ма мæ разы иучысыл куы афæстиат уаид, уый…

Ындз йæ фыр æдылыйæ хæлуарæджы тыны куыд æнцонæй бахауы, рæсугъд чызджыты хызы афтæ ‘нцонæй кæй скуыси вæййын, уый тыххæй мæхицæн уайдзæфтæ кæнын. Æмæ ма ахæм рæсугъд дæр куы уаид. Мæ зæрдæйы сæйраг бынат цæй фæрцы ‘рцахста, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Æвæццæгæн, Зухрайы фæстæ тынг сдойны и, æмæ йæ мондæгтæ хуымæтæджы цæугæдонæй сыгъдæг суадонау исын райдыдта. Мæ сасир дæр афтæ лыстæг нал луары, æмæ, Зухрайы фарсмæ цæугæйæ, ме ‘ргом кæмæ не здæхтон, уыдон мæм ныр рæсугъдæй зынын райдыдтой. Мæ рæучи зæрдæйы уаг куы аивин, уымæ бæллын, фæлæ йыл мæ бон нæ цæуы, уæлдайдæр, ныртæккæ, уымæн æмæ йыл æнæнхъæлæджы дыууæ фаты сæмбæлди. Иуæй мæ Лизæ уацары райста, иннæмæй та йæ бинонтæ мæ зæрдæмæ фæцыдысты, уæлдайдæр, йæ мад – зондджын, хæрзæгъдау, фырнымд сылгоймаг. Хионау ыл сахуыр дæн, æмæ дзы цæмæй ма фæхицæн уон, уый тыххæй мæ йе сиахс суæвын фæнды. Зухрайы цæстфæлдахæг мадимæ йæ барын æмæ, се ‘хсæн бирæ быдыртæ кæй ис, ууыл райын. Райгæ йыл бæргæ кæнын, фæлæ йе ‘рыгон чызгæн æгæр дæрдджын дæн, æмæ мæ уый æнæрай хъуыдытыл æфтауы…

Скъолайы кусгæйæ мæм иуæй иннæ хæрзконддæр чызджытæ сæ былыцъæрттæ куы хордтой, дыууæйæ ма дзы, сæ къухы кæй нæ бафтдзынæн, уый тыххæй сæ цæссыгтæ дæр куы фæкалдтой, уыцы рæстæг раджы аивгъуыдта. Ныууагъта ма мын удхайраг фын. Ардыд куыдзау мыл сагъуыди æмæ мæ иу ран нал уадзы. Куыддæр мæ хуыссæны æррæдзæ-мæдзæ кæнын, афтæ, мæ уд скъуынгæйæ, Зухрайы агурын райдайын. Тыхст æмæ уырыдæй цы къуым нæ басгарын, ахæм мын нал баззайы. Мæхи хъæхъхъаг куыйтæй хъахъхъæнгæйæ, цъыхырыджын цæхæрадæттæм фæрахиз-бахиз кæнын, суанг ма чъизи саратæ æмæ хъомдæттыл дæр фæзилын, фæлæ йæ не ссарын. Мæ цæстытыл фæуайы, æрыгон рæсугъд ләппу йæ кæй фехæлдта æмæ йæ кæугæйæ кæй ныууагъта, уыцы æвирхъау ныв, æмæ йыл мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц. Йæ ацыды фæстæ ма мæ буары цы скъуыд нервы муртæ баззад, уыдон та мын æбуалгъ фын мары. Иуæхсæв мæ зæрдæ йæ куыстæй куы ныллæууид, æмæ мæ удмарæн хъизæмæрттæй куы фервæзин, уæд Хуыцауæй æгæрон бузныг фæуаин, фæлæ мын уыцы

хорздзинад дæр йæ цæст нæ уарзы. Рæстæг цæуы æмæ фарн йемæ хæссы, зæгъгæ, фæзæгъынц. Мæнмæ гæсгæ, уыдон афтид ныхæстæ сты, æмæ сæ мæгуыртæ сæхицæн ныфс бавæрынæн æрымысыдысты. Рæстæг цæуы, фæлæ мын æнтъыснæгдзинад йеддæмæ ницы хæссы. Мард дæр – мард æмæ æз дæр – мард. Ныфссастæй хилын, фæлæ кæдæм, уый мæхæдæг дæр нæ зонын.

Кæдæй-уæдæй мæхимæ ‘рцыдтæн, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд раст нæ уыдзынæн. Мæ уарзон мæ дыууæ бæллæхæй фæхайджын кодта, æмæ мын сæ иуæй дæр фервæзæн нæй. Мæ зæрдæ раздæр куыд рысти, ныр дæр афтæ риссы, чызджыты раздæр йемæ куыд барстон, ныр дæр сæ йемæ афтæ барын. Йæ рæсугъддзинад мæ хъыгдары, æмæ дзы иуы дæр мæхимæ ‘рбахæстæг кæнын нæ фæразын. Лизæйы куы федтон, уæд дæр æй Зухраимæ абарстон, æмæ йæм æввахс дæр нæ бацыди, фæлæ мын иннæ чызджытæй хъауджыдæр мæ зæрдæйы къуымы цыдæр хал базмæлын кодта. Ноджы ма мыл Райкæ дæр хорзырдæм сахадыдта, æмæ мæхицæн фидарæй загътон: «Ахæм фырнымд сылгоймагæй чи райгуырди, уый æвзæр нæ уыдзæни, æмæ йæ хъуамæ ракурон». Хъуыддагæн йæ зæгъын æнцон у, йæ саразын та – зын, уæлдайдæр, сидзæрæй чи схъомыл и, бирæ фыдуайæнты чи ауади æмæ йæ цард саразын чи нæ базыдта, уыцы абадгæ усгур æмæ цæрæццаг буцхаст чызджы ‘хсæн цыппæрдæс азы куы уа, уæд. Йæ мадыл ын цы очерк ныффыстон, уый газеты куы рацыди, уæд мын æфсон фæци, иуцасдæр æй уынджы фæхъахъхъæдтон, разæнгардæй йæм æй радтон æмæ йæ киномæ зæрдиагæй хуыдтон, фæлæ мын нæ бакуымдта, æмæ йæм мæ ныфс нал бахастон…

* * *

Æмбисонды зæрдæагайæг музыкæ япойнаг рæсугъд магнитофонæй ивылы æмæ стыр райдзаст уаты сабыр цады дзирдзургæнгæ фæлхъæзæнау сындæггай хæлиу кæны. Хæрзконд гуырвидауц сылгоймаг стъолы цур лæууы æмæ йæм æнцад-æнцойæ хъусы. Цæуы йыл дыууиссæдз азæй чысыл фылдæр, фæлæ бирæ æрыгондæрхуыз у. Йе уæлæ – æрвхуыз хъæдабæ халат. Йæ цæсгомы хуызыл бæрæг у, царды хæрзтæй кæй ницы хъуаг æййафы, сагъæстæ йын йæ мыдхуыз хæмпус дзыккуты кæрæттæм дæр кæй не ‘вналынц, æмæ тынг амондджын кæй у, уый. Йемæ рагæй зонгæ дæн, искуы-иу хатт æм уазæгуаты дæр бауайын, Лизæйы ‘мхæрæфырт кæй у, уый та цалдæр

боны размæ базыдтон, æмæ мæм бæлвырд фæхæстæгдæр и. Мæхи ‘мбарынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ тынг сагъæсгæнаг дæн æмæ дис кæнын, адæймагæн цыфæнды цардæфсæстæй дæр ахæм æнæмæт уæвæн куыд ис, ууыл.

– Галлæ, ды иу хатт де стырзæрдæдзинады азарæй фыдбылызы хаудзынæ, – дзурын æм уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй, фæлæ уыцы-иу рæстæг аудгæйæ.

Сылгоймаг æрчъицыдта, йæ хъуыдытæй фæхицæн и æмæ мæ афарста:

– Цæмæн афтæ зæгъыс?

– Уымæн æмæ дæ хæдзары дуар æдзухдæр гомæй дарыс.

– Дæ бонæй уай, Ирбег, æмæ мæ чи цы давы?

– Къæрныхтæн æдылы ‘нхъæл дæ? Ахæм галуан кæмæн и, уымæн йæ рæбын афтид куыд уыдзæни? Æрмæст дæ персайнаг гауызтæ дæр бирæйы аргъ куы сты.

– Дыууæ изæры астæу сын цы тас у? Бирæгъты ‘хсæн куынæ цæрæм.

– Бирæгътæй дæр цух не стæм…

– Уыдонæн – къах сæ роны, – йæ къух сыл ауыгъта Галлæ æмæ, йæ цæсгомыл разыйы хуыз равдисгæйæ, сдзырдта:

– Дæ ныхасæн хицау дæ, бирæ æнхъæлмæ кæсын дæм нæ бахъуыди.

– Дæ райдзаст хъæлæс дын куы фехъуыстон, уæд мæм афтæ фæкасти, цыма мыл рæхджы цыдæр хорздзинад æрцæудзæн, æмæ дæм æрмахуыр бæлонау æвæстиатæй æрбатахтæн.

Дзургæ-дзурын стыр айдæнмæ фæкомкоммæ дæн, æмæ мæм дзы разынди æстдæсæмæссæдзаздзыд саухил лæппулæг. Йæ хæрздаст цæсгом – дæргъæлвæс, къæсхуыр, йæ цæстытæ – хъуыдыдзаст æмæ фæлладхуыз. Йæ кæддæры бæзджын сæрыхъуынтæ йæ тенкайыл бæлвырд фætæнæг сты. Йæ ныхыл лыстæг æнцъылдтæ фæзынди. Йæ къæмисæнтыл халас зына-нæзына фæхæцыди, фæлæ йæ даргъ къæлæт æрфгуытæ нырма рæсугъд æмæ сау сты. Йе уæлæ – фæныкхуыз костюм æмæ урс хæдон. Йæ туфлитæ дæр – фæныкхуыз. Йæ иу къухы – сырх уардиты баст, иннæйы – къафетты къопп. Разыйæ дзы нæ баззадтæн. Уæвгæ дзы разы та кæд уыдтæн? Мæ зæрдæмæ цæрæццагæй дæр нæ цыди, æруадхуызæй та ‘ппындæр нал цæуы…

– Хорздзинад дыл æнæмæнг æрцæудзæн, фæлæ дæ цæй дидинджытæ æмæ къафеттæ ‘лхæныны ‘фсæрм уыди? – хъуысы мæм Галлæйы хъуытазмыр хъæлæс æмæ мын мæ хидæлдæргæнæн хъуыдытæ йæхимæ здахы.

– Дæуæн паддзахы лæвæрттæ кæнын æмбæлы, фæлæ дын дæ хабар æгæр æрæгмæ фехъуыстон… – дзурын æм хатыр курæгау.

– Æз мæ райгуырæн бон никуы фæбæрæг кæнын, фæлæ, зæгъын, ацы хатт мæ ахуыр фехалон, мæ хæларимæ абадон æмæ йемæ зæрдæбын ныхæстæ акæнон. Адæймаг зонджын лæгыл арæх сæмбæлы?

Йæ ныхас мын æхсызгон у, фæлæ йын мæхи хæдæфсармæй равдисыны охыл былысчъилæй дзурын:

– Тынг мæ раппæл.

– Æппæлинагæй æппæлын хъæуы, иннæтæй цæмæй хицæн кæны, уый куыд зона æмæ царды ныфсджындæр куыд уа. Цом æмæ дæм истæмæй хорз фæкæсон. Замманай коньяк мæм ис. Сæрмагондæй йæ дæуæн бавæрдтон, – мидбылхудгæйæ, загъта Галлæ, мæ лæвæрттæ мын стъолыл æрæвæрдта æмæ мæ стыр цæлгæнæнмæ бакодта. Фынгыл – уæлибæхтæ, карчы фыд, зынаргъ кæсæгтæ, сырх еугæф, цыхт, алыхуызон нозтытæ, дыргътæ, халсартæ.

«Алы нæлгоймагæн дæр йæ зæрдæмæ фæндаг йæ ахсæныл кæй цæуы, ууыл мисхалы бæрц дæр нæ гуырысхо кæны, фæлæ йæ мæнæй цы хъæуы? Йе стырхицау мойы ‘хцатыл нæ бацауæрста. Йæ райгуырæн бон мæ хуызæн хуымæтæг уазæгæн ахæм фынгтæ кæм æвæры, уым ма стырдæр хъуыддæгты та йæ кадджын уазджытæн цавæр фынгтæ æрæвæрдзæн! Йæ фæстаг къæбæр нæ хæры, фæлæ мæн афтæ рæдауæй цæмæн хынцы?» – фæрсын мæхи, фæлæ мæ фарстæн дзуапп раттын нæ фæразын. «Райкæйæн мæ очерк йæ зæрдæмæ тынг фæцыд, æмæ мæ, æвæццæгæн, Галлæ йæ номæй хатыр ракурынмæ хъавы, Лизæ мыл йæхи кæй атигъ кодта, уый тыххæй», – дзурын мæхицæн, æндæр мæ сæр ницы ахсы. Галлæ сомихаг коньячы авг systа, æмæ йæм, нæ хъæуы, зæгъгæ, мæ къух батылдтон.

– Дзæгъæлы йæ ма гом кæн – æз нæ нуазын.

– Уæдæ дæ ардæм дæ къам исынмæ ‘рбахуыдтон? Ау, мæ цæрæнбоны тыххæй æнæ бануазгæйæ куыд ацæудзынæ? – сдзырдта хъазгæйæ, æмæ йæ аив цæсгом мидбылхудтæй айдзаг и.

– Гъемæ кæд афтæ у, уæд гал хосæй амæлæд, – мæ мидбылты бахудтæн æз дæр. Фысым дыууæ гыццыл агуывзæйы коньяк рауагъта, æмæ дзы иу систон.

– Галлæ, æрдз дын сызгъæрин зæрдæ радта, æмæ йæ не ‘лгъыст бæстæйы фæлдурæдзджын царды чъизи кæнын нæ бауагътай. Уымæн

стыр хъаруйы хицау уæвын хъæуы, æмæ æдзухдæр дæ хъару дæхимæ куыд уа, ахæм хорздзинад дын Хуыцауы цæст бауарзæд, – скуывтон ын зæрдиагæй æмæ мæ нуазæны ‘рдæг анызтон.

– Бузныг, Ирбег, бузныг, – раарфæ мын кодта Галлæ æмæ йæ нуазæнæй зына-нæзына ацахуыста. Нæ агуывзæтæ фынгыл æрæвæрдтам, кæрæдзи акомкоммæ бандæттыл нæхи ‘руагътам æмæ комдзаг кæнæм. Иуцасдæр куы абадтыстæм, уæд мæм Галлæ цалдæр хатты къæмдзæстыгхуызæй æрбакаст. Цыдæр зæгъынмæ мын кæй хъавы, фæлæ йæ йе ‘фсарм кæй нæ уадзы, уый бамбæрстон. «Кæд мын йæ хæстæджытæй искæуыл исты ‘рмæг фыссын кæны, мыййаг, мæнмæ йæм æндæр цы курдиат хъуамæ уа? Лизæйы тыххæй мæ хатыр куы курид, уæд афтæ тынг нæ тыхсид», – скарстон мæхинымæр æмæ дзы мæ фæлмæн хин худтæй ныфс бауагътон.

– Зæгъ æй. Ма мæ ‘фсæрмы кæн.

– Мæ ныхас куыд райдайон, уый нæ зонын.

– Æз æргомдзырд дæн æмæ искæмæй дæр æргом ныхас уарзын.

– Дæ зæрдæ ныл нæ фæхуддзæн?

«Иугæр «ныл» зæгъы, уæд æрмæст йæхи хъуыды нæ дзуры», – сцымыдис дæн æз æмæ мæ сæр батылдтон.

– Нæгъ.

– Мæнмæ гæсгæ, лыстæг хъуыддæгтæм йе ‘ргом чи здахы, ды уыдонæй нæ дæ æмæ нæ бамбардзынæ, – загъта Галлæ, йæ нуазæн систа æмæ мын зæрдæбынæй скуывта: – Дæ царды бирæ зындзинæдтæ бавзæрстай, æмæ дæ мах фæрцы иууылдæр куыд ферох уой, уыцы хорздзинад дын дунейы фарн саккаг кæнæд. «Мæ»-йы бæсты – «нæ» æмæ «мах». Фæрсæгау æм бакастæн, уымæй цы зæгъынмæ хъавыс, зæгъгæ.

– Куыд фехъуыстон, афтæмæй Лизæ дæ зæрдæмæ фæцыди, æмæ дæ немæ бахæстæг кæнын фæнды.

«А-а, уæдæ уый тыххæй дæн ам, уый тыххæй? Æз та афтæ банхъæлдтон, дæ райгуырæн бон бæрæг кæныс», – февзæрд мæ сæры æмæ мын, æххæстæй кæй нæма банкъардтон, ахæм æбæрæг цин æрхаста.

– Мæн бæргæ фæнды, фæлæ ‘рмæст мæ фæндонæй хъуыддаг нæ сырæздзæн. Чызджы фæндон дæр ма дзы хъæуы.

– Уый фæндон куынæ зонин, уæд ахæм уæндон ныхас нæ кæнин. Дæ зæрдæйы уаг Лизæйæ дарддæр никæмæн раргом кодтай, æмæ

нын æй иугæр нæ хъусы бацагъта, уæд дæм куыдфæндыйы цæстæй нæ кæсы. Мæ хæдзармæ дæ кæй æрбахуыдтон, уый та ‘вдисæн у, йæ бинонты зæрдæмæ дæр кæй цæуыс æмæ сæ сиахсæн кæй хъæуыс, уымæн, – æхсызгон хабар хъусынгæнæгау цинхуызæй загъта Галлæ, æмæ дзы мæ зæрдæ барухс и, фæлæ ма уæддæр дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ афтæ бакодтон:

– Мæнмæ та ахæм амонд кæцæй хауы?

– Лæг домбай у, цы йæ бафæнда æмæ цы нæ бакæндзæн.

– Кæд ма мæн нæ фæнды. Куы йæ федтон, уæдæй фæстæмæ йæ сурæт мæ цæстытæй нæ хицæн кæны, фæлæ йæм дзурын нал уæндын. Иу хатт ма мемæ киномæ ацæуыныл куынæ сразы уа, уæд мæ зæрдæ бынтондæр асæтдзæн. Зæрдæйæ зæрдæмæ ныккæсæн куы уаид, уæд æй фенис, цы уавæры дæн, уый. Фæлтау сæм куы никуы бафтыдаин æмæ йæ куынæ федтаин.

– Ай бынтон лæмæгъ куы дæ. Чызджытæ уарзынц, сæ сæртæ сын чи разилын кæна, ахæм ныфсджын лæппуты. Дуарæй дæ куы ратæра, уæд æм рудзынгыл бахиз æмæ йыл фидар æрхæц, лæджы тæф дæ кæй цæуы, уый йе ‘ппæт буарæй дæр куыд банкъара, афтæ.

– Æз уыдонæй нæ дæн. Мæхи лæгдыхæй бауарзын кæнын мæ бон нæу. Стæй мæ, раст зæгъгæйæ, ахæм уарзондзинад хъæугæ дæр нæ кæны.

– Цæуылнæ?

– Нæ йыл æууæндын.

– Ма зæгъ, ма зæгъ… Сылгоймаг зæрдæйæ нæ уарзы, фæлæ хъустæй. Æнувыддæр ыл чи уа æмæ йын рæсугъддæр ныхæстæ чи кæна, стæй арæхдæр кæй уына, йе ‘ргом уымæ здахы. Бауæнд мыл, уымæн æмæ йæ мæхиуыл бавзæрстон. Æз дæ бынаты куы уаин, уæд Лизæйы нæ, фæлæ бæстырæсугъды дæр æртасын кæнин. Дæу хуызæн курдиатджын хæрзæгъдау лæппутæ нæм бирæ ис?

– Æгæр мæ ма ‘ппæл: мæхиуыл фервæсдзынæн æмæ æнæ усæй баззайдзынæн.

– Æцæг дын зæгъын, æцæг. Гъер дын худинаг нæу? Дæ амондыл тох кæнын ма фæраз.

– Æнæ уарзгæйæ дæм чи смой кæна, уыимæ цæй амонд фендзынæ?

– Дæхи йын бауарзын кæн.

– Куыд æгъдауæй?

– Цалдæр хатты йæм йæ куыстмæ бацу, дидинджытæ йын бахæсс…

– Æз кæй нæ уарзон, уый мын зæххы къори куы ‘рбахæсса, уæддæр ын æй ницæмæ ‘рдардзынæн.

– Чызг лæппуйæ ‘нцондæр дзырд у, стæй дын чи загъта, нæ дæ уарзы, зæгъгæ?

– Йæ цæстæнгас, йæ хъæлæсы уаг. Мæсты йæм нæ кæнын. Алчидæр бæласæй хæрзад цæттæ дыргъ æртонынил архайы, æз та дзы æгæр афæстиат дæн, æмæ мæ аргъæй дзæвгар ахаудта. Уыимæ дын йæ уарзон…

– Кæм æй федтай?

– Айфыццаг проспекты Лизæимæ ‘рбацæйцыди.

– Æмæ дæм куыд фæкасти?

– Ахæм лæппутæ алы ран дæр – бирæ. Чиныджы сыфтæ кæцырдæм фæлдахгæ сты, уый зонгæ дæр нæ кæнынц. Се стырдæр мæт – нуазын, хæрын æмæ рæуузонд чызджыты рæвдауын. Уадиссагæй йæм ницы раиртæстон, фæлæ уæддæр мæнæй хуыздæр уавæры ис.

– Цæмæй?

– Æрыгон у, уымæн та, мой æвзаргæйæ, стыр нысаниуæг ис.

– Æнахуыргонд шофыр кæй у, уый та?

– Уарзгæ чи кæны, уый ахуыр æмæ дæсныйадмæ нæ кæсы. Уыдон уый фæстæ ‘взарын райдайы, йæ хиваст лæджы æнæхсæст митæй куы сфæлмæцы, уæд…

– Лизæ зондджын чызг у, бинонығ æм æркасти, йæ мæгуыр удыхъæд ын базыдта æмæ йын ком нал дæтты.

– Уарзондзинад «сис æмæ йæ аппар»-æй куы уаид, уæд дзы мæнæй раздæр ничи фервæзид …

– Бауырнæд дæ, Ирбег, се ‘хсæн ницы ис.

– Уæдæ йын йæ минæвæрттæн фæндаг цæмæн радта?

– Хæддзуйæ ‘рбацыдысты, æмæ сæ атардта.

– Лизæ йæхæдæг? – фæрсын æй, дызæрдыггæнгæйæ, æмæ йæм æнæуууæнк цæстæй кæсын.

– О. Фæстаг рæстæджы дæуыл уымæй фенувыддæр ис, æмæ ма йæ иу хатт бафæлвар, – сræцыгъта талф-тулфæй, стæй йæ хъуыдытимæ иучысыл афæстиат и æмæ ма йæ ныхасмæ æуууæнкдæр æмæ æнæмæтдæрхуызæй бафтыдта: – Уæвгæ ма йæ фæлваргæ дæр цы кæныс? Не ‘хсæн æмбæхст ницы ис, æмæ йын æз дæумæ йæ ахаст хорз зонын. Макæмæн æй зæгъ, фæлæ мæм знон йæ ныййарджытæ сæрмагондæй фæдзырдтой. Чызджы дæумæ смой кæнын кæй фæн-

ды, уый сын бамбарын кодта, æмæ дæ ардæм сæ ныстуанмæ гæсгæ ‘рбахуыдтон. Сабаты сæм дæ минæвæртты барвит æмæ хъуыддаг алыг кæн. Мæхи кæй у, уый тыххæй дын нæ зæгъын, фæлæ дис-саджы хорз чызг у, фæлмæнзæрдæ, коммæгæс, сыгъдæгуарзаг. Амонын ын ницы хъæуы. Алцыдæр æмбары. Куы баиу уат, уæд тынг амондджын уыдзынæ.

– Ехх, бæргæ, бæргæ! – тыхстхуызæй арф ныуулæфыдтæн æз.

– Æппындæр мацæуыл тыхс. Йæ фыд нын фидар дзырд радта, сæ цард, дам, куы баиу кæной, уæд, дам сын æз хъæуы мæ фарсмæ дис-саджы хæдзар сараздзынæн, – мæ зæрдæ мын алхæдта Галлæ, æмæ йыл хъуырмæгæнæг быньдз сурæгау мæ къух ауыгътон.

– Сæ чызджы мын раттæнт, хæдзар мæхæдæг сараздзынæн.

– Ратдзысты, ратдзысты. Сабаты дын изæры авд сахатыл дæ минæвæрттæм æнхъæлмæ кæсдзыстæм, – загъта Галлæ, иуцасдæр ма мын зæрдæвæрæн ныхæстæ фæкодта, стæй мæм æрхатыди: – Цæмæй нæ хъуыддæгтæ хорз ацæуой, уый тыххæй ма фæйнæ баназæм.

– Нæ, нырма мæ кусын хъæуы. Стъолыл мæм мæ уацмыс æнхъæлмæ кæсы. Йæ ныффыссынæн мæм хъуамæ хорз равг уа, науæд фæлвых рауайдзæн æмæ никæй зæрдæмæ бахъардзæн, – загътон ын æнæ ды-зæрдыгæй æмæ сыстадтæн.

– Гъемæ хорз. Нæ сиахс куы бауай, уæд-иу абаддзыстæм. Уæвгæ, дæхион дæхи куы фæуа, уæд мæм зынгæ дæр нал фæкæндзынæ.

– Зæрдæцъæх дæр ма мæ фæуыдзынæ.

Дыууæйæ дæр бахудтыстæм æмæ кæрæдзийæ райгондæй фæхицæн стæм.

* * *

Хур аныгуылди. Рог уддзæф рæстæгæй-рæстæгмæ ‘рбаулæфы, дон-хæрисы даргъ дзыккутæ зына-нæзына базмæлын кæны æмæ сабыргай се ‘хсæн æрфынæй вæййы. Куыд ничи мæ фена, афтæ Лизæйы хæдзары цурмæ бацыдтæн æмæ бæласы ауон æнхъæлмæ кæсын. Галлæ мын мæ риуы стыр ныфс бауагъта, фæлæ сæм, чызгæн йæхи нæ фенгæйæ, минæвæрттæ куыд барвитон? Цыма мæ Лизæ ‘мбаргæ бакодта, уыйау къæсæрæй рахызти æмæ мæнæй чысыл фалдæр иннæ донхæрисы бын æрлæууыди. Ме ‘мбæхсæн бынатæй рахизынмæ куыд хъавыдтæн,

афтæ не ‘хсæн февзæрди, айфыццаг æй цы лæппуимæ федтон, уый æмæ йын салам радта:

– Дæ изæр хорз, Лизæ.

Чызг æй цыма нæ фехъуыста, уыйау æм йæ чъылдым раздæхта.

– Дæхи мæ иуварс ласын куы райдыдтай. Ау, афтæ тынг дын сæнад дæн?

– Цы зæгъинаг ма мын дæ?!

– Тызмæгæй мæм цæмæн дзурыс? Цы азымджын дæн дæ разы?

– Лæгъз ныхæстæ та дын-иу амæй фæстæмæ дæ уарзон кæнæд.

– Мæнæн дæуæй уарзондæр адæймаг нæй.

– Ныууадз мæ, Фарзун. Бирæ гæды ныхæстæ мын фæкодтай, æмæ мын уыдон фаг сты. Зынаргъ дын куы уыдаин, уæд æвиппайды Симæмæ нæ фæзылдаис.

– Раст нæ дæ, Лизæ. Не ‘хсæн ницы ис, стæй дзы уæвæн дæр нæй. Фæлæ ма мын ды зæгъ, дæ ныййарджытæ мын мæ минæвæртты куыдзæй куыдздæр цæмæн бакодтой?

– Уæ гормон, кæд дæ къахгæ кодтой, уæд та?

– Мæн къахын нæ хъæуы. Кæй дæ уарзын, уый хорз зоныс.

– Фыццаг гæрæхтæй фæтарстæ æмæ дæ хотыхтæ æрæвæрдтай. Уый цæй уарзондзинад у?

– Искæй фæаххосджын кæнын æнцон у, зын хи аххосыл басæттын у…

– Кæрæдзи аххосæгтæ нымайын кæм райдыдтам, уым нæ хъуыддагæй ницыуал рауайдзæн, – цæхгæр алыг кодта Лизæ æмæ мидæмæ араст и.

– Фæлæуу-ма иучысыл, – йæ цонгмæ йын бавнæлдта лæппу.

– Цæмæ ма мæ уромыс? – йæхи дзы атыдта чызг.

– Дæуæй афтæ, æз æй нæ зонын, цæмæн мыл сыстырзæрдæ дæ, уый?

– Цæмæн?

– Парчы кæимæ лæууыдтæ, уый тыххæй.

Сæ ныхæстæм хъусгæйæ, мæ зæрдыл æрбалæууыди, Галлæ нын Лизæимæ парчы фембæлд кæй снысан кæдта, уый. Йемæ аныхас кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ нæ Галлæ иу минут дæр иумæ нæ фæуагъта.

– Нæлгоймæгтимæ мын æрлæууæн дæр нал ис? Ахст куынæ дæн, мыййаг. Ныр мæ фæдыл кæм зилыс, уым ма мын иумæ цæргæйæ та цытæ кæнис?

Уыцы ныхæстæ Лизæ уайдзæфы хуызы загъта, фæлæ ма мæм йæ

хъæлæсæй сусæг æртхъирæн дæр райхъуысти, ома, чи нæ мыл æууæнда, мæн ахæм лæг нæ хъæуы, æмæ мын кæмдæр иучысыл фенцон и.

– Дæхицæй рæуыг сывæллон ма араз. Кæд æй уарзыс, уæд мын æй æргомæй зæгъ, æмæ дæ мæ бон базонон.

– Лæппуты раив-баив чи кæны, æз уыдонæй нæ дæн.

– Лизæ, дæ ныййарджыты дын куыд бамбæрстон, афтæмæй дæ мæнæн нæ ратдзысты, æмæ алидзæм.

– Нæ, нæ! – сырдæй фæтæрсæгау фестъæлфыди Лизæ. – Уыцы ныхæстæ дæ былы бынæй дæр макуыуал суадз. Адæймаг ацы дунейы иу хатт йеддæмæ нæ цæры æмæ хъуамæ æдзухдæр йæ сæр бæрзæндты хæсса. Къæмдзæстыгæй цæрыны бæсты мæ ницавæр амонд хъæуы.

«Тынг æй куы уарзид, уæд уыцы лыстæг хъуыддæгтæ мисхал дæр ницæмæ ‘рдарид æмæ йæ фæдыл алидзид», – хъуыды кæнын мæхинымæр, æмæ дзы мæхицæн ныфсытæ æвæрын.

Ацæргæ лæгуынсæр лæг, цудтытæгæнгæ, фисынæй æрбазынди æмæ сæ цурмæ ‘рбацæуы.

– Ацы къупри тæхудиаг нæу? Банызта, æмæ йæ ницыуал мæт ис… – хæлæггæнæгау дзуры Фарзун.

– Папæ?! – удаист хъæр сирвæзт Лизæйы риуæй.

– Кæсæби у?

– О, – сдзырдта чызг æмæ ныггуыбыр и. Фыр æфсæрмæй йæ сæр хæрдмæ сисын дæр нал уæнды. Кæсæби сæм æрбахæццæ æмæ тызмæгæй фæрсы Лизæйы:

– Чызг, ам та цы ми кæныс?!

– Ницы, – тыххæйты сфæрæзта зæгъын Лизæ æмæ мидæмæ балыгъди. Кæсæби Фарзунмæ, æлгъæгæнгæйæ, йе ‘ргом аздæхта æмæ йыл сабухта:

– Лæппу, ды махæй æххæст дзуапп нæ райстай?!

– Райстон, фæлæ…

– «Фæлæ»-тæ мауал кæн уæдæ! Ахъуытты у æмæ нæ иу ран ныууадз!

– Афтæ хæрам мæм цæуыл дæ? Куы ницы ‘взæрдзинад дын сарæзтон.

– Сиахсæн нæ нæ хъæуыс æмæ нæм хæстæг мауал цу! Мæ удæгасæй мæ чызджы къах дæ хæдзары нæ уыдзæн, æмæ дæ йемæ куыд никуыуал фенон, афтæ!

– Кæмæн æй дæттыс, уыимæ амондджындæр уыдзæн?

– Уый дæ хъуыддаг нæу!  Хаугæ кæн ардыгæй! Кæс-ма йæм, кæс, хылычъи уасæджы хуызæн! – йæ ныхас балхынцъ кодта Кæсæби æмæ,

цудтытæгæнгæ, къæсæрæй бахызти. «Галлæ мын гæды ныхæстæ нæ кодта. Мæнмæ гæсгæ, ацы бинонтæн се 'ргом мæнырдæм арæзт у», – дзурын мæхинымæр, фæлæ мæ уыцы ныфсæвæрæн хъуыды дæр нæ сабыр кæны.

* * *

Ме 'рдхорд йæ райгуырæн бон бæрæг кодта æмæ мæ сæхимæ ахуыдта. Фынгыл æрбадыны размæ мын мæ цонгыл аивæй ахæцыди, йæ араллогæнæг уазджытæй мæ фæхицæн кодта æмæ мæ ахæм хъæлæсы уагæй бафарста, цыма мæ æнæсрастгæнгæ рæдыдæй фервæзын кæнынмæ хъавыди:

– Æццæй, Кæсæбийы чызджы курыс?

– О. Иннæбон сæм мæ минæвæртты 'рвитын.

– Æмæ дæ фæндæн аивæн нал ис?

– Ис, фæлæ цæмæн? Æвзæр чызг у? – фæгæмæл дæн æз, ме уæнгты æгæрон тас бацыди, æмæ катай кæнын.

– Рынчындоны мемæ кусы, æвзæр чызг нæу, фæлæ йæм алы изæр дæр иу лæппу 'рбацæуы. Кæд дæумæ мой кæны, уæд ма йын уый та чи у?

Бас кæй басудзы, уый донæн дæр фу-фу кæны, мæн та бирæ хæттыты басыгъта, æмæ алцæмæй дæр стъæлфын райдыдтон. Мæхи 'ппæтæй тынгдæр хæлд чызджытæй хъахъхъæдтон æмæ æртын аст азмæ æнæ усæй дæр уымæн баззадтæн. Кæд та ацы хатт дæр, йе 'рбахæцæнтæ лæмæгъ кæмæн сты, ахæм гадздзайыл сæмбæлдтæн, зæгъгæ, сагъæстыл фæдæн. Иуцасдæр мæхиимæ фæхъуырдухæн кодтон, стæй телефонмæ фæндфидарæй бацыдтæн æмæ Лизæмæ бадзырдтон. Мæ хъустыл чызджы бæсты мады хъæлæс куы ауади, уæд фæкъуытты дæн, æмæ мæ дзыхы ныхас нал бадти.

– Дæ изæр хорз, – æрæджиау мæ тыхамæлттæй сирвæзти æртæ дзырды.

– Кæй изæр у, уый хорзæх дæ уæд, – цыма йæ уарзон хъæбулы хъæлæс фехъуыста, уыйау мын мæ саламæн райдзастхуызæй дзуапп радта Райкæ.

– Лизæйы мæ цæмæйдæр афæрсын фæнды. Кæд гæнæн ис, уæд ма йæм хæтæл авæр, дæ хорзæхæй.

– Ам нæй.

– Уæдæ кæм и?

– Сыхæгтæм ауади.

– Искæй ма йæм арвит, тынг æхсызгон мæ хъæуы.

Райкæ мæм, æвæццæгæн, ахæм курдиатмæ не 'нхъæлмæ касти æмæ ныр та уый фæкъуытты и.

– Сыхæгтæм нæй, фæлæ йæ уарзонимæ ис, – цыма йæ арвайдæнæй уыдтон, уыйау ын æнæ дызæрдыгæй загътон æз.

– Мæ мард фен, нæй. Йе 'мбæлттимæ театры ис, – хæтæлæй йæм райхъуысти, хъыг æмæ мæт кæм баиу сты, ахæм лæгъстæхуыз хъæлæс.

– Æз цæргæбонты иу гæды ныхас дæр никуы загътон, æмæ йæ искæмæн дæр нæ барын. Дæ чызджы ме 'вджид бакæнынмæ кæй хъавыс, уый тыххæй дæ бузныг дæн. Дæ хорздзинад мæ никуы ферох уыдзæн. Демæ бахæстæг кæнын мæ тынг фæндыди, фæлæ нæ хъуыддагæй ницы рауайдзæн. Лизæ изæрыгæтты кæмæ згъоры, уыимæ фæрнæй цæрæд. Æз, мæхи цъымарайæ ласгæйæ, мæ намыс цæсты гагуыйау умæн нæ фæхъахъхъæдтон, цæмæй йæ ныр кæстæрты къæхты бынмæ æрæппарон. Мæ минæвæрттæм мын мауал æнхъæлмæ кæсут, – цæхгæр алыг кодтон æз æмæ хæтæл æрæвæрдтон. Мæ сагъæстæй фервæзыны тыххæй арахъхъ банызтон, фæсахсæвæрты мæ хæдзармæ ацыдтæн æмæ диваныл ныффæлдæхтæн. Райсомæй раджы мæ сæры рыстæй райхъал дæн æмæ йæ уазал донæй ныхсадтон. Куыддæр æй хисæрфæнæй ныссæрфтон, афтæ чидæр дуар æрбахоста. Акастæн æм, æмæ фыр дисæй мæ дзых бахæлиу и. Чысыл фæзгонды хæрзарæзтæй лæууыди Галлæ æмæ мæм йæ мидбылты худти.

– Цом-ма мемæ æмæ кæрты аныхас кæнæм, – бардзырд дæттæгау мæм æрхатыди хионхуызæй.

– Мæнæн мæ зæрды цы уыди, уыдон иууылдæр Райкæйæн загътон, æмæ мæ ногæй ницыуал фехъусдзынæ.

– Цом-ма, цом. Мах дæ 'хсæв-бонмæ горæты къуымты уый тыххæй нæ фæцагуырдтам, цæмæй дæ тæргайæ ауадзæм.

– Чи мæ фæцагуырдта?

– Лизæ æмæ æз. Дæ зонгæтæ, де 'мкусджытæ æмæ дæ хæстæджытæй кæй зыдтам, уыдоныл æрзылдыстæм, фæлæ дзы ды иумæ дæр нæ разындтæ.

– Лизæ дæр мæ агуырдта?

– О.

– Сайыс.

– Ницы дæ сайын. Ныр дæр дæлæ кæрты ис.

– Чи?! – мæ цæстытæ уæрæх байгом кодтон æмæ йæм дисмæ кæсæгау кæсын.

– Лизæ, – уым диссагæй ницы ис, зæгъгæ мын дзуапп дæтты æнæмæтхуызæй.

– Лæгдыхæй йæ не ’рбакодтай?

– Мæ фыды ингæныстæн, нæ. Дæу ссарын дæр Лизæйы бафæндыд, ардæм æрбацæуын дæр. Кæд мæныл не ’ууæндыс, уæд ын йæхи бафæрс.

Дзургæ-дзурын кæртмæ ахызтыстæм æмæ бæласы бын стъолы фарсмæ фæхсбандоныл æрбадтыстæм. Лизæйы йæ цигайнаг кæркæ-мæркæ къабайы урс «Волгæ»-йы ауыдтон, фæлæ мæм уæддæр Галлæйы рæстдзинад нæ бахъардта.

Сылгоймаг мын цыма мæ хъуыдытæ ацахста, уыйау мын йе ’мхæрæфыртмæ йæ урс хæрззылд къухæй ацамыдта æмæ фидарæй загъта:

– Кæд дæ фæнды, уæд йемæ хицæнæй аныхас кæн.

«Мединститут каст чи фæци æмæ дохтырæй чи кусы, уыцы чызг ма ссæдзæм æнусы кæрон, искæй нæ уарзгæйæ, æнæбон цагъайрагау йæ ныййарджыты коммæ кæса, уый зын бауырнæн хъуыддаг у. Ау, æппындæр æм сæрыстырдзинад нæй? Гугын фыс куынæ у, мыййаг. Иугæр мæ ’хсæв-бонмæ фæцагуырдта, стæй мæм барвæндæй æрбацыди, уæд мемæ цæрынил разы у, æмæ сæ ме ’нæууæнкдзинадæй бафхæрын раст нæ уыдзæн», – скарстон мæхинымæр æмæ мæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдтон.

– Уæдæ сæм райсом дæ минæвæртты барвит, æмæ бафидаут.

– Минæвæрттæй иу ме ’мкъласон Дзаххот у. Дысон не ’рдхорды куывды иумæ уыдыстæм, æмæ йын æз загътон, мауал сæм бацæут, зæгъгæ. Ныр иннæрдæм куы расимон, уæд мæ цы фенхъæлдзысты?

– Царды бирæ хабæрттæ ’рцæуы, æмæ се ’ппæт зæрдæмæ хæссын нæ хъæуы. Сæйрагдæр амонд ссарын у, æмæ ууыл бацархай. Кæм сты дæ минæвæрттæ?

– Хъæуы.

– Уæртæ машинæйы сбад, æмæ сæм иумæ цом.

– Аив куынæ уа… Ме суинаг кайысты мæ мæ хионты цæсты ’фтауын дæр нæ фæнды… Фæлтау мæхæдæг ацæудзынæн…

– Демæ куы базонгæ дæн, уæдæй нырмæ дыл дис кæнын.

– Цæй тыххæй?

– Уынджы куы схъомыл дæ, уæд дæм уыйбæрц уæздандзинад кæцæй ис?

– Адæймаг йæ мады гуыбынæй цы рахæсса, уый уынджы нæ сафы. Уынг лæмæгъты тасын кæны, тыхджынтæ йæ коммæ нæ кæсынц…

– Мæ цæргæбонты дæу хуызæн нæлгоймагыл никуыма сæмбæлдтæн. Райкæйы уд дæ дзæгъæлы нæ баззад. Мойгæнæг чызджытæ, цардæмбал æвзаргæйæ, куыд æдылы вæййынц, куыд! Æрыгон æмæ сæрибар куы уаин, уæд дæ разæй никæмæ ацæуин.

– Стыр хицау хъæздыг лæгимæ цæргæйæ дæм мæгуыр сæмпæрчъимæ смой кæныны хъуыды кæй фæзынд, æз та ууыл дис кæнын. Дыууæ афтид уаты йеддæмæ мæм ницы ис…

– Уæддæр ды ме стырхицау лæгæй хъæздыгдæр дæ.

– Цæмæй?

– Удыхъæдæй, курдиатæй æмæ зондæй.

– Уыдон хæрынмæ нæ бæззынц æмæ никæй хъæуынц.

– Кæй хъæуынц, ахæмтæ ма ис, бынтон нæма фесæфтысты, – загъта Галлæ, сыстади æмæ машинæмæ араст и.

«Лизæ дæ зондахастæй иучысыл уæддæр куы фæхъæстæ уыдаид, уæд йемæ цы амондджын уаин, æвæдза», – йæ хæрзконд уæнгты аив змæлдмæ кæсгæйæ, хъуыды кæнын мæхинымæр.

* * *

Мæ дызæрдыг хъуыдытæ мæ иу ран нæ уадзынц. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ Райкæ æмæ Галлæ барæй цырын кæнынц, цæмæй Лизæйыл ма сæмбæлон æмæ йын йæ зæрдæйы уаг ма базонон. Мæ минæвæртты дæр мын талф-тулфæй уымæн агурынц. «Дæу ссарын дæр Лизæйы бафæндыд, ардæм æрбацæуын дæр. Кæд дæ фæнды, уæд йемæ хицæнæй аныхас кæн», – мæ хъусты зæлы Галлæйы уырнынгæнæн хъæлæс, фæлæ йыл цæмæндæр тынг не ʻууæндын. «Цыфæнды куы фæуа, уæддæр хъуамæ Лизæйы фенон æмæ йемæ баныхас кæнон», – фидарæй загътон мæхицæн æмæ, куыстмæ цæугæйæ, автобусы кæм сбады, уырдæм араст дæн. Сæумæрайсомæй сихормæ йæм фенхъæлмæ кастæн, фæлæ никæцæй разынд. Судзгæ хуры къæймæ куы сфыхтæн, уæд мæхинымæр скарстон: «Цы абада, уый абадæд» æмæ мæ минæвæрттæм атындзыдтон. Ме ʻфсымæр Руслан æмæ Дзаххоты хъæуы астæу, иу бур зæронд «Москвич»-ы бадгæйæ, ныййæфтон æмæ сын хъуыддаг бамбарын код-

тон. Уыдон мын, кæрæдзи дзыхæй исгæйæ, карз уайдзæфтæ фæкодтой, рог сылау дæ зонд цы раив-баив кæныс, зæгъгæ, æппæт аххостæ дæр мæныл ныххуырстой, стæй æрсабыр сты. Изæры ма нæ сыхы хистæр Ахболы дæр семæ райстой æмæ Кæсæбийы хæдзары балæууыдысты.

Алыхуызон хинæйдзаг сылгоймæгтæ бирæ хæттыты гадзрахатæй кæуыл рацыдысты æмæ йæ ныфс кæмæн асастой, уыцы абадгæ уæнгмард усгур, йæ зæрдæ кæуыл нæ дары, ахæм æрыгон цардæфсæст чызгмæ йæ минæвæртты куы барвита, уæд цы уавæры уыдзæн, уый зын бамбарæн нæу. Хъæддаг æнæдомд сырды къуындæг æнуд къалатийы куы бакæнай, уыйау мæ афтид фатеры дыууæрдæм силлæг дæн. Адæргæй куы нарæг цæлгæнæнмæ бауайын, куы залмæ рахизын, рæстæгæй-рæстæгмæ ма мидæггаг чысыл уаты дæр фæкуыси вæййын æмæ алы рудзынгæй дæр æддæмæ зыдæй фæлгæсын. Мæ сæры тæрсынгæнæн хъуыдытæ сæмтъеры сты: «Мæ минæвæртты мын ратæрдзысты, æнæмæнг сæ ратæрдзысты. Разыйы дзуапп сын цæй тыххæй хъуамæ раттой, сæ чызг мæ куынæ уарзы æмæ мемæ амондджын куынæ уыдзæн, уæд?» Афтæ мæм кæсы, цыма мæ Лизæ йæ удхæссæг уыны, цыма уазджытæм æдæрсгæйæ рацæудзæн æмæ сын, мæнмæ цы уазал зæрдæ дары, уый раргом кæндзæн. Йæ ныййарджытæн хуыздæр гæнæн нал уыдзæн, æмæ сæ рарвитын бахъæудзæн.

Ме 'нæрай хъуыдытæй цас тынгдæр тæрсын, уыйас Лизæйыл æнувыдæй-æнувыддæр кæнын. Амæй размæ мæм цы 'нкъарæнтæ нæ фаг кодта, уыдон дæр ма мæ зæрдæйы абухын райдыдтой æмæ мыл арт æндзарынц. Уый уарзондзинад у æви 'фхæрд сæрыстырдзинады утæхсæн? Нæ зонын, нæ зонын. Раздæрау та мæ алфамбылай æндæр никæйуал уынын æмæ зонын æрмæстдæр иу хъуыддаг: цыфæнды зындзинæдтæ 'взаргæйæ дæр мæ фæнды Лизæйы ракурын. Мæ минæвæрттæм æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсын, фæлæ кæм сты? Къулы сахатмæ тыхстхуызæй скæс-скæс кæнын æмæ минуттæ нымайын. Аст, фараст, дæс, иуæндæс сахаты. Рæстæг æмбисæхсæвмæ куыд фæхæццæ кæны, афтæ мын æнауæрдон тых мæ зæрдæ тынгæй-тынгдæр æлхъивы. Кæд ма дзы раздæр иу мæнгуд ныфсы хал, дзедзыройгæнгæ, йæхиуыл тыххæй хæцыди, уæд ныр уый дæр аскъуыди. Тасæн сæдæ цæсты ис, æмæ дзы иуæй дæр раст нæ уыны. Минæвæрттæ уыйбæрц никуы никæмæ бафæстиат сты. Кæй мын сæ рарвыстой, ууыл дызæрдыг нал кæнын. Æгады тард сæ ракодтой, æмæ мæ суцца 'фсымæр фыр

мæстæй йе ‘мбæлтты мæнмæ дæр нал æрбауагъта. Уыцы хъуыды мæ сæрымагъзы ныффидар и æмæ мыл ризæг бафтыдта. Цæмæй цыппар къулы астæу ма фæхуыдуг уон, уый тыххæй уынгмæ мæхи айстон æмæ та уым дæр дыууæрдæм скатай дæн. Фæнды мæ Лизæйы хæдзары цурмæ бацæуын æмæ мæ минæвæртты хабар базонын, фæлæ мæ ныфс нæ хæссын. Мидæмæ ‘рбацыдтæн æмæ ноджы стырдæр сагъæстыл фæдæн. Иу сахат куы сси, уæд дуар æрбайгом и, æмæ мæ минæвæрттæ мæ хæдзары къæсæрæй æрбахызтысты.

– Дæ хъул сах абадт, Ирбег! Диссаджы бинонтимæ бахæстæг кодтай! Уæллæй, агургæ æмæ æнæаргæ бинонтæ! – йæ цины хъæр йæ разæй æрбахаста Ахбол.

– Рæхджы замманай чындз æрхæсдзыстæм! – йæ ныхас ын ноджы хъæрдæрæй дарддæр ахæццæ кодта Руслан.

– Чызджы дæр федтат? – Дзаххоты афарстон цымыдисæй, æмæ мын дзуапп радта ‘хсызгон хабар хъусынгæнæгау:

– Ахбол æй бацагуырдта, æмæ нæм æй ракодтой. Удыкъæртт у, удыкъæртт.

– Уæллæй, афтæ! Нæ комы аргъ лæппу, зæгъын, кæй равзæрста, уый хъуамæ нæхи цæстытæй фенæм! Дæ бонæй у, ахæм рæсугъд хæрзæгъдау цардæмбал кæмæн уыдзæн! Бирæтæ дæм хæлæг кæндзысты!

– Чындзæхсæвыл æнцонæй баныхас кодтат? – тыхстхуызæй сæ фæрсын, «нæгъ» фехъусынæй тæрсгæйæ.

– Тынг æнцонæй! Нæ машинæйы нын æй куы сæвæрой, уымæй дæр ма старстыстæм!

– Раст дын зæгъы, раст. Мæнмæ афтæ фæкасти, цыма дæ сæхицæн æнхъæл дæр не сты, – Ахболы ныхас йæхимæ айста Дзаххот.

– Мах сын цыппæрдæсæм августмæ æмгъуыд кодтам, уыдон та нæ æстæм августмæ здæхтой æмæ сæ фæнд атардтой! – загъта Руслан. Иуцасдæр ма мын ме суинаг кайыстæй феппæлыдысты, фæйнæ сыкъайы ма баныztой, хъæрæй ныхасгæнгæ, сæ зæронд «Москвич»-ы сбадтысты æмæ хъæумæ афардæг сты. Цы ‘хсызгон хабæрттæ мын фæдзырдтой, уыдон мæ хъусты зæлынц, фæлæ мæ уæддæр мæ дызæрдыг хъуыдытæ иу ран нæ уадзынц. Мæ къæрцхъус зæрдæ та рагацау цыдæр æнкъары. Цы у, уый нæ зонын, фæлæ мæ цин кæнын нæ уадзы…

* * *

Куысты фæстæ рауагъдады къæсæрæй рахызтæн æмæ, адæм проспекты куыд тезгъо кæнынц, уымæ цымыдисæй кæсын. Дисы мæ ‘фтауынц æнæмæт фæсивæд. Мæнмæ гæсгæ, сæ иу иннæты хуызæн æнæмæт нæу. Мæгуырхуызæй мæм йæхи ‘рбайста æмæ мын, лæгъстæ æмæ козбау кæм баиу сты, ахæм хъæлæсæй салам радта:

– Дæ изæр хорз, Ирбег.

«Лизæ йæ ‘рбарвыста æнæмæнг. Ацы хатт дæр та мæ ускуырдæй ницы рауайдзæн, æвæццæгæн», – фæрæхуыста мæ тасæфтауæг хъуыды, æмæ мæ былтæ зына-нæзына базмæлыдысты:

– Æгас цу.

– Демæ мæ аныхас кæнын фæнды.

– Табуафси, хъусын дæм.

– Лизæйы дзæгъæлы курыс.

– Цæмæн?

– Уымæн æмæ дæ нæ уарзы.

– Уæдæ мын разыйы дзуапп цæмæн радта?

Цæмæй йæ багæды кæнон, уый тыххæй ма зæгъынмæ хъавыдтæн: «Уæдæ мæ ‘хсæв-бонмæ горæты къуымты цæмæн фæцагуырдта, стæй мæм сæумæрайсом цæмæн æрбацыди?», фæлæ мæ ме суинаг цардæмбалы æцæгæлон лæппуйы цæсты ‘фтауын нæ бафæндыд æмæ мæхи баурæдтон.

– Йæ бинонтæ æмæ йыл йæ хæстæджытæ сæмварс сты æмæ йæ йæ дзых схæлиу кæнын дæр нал бауагътой. Дæуæй афтæ, чындзæхсæв æстæм августы цæмæн кæнынц?

– Мæгъа. Мæ минæвæрттæн уыцы бон сæхæдæг снысан кодтой.

– Лизæйы бафæндыд афтæ.

– Цæй тыххæй?

– Мæ ныхмæ йæ сардыдтой, Фарзун, дам, Симæйы фынддæсæм августы куры. Сæ гæды ныхæстыл сын бауæндыд, мæ фыддæрагæн йæ чындзæхсæв къуыри раздæр фæкодта æмæ йыл ныр фæсмонæй мæлы.

Дзургæ-дзурын йæ хъæлæс сабыргай æрмынæг и, йæхæдæг та мигъфæлмы анығъуылди. Цы мыл æрцыди, уый не ‘мбарын. Мæ сæр зилы, мæ цæстытæ тартæ кæнынц, адæргæй ма мæ къухты зыр-зыр дæр ссыди, æмæ мæ коммæ нал кæсынц. Уæлдай тынгдæр удхар кæны мæ ныхкъуырд сæрыстырдзинад. Æмæ куыд нæ удхар кæна? Чызджыты

цæсты дæ мæнæ ацы дæлтъуры кад дæр мауал уæд. Нæ дзы конд и, нæ – уынд, нæ йæм ахуыр и, нæ... Цы дзы бауарзта, цымæ, Лизæ? Йе 'взонгдзинад? Ехх, азтæ, азтæ, куыд æгъатыр стут, куыд! Фарзун цæстылуайгæ ныв куы фестид æмæ куы 'рбайсæфид, уымæ бæллын, фæлæ уый мæ цуры æххормаг куыдзау æрхуымæй лæууы æмæ мæм æнхъæлмæгæсæджы каст кæны. Мæхицæй у ныллæгдæр æмæ æгъуыздæр. Йæ цæстытæ – афтид. Æнкъарддзинад йеддæмæ дзы æппындæр бакæсæн ницы ис. Цæудзæн ыл фондз æмæ ссæдз азы. Уыцы кары æз бирæ уындджындæр æмæ лæгдæрхуыз уыдтæн, фæлæ фыр мæгуырæй мæ цард саразын нæ бафæрæзтон. Æрхъæцмæ дæр кæуыл нæ хъæцыдтæн æмæ авгау æрхауынæй кæмæн тарстæн, уый мыл йæ къух куы ауыгъта, уæд ме 'нæуынон систы мæ цард, йе 'мыджыр æмæ æнæхъæн дуне. Рæстæг рацыди, æмæ уавæр цæхгæр аивта. Кæддæры æвадат лæппу йæхиуыл схæцыди æмæ ныр та уый хъуамæ фенамонд кæна мæгуыр усгуры. Уый дæр, дам, сидзæры къæбæртæ хæргæйæ, тыхамæлттæй схъомыл и, æмæ йын хъуамæ йæ зæрдæ асæттон. Хъуамæ уымæн дæр йе 'нæуынон суой йæ цард, йе 'мыджыр æмæ æнæхъæн дуне. Афтæ куы бакæнон, уæд мæ цард мæ фарсыл бахæцдзæн? Уæвгæ, æнæ уарзгæйæ, уый цæй цард уыдзæн? Йæ къодах мæ фарсмæ хуысдзæн, йæ хъуыдыты та 'ндæры рæвдаудзæн. Кæй нæ хъæуыс, уыимæ дæ бонтæ, хъизæмаргæнгæйæ, æрвит æмæ тухæнæй мæл – уымæй ма стырдæр бæллæх цы уа! Лизæйы куынæ ракурон æмæ мæ цард иунæгæй куы арвитон, уæд та амондджындæр уыдзынæн? Æппæтæй тынгдæр бæллын, Фарзуны ныхæстæ мæнг куы рауаиккой, уымæ, фæлæ раст кæй сты, уый мæ кæцыдæр æнкъарæнæй хатын æмæ фыртыхстæй арвмæ асинтæ æвæрын. Мæ зонд мæм лæппуйы фарс рахæцынмæ сиды, мæ зæрдæ та мæ Лизæйы ракурынмæ цырын кæны. Æгæр фæдæрдджын дæн, æмæ дзы куы фæхицæн уон, уæд ахæм дзæбæх чызг мæ къухы нал бафтдзæн. Æрыгонæй мæ бинойнаг суæвынмæ бирæтæ бæллыдысты, ныр та мыл сæхи хæлд сылгоймæгтæ, идæдз устытæ æмæ, курæг кæй нæй, ахæм фыдуынд чызджытæ ныхасынц. Æнæмæнг мæ Лизæйы ракурын хъæуы, фæлæ дзы цы рамбулдзынæн? Æрыгон рæсугъд буар рæвдаугæйæ, зындоны арты судздзынæн. Бирæ нæлгоймæгтæн уæлдай нæу. Сылгоймагæй æхсызгондзинад исæд, æмæ йæм цыфæнды зæрдæ дæр дарæд. Æз æндæр дæн, бынтон æндæр æмæ ахæм уавæрæн нæ бабыхсдзынæн. Уæдæ цы бакæнон? Мæ размæ цы дыууæ фæндаджы

ис, уыдон æмхуызон бырынцъаг  куы сты, иу дæр мын дзы хорзæй куы ницы ратдзæн, уæд дзы кæцы равзарон? Рогдæр цæф мыл кæм æрцæудзæн?

– Рæхджы нæ цард баиу кæнынмæ хъавыдыстæм, фæлæ нæ ды бахъыгдардтай, – хъуысы мæм Фарзуны тыхстхуыз хъæлæс.

– Лизæ дæр афтæ хъуыды кæны? – фæрсын æй ныфссастæй. Уæвгæ, уый нæ фæрсын, фæлæ мæхи: «Лизæ дæр афтæ хъуыды кæны, цымæ?»

– О. Ныртæккæ мемæ уыди, æмæ мын афтæ загъы, мæ бинонтæ, дам мæ Ирбегæн тыххæй радтой, æмæ, дам, сæ ныхмæ стох кæнын нæ бафæрæзтон.

– Уыдон йæхи ныхæстæ сты æви сæ ды æрымысыдтæ?

– Хетæджы дзуарыстæн, йæхи.  Æз сæм ницы бафтыдтон. Æмæ афтæ нæу?

– Диссаг сты адæм. Алчидæр искæмæн йæхицæй æвзæрдæр æнхъæл у.

– Æз куы ницы…Цы мын загъта, уый дын дзурын… Фæлмæн зæрдæ йын ис, æмæ, йæ ныййарджытæм куы байхъуса, уæд фенамонд уыдзæн…

– Мемæ æнамонд фæуыдзæн, демæ та фыр амондджынæй суртæ-уадзгуытæ кæндзæн, нæ?

– Хатыр... Æфхæрынмæ дæ нæ хъавыдтæн…

– Хорз. Æз хъуыддæгтæ базондзынæн, æмæ уæ кæд æцæгдæр хъыгдаргæ кæнын, уæд уе ‘хсæн нæ бацæудзынæн.

– Бузныг, стыр бузныг. Æхсызгон мын у, æгайтма кæрæдзи бамбæрстам, – бæлвырд фæрайгонддæр и Фарзун æмæ ацыди. Æз уынджы астæу джихæндзыгæй лæууын æмæ, цы кæнон, уый нæ зонын.

«Гъæ-æ, ме ‘дылы сæр мын куыд рачындæуыди. Кæдæм æй æруагътон, кæдæм! Сывæллæтты къæхты бынмæ йæ пуртийау хъазынмæ æрæппæрстон. Æнхъæл уыдтæн, кæдæй-уæдæй мæнæн дæр бирæ фыдæбæтты фæстæ мæ хъул сах абадти. Замманай бинойнаг ссардтон, мæ зæрдæйы уыраугæ хъæдгæмттæ мын бандидздзæн, æмæ мæ йæ фæрцы Зухрайы гадзрахат ферох уыдзæн. Цæргæсы базыртыл æм тахтæн, æмæ дын уый та – мæ амонд. Дæлдæр фæуай, мæгуыр уæрцц, кæд дæуыл зад хуымы хизын нæ фидауы. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Дæ сынтæг цас у, дæ къæхтæ дзы уыйас адаргъ кæн». Нæ, цалынмæ цъыфдзасты ныссагътæн, уæдмæ мæм ницы бахъардта.  Кæд æй нæ хъуыдтæн, уæд мæ ‘хсæв-бонмæ цæмæн агуырдта, стæй мæм сæумæцъæхæй цæмæн æрбацыд? Сылгоймаджы бирæ сусæгдзинæдтæ ‘мбæхст и, æмæ сæ чи

бамбардзæн? Кæронмæ сæ йæхæдæг дæр куынæ ‘мбары. Уæд та йæ ныхъхъуытты уадзин? Нæ, афтæмæй дзы куы ацæуон, уæд мын лæмæгъ æмæ тæргайгæнаг æнхъæл фæуыдзæн. Хъуамæ дзы æгадхуызæй ма ацæуон, фæлæ сæрыстырæй». Дидинджытæ уæйгæнæн бынаты цалдæр сылгоймагмæ уардийæ, гладиолусæй, астрæйæ цыдæриддæр уыди, уыдон балхæдтон æмæ Лизæйы хæдзары цурмæ бацыдтæн, къæсæрæй мæ мидæмæ бахизын фæнды, фæлæ мæ ныфс нæ хæссын. Ме уæнгтæ та мын æнауæрдон тых сбаста æмæ мæ фезмæлын нæ уадзы. Чызгæй фæхицæн уæвын мæ нæ фæнды, фæхицæн уæвын та мæ æнæмæнг кæй хъæуы, уый æмбарын æмæ дывыдон арты судзын.

– Ирбег, ам та цы кусыс? – мæ хъустыл ауад Галлæйы хъæлæс, æмæ мæ зæрдæйы цыдæр ныфсы хал базмæлыди.

– Цы кусын, цы? Мæнæ цоппай кæнын æмæ ме ‘гуыдзæгдзинадыл худын.

– Лæппутæ иууылдæр дæу хуызæн æгуыдзæг куы уаиккой…

– Уæд сæ чызджытæ фæхъазиккой.

– Гъей, цы дыл æрцыд, дæ хорзæхæй? Хъуамæ дæ худ хæрдмæ ‘ппарис. Замманай чызг дын разыйы дзуапп радта, æмæ цалдæр боны фæстæ йемæ цæрын райдайдзынæ. Мах нæхи чындзæхсæвмæ цæттæ кæнæм, ды та дæ былтæ ‘руагътай.

– Искæмæн йæ цард – бирæ, йæ низ – гыццыл. Дæумæ байхъус, уæд зæххыл мæнæй амондджындæр нæй, мæнæн та мæ зæрдæ цæхæрыл судзы.

– Цæмæн, цæ? – дисгæнгæ мæ афарста Галлæ.

– Мæхицæн зæрдæтæ кæмæй февæрдтон, уыцы чызг мæ йæ уарзоны цæсты бафтыдта.

– Цытæ дзурыс, цы? Нæ дæ ‘мбарын.

– Ныртæккæ мæм Фарзун æрбацыд æмæ мын Лизæйы ныхæстæ рафæзмыдта.

– Цы дын загъта?

– Мæн, дам, уарзы, ды, дам æй ницæмæн хъæуыс.

– Сайгæ дæ кæны. Мæнæн Лизæ фидарæй загъта, æрмæстдæр, дам, Ирбегмæ мой кæнын.

– Лæгдыхæй йæ не сразы кодтат?

– Уæд мæ судзгæ мардмæ ‘рбацу. Мах рæстæджы ма бинонты фæндæй чи мой кæны?

– Уæдæ Фарзун уыцы ныхæстæ кæцæй райста?

– Цæстфæлдахæг у. Ма йыл æууæнд.

– Кæуыл æууæндон, уый дæр нал зонын.

– Мæныл… Лизæйыл…

– Ныртæккæ мæ уымæй тынгдæр ницы фæнды бæргæ, фæлæ алцæуыл дæр дызæрдыг кæнын райдыдтон. Чи мæ нæ уарза, уыцы сылгоймагимæ цы зæрдæйæ цæрдзынæн? Хъуамæ мын мæ бинойнаг мæ хъыгыл хъыг кæна, мæ циныл цин, хъуамæ йæм куыстæй нæхимæ тырнон, хъуамæ мын йæ мидбылхудт æвдадзы хос уа, хъуамæ мемæ ‘хсызгонæй цæра æмæ мын сывæллæттæ сæрыстырæй ара, науæд та мын, мæ сабибонты куыд уыди, афтæ мæ хæдзар зындоны ад скæндзæн. Нæ, нæ, мастæйдзаг царды бæсты мæ ницы хъæуы!

– Гъер ды лæг дæ? Хъуамæ цæлхдурты раз дæ къухтæ ‘рбатымбыл кæнис æмæ афтæ зæгъис: «Фæлæуууæд-ма уæдæ, ме ‘мыджыр, цымæ нæ чи фæуæлахиз уаид!»

– Чи зоны, ды раст дæ, фæлæ мæн йе ‘намонддзинады хæрог бындурыл мæ амонды мæсыг амайын нæ фæнды. Уыцы мæсыг тæссонд уыдзæн æмæ уайтагъд æркæлдзæн.

– Ам-ма фæлæуу, æз ныртæккæ... – сдзырдта сылгоймаг æмæ хæдзары фæмидæг и.

– Галлæ, Галлæ! – тыхстхуызæй йæм ахъæр кодтон, цыдæр тых мæ размæ фесхуыста æмæ мæ йæ фæдыл мидæмæ басайдта. Тынг мын чи садджын и, уыцы фатермæ чысыл фæзгондæй бахизынмæ хъавын, фæлæ нæ уæндын. Исты ‘взæр хабар куы фехъусон, уæд та мæм рухсы цъыртт никæцæйуал кæлдзæн. Фæлтау фæстæмæ аздæхдзынæн, æмæ мын мæ хъуыддаг Райкæ æмæ Галлæ сараздзысты. Кæд Лизæимæ мæ цард нæ ацæуа, уæд йæ усæй никуы ничи ахицæн и? Уæвгæ, цæуылнæ ацæудзæни? Хъарм къухты ма их дæр куы стайы…

– Уæртæ ма кæй уынын! – мæ хъусты зæлы Лизæйы райдзаст хъæлæс æмæ мын мæ зæрдæмæ циндзинад хæссы.

– Дæ цæстытæ саугуырм куы сты, уæд цы уыныс?! – уый та Галлæйы мæстæлгъæд хъæлæс у.

– Цы кодтай?

– Æз – ницы, фæлæ ды хорз æмæ ‘взæр кæрæдзийæ нæ иртасыс, æмæ мын уый хъыг у!

– Уæ фæндыл куы сразы дæн æмæ уе ‘взаргæ усгурмæ куы мой кæнын, уæд ма уæ цы хъæуы мæнæй?

– Фарзунæн цытæ фæдзырдтай?!

– Уæдæ йæ сайгæ акодтаин, æз Ирбегмæ барвæндæй цæуын, дæу нал уарзын, зæгъгæ? Стæй дæумæ кæцæй бахæццæ сты мæ ныхæстæ?

– Фарзун Ирбегмæ балæбурдта, Лизæйы, дам, ницæмæн хъæуыс æмæ, дам, æй иу ран ныууадз.

– Æмæ йæ цы хъуыддаг уыди?

– Уымæй та йын-иу йæхи бафæрс. Фарзун цæстфæлдахæг кæй у, уый нæ зоныс?

– Тугтæ йыл уæддæр ма мыс. Йæ амонд ын йæ къухтæй скъахтат æмæ уын æгъгъæд у.

– Афтæ хорз – дæ сæр! Дæ уарзон ус куры, гукк!

– Уæдæ ма мæм цæмæн æрбацыди?

– Цы дын загъта?

– Алидзæм, дам.

– Æмæ?..

– Нæ йын сразы дæн.

– Тынг раст бакодтай.

– Мæ ныййарджыты адæмы цæсты бафтауыны бæсты Ирбегимæ, æнæ уарзгæйæ, цæрдзынæн.

– Кæд ууыл сразы дæ, уæд æй фæстæмæ раздахынызл бацархай.

– Ома куыд фæстæмæ?

– Мæнмæ гæсгæ, йæ фæнд аивта. Дæлæ уынджы мæрдджыны хуызæнæй лæууы æмæ, цы кæна, уый нæ зоны.

– Уый йæ фæнд ногæй куыд аивдзæн, афтæ хорз нæ дыууæйы дæр уæд, – æнæ гуырысхойæ загъта Лизæ, æмæ йыл Галлæ саргъуыдта:

– Тынг къæйных дæ, æвæдза! Гъер зæды хуызæн лæппуйæ цытæ дзурыс?!

– Мæ фыд дæр ма дзы – лæппу, – былысчъилæй бахудти Лизæ æмæ ма йæ ныхасмæ карзæй бафтыдта: – Мамæ мæ скъæйных кодта. Дæ чызджы искæй бын тыххæй тъысс…

Уыцы ныхæстæ фехъусыны бæсты фæлтау мæ хъустæ куы бамыр уыдаикккой.

– О Хуыцау! – уæззау цæф хæстонау зæрдæбынæй ныхъхъæрзыдтон.

Чысыл раздæр ма мæ Лизæимæ цы лыстæг хал баста, уый аскъуыди, уатмæ бахызтæн æмæ сæм кæнгæ хъæлæсæй дзурын:

– Цæуæн уæм ис?

– Мидæмæ, мидæмæ! Уæдæ ма сæм кæмæн ис цæуæн?! – райдзастхуызæй мæм фæзылди Галлæ.

– Ирбег? – бадисхуыз и Лизæ, æмæ йæ сау æрфгуытæ йæ урс ныхы астæумæ стахтысты. – Цæй бирæ дидинджытæ ‘рбахастай?

– Зæххыл цыдæриддæр дидинæгæй ис, уыдон дæр дын нæ бавгъау кæнин, фæлæ уæйгæнджытæм адонæй фылдæр нæ уыди, – загътон ын, мæ цæсгомыл хъæлдзæг хуыз æвдисгæйæ, æмæ йæм хъæбысы дзаг дидинджытæ балæвæрдтон. Лизæ сæм æхсызгонæй смуды æмæ райдзастхуызæй дзуры:

– Цы рæсугъд сты!

– Ды уыдонæй рæсугъддæр дæ.

– Хынджылæг мæ кæныс?

– Нæ, Лизæ, нæ. Хынджылæг мæхицæй кодтон. Райкæйыл очерк фыссынмæ куы ‘рбацыдтæн æмæ дæ йæ цуры амондджын цъиуау, пæр-пæргæнгæйæ, куы федтон, уæд мæм афтæ фæкасти, цыма дæ мады дæлбазыр мæн дæр самондджын кæндзынæ. Мæ бæллиц мын мæ цæстытæ сæхгæдта, æмæ уæдæй нырмæ куырм уырыйау æбæрæг ранмæ хылдтæн, фæлæ ныр, Хуыцауæй – разы, ме сфæлдисæг дунемæ цæстыдзагæй ракастæн æмæ æцæгдзинад федтон. Ныббар мын, дæ хорзæхæй. Кæд дын дæ зæрдæ истæмæй фæриссын кодтон, мыййаг, уæд барæй нæ уыдтæн. Мæ минæвæртты уæм, æнæ дæу бафæрсгæйæ, кæй æрбарвыстон, уымæй фæрæдыдтæн, æмæ мын æй ныххатыр кæн. Цыфæндыйæ дæр дыл хицæнæй фембæлын хъуыди. Æхсæв-бонмæ мæ куы фæцагуырдтай, стæй мæм сæумæрайсом куы ‘рбацыдтæ, уæддæр ма дызæрдыг кодтон. Дæ зæрдæйы уаг базонын мæ фæндыди, фæлæ мæ цæсгом ардæм æрбацæуын нæ бахъæцыди, телефонæй дæм æрбадзырдтон, фæлæ уæхимæ нæ разындтæ, æмæ дæм, уæ разы цы автобусты лæууæн ис, уым сæумæрайсомæй сихормæ фенхъæлмæ кастæн.

– Уыцы бон мæ куыстмæ папæ аласта.

– Ныхасгонд куыд уыдыстæм, уымæ гæсгæ мæ мæ минæвæртты изæрæй ардæм æрбарвитын хъуыди, æмæ сæм хъæумæ атындзыдтон. Фæлтау мæ фæндагыл машинæ куы скъуырдтаид, æмæ куынæ бафидыдтаиккам…

– Цытæ дзурыс, Ирбег? Æз…æз… Разыйы дзуапп дын куы радтон…

– Лизæ, зæды бынаты дæ сæвæрдтон, æмæ йын йæ сыгъдæг цæсгомыл къæм абадын ма бауадз, науæд мæ зæрдæ бынтондæр асæтдзæн. Мæ мидхъуыдыты цы ирд фæлгонц сарæзтон, уый райсомы ‘ртæхау рæсуг у, æмæ йæм дæрзæг къухæй ма бавнал. Уадз æмæ ‘рттива æмæ мын мæ талынг цард рухс кæна…

– Ирбег…

– Искæмæ хъусын аив нæу, фæлæ дын дæ ныхæстæ фехъуыстон. Галлæ мын мæ риуы стыр ныфс бауагъта, мæ зæрдæ нал фæлæууыд æмæ йæ фæдыл амондагур ратындзыдтон…

– Хатыр бакæн…

– Лизæ, кæд дын мæ хъуыды истæмæн сбæзза, уæд дзы спайда кæн: æнус æнæ уарзгæйæ фæцæрыны бæсты иу уысм уарзондзинады арты басудз. Фарзунæн дæу йеддæмæ ничи ис, курынмæ дæр дæу йеддæмæ никæй хъавы, æмæ йæм смой кæн. Æртæйæ фенамонд уæвыны бæсты фæлтау нæ иу фенамонд уæд. Æз ахуыр дæн мæ хъысмæты æгъатыр цæфтыл æмæ ма кæд ацы цæфæн дæр бабыхсин. Уынджы æнæ мадæй схъомыл дæн æмæ, Райкæйы куы базыдтон, уæд æнхъæл уыдтæн, мады рæвдыд дзы фендзынæн, æмæ мæнг бæллицты фæдыл адзæгъæл дæн…

– Ирбег, Лизæ, ма фæрæдийут. Кæрæдзийы аккаг стут æмæ уæ цард баиу кæнут, – лæгъстæхуызæй нæм æрхатыди Галлæ.

– Мæнмæ гæсгæ, рæдигæ уæ дыууæ Райкæ фæкодтат. Кæрæдзи аккаг мах не стæм, фæлæ – адон, – фыццаг хатт йемæ не сразы дæн, мæ чъылдым æм раздæхтон æмæ уæззау зæрдæйæ уынгмæ араст дæн…

* * *

– Фыццаг лæджы къæлæтджын кæлæнгонд у. Чи дзы сбады, уымæ æвиппайды Хуыцауы тæваг фæхæццæ вæййы, æмæ дзы ‘ппæтхъом лæг рауайы, фæныкхуыз хæдзарыл йæ дæрзæг къух æрæвæры, æмæ йæм афтæ кæсын райдайы, цыма дзы йæ размæ чи бадти, уый алыварс, æппындæр чи ницæмæ арæхсти, ахæм æнæбары хилджытæ змæлыди, хъиладзагъдæй сæ фæсуры æмæ сын сæ бынæтты сæвæры йæ хæстæджыты, йæ къабæзты, йæ зонгæты æмæ йæ хæлæртты. Цалынмæ йын йæхи нæ феддæдуар кæнынц, уæдмæ йæ сæрымагъзы их-дæвдæгæй фæлæууы иу хъуыды: «Мæ къухы цас фылдæр бафта, уыйас – хуыздæр», – худгæйæ мын дзуры мæ ног директор Дебола,

худг та кæны йæхиуыл, уымæн æмæ уый дæр уыцы ‘взаргæ адæммæ хауы. У тыппыртæ саулагъз рæстæмбисрæзт лæг. Цæудзæн ыл цыппор фондз азы. Йæ фыд уыди стыр хицау, æмæ уый фæрцы ахста зынгæ бынæттæ. Ахсгæ сæ кодта, фæлæ дзы иу ран дæр нæ бафæстиат ис. Иу куыстуат зауатмæ куы ‘ртæры, уæд æй æндæр куыстуатмæ аивынц. Ахуыр журналистыл скодта, фæлæ дзы ницы сæнтыдта, чингуытæ уадзыны хъуыддагæн та æппындæр ницы ‘мбары, фæлæ ма йæ кадджын фыды фæрцы уæлдæр партион скъола дæр каст фæци, æмæ йæ исты фæкæнын хъуыди. Махмæ бонасадæнгæнæн бынат ссардтой æмæ нæм æй æрбарвыстой. Йæ кабинеты бады, цы куса, уый нæ зоны æмæ иу тамако иннæйы фæдыл дымы. Ноджы сæ афтæ зæрдиагæй цъиры, цыма се ‘нахъинон фæздæг йæ рæуджытыл æвæстиатæй куынæ сæмбæла, уæд ын уæлдæф нал сфаг уыдзæн. Иубон мæм йæхимæ фæсидти æмæ мын, дис æмæ фыдæнхъæл кæм баиу сты, ахæм хъæлæсы уагæй мæ хъусы бацагъта:

– Мæнмæ гæсгæ, нæ сæйраг редактор Гигуца дæр рауагъдады куыст мæнæй хуыздæр нæ зоны. Аивадон литературæ публицистикæимæ хæццæ кæны. Йæ сæр ахсы ‘рмæстдæр хæстон æфсадхонты мемуартæ, æмæ сæ бон-изæрмæ ахæм хъуыддагхуызæй кæсы, цыма бæстæйы сæргъы лæууы æмæ паддзахады ахсджиаг фарстатæ лыг кæны.

Ноджы ма æдасдзинады комитеты дзырдхæссæг дæр у, æмæ дзы дæхи хъахъхъæн.

Дисы мæ ‘фтауы йе ‘ргом ныхасæй. Суанг ма йæхиуыл дæр нæ ауæрды. Фыццаг хатт уынын ахæм хуымæтæг æмæ быгъдæг хицау. Йемæ разы кæй дæн, уый равдисыны охыл мæ мидбылты худын æмæ йæ ‘рсабыр кæнынил архайын:

– Уыйхыгъд Григол хорз фыссæг æмæ дæсны редактор у.

– Хæрæджы дымæг у хорз фыссæг. Мæ хъæуккаг у, æмæ йын йæ дæргъ дæр зонын, йæ уæрх дæр. Йæ фыст дæр – ницы æмæ йæхæдæг дæр – ницы. Куыд редактор, афтæ та бынтон къуымых у. Æз ыл газеты лæмæгъ уацхъуыд средакци кæнынмæ дæр нæ бауæндин.

Æрмæст уыцы ныхæстæ зæгъынмæ мæ кæй не ‘рбахуыдта, уый æмбарын æмæ, дарддæр цы дзурдзæн, уымæ цымыдисæй æнхъæлмæ кæсын. Абонсарæй йæ кабинет цы хъæхъхъаг фæздæгæй байдзаг кодта, уый мын мæ цæстытæ къахы, мæ улæфæнтæ мын æхгæны, суанг ма мæ ахсæнмæ дæр бырсы, æмæ дзы мæ зæрдæ хæццæ кæны. Кæддæр-никæд

йæ тамако дымд фæци æмæ йæ гранит æртхутæгдоны йæ сæгæвæрд бур æнгуылдзæй ныцъцъист кодта, цыма дзы йæ маст иста, уыйау, иннæ тамако систа, иуцасдæр йæ хъуыдыты анығъуылди, стъолыл æй æрæвæрдта æмæ йæ дынджыр хъуынджын сæр уайдзæфгæнæгау банкъуыста:

– Ахуыр, ахуыр…

– Цыфæнды ахуырыл дæр къух сисæн ис… куы дæ фæнда, уæд…

– Фæндгæ мæ бæргæ кæны, фæлæ йыл мæ бон нæ цæуы. Ды йæ нæ дымыс?

– Нæгъ, дымынмæ дæр æй нæ хъавын.

– Тынг раст кæныс, – раппæлыд мæ хæлæггæнæджы хъæлæсæй, стæй мæм фæлварæджы цæстæй æрбакаст æмæ афтæ бакодта: – Де 'нæсæрфат хицæутты рафауыны тыххæй дæм нæ бадзырдтон: ды сæ мæнæй хуыздæр зоныс. Дæ уацмыстæ дын лæмбынæг бакастæн, цы чингуытæ средакци кодтай, уыдон дæр рафæлдæхтон æмæ дæ разыйæ баззадтæн. Зындгонд фысджытæм дæ ныфс кæй хæссыс æмæ сын сæ ницæйаг къухфыстытæ фæстæмæ здахын кæй уæндыс, уый та мын нæ редактортæ дзурынц, æмæ дæ сæрыстыр дæн. Мæ зæрдæ дæуæй тынгдæр никæуыл дарын, æмæ рауагъдады куыст фæхуыздæр кæныныл бацархай.

– Уый дын – мæ быгъдуан, фæлæ…

– Цы?

– Мæ ныхæстæ мын хахуыртæм ма бамбар. Кæй кой ракæнынмæ дын хъавын, уыдонæй иуы дæр, цы у, уымæй дæлдæр не 'вæрын. Æрмæстдæр хорз цы зонын, уый дзурын. Дудар æрыгонæй ахст адæмы хъахъхъæдта. Иурæстæг ахæстон æмæ фыдгæнджытæй сфæлмæцыди. Æндæр ницы куыстæн бæззыди æмæ йæхицæй чысыл уацхъуыдтæ лæмарын райдыдта. Йæ иу хæстæг Хъайтыхъойы зонгæ разынди æмæ йæм уый æрхатыди, дæхимæ йæ кусынмæ райс, зæгъгæ. Хъайтыхъо раздæр обкомы кусæг уыди, журналистикæйы уымæй бирæ дарддæр нæ ацыди æмæ йæ райста. Дудар фыссын дæр æмæ хъуыды кæнын дæр нæ зыдта, фæлæ куыд салдат, афтæ искæй бардзырдтæ 'ххæст кæнынмæ æнæзивæг уыди. Уыцы миниуæг Хъайтыхъойы зæрдæмæ фæцыди, æмæ дзы йæхицæн хæдивæг скодта. Йæ сæр кæй ницы ахсы æмæ йæ йæ дæлбар уацхæсджыты цæсты кæй æфтауы, уый куы бамбæрста, уæд æй цы фæкæна, ууыл ныссагъæс кодта. Уыцы рæстæг

йæхæдæг фыссын райдыдта, публицистикæйы низæй чи хъæрзыди, ахæм лæмæгъ романтæ. Цæмæй йын æнæкъуылымпыйæ мыхуыргонд цæуой, уый тыххæй обкомы кусæг – йæ хæларæн – Дудары сæвæрын кодта рауагъдады директорæй. Уый йæм фаг нæ фæкасти, æмæ ма дзы, йæ курдиатмæ гæсгæ, сæйраг редакторы бынаты ‘рбадти йæ хъæуккаг, радиойы партион хайады сæргълæууæг Гигуца дæр. Гигуцайы тыххæй ныртæккæ дæхæдæг раст загътай. Æцæгдæр аивадон литературæ публицистикæимæ хæццæ кæны, æмæ йемæ фæнды дзур, фæнды – ма...

Дудар аивадон литературæйæн ницы ‘мбæрста æмæ фысджытæй тынг тарсти, уæлдайдæр, бирæ чингуытæ чи рауагъта, уыдонæй æмæ сын сæ уацмыстæм æвналын нæ, фæлæ сæхимæ æдæрсгæйæ бакæсын дæр нæ уæндыди. «Уадз æмæ сæхицæн курдиатджын æнхъæл уой æмæ се ‘цæг дунемæ сæрыстырæй ацæуой», – арæх мын дзырдта йæ тæппуддзинад бамбæхсыны тыххæй. Кæд ды дæр ахæм зондыл хæст дæ, уæд нын иумæйаг æвзаг ссарын зын уыдзæни. Ныхас хорз уацмысы авторы фарс рахæцыныл куы цæуа, уæд æдзухдæр уыдзынæн демæ. Æз аргъ кæнын æрмæстдæр курдиатæн. Фыссæг цы кары ис æмæ йæ бæзджын цæсгомы руаджы цал бæзджын чиныджы рауагъта, уыдон мæм нымады дæр не сты.

– Иттæг хорз. Куыддæр мын фадат фæуа, афтæ дæ сæйраг редакторæй сæвæрдзынæн, – зæрдæ мын бавæрдта фидарæй æмæ та йæ тамако сдымдта.

Гигуца йын цыма йæ бæллиц æххæст кодта, уыйау иуизæр рестораны арахъхъ банызта, уынджы ахаудта, æгъдауæвæрджытæ йын йæ цыбыр цæнгтыл фæхæцыдысты æмæ йæ ‘вронггæнæны балæууын кодтой.  Дебола йын йæ хабар куы фехъуыста, уæд мæ кабинеты фæмидæг и æмæ мын æй, цингæнгæйæ, аппæлыди, стæй ма йæ ныхасмæ æхсызгонæй бафтыдта:

– Дæ гæххæттытæ рæвдздæр бацæттæ кæн, æмæ дæ йæ бынаты сæвæрон!

– Ницы дын дзы рауайдзæн.

– Цæуылнæ?

– Коммунист нæ дæн.

– Тагъддæр нæ партион организацимæ курдиат æрбадæтт.

Мæ зæрды бирæ хорз хъуыддæгтæ саразын уыди, фæлæ дзы, мæнмæ гæсгæ, иу дæр мæ къухы нал бафтдзæни. Обкомы кусæг рауагъдады

сæйраг редакторæй йæ коймаг коммунист Адæбейы сæвæрын кодта, уæлдæр скъолайы къæсæрæй иу хатт дæр нæ бахызт, стæй йæ литературæ æппындæр ницæмæн хъуыд, афтæмæй. «Бæрнон куысты дæсны кусæджы бæсты уæлæнгай коммунисты чи æвæры, уый у бæстæйы знаг æмæ йæ барвæндæй тæры сæрсæфæнмæ», – Адæбемæ кæсгæйæ, ахъуыды кодтон мæхинымæр, фæлæ мæ хъуыды мæхицæй дарддæр никæдæм ахæццæ и.

Мæ ног сæйраг редактор ма уæлæнгай тыфтырыкъойæ уæлдай  дзырдхæссæг дæр у. Ахæмтæ та хицæутты сыгъдæг уæлдæфау хъæуынц. Адæбе уайтагъд Деболайы бын абырыди, йæ зæрдæмæ йын фæндаг ссардта, æмæ бон-изæрмæ иумæ вæййынц. Сæ иу тамако фæдымы, иннæ та йын цымыдисаг хабæрттæ фæкæны. Чи кæй барæвдыдта æмæ ма чи кæй барæвдауынмæ хъавы, сывæллон чи кæмæй ныййардта, æмæ хицæуттæй фæсгорæтмæ чи кæй усы аласы, чи кæм кусы æмæ йæ хъарм бынат кæй фæрцы ‘рцахста, рæхджы йæ къæлæтджынæй чи фæхаудзæн, æмæ дзы кæй сæвæрдзысты. Хус ныхæстæй куы бафæллайынц, уæд нозтыл сæ пырх акалынц æмæ та ногæй дзурын райдайынц. Сæ рæстæг бынтон æнæмæтæй æрвитиккой, фæлæ сæ автортæ иу ран нæ уадзынц. Æмæ сæ куыд уадзой иу ран, Григол сыл сæ куы ардауы, уæд? Цæхæрадоны фæлхæрттæ халамæрзæнæй иу ран куы æрæмбырд кæнай, уыйау æппæт къухфыстытæ дæр бæззонæй, нæбæззонæй, æнæ кæсгæйæ, пъланмæ бахæссы. Фыссæг æй куы бафæрсы, мæ къухфыст ам кæдмæ лæзæрдзæн, зæгъгæ, уæд йæ нарæг уæхсчытыл схæцы æмæ йын уыцы иу рæстæг зæрдæлхæнæны æмæ ницы ‘мбарыны хуызы фæзæгъы:

– Уæллæй, Хуыцауыстæн, мæнæн мæ зæрдæмæ тынг фæцыди, иттæг хорз у, æмæ дын æй пъланмæ бахастон. Директор æмæ йæ сæйраг редактор цæуылнæ уадзынц, уый кæд ды зоныс, уæд æй æз дæр зонын.

Цæмæй йыл тынгдæр бауæнда, уый тыххæй ма афæдзы пълан дæр рафæлдахы æмæ йын йæ мыггаг æмæ йæ ном фенын кæны. Æз йæ акомкоммæ бадын æмæ йæм дисмæ кæсæгау фæкæсын.

– Бафæрсон сæ? – æрбайхъуысы мæм дызæрдыггæнæг авторы хъæлæс.

– Уæдæ, уæдæ. Афтæ бакæнгæ дын у æнæмæнг. Сæйраг редакторимæ сын иу хæдон дæр уæрæх у, кæрæдзийæ сын фæхицæнгæнæн нæй, æмæ

сæ иумæ баййафдзынæ. Кæд сæ тамакойы фæздæгæй фенай, уæд дæ хъул сах абаддзæн. Уæллæй, Хуыцауыстæн.

Фыссæг директормæ бацæуы æмæ йемæ схыл вæййы. Кæд Деболайæн йе сфæлдисæг стыр зонд нæ радта, уæддæр Григолы хиндзинад бамбарынхъом у æмæ дзы сфæлмæцыди. Уыцы рæстæг нæм Мæскуыйæ бæрæггæнæг ссыди æртæ лæджы. Сæ разамонæг уыди Валентин Андреев. Дыууæ боны нын нæ куыст фæбæрæг кодтой, стæй сæ Дебола æмæ Адæбе хæхтæм ахуыдтой. Цæмæн, уый нæ бамбæрстон, фæлæ мæн дæр семæ айстой. Æрдзы хъæбысы дзаджджын фынгтæ æрæвæрдтам æмæ нæ уазджыты хорз федтам. Дыккаг бон мæм сихорæй директор йæхимæ фæсидти.

Бацыдтæн æм æмæ йын йæ кабинеты баййæфтон Валентин æмæ Адæбейы. Къамисы уæнгтæ нын нæ куысты цы хъæндзинæдтæ ссарддтой, уыдон мын сæ разамонæг бæстон фæнымадта, стæй сабыргай рахызти, куыд сæ сраст кæнын хъæуы, уымæ.

– Кæд ма исты зонын, уæд хистæр редактор Григол у, æмæ уыцы хабæрттæ уымæн дзурын хъæуы, – бафиппайдтон ын хъазгæмхасæн, æмæ йæ къух хæрдмæ систа, ома дзæгъæлы дын сæ нæ дзурын, æмæ мæм лæмбынæг хъус.

– Директор æмæ сæйраг редактор куыд зæгъынц, афтæмæй Григолы систой, уымæн æмæ кусын нæ зоны. Дæуæй тынг æппæлынц, æмæ амæй фæстæмæ ды уыдзынæ хистæр редактор, – йæ ныхмæ фæлæууæн кæмæн нæй, ахæм хъæлæсы уагæй загъта Андреев æмæ Деболамæ аздæхти: – Кæд Ирбег æцæгдæр, сымах куыд зæгъут, ахæм хорз кусæг у, уæд æй хистæр редактор нæ, фæлæ литературон хайады сæргълæууæгæй сæвæрут, æмæ фылдæр мызд иса.

– Æз разы дæн, – йе стыр хъуынджын сæр батылдта Дебола.

– Хорз фæндон бахастай, Валентин Кузьмич. Мах сæр æй не 'рцахста, – козбаугæнæджы хъæлæсæй загъта Адæбе.

Уыйадыл нæ ныхас ахицæн и, æмæ мæ кабинетмæ рацыдтæн. Йæ бынатæй ист кæй æрцыди, уый Григол куы базыдта, уæд мыл йе 'мбал фысджыты сардыдта, æмæ мыл сæхи ныццавтой. Тынг хылмондаг кæй сты, уымæ гæсгæ сæ «хунвейбинтæ» хонынц. Не 'мкусæг Хамбечыр сæ къæйныхдæртæй у. Æдзухдæр расыг вæййы æмæ мæм иубон ныууырдыг и:

– Григолæн йæ бынат цæмæн байстай?!

– Тугтæ мыл цы мысыс? Дæхæдæг æй нæ уыныс? Директор ын йæ хиндзинад бамбæрста æмæ йæ систа.

– Ды йын хъуамæ ма сразы уыдаис!

– Æз ын куынæ сразы уыдаин, уæд нæм æндæр искæй æрбакодтаид.

– Кæйфæнды дæр нæм æрбакæнæд! Ды дзы хъуамæ ма сбадтаис!

– Цæуылнæ?

– Уымæн æмæ уыцы бынаты аккаг нæ дæ!

– Ды та?

– Æз – дæн!

Хорз æй æмбарын. Дебола йын дзы йæхи нæ сæвæрдта, æмæ мæстæй мæлы, стæй Григол сæ цагъайраг у. Цы йын фæзæгъынц, уый æвæстиатæй сæххæст кæны. Æз сæ коммæ нæ кæсын æмæ сын хъыгдарыны хос йеддæмæ ницы дæн. Ме знæгтæ суой, уый мæ нæ фæнды, фæлæ сæ мæ сæрыл сбадын дæр нæ бауадздзынæн.

* * *

Мæ хо мæнæй бирæ кæстæр у. Чындзы ацыди, æмæ ма йын дыууæ лæппуйы дæр райгуырди, уæддæр æз никæдæм тагъд кæнын. Мæхицæн æнцад бадын æмæ арвæй цыдæр хорздзинад æрхауынмæ ‘нхъæлмæ кæсын. Афтæ мæм кæсы, цыма фæстæдæр хуыздæр чызгыл сæмбæлдзынæн. Мæ сызгъæрин азтæ мæ кæдæмдæр æгъатырæй лидзынц æмæ мыл катай æфтауынц. Судзгæ уарзтæй мæ кæй ничиуал бауарздзæн, ууыл мæхи ‘ууæндын кæнын æмæ раздæрау мæхицæн сæлæф митæй мæсгуытæ нал амайын. Цалдæр чындздзон чызджы нæм кусы, æмæ сыл рæстæгæй-рæстæгмæ мæ цæст æрæвæрын. Сæ иу иннæтæй зæрдæмæдзæугæдæр у – лыстæджытæ, хæрзаив, уæздан, хиуылхæст. Мемæ цæрын æй кæй фæнды, уый мын алы мадзæлттæй æмбарын кæны, фæлæ мæнæй ссæдз азы кæстæр у, æмæ йæм мæ ныфс нæ хæссын.  Æрæджы йе ‘мбал иу æрыгон лæппумæ смой кодта æмæ мын йæ лæгимæ Сыбырмæ ацæуыны размæ уайдзæфгæнæгау æнкъардæй мæ хъусы бацагъта:

– Ирбег, мæн нæ ракуырдтай, фæлæ Алетæйы ма ныууадз. Бирæ дæ уарзы, æмæ йемæ амондджын уыдзынæ.

Уыцы зæрдæхъыдзыгæнæн ныхæстæ æндæр искæмæн ныфсы хос фæуыдаиккой æмæ йыл базыртæ ныссагътаиккой (цыппораздзы-

дæй дæ дыууæ ‘взонг чызджы уарзæнт æмæ дæм смой кæнынмæ сæ былыцъæрттæ хæрæнт!), мæнæн та мæ зæрдæйы кæроныл дæр нæ сæмбæлдысты. Мæ уарзæттæ мæ цы тас бауагътой, уый мæ риуæй тæрын нæ комы. Мæ афтид уаты иунæгæй куы баззайын, уæд мæхицæн фæзæгъын: «Райсом ын бакой кæндзынæн». Куыстмæ куы бацæуын æмæ йын йе ‘взонг цæсгом куы фенын, уæд та мæ фæнд аивын: «Нæ, фæлтау мæ бонтæ æнæ усæй æрвитдзынæн. Ӕгæр æрыгон у, зæронд мæгуыр фыссæгимæ цæргæйæ, йæхи карæн лæгтæм цыбæл кæндзæн, хъæздыгдзинадмæ бæлдзæн æмæ мын мæ удæй хъаздзæн. Нырмæ цы бæллæхтæ бавзæрстон, уыдон фæфыддæр уыдзысты». Афтæ, уыхерыгæнгæйæ, мæ хæдзарæй цæуын куыстмæ, куыстæй – мæ хæдзармæ, сабаты æмæ хуыцаубоны та мидæггаг уаты мæхицæй стыр фыссæг фæаразын. Куы уацауыл фæкусын, куы – радзырдыл. Ӕрдз мын æвæджиауы курдиат нæ радта, æмæ алы уацмысыл дæр, удхаргæнгæйæ, кусын. Мæхи нал тухæнæй марин, фæлæ мæ бон нæу, стæй мæ фæндгæ дæр нæ кæны. Нæ фæлдурæджджын цардæй цы фарстатæ сисынмæ хъавын, уыдон нæ фысджытæй иу дæр сисын нæ бауæнддзæн, адæмы рæгъмæ та сæ æнæмæнг рахæссын хъæуы, нæ фæстæ цы фæлтæртæ уа, уыдон нын нæ цард хуыздæр куыд зоной æмæ йын йæ бырынцъаг фæндæгтæй сæхи куыд хъахъхъæной, афтæ…

Исчи мæ кусгæйæ куы бахъыгдары, уæд мын мæ тъæнгтæ ацæгъды, фæлæ мæм мæ къуыдайраг поэт-æрдхорд Елиоз, цингæнгæйæ, куы ‘рбацыди, уæд ыл æхсызгонæй сæмбæлдтæн. Мæнæй цыппар азы хистæр у, фæлæ мæ цуры йæхи афтæ дары, цыма мæ кæстæр у. Хорз æмдзæвгæтæ йæм чысыл нæй, фæлæ фыдуынд æмæ æлхъывд кæй у, уымæ гæсгæ йæхæдæг дæр æмæ йе сфæлдыстад дæр схъиуд хиппæлой поэтты цæсты нæ ахадынц. Ӕрæджы ма мын фысджыты цæдисы сæрдар Сабан афтæ дæр загъта:

– Де ‘рдхорд нæ цæдисмæ куы цæуа, уæд æй æз нæ райсдзынæн.

– Цæуылнæ? – бафарстон æй, дисгæнгæйæ.

– Ӕгæр фыдуынд у.

«Уый дын фыссæг, гъе! Адæймагæн йæ курдиатмæ нæ кæсы, фæлæ йæ уындмæ. Данте æмæ Микеланджелойыл мæгуыры бон акодтаид, амæ куы ‘рхаудаикккой, уæд», – бахудтæн ыл мæхинымæр. Цæмæдæр гæсгæ, мæ зæрдыл æрлæууыдысты рауагъдады раздæры директор Дудары ныхæстæ:

– Халонæй булæмаргъы зард ма дом. Æрдзы уый хъуахъхъæн дæр бынат ис, æмæ йын æй, куыд у, афтæмæй уадз. Сабаны танк куынæ бауромдзæн, уæд æй ды бауромынмæ хъавыс? Дæуæй афтæ, Къостайы преми æмæ адæмон фыссæджы аккаг кæй нæу, уый хистæртæ нæ зонынц? Бæгуыдæр æй зонынц, фæлæ йын сæ республикæйы æртыккаг лæг – йæ мады ‘фсымæр – раттын кодта, æмæ сæ дзыхтыл хæцынц, ды та йемæ тох кæныс.

Уый хуызæн расыггæнаг æдзæлгъæд фысджытæй кæимæфæнды дæр дæс-фынддæс минуты куы афæстиат вæййын, уæд дзы бафæллайын, Елиозимæ та мæ фæллад суадзын. Радзырд фысгæйæ мæ уæлтæмæны базыртæ сæ уæлныхты куы систой æмæ мæ хъайтары миддунейы куы аныгъуылдтæн, уæд мæм æнæнхъæлæджы фæзынд, мæ хъуыдытæ мын йæхимæ аздæхта æмæ хъазгæмхасæн афтæ бакодта:

– Ныууадз дæ фыссын. Уæддæр дæ Толстой нæ рауайдзæн.

– Ай-гъай мæ нæ рауайдзæн Толстой, – мæ мидбылты бахудтæн æз. – Уый хъæздыг графы байзæддаг уыди, æз та мæгуыр зæхкусæджы фырт дæн, ууыл йæ ныййарджытæ æмæ йæ лæггадгæнджытæ ‘рхъæцмæ дæр нæ хъæцыдысты, мæн та, сыдæй мæлгæйæ, хионæй, æддагонæй иууылдæр сæ уæззаудæр куыстытыл æфтыдтой, уый амæй-ай зондджындæр ахуыргæнджытæ бæллиццаг цардмæ цæттæ кодтой, мæн та, йæ фосыл мæнæй æнувыддæр чи уыди, ахæм хæдзары ‘фсинтæ æмæ къупритæ скъолайы тухæнæй мардтой. Уый зæххы бынмæ иу хатт дæр нæ ныххызти, æз та дзы æртæ азы мæ уыргтæ фæхостон, уый дунейы ‘ппæты зæрдæргъæвддæр философты æмæ фысджыты уацмыстæй йæ миддуне хъæздыг кодта, æз та мамæлайы къæбæр самал кæныны тыххæй бон-изæрмæ, мæнæ дæу хуызæн æнæкурдиат фысджыты æдзæлгъæд уацмыстæ редакци кæнгæйæ, мæ миддуне мæгуыр кæнын, уымæн йæ хъæууон цæрæнуаты хъазайрæгтæ куыстой, æмæ йæ хæринаджы мæт нæ уыди, æз та алы минут дæр æххормагæй баззайынæй тæрсын æмæ, уацмыс фысгæйæ дæр, мæ афтид ахсæныл хъуыды кæнын. Нæ хицæндзинæдтæ ма дын дарддæр нымайон?

– Сæ сæйрагдæр-ма сын зæгъ, æмæ æгъгъæд фæуæнт.

– Цавæр у?

– Уый гени уыди, ды та…

– Ахæм лыстæг хъуыддæгтыл нæ дзурдзыстæм, – йæ ныхас ын

ӕрдӕгыл фескъуыдтон ӕз ӕмӕ ныххудтӕн. – Цы хур, цы къӕвда дӕ ‘рбахаста мӕ мӕгуыр цатырмӕ?

– Санаторимӕ балцӕг райстон ӕмӕ дӕ мемӕ хонын.

– Ды хъарм ваннӕйы дӕ уды дзӕбӕхӕн дӕхи куы найай, уӕд ӕз та дӕу хъахъхъӕндзынӕн?

– Цом, уым исты самал кӕндзыстӕм. Дыууӕ курдиатджын лӕппулӕджы мацы ‘рхъуыды кӕной, уымӕн уӕвӕн нӕй.

Ӕз ме ‘рдӕгфыст сыфыл мӕ цӕст ӕрхастон ӕмӕ мӕхимидӕг бакатай кодтон. Елиоз мӕ бамбӕрста, ӕмӕ йӕ цӕсгомыл гӕдывад мидбылхудт ахъазыди.

– Чиныгкӕсджытыл ма тыхс. Цалынмӕ ды де ‘нӕмӕлгӕ уацмыстӕ фыссай, уӕдмӕ уал Толстойы лӕмӕгъ романтӕ кӕсдзысты.

– Уымӕй дӕр цы мӕнг зӕгъыс, – йӕ хъазӕн ныхас ын дарддӕр ахӕццӕ кодтон ӕз ӕмӕ йемӕ сразы дӕн.

Цыма мӕм санаторийы кусджытӕ ӕнӕрхъӕцӕй ӕнхъӕлмӕ кастысты, уыйау дзы ӕвӕстиатӕй балӕууыдтӕн. Елиоз мӕ йӕ фӕдыл директормӕ баласта ӕмӕ рӕстӕмбискар лӕгуынсӕр лӕгӕн йӕ рагон хӕларау хъӕлдзӕгӕй салам радта:

– Дӕ бон хорз, нӕ буц хистӕр!

– Ӕгас цӕут, – ӕнӕвдӕлонхуызӕй ныл йӕ уазал цӕстӕнгас ахаста директор.

– Нӕхи сдзӕбӕх кӕнынмӕ уӕм ӕрбацыдыстӕм.

– Ӕмӕ администратормӕ ацӕут.

– Демӕ уал, зӕгъын, аныхас кӕнӕм.

– Табуафси, хъусын уӕм.

– Мӕ хъаймӕты ‘фсымӕры дӕм ӕрбакодтон. Мӕнмӕ балцӕг ис, фӕлӕ амӕ нӕй. Уынджы къӕйыл тынг мӕгуырӕй схъомыл и, сидзӕрӕй, ӕнӕ фӕхӕцӕг, ӕнӕ бакӕнӕгӕй. Гыццылӕй зымӕджы хъызты йӕ уӕлӕ цы скодтаид, уый йын нӕ уыди ӕмӕ ӕдзухдӕр ӕргъӕвстӕй цыди. Дӕ фӕрцы йӕ сӕрымагъз куынӕ стӕфса, уӕд салд сӕрымагъзӕй хъуамӕ цавӕр хъуыдытӕ ралӕмара? Ды йӕм куынӕ фӕкӕсай, уӕд бынтондӕр ныссӕлдзӕн, ӕмӕ Ирыстон стыр фыссӕгӕй фенӕхай уыдзӕн. Батӕригъӕд ын кӕ, дӕ хорзӕхӕй.

Хъусын ӕм ӕмӕ дис кӕнын, йӕ хъазӕн ныхӕстӕ куыд тыхст ӕмӕ уырыдӕй дзуры, ууыл.

– Дӕлӕ дӕлбыл баракты уӕгъд бынӕттӕ ис, ӕмӕ уырдӕм балцӕг

балхæнæд, – загъта директор. Уым цæрын мæ нæ фæндыд æмæ, мæ цыд куы фæдзæгъæл уа, уымæй фæтарстæн. Мæ фыдæлтæ мæ зæрдыл æрбалæууыдысты æмæ мæхи стæргайхуыз кодтон:

– Мæ дадайы дада Гæра хуынди æмæ нæ хъæуы æппæтæй хъæздыгдæр уыди. Йæ фосы рæгъæуттæн сæ нымæц дæр нæ зыдта. Хъомгæстæ, бæхгæстæ æмæ фыййæуттæ ‘рмæстдæр нæхи мыггагæй иста, уадз æмæ, дам, уыдон дæр цæрын фæразой. Ныр, æрвæсгæ дæр кæуыл нæ кодта, уыцы гæвзыкк къуыдайраджы бындар йæ уды дзæбæхæн агуыридурæй амад хъарм хæдзары йæ фæллад куы уадза, йæ уарзон байзæддаг та тæнæг фæйнæгæй конд уымæл барачы куы удхар кæна, уæд фыр мæстæй йæ ингæны къултæ нæ атондзæни?

Директор бахудти æмæ ныл йæ къух ауыгъта:

– Ацæут æмæ уæхицæн бынæттæ ссарут.

Иу æрыгон чызг нын хицæн агъуыст радта, æмæ дзы иу мæй зæрдæрайгæйæ фæцардыстæм. Елиозæн сылгоймæгтæй бафсис нал уыди. Ног «амæттаг»-иу йæ къухы куы бафтыди, уæд мæм-иу цинхуызæй дзургæ æрбауади:

– Мæ къуыдайраг туг скуыста!

Уый фæстæ дæр ма сылгоймæгтимæ бирæ фæхатти æмæ кæдæйуæдæй йæхицæн цардæмбал ссардта. Куыд æй сразы кодта, уый мын бæстон радзырдта, стæй мæ афарста:

– Ды йын æмдзуарджын кæй уыдзынæ, уый зоныс?

Мæ зæрдæхæлар æрдхордæн «нæгъ» куыд хъуамæ загътаин. Йæ мæгуыры гæвз-гæвз цыди, æмæ ма йын лæвар фæндырдзæгъдæг ссарын дæр хъуыди. Мæхæдæг дæр мæ капеччытæ нымадтон æмæ скатай дæн. Мæ сыхаг Марго мын мæ тыхст уавæр куы бамбæрста, уæд, дызæрдыггæнгæйæ, афтæ бакодта:

– Нæ лæджы ‘рвадæлтæм иу дæсны фæндырдзæгъдæг ис – Даринæ. Цом æм. Кæд нын сразы уаид…

Разæнгардæй нын разыйы дзуапп радта æмæ чындзæхсæв йæ фæндырдзагъдæй сфидауын кодта, фæлæ мæ рæсугъд чызджытæ ингæнмæ æмгъуыдæй раздæр кæй батæрдзысты, ууыл ма ноджыдæр иу хатт бауæндыдтæн. Урс-урсид аив цæсгом, сатæгсау дзыккутæ, рæвдауæг фæлмæн цæстытæ, уардихуыз бакæнæн былтæ. Зухрайы хуызæн бæрзонд æмæ хæрзконд нæу, фæлæ сæм иумæйагæй цыдæр ис, æмæ мæ уый йæхимæ æлвасы. «Мæ фыр æдылыйæ иу æхсинæджы

ауагътон, фæлæ дыккаджы нал ауадздзынæн», – скарстон мæхинымæр æмæ йæм Маргойы фæрцы æфсонмæ-‘фсонты цæуын райдыдтон. Ис ын мад, фыд, дыууæ æфсымæры æмæ дыууæ хойы. Фыдæн ма уыди бинонтæ, фæлæ саурæсугъд Аннæйы куы федта, уæд сæ ныууагъта æмæ йæ аскъæфта. Йе ‘нæгъдау ми раппæлинаг нæу, фæлæ йæ, хуымæтæг нæлгоймаджы цæстæй кæсгæйæ, бамбарæн ис. Кæд йæ усыл фæндзай азы цæуы, уæддæр ма тынг æрыгонхуыз æмæ зæрдæмæдзæугæ у. Чындздзон чызгæй куыд цыбæлгæнæн уыдаид, уый зын раиртасæн нæу. Уыцы цыбæлгæнæн тых йæ цоты хистæр Даринæйæн рæдауæй балæвар кодта. Мæнæй бирæ кæстæр у, фæлæ мæ афтæ сцырын кодта, æмæ мæ йе ‘взонгдзинад дæр нал уромы. Зухраимæ сæ цы иу кæны, уый мыл æгæр тынг ахады. Уымæй тынгдæр та мыл ахады йæ бирæвæрсыг курдиат. Æрмæст фæндырæй цæгъдынмæ нæ арæхсы, йæ зæлланггæнаг рæсугъд хъæлæсæй ма диссаджы зæрдæмæхъаргæ зарджытæ дæр кæны. Йæ хотæ дæр йæхицæй æвзæрдæр нæ зарынц, йе ‘фсымæртæ та кафынмæ сты дæсны, æмæ сæ хæдзары æдзухдæр вæййы ахъаззаджы концерт. Куы сæм бацæуын, уæд мæ мæ къах нæхимæ нал фæхæссы.

Семæ бахæстæг уæвыны тыххæй мæ иу ныхас дæр нæма схаудта, фæлæ мæ се суинаг сиахсыл нымайынц æмæ сæ къæбицыл нæ ауæрдынц. Кæй сæм бахонын, уыдоны дæр ма мæ зæрдæ балхæныны тыххæй хорз фенынц. Мæ хæйрæджытæ мæ Хамбечырыл цæмæн сардыдтой, нæ зонын. Иу изæр ын куысты фæстæ зæрдаивæй бакой кодтон:

– Замманай уазæгуарзаг кæрдзындæттон бинонтимæ балымæн дæн, зарынц, кафынц, фæндырæй цæгъдынц. Кæд дæ фæнды, уæд сæм иумæ цом æмæ сын сæ концертмæ байхъусæм.

Уый цæл кæнын бирæ уарзы æмæ арæх афтæ фæзæгъы:

– Ирбегæн йæ сæр фæриссы, куы баназы, уæд, мæнæн та – куынæ баназын, уæд.

Æмæ йын бирæ лæгъстæ кæнын нæ бахъуыди. Уайтагъд мемæ фæраст и. Фысымтæ ныл тынг бацин кодтой æмæ нын нæ разы дзадджын фынг авæрдтой. Хамбечыры зæрдæмæ фæцыдысты æмæ сæм, гæды къæбицмæ куы сагъуыди, уыйау фæцалх и. Йæ «Жигули»-йæ ма сæм йæ хæларимæ дæр балæууыди. Цалдæр боны фæстæ сæм куы бацыдтæн, уæд мын Аннæ зæрдиагæй бауайдзæф кодта:

– Кæй мæм æрбахуыдтай, кæй?

– Кæмæй зæгъыс?

– Хамбечыраей.

– Æмæ цы кæны?

– Йæхи хуызæн къуприимæ нæм æрбацыд æмæ нын сахаты бæрц дæ фыдгæйттæ фæкодта.

– Уагæр уын цы загъта?

– Æлгъин, æдзæсгом, хивæнд, кадылмард, карьерист. Æмæ дæ цы нæ рахуыдта. Куыдз хосы сæр куы бада, уыйау, дам уын уæ чызджы кургæ дæр нæ ракæндзæн, искæмæн дæр, дам æй дæттын нæ бауадздзæн.

– Æлгъин æй, зæгъын, дзæгъæлы хонис, зынаргъ лæвæрттæ мын кæны, – йæ ныхас ын айста Даринæ, фæлæ йæм Аннæ ницы хъус æрдардта.

– Ды йæ ракурай, уый йæ нæ фæнды. Æвæццæгæн æй йæ хæстæджытæй искæмæн нымудзы.

– Æндæр мæт æй нæй. Йæхи гуылы бын æндзары.

– Ус æмæ йын цот куы ис...

– Даринæ йæ рæстæгмæ хъæуы… хæзгулæн…

– Атъæпп мын уа, уастæн йе ‘дылы сæр! – æрбамæсты йæм Аннæ. – Нæ тæфтыл дæр куыд никуыуал ауайа, афтæ!

Хамбечыр æдзæсгом у, æмæ йæм хорзæй ницæмæ ‘нхъæлмæ кастæн, фæлæ ахæм æлгъаг разындзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ адæргæй мæ зæрдæ срысти. Мæ рахиз къухæй йæ сæрфын, æмæ Даринæ йæ мадмæ лæгъстæхуызæй дзуры:

– Мамæ, ныууадз æй. Йæ зæрдæ риссы, æмæ исты кæндзæн.

– Уадз æмæ йын рисса æмæ йæхицæн æрдхæрдтæ ‘взарын зона.

Раст кæй у, уый æмбарын, фæлæ Хамбечыримæ иу кабинеты бадæм. Кæрæдзимæ знаджы цæстæй куы кæсæм, уæд иумæ куыд кусдзыстæм? Йæ цуры мæхи афтæ дарын, цыма йын йе ‘наккаг ми нæ зонын. Уый сихормæ хæстæг расыгæй æрбацæуы, йе стъолы уæлхъус æрбады æмæ телефоны хæтæл сисы, æнæфсармæй Даринæмæ бадзуры, сахаты бæрц йæ фындзы бын сусæгæй цыдæртæ фæгуым-гуым кæны, стæй сысты æмæ ацæуы. Кæд Даринæимæ фембæлы, мыййаг? Хъуамæ йæ базонон æмæ, кæд хæлд у, уæд дзы рагацау мæхи айсон. Маргоимæ иуцасдæр фæныхас кодтон, стæй йын ракъахыны охыл мæ хъуыды ‘ргомæй загътон:

– Даринæ мæ зæрдæмæ цæуы, ракурин æй, фæлæ йыл тынг не ‘ууæндын.

– Цы йæ ‘мбæхсыс?! Зæгъ ын æй! Уæддæр æй базондзæн, æмæ уый фæстæ дæу фæазымджын кæндзæн! – сбустæ йыл кодта йæ лæг, æмæ Марго фæкъæртт и:

– Мойгонд уыди. Æртæ мæйы фæстæ йын хъуамæ сывæллон райгуырдаид, фæлæ йæ лæгæй ахицæн и, æмæ йын, куы ничиуал æй ракура, уый тæссæй Аннæ аборт скæнын кодта. Æвзæр уавæры уыди, фæлæ фервæзти. Йæхиуыл тынг чи хæцы, ахæм чызг нæу…

Йæ фæстаг ныхæстыл ын кæронмæ нæ бауæндыдтæн, æмæ мæ бафæндыди чызгæн йæхи бафæлварын. Мæ хæдзармæ йæ ‘рбахуыдтон, æмæ… Дисы мæ бафтыдта йæ рæдаудзинадæй. Ахæм коммæгæс разындзæни, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, æмæ фæкуыддæр дæн. Иучысыл мæ лæгъстæ кæнын уæд та куы бауагътаид. Кæд алкæй дæр афтæ ‘нцонæй рæвдауы, уæд… Уæд цы? Зухра амæй хиуылхæстдæр уыди? Нæ уыди, нæ. Ды йæ цæсты гагуыйау куынæ хъахъхъæдтаис, уæд дзы лæппутæ хъазæнхъул сарæзтаикккой. Йæ лæмæгъдзинад ын зыдтай, фæлæ йыл уæддæр зæрдæхъæрмттæ кодтай. Йæ фæдыл ма Астæуккаг Азимæ дæр ацыдтæ æмæ дзы цы рамбылдтай? Æдылыйы бынаты ма цы баззадтæ, æндæр ницы. Сæфт наркоманæн дзæгъæлзад сывæллон ныййардта, фæлæ йæ дыккаг усæн дæр нæ бахъуыди. Ды та Даринæйы хæлдыл нымайыс. Ракур æй æмæ йемæ исты цард фенай, – тухæнæй мæ мары мæ мидхъæлæс.

– Хъуамæ мæм къухæй мачи амона, йæ усы йын йæ размæ æз рæвдыдтон, зæгъгæ, стæй мæ сывæллæтты мад хъуамæ авгæй сыгъдæгдæр уа. Уыцы зонд мæ сæрымагъзы ныффидар ис, æмæ йæ нал аивдзынæн, зæхх иннæрдæм куы сфæлдæха, уæд дæр.

*Уыдзæн ма*

ХЪАЙСЫНТЫ Артур

# ФÆСМОН

Адджын дæ, райгуырæн бæстæ, зынаргъ! Дун-дунейы кæмфæнды ма уай, тæккæ абон кæд нæ, уæддæр искæд здæхдзынæ дæ фыдæлты зæхмæ, дæ райгуырæн хæдзармæ: ам федтай хурыскаст, ам арвыстай дæ тæхудиаг сабийы бонтæ!

Кæд удæгасæй нал æрæфтæм нæ райгуырæн уæзæгмæ, уæддæр та нæ мард фæхæццæ вæййы Ирмæ, æмæ ныл ныййарæгау баузæлы нæ сау зæххы сыджыт, æрмæст нæ иу Стыр Хуыцау бахизæд фыдбылызæй æмæ-иу сæрæгасæй куыд сæмбæлæм нæ къонатыл, уыцы амонд нæ-иу уæд алкæй дæр.

Уалдзæг. Хур фæлмæн рæвдауы зæхх. Мæнæ фæндагыл фæлладæй, фæлæ хъæлдзæгæй фæцæуы иу æрыгон лæппу – Ибрæгим... Уый цæуы йæ мад, йæ хо æмæ йе 'фсымæртæм. Йæ фыды та йын æгæр раджы уæларвон цæрæг фæкодта æнæбайрайгæ хъысмæт.

Цалдæр азы уыд Уæрæсейы æмæ мæнæ ныр æнæфсис цæстытæй кæсы йæ алыварс. Æфсæрмы дзы кæны мæрдтæм.

Зæрдæ! Ох, ацы зæрдæ! Цы дæ, цы?! Фырцинæй ма кæм лæууы, риу æддæмæ тоны, йæ мидæг нал цæуы!

Цæстытæ та, цæстытæ! Цæхæр æрттывд кæнынц! Цас ис хъæбулмæ уарзондзинад, цас? Æмæ нæй æфсис райгуырæн къуымы хуызæй!..

Тындзы цардбæллон гуырд размæ, айдагъ йæ бакастæй дæр зæрдæ рухс кæны: у бæрзонд æмæ бæзæрхыг, раг фыдæлтау бурхил æмæ цъæхдзаст, суанг ма йæм арвы къуырфæй хур дæр кæсынтæй не 'фсæды æмæ йæ рæвдауы йæ зæлдаг тынтæй.

Зæрдæ ныссæххæт кодта: мæнæ сæ хæдзар, уæртæ кæрты астæу лæууы йæ мад, чысыл фалдæр кæстæр æфсымæр хъазы сæ хъулон-мулон къæбылаимæ.

Ибрæгим хъавгæ бахæцыд кæрты дуарыл – йæ хъинц фæйыд. Мад йе 'ргом уыцырдæм фездæхта.

О, Хуыцау! Мæнæ фæзынд йæ хистæр фырт, йæ удлæууæн, йæ царды ныфс! Мады цин – Хуыцауы цин!

Тынг фæцин кодтой Ибрæгимыл хиуæттæ æмæ æгас хъæубæстæ.

Рæстæг – æнæуромгæ дугъон. Иу бон мад æрцахста сæ сырх уасæджы æмæ йæ сæ сыхæгтæм фæхæссы, цæмæй йæ уыдоны лæг аргæвда. Ибрагим мады размæ  февзæрд:

 – Мама!  Не надо его убивать! Жалко!

Мад æмæ йæм æфсымæр джихау кæсгæйæ баззадысты, ай æнæнхъæлæджы уырыссагау цæмæн дзуры, зæгъгæ. Уый та тынг фæндыд йæхи равдисын йæ хиуæтты цур, мæнæ куыд хорз базыдта уырыссагау ууыл цæмæй бадис кæной.

– Надо, мæ хур, надо! Надо их него бас сфыцын, суп такой! – фæлмæн мидбылхудгæйæ сдзырдта мад.

Уæрæседзау фæкъæмдзæстыг, йæ мад уырыссагау æмхæццæтæй куы сдзырдта, уæд æмæ ацыд цæхæрадонмæ. Уым бæласы бын æрбадт æмæ хъуыдыты аныгъуылд:

«Ай мын цы ног миниуæг у?! Мæхи æвзаг, ау,  мæ сæрмæ нæ хæссын?! Цæй уырыссагау дзурын! Гыцци! Мæхи гыцци, дæу дæр ма йыл куы сдзурын кодтон! Фаг у! Равдыстон мæхи! Æз куыдзы фырт фестон æмæ ирон гуырд ма хуыйнон, абонæй фæстæмæ ма кæйдæр дзыхæй куы сдзурон мæ хиуæттимæ! Афойнадыл æрфæсмон кæнын раст цæттæ амондау у… Æз ыл куы нæ ауæрдон, куы нæ йæ хизон рохуатæй, уæд чи?! Чи?!

*Тембот КЕРАШЕВ*

# РÆГЪАУГÆСЫ МАСТИСТ

*Уацау*

## 6

Лауканмæ бæлвырд нысан æцæг нæ уыд …

Уыцы бон хъæу бадтысты, æртæ боны чи ахаста, ахæм стыр чындзæхсæвы фокотлты бинонтæм. Лаукан æртыккаг бон – чындзы хæдзармæ куы фæкæнынц, уæд бафтыд чындзæхсæвмæ. Куыд æнхъæл уыд, афтæ Пшигот дæр йе ‘рдхорд бæхдавджытимæ уым разынд. Рæстæг изæрырдæм акъул. Кафджытæ кæрты æмбис бацахстой: чызджытæ алыхуызон рæсугъд дарæсы лæууыдысты хæдзары къулы цур, сæ акомкоммæ фистæг нæлгоймæгтæ; уыдоны фæстæ та – бæхджынты æнгом рæнхъ. Уыцы рæнхъы астæу, æгъдаумæ гæсгæ, уыд оркты бынат. Уым лæууыд Пшигот дæр. Ам быцæйуагæй ницы уыд, уæлдайдæр орктæ ам уазджытыл нымад уыдысты. Стæй искæй циндзинад змæнтын хæдзары бинонты æфхæрды хуызæн уыд, ноджы – сылгоймæгты цур. Æгъдау халыны бар никæмæн ис, суанг туджынтæ дæр фыдæлты æгъдæуттæм гæсгæ искæй хæдзары кæрæдзимæ не ‘внæлдтой. Æгъдауыл хæцыдысты, фæлæ уыцы, æдде бакæсгæйæ, сабыр адæмы дзыгуыры цас уыд æмбæхст æнæуынондзинад æмæ хæрам!

Лаукан дæр йæ саулохыл бæхджынты рæнхъы кæрон æрлæууыд. Йæ зæрдæмæ чындзæхсæвы хъæлдзæгдзинадæй ницы рухс цыд. Чызджытæм дæр нæ каст, кæд сын сæ астæу Сурайы æвиппайды ауыдта, уæддæр. Йæ алыбоны мæстæйдзаг хъуыдыты ахасты уæвгæйæ, йæ хъус æппынæдзух дардта Пшиготмæ.

Иууылдæр зыдтой, ахæм рæтты æдзух хылкъахæг уыд, фæлæ ацы бон уыцы сабыр дардта йæхи, æмæ йыл Лаукан дис кодта. Фæлæ йе ‘мбæлттимæ кæрæдзимæ цыдæр æнахуыр сусæг кæстытæ кæй кæнынц, уый ацахста Лауканы цæст, æмæ сыл, цыдæр фыдвæнд кæй скодтой, уымæй гуырысхо кæнын райдыдта. Лæппу бамбæрста – цæмæдæр æнхъæлмæ кæсынц.

Бон изæрыдæм акъул, хъазт райхæлд, чындзы агъуыстæй ракод-

---

Кæрон. Райдиан 7 номыры

той, йæ фæйнæфарс цыдысты дыууæ ацæргæ сылгоймаджы. Чындзы цæсгом зæлдаг хъуымацæй æмбæрзт. Агъуысты йемæ чызджытæ уыд, фæлæ йæ къæсæрæй дарддæр та, æгъдаумæ гæсгæ, моймæдзыд сылгоймæгты бар хъуамæ бакодтаиккой. Чындзы кодтой сындæггай сæрмагонд зарджытæ æмæ фæндырдзагъдимæ. Йæ сæрыл ын калдтой хъæмпыхæлттæ – амæй фæстæмæ йæ коммæгæс æмæ фæразон уæвын кæй хъæудзæн, уый нысанæн.

Цыфæнды хъæлдзæг зарджытæ кæд кодтой, уæддæр-иу Лауканыл та ацы ран æрхæндæг бафтыд. Йæ зæрдæ нæ иста адыгаг нæлгоймæгты карздзинад, сылгоймаджы æбар. Чындз цыд сындæггай, мæрддзыгойы цæуæгау, æмæ йын йæ зæлдагæй æмбæрзт цæсгоммæ кæсгæйæ, Лаукан хъуыды кодта: «Хорз уаид, йæ амонд æй куынæ фæсаид, уæд». Уымæн æмæ хорз зыдта: бирæ чызджытæн сæ чындзы ацыд æнамонды хос фæвæййы...

Чындзы акодтой, хъазт райхæлд. Карз æгъдæуттæ фæлæмæгъдæр сты. Сывæллæттæ хистæрты астæу смидæг сты, лæппутæ чызджыты 'рдæм сæхи байстой. Чызджытæ сæ хæдзæрттæм здæхынц сæ хæстæджыты лæппутимæ. Лаукан уыны, Сура æмæ ма йемæ дыууæ чызджы, афтæмæй иу æвзонг лæппуимæ кæрты дуары 'рдæм фæцæуынц. Раст уыцы рæстæг бæстæ дзолгъо-молгъо ссис. Пшиготы дыууæ æмбалы сæ бæхтыл фистæг адæмы 'хсæн смидæг сты, иннæтæ дæр сæм бафтыдысты æмæ бæхтыл тох райдыдта. Адæм хъæргæнгæ æмæ худгæ иуварс сæхи æппæрстой, чидæртæ мæсты кодтой æмæ лæбурдтой барджытæм, иуы дзы йæ бæхæй дæр æристой. Хъазты архайджытæ фылдæрæй-фылдæр кодтой. Ацы хабар дзæгъæлы кæй нæу, уый Лаукан фембæрста æмæ Пшиготæй йæ цæст нал иста. Орктæй иу, Сураимæ цы лæппу уыд, уымæ йæ бæх хæстæг батардта, æргуыбыр æм кодта æмæ йæм хъæлдзæгæй дзуры: «Кæд лæг дæ, уæд фидар лæуу». Архайы лæппуйы бæхмæ сисынил. Лæппу схыл барæгимæ, уыцы рæстæг Пшигот батахт Сурамæ, фелвæста йæ саргъмæ æмæ, цыма хъазгæ кæны, афтæ кæрты дуары 'рдæм сындæггай араст. Сура йæхи тоны, мæсты кæны Пшиготы æдзæлгъæд митæм. Иууылдæр уыдоны 'рдæм фæкастысты. Кæд Пшиготы митæ сæ гуымиры ахастæй сæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты, уæддæр сæ бауырныдта, хъазгæ кæй кæны, уый. Фæлæ барæг кæрты дуары æдде куы фæци æмæ йæ бæхыл куы фæцагайдта, æрмæст уæд бамбæрстой хъуыддаг. Уый æнхъæл суанг æппæты цъаммардæр оркæй дæр ничи уыд. Куыд ис бон-сихорафон æппæт хъæуы цурæй чызг

аскъæфæн! Хъуыст чызджы тарст хъæр. Адæм дæр бæстæ сæ сæрыл систой: «Мардж, мардж! Тагъддæр фæдисы!»

Бæхджынæй, фистæгæй кæрты дуармæ агуылф кодтой, фæлæ уый æхгæд разынд: сæхгæдтой йæ Пшиготы хъузонтæ, æмæ орктæй цыппар барæджы адæмы æддæмæ нæ уагътой. Йæ маст ратыдта Лауканæн. Сура уыцы цъаммары хай бауа, уый ницы хуызы уыд æруадзæн. Чифæнды дæр уæд, æрмæст Пшигот – нæ!

Рæгъаугæс дуармæ нæ бырста, кауы ауыдта, йæ михтæ саст кæм уыдисты, ахæм бынат æмæ йæ бæхыл ууылты асæррæтт кодта уынгмæ. Хъæуæй куы рахызт, уæд дардмæ суыдта скъæфджыты. Уыдисты цыппарæй. Разæй тахт Пшигот чызгимæ, дзæбæх дæрддзæг се 'хсæн, афтæмæй та – иннæтæ.

Лаукан зыдта, Пшиготы бæх хъæуы хуыздæр бæхтæй у, фæлæ йæ йæхи бæхæй дæр ныфс уыд æмæ æнæ гуырысхойæ сæ фæдыл йæ тых, йæ бонæй фесхуыста. Æртæ барæджы тагъд баййæфта: уыдон, фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæ, сæ бæхты рохтыл хæцыдысты. Рæгъаугæсы фæнд бамбæрстой æмæ сæхи тохмæ æрцæттæ кодтой. Иу дзы фæсте аззад, æмæ Лаукан йæ размæ куы бахæццæ, уæд æм багæпп кодта, цæмæй йæ йæ бæхæй раппара. Фæлæ дзæгъæлы ахæм фæнд скодта, Лаукан уыдонæй хъаруджындæр æмæ фæлтæрддæр уыд, йæхи йын зæххыл авæрдта æмæ дарддæр тæхы. Иннæ дыууæ фездæхтысты æмæ йæ ныхмæ рацæуынц. Лаукан сæ фæсайдта æмæ æндæрырдæм айгæрста, уыдон æй асырдтой, æмæ уæд Лаукан, йæ размæ дзы чи фæци, уый йæ бæхы риуæй скъуырдта æмæ та дарддæр тындзы. Ныр ма дзы баззад æрмæст Пшигот.

Йæ саулохагæн хорз аргъ кодта Лаукан, фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй йын йе 'ппæт миниуджытæ нæма базыдта: бæх цас фылдæр цыд, уыйбæрц йæ уад рæвдздæр кодта, æмæ Пшиготы æййафын райдыдтой. Пшигот йæ амæттагимæ тахт Хъубаны доны 'рдæм. Цæугæдоныл ам ахизæн нæ уыд.

Хуымзæххытæ фесты, райдыдта уыгæрдæн. Пшигот фæзылд фæндагмæ, Лаукан – йæ фæстæ. Разындысты доны былтыл къудзитæ, Пшигот сæ астæуыты тæхы. Лаукан фæстæмæ фæкаст æмæ йæ фæстæ иу версты æмбисмæ ауыдта дыууæ оркы. Уыдоны фæстæ – бирæ барджытæ – фæдисæттæ. Пшигот Хъубаны былмæ куыддæр бахæццæ, афтæ йæхи донмæ нывзылдта æмæ фæцыдæр. Лаукан дæр бахæццæ былмæ, акаст

æмæ федта æрмæст фæтæн кæсæны хуызæн доны æрттиваг уæлцъар. Æвиппайды бамбæрста, иннæ фарсмæ куыд ис ахизæн, уый. Цы былыл лæууыд, уый бæрзонд нæ уыд, фæлæ йæ бакомкоммæ иннæ был бæрзонд уыд. Гыццыл дæлдæр, рахизæрдыгæй та – лæгъз змисджын былгæрон. Куыд рабæрæг, афтæмæй Пшиготæн рагацау нысангонд уыд æмæ йæ бæхы сахуыр кодта доны иннæ фарсмæ ленк кæнын. Лауканæн йæ саулохагимæ уый мисхалы бæрц дæр нæ уыд зын. Гъе ам æй тынг бахъæудзæн йæ ленк кæныны курдиат. Хъуыды дæр нæ акодта, афтæмæй рæгъаугæс Пшиготы фæдыл донмæ йæхи фехста. Доны цъарыл æм зынд æртæ сау стъæлфы – бæхы, Сурайы æмæ Пшиготы сæртæ. Пшиготы бæх тыхæй фæрæзта дыууæ барæджы, бынмæ йæ ивæзтой, æмæ æртæйæ дæр сæ къубæлтты онг уыдысты доны. Лаукан Пшиготы уайтагъд баййæфта донæн йæ тæккæ тагъд цæуæны. Оркæн Сура фыр тæссæй дыууæ къухæй йæ сæрыл ныххæцыд æмæ йæ бынмæ ивæзта. Йæ къухтæ сисыны бон дæр нæ уыд Пшиготы æмæ æрмæст æнæбон æррахуыз цæстытæй ныккаст рæгъаугæсмæ, сырдау йæ дæндæгты къæрцц-къæрцц ссыд. Лаукан иу къухæй Сурайы рæмбыныкъæдзыл ныххæцыд, иннæ сбыцæу кодта Пшиготы роцъомæ, тыхæй йын йæ сæр иуварс азылдта, цæмæй чызджы суæгъд кæна, æмæ афтæмæй Лаукан Сурайы йæ бæхы рагъмæ æрбайста. Пшигот ма йæхи бæргæ фехста йæ нывонды фæдыл, фæлæ йæ къухы бæхы къæдзил ацахсын дæр нæ бафтыд. Æмæ уæд дон-дон аленк кодта.

Змисджын былмæ куы рахызт Лаукан, уæд фæстæмæ акаст: Хъубаны астæу ныр сындæггай змæлыдысты æрмæст дыууæ сау стъæлфы – Пшигот æмæ йæ бæхы сæртæ. Иннæ фарсыл дзæгъæл рауай-бауай кодтой, фæдисы чи рацыд, уыцы бæхджынтæ. Дыууæ барæджы сæхи донмæ баппæрстой æмæ Пшиготы фæстæ аленк кодтой. Уыдон уыдысты, Сурайы скъæфынмæ йын чи æххуыс кодта, йæ уыцы æрдхæрдтæ.

Цæмæй чызгæн æнцондæр бадæн уа, уый тыххæй Лаукан йæхæдæг фæстæуæз абадт, нымæт æй хъыгдардта, райхалын æй хъуыд, фæлæ йæ уыдæттæм не 'вдæлд, æмæ дарддæр йæ цыд кодта. Чызг уадзыгæй хуыссыд йæ хъæбысы. Хъæды хæрисбынмæ куы бахызтысты, уæд Сура йæхимæ æрцыд æмæ хъæр кæнын, йæхи лæппуйы къухтæй тонын райдыдта. Лаукан бæх æрурæдта æмæ чызгмæ карзæй дзуры:

– Ардæм æрбайхъус! Кæд дæ ногæй фæнды тугдзыхты къухы бахауын, уæд дæ æз ныртæккæ дæр уадзын. Уыдон дæ тагъд рацахсдзысты,

дæлæ кæсыс, æртæйæ ленк кæнынц махырдæм, тагъд ацы былыл уыдзысты... Мæн ды ницæмæн хъæуыс. Æрмæст дын фæтæригъæд кодтон æмæ дæ цъаммар оркæй фервæзын кодтон. Ныр дæ куыддæриддæр фæнды, афтæ: орктæм дæ фæнды – цæугæ, ацы тæккæ дæ æрисдзынæн зæхмæ, кæд дæ нæ фæнды, уæд та сабыр бад.



Сура æвиппайды фæхъус æмæ йæ цæссыгтæ фемæхстысты.

Иу километры бæрц цыдысты хæрисджын былгæрætты æмæ, фыццагдæр сæ размæ цы къахвæндаг фæци, ууыл фæраст сты, къуыбырыл ахызтысты, цæмæй, иннæ былæй сæм чи каст, уыдонмæ мауал зыной. Фондз километры бæрц куы ауадысты, уæд фæстæмæ доны былмæ æрхызтысты, ссардтой дзæбæх ран иннæ фарсмæ ахизынæн. Ам цæугæдон хæрз æвваахс уыд рагон тар хъæдмæ. Хъæдрæбынты дæр ма дзæвгар фæцыдысты над фæндагыл, сæ фæдтæ фесафынæн, стæй хъæды арфмæ бахызтысты. Сура бынтон æнæхъаруйæ йæхи ауагъта Лауканы къухыл. Ырма сæ иуæй дæр ныхасы ‘рдæг нæма схауд.

Хъæды арфмæ бацыдысты æмæ æрмæст изæрдалынгты бахæццæ сты хъæды астæу бæзджын кæрдæгæй æмбæрзт уæрæхгомау æрдузмæ. Ам хъæдрæбынæй калд сабыр гыццыл цæугæдон. Æнусон тулдз бæлæсты бын йæ бæх æрурæдта Лаукан, Сурайы зæхмæ æруагъта, стæй йæхædæг дæр æрхызт. Чызг иуварс агæпп кодта æмæ, йæхи тулдзы зæнгмæ нылхъивгæйæ, æнæуынон тарст каст кодта лæппумæ.

Йæ рæсугъд дарæсы Сура изæрыгон хъæды уыд къæппæджы бахауæг цыдæр æнахуыр фæллад сырды хуызæн. Лаукан æм дисгæнгæ каст.

– Мæнæ, рæсугъд, ардæм хъус, – загъта та карзæй, æцæг ныр гыццыл йæ хъæлæс фæфæлмæндæр, – иу хатт ма дын зæгъын: мæн нæ хъæуыс. Æрмæст дын фæтæригъæд кодтон. Кæд цыфæнды хъæбæрзæрдæ дæ, уæддæр дын мæ цæст æвзæр нæ уарзы, æндæр искæмæн куыд нæ уарзид, афтæ. Пшиготимæ та цавæр амонд хъуамæ ссарай? Ныр афтæ бакæн æмæ мæнæй ма тæрс. Тыхсгæ дæр ма кæн, дæ хæдзарыл дæ сæмбæлын кæндзынæн. Мæнæй лидзыны фæнд дæр ма скæн – фесæфдзынæ. Кæнæ хъæды фæдзæгъæл уыдзынæ æмæ æххормагæй амæлдзынæ, кæнæ дæ исты сырдтæ бахæрдзысты, бынтон æвзæр та – оркты хай бауыдзынæ. Ныртæккæ уыдон дæу тынг зæрдиагæй агурынц. Фæлтау мын арт кæнынмæ аххуыс кæн. Дæ гæртт-гæртт цæуы æмæ æнахуырæй ахæм хинады фæстæ фæрынчын уыдзынæ.

– Æмæ мæ хъæдмæ цæмæн раластай, нæхимæ мæ цæуылнæ бакодтай? – саст хъæлæсæй йæ афарста Сура, йæ дæндæгты къæрцц-къæрцц цæугæйæ.

– Уымæн æмæ мæ нæ фæндыд, цæмæй мæ амарой, кæнæ та мæхæдæг искæйты амарон. Пшигот æмæ йæ хæлæрттæ ныртæккæ ахæм масты сты æмæ мæ куыддæр феной, афтæ мæ акъабæзтæ кæндзысты. Гъе уый тыххæй уал цыбыр рæстæгмæ хъæды нæхи бааууон кæндзыстæм, цалынмæ хъæуы афтæ нæ фенхъæлой, зæгъгæ дæ кæдæмдæр дард ранмæ фæхастон, æмæ нæ мауал агурой. Сура нæ бауæндыд Лауканыл, фæлæ йæ ныхмæ дæр ницыуал зæгъын бауæндыд. Фыр уазалæй йæ зыр-зыр цыд, йæ дзаумæттæй доны ‘ртæхтæ тагъдысты, хуылыдз дзыккутæ уæхсчытыл ныппыхцылтæ сты. Лауканы зæрдыл æрбалæууыд, чызджы «сызгъæрин гопп» зæххыл, кæрты, рыджы, Пшигот Сурайы кæцæй аскъæфта, уым.

Лаукан бæх бæласыл бабаста, нымæт райхæлдта, афтæ тыхджын æй ныццагъта, æмæ йæ тъæпп-тъæпп раст топпы гæрæхтау хъуыст.

Доны уæззау æртæхтæ ихы нæмгуытау Сурайыл хаудтой, æмæ чызг ноджы тынгдæр баихæнриз кодта.

– Дæхи дзы æрбатух, хуылыдз у, фæлæ дын уæддæр афтæмæй хъармдæр уыдзæн, æз та арт скæнон.



Хус хæтæлтæ рæвдз рамбырд кодта Лаукан, йæ бæрцытæй систа зных æмæ арт кæнынил балæууыд. Гыццыл фæстæдæр арты ʻвзæгтæ сæхи хæрдмæ систой. Сурайы бæласы къуындзихыл æрбадын кодта арты фарсмæ, йæхæдæг хъамайæ кæрдæг æнæхъæн хъæбысы дзаг ракарста. Арты цур дыууæ михы æрсагъта, сæ уæлæ сын цæхгæрмæ æндæр мих æрæвæрдта, Сурайы уæхсчытæй нымæт систа æмæ йæ уыцы михтыл æрцауыгъта, афтæмæй дзы къулæмбæрзæнгонд рауад. Уый фæстæ та нымæты иннæ фарс, æртæ къахдзæфы бæрц æддæдæр æндæр ахæм арт акодта. Архайдта æнæдзургæйæ, æрмæст йæ куыст куы фæци, уæд сдзырдта Сурамæ:

– Ныр арты фарсмæ нымæты аууон сбад æмæ дæ дзаумæттæ ралас, михтыл сæ æрцауындз æмæ дын бахус уой. Исты дæ куы бахъæуа, уæд-иу зæгъ, æрмæст мæнырдæм ма кæс, æз дæр мæ дарæс хус кæндзынæн. Уый фæстæ бафынæй кæнæн дæр уыдзæн, – фæци йæ ныхас фæлмæндæрæй, фæлæ æнæ уæлдай æнкъарæнтæй.

Сура ма кæд гыццыл ихæнриз кодта, уæддæр арты фарсмæ схъарм. Цæссыгтæ йæм нал баззад, хъысмæты фæлварæны уæзæй цыдæр æнахуыр хъус ныцци. Лауканы коммæ бакаст, нымæты фæстæмæ бацыд тарстхуызæй, раст къæппæгмæ цæуæгау, йе ‘рфгуыты бынты Лауканы хъахъхъæнгæйæ. Лæппу йæм кæсгæ дæр нæ кодта: бæхы рагъæй саргъ systa, йæхи «бæстыхаймæ» йæ бахаста æмæ нал разынд. Чызг, цы уыд, уымæй хъустæ фестад, нымæты иннæ фарс цы цæуы, ууыл хъуыды кæнгæйæ. Стæй йæ дзаумæттæ сындæггай ласын райдыдта, рæстæггай-иу андзыг йæ бынаты, нымæты иннæ фарсмæ хъусгæйæ. Фæстагмæ йæ, æвæццæгæн, бауырныдта, Лауканмæ æвзæр хъуыдыйæ кæй ницы ис æмæ гыццыл æрсабыр, схъарм, йæ дзаумæттæ дæр бахус сты.

Сындæггай йæ фæллад зондыл тых кæнын райдыдта цыдæр æнахуыр хъуыды: цыфæнды уæд, зæгъгæ. Уæлдай йын нал уыд: цы ‘рцыд, цы уыдзæн дарддæр. Æрмæст ма кæмдæр сæры магъзы къуырма хост кодта иу хъуыды: уæддæр мæ худинаг айхъуыст…

Стæй та йæ цæссыгтæ ногæй æркалдысты. Куыд ыл сæмбæлдзысты хъæуы?.. Чи цин кæндзæн, чи – тæригъæд… Дам-думтыл ахуыртæ та йын, сæ цæстыты гагуытæй хъазгæйæ, алы къуымты йæ ном аллайаг кæндзысты. Стыр æхсызгонæй дзурдзысты: «Цæй чызг æмæ ма цæй цыдæр! Хъæды нæлгоймагимæ уыйбæрц чи фæци!.. Уыцы æнæхæддзар рæгъаугæсимæ!.. Йæ рæсугъддзинад æмæ йæ цацатæй йæ сæр бæрзæндты бæргæ хаста, фæлæ ма ныр цы...»

Æппынфæстаг йæ тухиаг хъуыдытæй бафæллад, йæ сæр ныттылдта, стæй йæ къух æнæбон уыгъд акодта: «Цы ‘рцыд, уый æрцыд, аивæн дзы ницыуал ис... ахæм у, æвæццæгæн, мæ хъысмæт...» Рæгъаугæсыл та ахъуыды кодта æмæ ныхъхъуыста: нымæты фæстæйæ иу сым дæр нæ цыди. Сура æнцон улæфт скодта. Лауканæй куы нал тарст, уæд та йын æндæр знаг фæзынд – арты фæздæг. Цыма ардыд уыд, уыйау чызджы ‘рдæм йæ ных сарæзта, йæ цæстытæ йын къахы, улæфæнтæ æхгæны. Фервæзæн дзы ницы хуызы ис. Йæ маст иууылдæр ныр фæздæджы ‘рдæм аивылд. Йæ бон куы нæуал

уыд, уæд арф ныуулæфыд. Лаукан хъуыддаг фембæрста æмæ йæм нымæты фæстæйæ дзуры:

– Дæ сæр бындæр ныггуыбыр кæн. Бынæй фæздæг къаддæр ис.

Уыцы сабыр хъæлæсмæ та абоны хабæрттæ иууылдæр Сурайæн йæ цæстытыл ауадысты, фæлæ йæ фæздæгæй уыдонмæ нал æвдæлд. Йæ сæр ныггуыбыр кодта, æцæгдæр ын фенцон, æмæ ахъуыды кодта: «Ацы рæгъаугæс алцыдæр зоны, арт куыд тагъд акодта, æмæ æниу ацы лыстæн… дзаумæттæ хус кæныны мадзæлттæ…

«Лыстæн!.. – Сура базыр-зыр кодта. – Æмæ йæ кæд йæхицæн дæр æрцæттæ кодта, уæд та!..»

Уыцы тасæфтауæг хъуыдыйæ йæ улæфæнтæ ахгæдтой æмæ та ногæй ныхъхъуыста. Ныр æй фæздæджы мæт дæр нал уыд. Нымæты фæстæ хус къалиуты къæрццытæ фæцыд, чызгмæ та афтæ фæкаст, цыма йæм Лаукан æрбахъуызы, æмæ йæ туг ауазал. Фыр тæссæй бандзыг, афтæмæй æнхъæлмæ кæсы «æрбабырстмæ». Фæлæ «знаг» зынæг нæй. Цыдæр бирæ фæстиат кæны, се ‘хсæн цы æртæ къахдзæфы ис, уыдоныл. Нал бафæрæзта æмæ сусæгæй нымæты кæроны бынты акасти. Арты фарсмæ чъылдымæздæхтæй, астæуæй уæлæмæ бæгънæгæй бадти Лаукан. Йæ хурсыгъд буар арты цæхæрмæ ноджы тардæрæй зынди. Йæ гуыр фæтæн уæхсчытæ æмæ нарæг астæуимæ уыд æртæкъуымоны хуызæн. Сура фыццаг хатт федта афтæ хæстæгмæ нæлгоймаджы гом буар æмæ тынг бадис кодта, сылгоймаджы буаримæ йын цы хицæндзинæдтæ ис, ууыл. Фæлæ ноджы диссагдæр та уыд, Лауканы буар æм æмбисонды рæсугъд кæй фæкаст, уый. Лæппуйæн йæ хъуыдыйы дæр нæ уыд, исчи йæм сусæгæй кæса, æмæ æнцад-æнцойæ йæхицæн хъуымацы гæппæлæй йæ сау æрттиваг дамбаца сыгъдæг кодта. Афтæ зынд иуварсæй, цыма йæ чъылдыммæ, нымæты фæстæ, йæ бæллицтæ кæимæ баст сты, уыцы чызг бæгънæгæй кæй бады, уый дзы рох фæци. Сура дæр уыдта: лæппуйы хъуыдытæ æппындæр уыимæ баст не сты.

Хъал чызгæн кæмдæр хъыг дæр ма фæци лæппуйы ахæм ахаст. «Цавæр адæймаг у ацы рæгъаугæс? – хъуыды кодта. – Цыдæр дурзæрдæ... Афтæмæй уазæгуаты куы уыд, уæд æм цы уарзæгой цæстытæй каст... Æви уыдон кæнгæ митæ уыдысты?..»

Лаукан иуварсмæ куы фæзылдта йæ сæр, уæд чызг бафиппайда лæппуйы сагъæссаг хуыз æмæ йын бамбæрста йæ уды иугæндзон хъизæмайраг рыст. «Æнамонд адæймаг...», – æнæ иу æнкъарæнæй

ахъуыды кодта чызг. Рæгъаугæсæй тæрсгæ кæй кодта, уымæй уæлдай ма йын æнад дæр уыд, фæлæ уæддæр йæ уындджын уæнгтæй йæ цæст атонын нæ фæрæзта. Фыццаг хатт банкъардта нæлгоймаджы ахæм аив уæнгты æвæрды рæсугъддзинад æмæ йæм диссагмæ кæсæгау каст, йæ хицауыл æппынæр нæ хъуыды кæнгæйæ.

«Ныр ацы хæрзконд уæнгтæ æндæр, бæллиццагдæр искæй куы уаиккой...», – иу уысм йæ хъуыдыйы ферттывта, фæлæ уый хæдуæлвæд бамбæрста, ахæм æндæр исчи бæллиццагдæр ын кæй нæй. Цас нæ фæхъуыды кодта, кæй йæ фæндид Лауканы бынаты фенын, фæлæ йæ бирæ усгуртæй никæй æрхъуыды кодта, ничи дзы бакуымдта рæгъаугæсы бынатмæ. Кæд, йæхицæн усгурыл кæй снывонд кодта, уыцы дуканийы хицауы? Фæлæ йæ йæ цæстытыл бæгънæг гуыримæ ауайын кæныныл куы ацархайдта, уæд ныв ницы зæрдæрухс æрхаста: гуыбыргомау, гуыбын дæр йæхи æвдисын райдыдта, рæсыдгонд цæсгом, уагъд уæхсджытæ… Дуканийы хицау йе ‘ддаг бакастмæ, йе уæнгты аивмæ йæ хъус тынг нæ дардта, уырныдта йæ – мулк æмæ зынаргъ дарæс цæсты фылдæр ахадынц. Йæ бакаст, йæ цыдтытæ, йæ митæ зæрдæзæгъгæ нæ уыдысты Сурайæн, фæлæ йæхи уырнын кодта, æндæр миниуджытæ ахсджиагдæр кæй сты, архайдта йын йæхи нæ, фæлæ цæстытыл йæ дукани ауайын кæныныл. Уым уæвгæйæ дæр ын-иу Сура уыдта йæ алыхуызон хъуымæцтæ, æрмæст ын йæхи нæ уыдта. Искуы йыл амбæлд, зæгъгæ, уæддæр ын-иу йæ цæст æрхаста йæ рæсугъд дарæсыл – морæ зынаргъ къæбæлдзыг худ, уырыссаг тæнæг сгæлладæй хорз хуыд цухъхъа æд сызгъæрин бæрцытæ, рон, хъама æмæ æрттиваг цырыхъхъытæ. Цыбыр дзырдæй, йæ усгур уыд йæ хъæздыгдзинæдты ауон, раст Лаукан йæ рæсугъд уæнгты ауон куыд уыд, афтæ.

Уæдмæ Лаукан æнæ сыбырттæй дамбаца йæ цуры æрæвæрдта, æрдæгсыгъд ставд къæцæл раласта æмæ дзы арт азмæста. Уый фæстæ систа хус къалиуты уæззау æргъом, рогæн æй бæрзонд систа иу æхсныфы хуызæн, нымæты сæрты йæ байста æмæ йæ, Сурайы раз цы арт уыд, ууыл æрæвæрдта. Чызг уыцы тыхджын къух йæ æппæт фидауцимæ куы федта, уæд хингондау æнæзмæлгæйæ аззад. Йæ уавæрæй тыхæй фервæзæгау, цыма цы не ‘мбæлы, ахæм цыдæр хъуыддаг бакодта, уыйау æнæзмæлгæйæ бирæ фæбадт. Бадт, фыццаг хатт йæ зæрдæйы арфы кæмдæр нæлгоймагмæ цы монцы æнкъарæн базмæлыд, уый æбæрæг

ахæсты уæвгæйæ. Йæхимæ мæстæй тъæппытæ хауд, йæхи банымадта, адыгты зæххыл хæлддæр цы чызджытæ райгуырд, уыдонæй, æнæуынон ын уыд, уыцы худинаджы æнкъарæн æм кæй аххосæй фæзынд, уый дæр. Йæхимæ æркаст æмæ ноджы æнахъинондæр ныв федта – бады æрдæгбæгънæгæй, афтид мидæггаг хæдоны. Ныр, зæгъæ, Лауканы бафæндыд чызгмæ бакæсын, уæд та? Фæлæ уыцы хъуыды уайтагъд асырдта: рæгъаугæс афтæ кæй нæ бакæндзæн, уый йæ уырныдта.

«Лаукан мæнæй уæздандæр разынд...», – мæстæлгъæд хъуыды ферттывта чызджы сæры. Йæхи ницæйагдзинадыл басæттын ын сси йæ абоны æппæт бæллæхтæн æмбæрзæн. «Æрдæгбæгънæгæй æрдæгбæгънæг æцæгæлон лæппуимæ хъæды астæу зыбыты иунæгæй. Амæй тæссагдæр хабар аргъæутты дæр нæ фехъусдзынæ».

Арты зылын-мылын рухс-иу æхсæвы тарæй фелвæста бæлæсты егъау зæнгтæ æмæ сыфтæрты къæлæсытæ-мæлæсытæ нывтæ. Чызг исдуг йæ сагъæстæй фæцух æмæ йæ алывæрстæм лæмбынæгдæр ныккаст. Æхсæвы хъæд кæд цыфæнды сабыр уыд, уæддæр дзы хъуыст цыдæр æнахуыр, хъус тыхæй кæй ахста, ахæм æмыр зæлтæ. Бæлæсты фæстæ йæхи бааугон кодта, цæстæй фенæн кæмæн нæ уыд, æхсæвы ахæм цард. «Æцæгæйдæр аргъауы хуызæн...», – ахъуыды та кодта, æмæ йын цыма йæ хъуыдыты æцæгдзинад фидар кодта, уыйау хъæд йæ алыварс æртыхст йæ аргъæутты тасуадзæг хуызты. Хъуысын æм райдыдтой цыдæр фурттытæ, сым-сым, къалиуты къæрццытæ. Сурамæ афтæ фæкаст, цыма йæм хъæды æнгом пыхсытæй хъæддаг хуы кæнæ арс æрбабырсы. Хъæлæба хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Сура фæкуыддæр æмæ ныхъхъæр кæнынмæ куыд хъавыд, афтæ æвиппайды бæстæ ныссабыр. Аргъæутты диссаджы тугдзыхмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, Сура æрныгъуылд. Дыууæ судзгæ стъæлфы æрлæууыдысты, иуварс азылдысты, стæй æрбайсæфтысты. Æмæ ауыдта æнахуыр гыццыл сæр, тымбыл буары бынæй тыхæй чи зынд, ахæм къæхтæ æмæ бур сындзытæй царм.

«Уызын!..» – æхсызгон улæфт скодта чызг. Йæхиуыл бахудын дæр ын нæма бантыст, афтæ та йæ цæст ацахста æндæр тæссаг ауон. Ацы хатт уый уыд цыдæр æнахъинон цæрæгой. Хъæды арфæй йæм ныккастысты цæхæркалгæ дыууæ стыр цæсты. Йæ буар тасы æлхысчъытæй айдзаг, нымдзаст уыцы цæстытæм… Уалынмæ къутæртæ базмæлыдысты æмæ сæ саулохы сæр разынд. Сура та фефсæрмы йæ тарстæй,

æхсæвыгон хъæд ахæм тынг тæссаг кæй нæу, ууыл бауyæндыд æмæ æрсабыр. Уалынмæ бынтон хæстæгæй райхъуыст, раст ингæнæй цæуæгау хъæлæсы дзаг худт æмæ марой кæм баиу сты, ахæм хъæр. Сура фыр тæссæй фæгæпп кодта, фæлæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, афтæ уыг кæй фæуасы. Йæхицæн фидар дзырд радта, кæй ницæмæйуал фæтæрсдзæн, уымæй æмæ æдасæй хъусын райдыдта хъæды уынæртæм. Йæ уавæрæй фехъалуæвæгау ис Лауканы ныхасмæ:

– Цæй, уазæг чызг, дæ дарæс скæн ныр, æвæццæгæн, хус у. Фынæй кæнын афон у. Хæдзар мын нæй, мæ хæдзар – бæлæстæ, æмæ дæ мæ уазæгыл нымайдзынæн. Фæлæ бæллæх – хорз дæ цæмæй фенон, ахæмæй мæм ницы ис. Хæрын та нæм цæуы, афтæ нæу?

Лауканы куыдфæндыйæ загъд хъазæн ныхæстæ фæхъыг сты Сурайæн.

– Мæнмæ хæрын нæ цæуы... Хæрыныл дæн ныр?.. – æмыр хъæлæсæй бакодта чызг.

Ууыл сæ ныхас фæци. Цасдæр рæстæджы фæстæ Лаукан рацыд нымæты фæстæйæ уæлæдарæсы æмæ фæзы ‘рдæм фæраст. Сура дæр скодта йæ дзаумæттæ æмæ йе ‘рфгуыты бынты Лауканы фæстæ кæсгæйæ, йæ пыхцыл сæрыхъуынтæ лæгъзытæ кодта. Ныр æй лæппуимæ цы сусæгдзинад баста, æнæфсармæй йæм нымæты бынты кæй каст, уымæй йæ цæсгом асырх. Рæгъаугæсы раз аххос æй йæ фæстæ кæсын дæр нал уагъта, фæлæ йæм уæддæр цы цымыдис фæзынд, уый фæуæлахиз, æмæ, йæхицæй йæхи æмбæхсгæйæ, зыдæй каст Лауканмæ.

Ныры онг æй уынгæ дæр нæ кодта. Йæ цæстæнгас-иу схæцыд æрмæст йæ дæрдджын цухъхъа æмæ йæ хуыздзыд худыл. Æмæ йæм-иу афтæ каст, цыма йæ хуызивд дзаумæттæ сæ ауон кæнынц сæхи хуызæн æгъуыз, бакасты аккаг дæр чи нæу, ахæм адæймаджы.

Ныр та йын касти, йæ мæгуыр дарæс æмæ йæ алы фезмæлдæй дæр цы уæздандзинад æмæ буары фидауц кастысты, уыдон кæрæдзийыл куыд нæ бадынц, уымæ. Йæ къахдзæф – рог æмæ фæлмæн, фæлæ уыцы иу рæстæг фидар æмæ ныфсджын. Йæ саджы фисынтыл амад æлвæст уæнгты конды нæ уыд зивæджы иунæг нысан дæр. Цыбыр дзырдæй, ацы адæймагæй иу уысм дæр нæ ферох, адæймаг кæй у, уый, æмæ йæ адæймаджы хæс æххæст кодта цытимæ.

Чызг нырма ныр фæхатыд Лауканы, иунæг адæймагмæ дæр кæй

нæ федта уды уыцы уæздандзинад æмæ намыс. Ноджы ма ныр зыдта, лæппуйы зæронд цухъхъайы бын рæсугъд уæнгтæ кæй ис, уый дæр.

Лаукан талынджы æрбайсæфт, стæй фæстæмæ раздæхт хъæбысы дзаг кæрдæгимæ. Кæрдæг бæхы раз æркалдта иу гуцъула дзы атыхта æмæ дзы бæхы буар хæрзсæрфт ныккодта. Фæстæмæ та фæцыдæр, æмæ та ногæй хъæбысыдзаг кæрдæгимæ æрбаздæхт. Сура æнæдзургæйæ иуварс лæууыд æмæ цымыдисæй касти, Лаукан дыууæ арты астæу фæлмæн кæрдæгæй хуыссæн куыд кæны, уымæ. Нывæрзæны бæсты дзы саргъ бавæрдта.

Æнæрцæугæ хъуыддаг! Чызг иуварс лæууы, уый та йын хуыссæн цæттæ кæны – нæлгоймагæн сæрмæ хæссинаг цы куыст нæу, ахæм кæны. Сура йæм каст, фæлæ йын аххуыс кæнынмæ йæ ныфс нæ бахаста.

– Ныр дæ фæллад суадз. Дæ уæллаг дарæсæй уал æрæмбæрз дæхи. Нымæт куы басур уа, уæд дæ æз уымæй бамбæрздзынæн. Афтæмæй дæр дын нæ уыдзæн уазал: дыууæ арты дæр судзынц…

– Æмæ дæхæдæг нæ фынæй кæндзынæ? – дисхуызæй афарста Сура.

– Мæнæн нæй фынæй кæнæн: орктæ нын кæд нæ фæдыл бафтыдысты, уæд сæ ардæм хъæуы. Кæд фæзыной, уæд-иу уæртæ уыцы стыр бæласы фæстæ бамбæхс. Цалынмæ æгас уон, уæдмæ дæ нæ ратдзынæн. Кæд мæ амарой, уæд та мын-иу хатырæй фæуæд, дæуæн та – дæ хъару æмæ дæхæдæг, лидзгæ-иу кæн. Фæлæ нырмæ кæм нæ фæзындысты, уым нын нæ фæд не ссардтой. Уæддæр хи хъахъхъæнын æвзæр нæу. Стæй æз æхсæв нæ фынæй кæнынып ахуыр дæн.

Сура ницы сдзырдта. Тас сын кæй у, уый та уæззау дурау зæрдæйы ныххауд. Æнæуæндонхуызæй æфсæрмыгæнгæ бацыд лыстæны размæ.

– Бахуысс, бахуысс, хъæды закъонтæ æндæр сты – æфсæрмы ма кæн. Ахæм уавæры кæй бахаудтам, уым нæ дыууæйы аххосæй ницы ис. Тæрсгæ дæр мацæмæй кæн: хъæды сырдтæ артæй тынгдæр ницæмæй тæрсынц, ды та дыууæ арты æхсæн бынтон æдас ран дæ. Боныцъæхтыл дæ райхъал кæндзынæн: ам хæстæг ис сырдты доннуазæн, æмæ æз цуаны ацæудзынæн. Чи зоны, мæ къухы исты бафта.

– Æмæ ды ацы рæттæ цæмæй зоныс? – афарста Сура.

– Мах ам фæцуан кæнæм. Ацы бынат æрмæст цалдæр цуаноны зоны хъæуæй. Фæлæ уалдзæджы уыдон дæр нæ фæцæуынц ардæм. Бафынæй кæн, – бынтон хæларæй фæци йæ ныхас Лаукан æмæ æддæдæр, Сурамæ чъылдымæздæхтæй, къуындзихыл æрбадт.

## 7

Сурайы дæр хуыссæг нæ ахста, æрхуыссыд æрмæстдæр, цæмæй йæ, хъуыды дæр æй чи нæ кæны, уыцы адæймагимæ дзурын ма хъæуа. Йæхи фынæйæфсон скодта, æмæ æрдæгæхгæд цæстытæй йæ бæзджын цæстыхауты æхсæнты каст Лауканмæ. Уый бадт æдзæмæй, стæмхатт-иу сыстад, æрдузыл-иу азылд – бæрæг уыд, цыдæр ын æнцой нæ дæтты. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу сабыргай артыл хус къалиутæ æрæвæрдта. Æппынфæстаг Сурамæ фæзынд, афтæ тынг ыл чи тыхсы, уыцы æцæгæлон адæймагмæ бузныджы æнкъарæнтæ. Фæлæ уыцы æнкъарæнтимæ æмдзыд кодта æнæразыдзинад: Лаукан æй раздæрау цыма уынгæ дæр нæ кæны, цыма æрмæст цыдæр хæс æххæст кæны, йæхи афтæ кæй дары, уый тыххæй. Сура базмæлыд æмæ арф ныуулæфыд.

– Хуыссæг дæ нæ ахсы? – афарста йæ Лаукан, кæсгæ дæр æм нæ ракодта, афтæмæй. – Гæнæн нæй, иугыццыл дæ афтæ ацæрын бахъæудзæн, рæгъаугæстæ цæрæнбонты цæрынц афтæ …

– Бирæ ма уыдзыстæм ам? – гыццыл фæныфсхастдæр Сура.

– Хæдзармæ дæ бафæндыд?

– Ныр мын уæлдай нал у, кæдæм ма тагъд кæнын. Мæ худинаджы кой уæддæр айхъуыст. Никæй бауырндзæн мæ сыгъдæгдзинад, ничи бауæнддзæн дæ хиуылхæстыл.

Æмбисæхсæвмæ цы фæхъуыдытæ кодта, уыдон ныр Сура загъта æвронг, уазал æмæ ныфсаст хъæлæсæй. Лаукан бамбæрста чызджы уавæр æмæ йын æххæст дзуапп раттын бафæлвæрдта:

– Нæ бауæнддзысты, зæгъыс? Кæй зæгъын æй хъæуы, æнаккæгты нæ бауырндзæн, уыдон алкæй сæхи барæнтæй барынц æмæ сыгъдæг зæрдæ æмæ сыгъдæг фæндтæ æдылыдзинадыл нымайынц. Фæлæ адæмы æппынфæстаг бауырндзæн. Нæ аргъæутты дзæгъæлы не ʻмбæлы, хъайтары, йе ʻххуысхъуаг цы сылгоймаг у, уыимæ иу нымæты бын фынæй кæнын куы бахъæуы, уæд сæ астæу æлвæст хъама æвæрд кæй вæййы, уый. Ахæм æгъдау у намысы сыгъдæгдзинадыл дзурæг. Æмæ уыцы æгъдау кæмæ ис, уый бауырндзæн, хуымæтæджы рæгъаугæс йе ʻфсарм кæй нæ бахордта, уый. Адæм иууылдæр орктæ не сты.

Сура йæ ныхæстимæ разы нæ уыд, фæлæ ницы дзырдта. Лаукан дæр иуцасдæр ницыуал сдзырдта, стæй йæ ныхас адарддæр кодта: «Адæм ныл куынæ бауæндой, уæддæр дзы стыр бæллæхæй ницы ис!

Хуыздæр цы уа, æндæр: æрмæст дæ рæсугъддзинады фæстæ цы бирæ усгуртæ ныййарц, уыдонæй фервæздзынæ. Бауыдзынæ, йæхицæн бинойнагæн æцæг адæймаг чи агуры, зæрдæйæ дæ чи бауарза, уый хай. Æцæгæй дæ чи бауарза, уый нæ фæкæсдзæн, æнæхъæн æхсæв хъæды æцæгæлон нæлгоймагимæ кæй арвыстай, уымæ».

– Æз хъуыды кæнын, бæласы бын цы уарзондзинады кой кодтай, уый, – быцæу ныхас райдыдта Сура. – Цы уыдзæн хорзæй, æнæзонгæ, æнæнымад лæг мæ куы бауарза æмæ мæм, уæддæр никæй хъæуы, зæгъгæ, мæгуыргурæн къæбæр дæттæгау йæ къух куы бадара, уæд уым?

– Æз дæр ууыл дзурын. Фæлтау дæ адæм дамдзыд схонæнт: дæхицæн хуыздæр уыдзæн, уæд бар-æнæбары адæймагæн аргъ кæнын базондзынæ. Афтæ куыд рауад, уый нæ зонын, фæлæ дын дæ хъомылгæнджытæ бирæ цыдæртæ нæ бацамыдтой. Маст нæ бавзæрстай, ницы хъуаг байййæфтай æмæ цардыл хъуыды кæнынæл нæ сахуыр дæ. Афтæ дæм кæсы, хъæздыг æмæ номджын бинонтæм куы смой кæнай, уæд дын, дæ фыды хæдзары цы æнæмæт цард уыд, уым дæр ахæм уыдзæн. Ды цæрдзынæ хъæздыгдзинадæн йæ цуры. Фæлæ уым сылгоймаджы амондæн йæ кой дæр нæ уыдзæн. Фæсдзæуины лæггад кæндзынæ бинонтæн стырæй-чысылæй, уазæгæй, хæстæгæй се 'ппæтæн дæр. Нæ бахæрдзынæ, дæ зæрдæмæ цы хай фæцæуа, уый, æхсæв, цалынмæ дæ лæг æрбацæуа, уæдмæ не схуысдзынæ. Хæдзарæй дæ куы ратæрой, уæд та дын дæ сывæллæтты дæр нæ ратдзысты. Адыгаг сылгоймаг хъæздыг хæдзары цæргæ нæ кæны, йæ алыварс зилы. Дæ хъуыддаг фæрæстмæ уыдзæн, дæ лæг дæ куы уарза, уæд. Фæлæ чызджы æрмæст йæ рæсугъды тыххæй куы ракурой, уæд та? Цы йæ фæуыдзæн хорзæй? Зæронды бонмæ фæудхар кæндзæн, стæй йæм æрхаудзæн æргъæу чырынæй дæгъæл æмæ йæ чындзыты удхарæй марыны бар. Хæдзар цас хъæздыгдæр уа, уыйбæрц дзы уæззаудæр у сылгоймаджы цард. Не 'гъдæуттæ иумæйагæй хорз, рæсугъд сты, æрмæст сылгоймаджы царды æгъдæуттæ – нæ. Нæ йæ 'мбарын, куыд рауад афтæ. Уымæн загътон, æрмæст уарзон адæймагимæ ис ссарæн амонд, зæгъгæ. Хъæздыг хæдзар уа, мæгуыр уа, адыгаг сылгоймагмæ дзы æрхаудзæн, æрмæст цы бахæра æмæ йæ уæлæ цы скæна, уый. Æмæ искуы цацатæ амондхæссæг уыдысты, уд рæвдыдтой? Мæгуыр, фæлæ йæ чи уарза, уыцы лæгимæ та сылгоймаг фендзæн удæнцой. Афтæмæй цыфæнды куы фæуа, уæддæр сæйрагдæр уарзт у.

Лаукан дзырдта сабыргай, йæ хъæлæсы хъуыст, цы æфхæрд дзы ныццæм, уый мæстад. Иу хатт дæр нæ бакаст Сурайы ‘рдæм, раст цыма уыимæ нæ ныхас кодта, уæддæр мæ нæ бамбардзæн, зæгъгæ, уыйау. Сура йæм хъуыста, иуварсмæ кæсгæйæ, æнæ сымæй. Лаукан сыстад.

– Пайдайаг уыдзæн, абоны цаутæ дын зонды хос куы фæуой æмæ дын адæймагæн аргъ кæнын куы бацамоной, уæд, – бафтыдта ма йæ ныхасмæ æмæ артæй æддæдæр ацыд…

Сурамæ афтæ фæкаст, цыма æппындæр нæ бафынæй, æмæ йæ Лаукан куы райхъал кодта, уæд хæрдмæ фæхауд. Фæгæпп кодта æмæ тарст хъæр фæкодта:

– Цы ‘рцыди?

– Тагъд бон æрбацъæх уыдзæн. Æз цæуын цуаны, ды та мауал бафынæй у. Тæрсгæ мацæмæй кæн, артæй иуварс ма ацу. Æз ам хæстæг уыдзынæн. Артыл къалиутæ æвæр æмæ бадгæ кæн. Бон куы ‘рбарухс уа, уæд зындзынæн.

Сура æппынфæстаг йæхи æрæмбæрста. Уыны, æхсæвы йæ Лаукан нымæтæй кæй бамбæрзта, æмæ та бузныджы æнкъарæнтæ базмæлыдысты. Иу уысм дзы айрох йе ‘нæууæнк, æмæ хуыссæгхъæлдзæг хъæлæсæй сусæгæй дзурæгау скодта:

– Никуыдæм хъæуы цæуын. Æнæ хæринагæй дæр бафæраздзыстæм. Æнæхъæн æхсæв бадгæ кодтай. Æз сыстдзынæн, ды та афынæй кæн...

Хъæды кæдæй сты, уæдæй нырмæ Лаукан чызгмæ комкоммæ фыццаг хатт бакаст æмæ та федта, уæд, сырх бæхы сын сæ дуармæ куы æрцахста, уæд цы Сурайы федта, уый.

Сура та федта, æппынæдзух сагъæс цы цæсгомыл бадт, ууыл, абарæн кæй ницæимæ ис, ахæм рухсдзыд рæвдауæн хуыз. Фæлæ уый уыд æрмæст иу хæрз цыбыр уысм?..

Сура æнæ Лаукан арты фарсмæ цы дыууæ сахаты арвыста, уыдон æм фæкастысты афæдзы дæргъæн. Иунæгæй тарсти алцæмæй дæр æмæ йæ нырма ныр бамбæрста, æцæгæлон адæймаг ын цы фидар уарт уыд, уый. Лаукан æй æрмæст хъахъхъæнгæ нæ кодта, фæлæ йæ фервæзын кодта стыр фыдбылызæй. Пшиготы дзæмбыты куы баззадаид, уæд цæрæнбонтæм æнамонд уыдаид.

Сындæггай Сурайы зæрдæйы æрбынат кодта бузныджы æнкъарæн Лауканмæ. Фæсмонæй мард йæ раздæры ахастыл, æмæ разы уыд, рæгъаугæс æм ахæм цæстæй кæй кæсы, уымæй раст кæй кæны, уыимæ.

Фæлæ цы бакæна, ахæм фыдахин фæци. Лауканы бынаты уый ахæм æдылы æмæ сæрхызт чызгæн æххуыс дæр нæ бакодтаид… Фæлæ цы уыдзæн дарддæр? Цавæр цард æм æнхъæлмæ кæсы…

Арв, бæлæсты цъуппыты æхсæнæй кæм зынд, уым гæзæмæ куы фæсырх сæуæхсиды рухсæй, уæд хъæды азæлыд топпы гæрах. Сурайы хъусты ныннæрыд æрвнæрдау. Чызг йæхицæн бынат нал ары, Лаукан цуаны кæй ацыд, уый дзы айрох. Уыцы фыдохы æхст ын йæ ирвæзынгæнæджы бабын кодта. Афтæ куынæ уаид, уæд ма дзы æндæр гæрах дæр фæцыдаид. Ссардтой йæ æмæ йæ амардтой орктæ. Ныр куыд? Сура лидзынмæ рахъавыд, фæлæ фыр тæссæй цавддуры лæуд кодта.

Раст уыцы рæстæг хъæдæй æрдузмæ рахызт Лаукан, йæ дæларм цавæрдæр бурбын къуыбар. Сурайæн йæ зæрдæ йе 'муд æрцыд. Йæ размæ фæцæйзгъордта, фæлæ рæстæгыл йæхи фæурæдта.

Лаукан цуанæй æрбазæхт, йæ къухы бафтыд иу гыццылгомау сæгуыты лæппын. Йæ бынаты æрлæууыд, цæмæдæр ныхъхъуыста æмæ Сурамæ къухæй ацамыдта, ардæм рауай, зæгъгæ. Чызг æм куы бахæццæ, уæд ын афтæ:

– Цом, ныртæккæ фехъусдзынæ, дæ царды цы нæма фехъуыстай, уый.

Йæ фæстæ йæ акодта хъæдрæбынты. Разæй, æрдуз дыууæ дихы цы дон фæкодта, уый æмæ зæронд хъæды æхсæн йæхи рог фæздæгхуыз фæлмæй æмбæрзтæй аивæзта даргъ уадздзагæй æвзонг бæлæсты къох. Сура, дисгæнгæ, бакаст Лауканмæ. Уый æрлæууыд тæккæ хъæды дзыхы æмæ йе 'нгуылдз йæ былтыл авæрдта, ома, мацы сдзур. Чызг дæр ныхъхъуыста. Хъæды æвзонг нарæг уадздзаг байдзаг мæргъты удуæлдай зардæй. Раст цыма стыр хъæды цыдæриддæр базырджынæй уыдис, уыдон ардæм сæмбырд сты, цæмæй сæ диссаджы цинæфсæст хъæлæсты зæлтæ баиу кæной райсомы иумæйаг симфонийы. Раст цыма алы сыфы фæстæ дæр цъиу æмбæхст уыд, æмæ сæ алчидæр йæхи партитурæ æххæст кодта. Алырдыгæй æхситтæй, цъыбар-цъыбурæй, гуывгуывгæнгæ æмæ зырзыргæнаг хъæлæстæй зарыдысты алымыггаг цъиутæ. Æмæ кæд сæ хъæлæстæ алыхуызон уыдысты, уæддæр æххæст кодтой хъæды иумæйаг гимн. Уый цъиуты 'взагыл кæрæдзиимæ ныхас нæ уыд. Архайдтой се 'ппæт буары æмæ уды хъарутæ, сæ курдиат сæ зарæджы равдисыныл. Сæхæдæг нæ зындысты, æмбæхст уыдысты бæзджын сыфтæры, суанг иу къалиуæй иннæмæ дæр нæ тахтысты. Æмæ афтæ зынд, цыма цъиутæ нæ, фæлæ æвзонг хъæды уадздзаг йæхæдæг зары.

Сура æцæг никуы фехъуыста ахæм диссаджы зарæг. Ныр фæхатыд: зæронд хъæд хъусæй лæууыд, зараг цъиуты стыр къорд ам уыд, ацы ног гыццыл хъæды. Лауканмæ фæзилгæйæ Сура сусæгæй дзурæгау афарста:

– Цæмæн афтæ у? Цы у?

– Афтæ цардæн аргъ кæнын зонынц æрмæст зараг цъиутæ! Уыдон афтæ цин кæнынц ног боны ралæудыл, хуры скастыл. Хур арвыл куы ссæуа, уæд бæстæ ныссабыр уыдзæн: цъиутæ бавналдзысты се ‘рвылбоны куыстытæм.

– Æрмæст ам æрæмбырд вæййынц цъиутæ? Ныронг ахæмæй цæуылнæ исты фехъуыстон?

– Нæ фехъуыстай, уымæн æмæ зæрдæйæ нæ хъуыстай. Ды цъиутæм нæ, фæлæ адæммæ дæр зæрдиагæй никуы кастæ, никуы хъуыстай … Хъæды цъиутæ æрбамбырд вæййынц æмæ иумæ цин кæнынц боны ралæудыл, хуры скастыл. Уæлæ уым чи бады, уый уыныс? – Лаукан къухæй ацамыдта бæрзонд бæласмæ.

Бæрзонд бæласы хус цъуппыл, раст цыма нымæты тыхт уыд, уыйау бадт æрхуым цæргæс.

– Цæргæс?.. – афарста Сура.

– Уыныс, уый зарын нæ зоны, нæ цин кæны боны рухсыл, хуры скастыл. Уымæн йæ зæрдæ талынг у, уый тугдзых у. Уый цард не ‘ндидзын кæны, уый зараг цъиутимæ нæ цин кæны, уый æрмæст сæ фæстæ зилы, цæмæй сæ ахса æмæ сæ скъуыдтæ кæна. Ацы тугдзыхтæ сты, дæ цæсты афтæ кадджын цы орктæ сты, уыдоны хуызæн.

## 8

Рæгъаугæс цы сæгуыты лæппыны фехста, уый уыд бурбын, рæсугъд æмæ йыл Сурайæн йæ зæрдæйы тугтæ калдысты. Лаукан сæнычча царм стыгъта æнæдзургæйæ, æмæ чызгмæ афтæ фæкаст, цыма лæппу цыдæр карз æгъдауы хъæугæ ритуал æххæст кæны. Æмæ, кæд сырды лæппынæн тынг тæригъæд кодта, уæддæр разы уыд ацы æгъатырдзинадимæ – алкæй дæр æмбæхст ис, незаманты цæрæг рагон лæг цы инстинкт ныффидар кодта, уый, ома йын ис, иннæ цæрæгойты йæхицæн амæттаг кæнын бар.

Æмæ ныр рæгъаугæс, уыцы ритуал æххæст кæнгæйæ, Сурамæ каст цавæрдæр мифон табугæнæджы хуызæн. Раздæры æнæрвæссон ахастæй

рог фæд дæр нал аззад. Лаукан йæ цæстыты сыстыр, фестад æгъдау æмæ намыс хъахъхъæнæг аргъæутты хъайтар. Æмæ, æцæгдæр, Сура никуыма фембæлд ахæм зынбамбарæн, æнæрцæф æмæ тызмæг адæймагыл. Лауканы уæлхъус лæугæйæ йын æххæст кодта йæ рог цуматæ.

– Æмæ нæм цæхх куынæ ис? – фæхъуыды кодта Сура.

– Мæнмæ ис цæхх. Рæгъаугæс æнæ цæхх никуы вæййы. Фосы хицауæй хæринаг рарвитын куы ферох уа, – афтæ арæх рауайы, – уæд хъæды ис ссарæн исты хæлц, фæлæ дзы цæхх не ссардзынæ, – йæ сæр не схъил кæнгæйæ йын дзуапп радта Лаукан.

Æппынфæстаг сæ физонæг сцæттæ. Хордтой, æгъдаумæ гæсгæ, хицæнтæй: кæрæдзимæ чъылдымыздæхтæй, цæмæй нæлгоймагмæ, сылгоймаг куыд хæры, уый ма зына. Алкæмæ дæр дзы уыд йæхи залмы сыф. Ходæны фæстæ Лаукан йæ фæсарцæй раласта гыццыл лалым, дон дзы схаста, Сурамæ йæ балæвæрдта, стæй йын загъта:

– Цу, æрдузы атезгъо кæн, æмæ иу хатт уæддæр бамбар цæстæй нæ, фæлæ зæрдæйæ, уалдзыгон хъæды рæсугъддзинад. Цыбыр дзырдæй, ардыгæй изæрмæ дæхи истæуылты ирхæфс.

Йæхæдæг бæхы суæгъд кодта æмæ йæ донмæ акодта. Сура дæр, хъулон-мулон цъиуау йæ рæсугъд дарæсы æнæуæндонхуызæй йæ сæр радардта хъæды тарæй, стæй æрдузмæ рахызт.

Хур арвыл бæрзонд стылди. Ирд цъæх арв уыд æнахуыр сыгъдæг. Æрдуз та æрдзы рæдау къухæй цæхæртæ калдта амæй-ай рæсугъддæр дидинджытæй. Йæ алыварс æртымбыл æрыгон цъæх-цъæхид хъæд, йæ бæлæсты цъуппытæй зæронд хъæдимæ баиу, афтæмæй йæ æмбæхста æцæгæлон цæстытæй. Уый уыд, æвæццæгæн, дунейыл æппæты рæсугъддæр æрдуз. Сура дзæвгар алæууыд æнæзмæлгæйæ, стæй цæугæдоны бацæуæгау, бахызт астæумæ кæрдæгмæ æмæ цингæнгæ цыд, йæ къухтæ, цыма кæрдæгхуыз денджызы ленк кæны, уыйау змæлын кæнгæйæ. Рæстæгмæ дзы айрох сты йæ сагъæстæ. Ныры онг цы цин нæ бавзæрста, ахæм цин æй йæ уæлныхты бæрзондæй-бæрзонддæр иста.

Райсомы мæргъты зард йæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ нырма ныр бамбæрста, афтæ тынг цæуыл цин кодтой, уый. Цæрынц, æнæ искæй цæстæй хи хизгæйæ, æнæ искæй фыдгой æмæ дам-думтæм хъусгæйæ, æнæ искæмæй уæлдæр уæвыны æнæсæрфат æмæ удсæттæг бæллицтæ… Афтæ сæрибарæй улæф æмæ кæс хъæды рæсугъддзинадмæ! Базырджын цъиуты хуызæн… Цы ис, уымæй хуыздæр…

Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты Лауканы ныхæстæ дæр уарзт æмæ сылгоймаджы уæззау хъысмæты тыххæй. Раст у, кæй зæгъын æй хъæуы, адыгаг бинонты ‘хсæн сылгоймаг рагон æгъдæутты бын цъист у…

Æмæ цавддурау аззад, æваст йæ сæры цы хъуыды ферттывта, уымæй: Сура йæхæдæг йæ тых, йæ бонæй бырста уыцы рæхыстæм? Мæнæ йæ цы сæрсæфæны былыл балæууын кодтой йæ кадылмард цæстсайæнтæ!..

Сурайæн та йе уæнгтæ æркалдысты, ногæй та йыл, дарддæр цы уыдзæн, ууыл сагъæс æртыхст. Нал сты йæ раздæры тырнæнтæ, фæлæ æцæг уарзты бæллицтæ дæр нал сæххæст уыдзысты.

Уалдзыгон боны рæсугъддзинад æрбайсæфт...

Ахæм хъуыдытæ кæнгæйæ, чысыл цæугæдонмæ бахæццæ. Бафæн-дыд та йæ ног уыцы цъиуты диссаджы симфонимæ байхъусын, фæлæ хъæд уыд сабыр, æрмæст дзы цыд иугай, кæрæдзимæ сидты цыбыр зæлтæ, се ‘хсæнæй уæлдай тынгдæр хъуыст, байраджы цъæхснаг мыр-мырау нæмыгхоры хъæлæс. Цъиуты се ‘рвылбоны куыстытæй зарынмæ нал æвдæлд.

Райсомæй Сура Лауканыл нæ бауæндыд. Фæлæ ныр йæхæдæг федта, цъиутæ афтæ æрмæст райсом раджы, хуры скастыл кæй фæ-цин кæнынц. Бафæндыд æй цъиуау сæрибар уæвын, фæлæ æмбæрста, цыдæр стыр цæлхдур ис йæ размæ æмæ йæ нæ уадзы. Æмæ кæд цин кæнын нæма базыдта Сура, уæддæр æй бауырныдта, боны ралæуд æмæ хуры скаст стыр цины аккаг кæй сты, уый.

«Уæддæр мæ бон æнæпайда цин кæнын нæу цардыл, мæ бон нæу мæхиуыл нæ хъуыды кæнын», – йæхинымæр дзурæгау кодта чызг.

Фæлæ бирæ мæт кæнынмыл ахуыр нæ уыд æмæ йæ сагъæстыл йæ къух ауыгъта:

«Цы дзы рауайдзæн, цыфæнды мæт куы кæнон, уæддæр! Цы йын кæнон, ахæм фæдæн, æмæ…», – йæ сæр батылдта, цæхгæр фæзылд æмæ Лауканы ауыдта. Уый лæууыд доны астæу æмæ, хъуызæгау цы уылæнтæ кодтой, уыдонмæ нымдзаст. Лæппуйы йæ хъуыдытæ афтæ дард ахастой, æмæ йæм Сурайы бон уыд æргомæй кæсын. Йæ сагъæсхуыз цæсгомыл ацы уалдзыгон боны ралæудыл цин кæныны фæдтæ нæ зынд.

Сура йын зыдта йæ царды хабæрттæ. Ахæм фыдбонтæ бавзар! Æмæ лæппуйы ныры уавæры чызг федта йæхи аххос дæр. Æгъатырæй йын йæ маргæйдзаг ныхæсты фат йæ цæф зæрдæйы фæсагъта. Ныххатыр ын

кæндзæн, цымæ, искуы? Сура йын уый бынаты нæ ныххатыр кæнид. Фæлæ куыдæй сраст кæна йæ рæдыд? Стæй йын цымæ ис срастгæнæн?

Йæхицæн басаст чызг, æрмæст иунæг Лауканы сразы уаид йæ зæрдæйы хъармæй батавыныл. Æрмæст ын тарст йе 'рхуымæй. Фæлæ та ногæй йæ разы фестад лæппуйы цæсгом, абон æй райсомæй куыд хъал кодта, уый. Йæ цæстытæй ивылд диссаджы рухс... Æмæ йæм, зæгъгæ, æдзух афтæ кæсы, уæд та?..

Чызджы зæрдæ æхсызгон рыст скодта, ногæй та ауыдта, цыма йæм Лаукан ныггуыбыр кодта æмæ дзы табугæнгæ куры амонд... Тыхæй асырдта йæ цæстсайæнтæ æмæ Лауканы 'рдæм фæзылд. Лæппу йæм каст цыдæр уазал, фæлæ æхсызгон цымыдисæй: раст маргæйдзаг рæсугъд дидинæгмæ, хæстæг бацæуæн æм кæй нæй, уый зонгæйæ, куыд кæсай, афтæ.

Изæры, æхсæвæры рæстæг Сура æнæнхъæлæджы афарста Лауканы:

– Ахæм зонддзжын уæвгæйæ, мæн дæхицæн мæ иу æнæрхъуыды ныхасы тыххæй æнæуынон куыд фестын кодтай?

Лаукан ахъуыды кодта, стæй йын дзуапп радта:

– Æмæ уый исты æнæуынондзинад у? Афтæ, æнæуи, адæймаджы хуызæн адæймагыл дæ нæ нымайын. Æз дын уæддæр загътон: зæрдæ цы адæймагæн ис, уый искæй рыст хынджылæггаг нæ скæндзæн. Æнæ мыггаг, æнæ фæхæцæг кæй дæн, уый та ме 'намонд у. Сабийæ цытæ бавзæрстон, уый фехъуыстаис: æгас хъæубæстæ дæр сæ зонынц. Фæлæ дæумæ мард адæймаджы дæ кард нытъгъыссын æлгъаг ми нæ фæкаст. Ды дæ æрмæст зынæрвæссон буцхаст чызг. Æвзæр дæ сахуыр кодтой. Адæймагæн йæ мулк æмæ йæ мыггагмæ гæсгæ аргъ кæнын рæдыд хъуыддаг у. Чи сты орктæ æмæ къйнйæзтæ? Адæмы тугцъиртæ, сырдтæ, давын æмæ стигъыныл хæст æгъатыр адæм. Мæ фокотлты знæм уыдонæй бирæ намысджындæр у. Мæ фыд хæцыд орктимæ æргомæй, сыгъдæгзæрдæйæ хъахъхъæдта фокотлты, зæхкусджыты бартæ. Дæумæ фокотлты удыхъæдæй ницыуал баззад! Дæ зæрдæ фокотлты знæгтæн радтай… Цы дæм ис аргъ кæнинагæй?

– Æмæ мæ уæд цæмæн фервæзын кодтай, Пшиготы дзæмбыты мæ цæуылнæ ныууагътай? – кæуынхъæлæсæй афарста Сура.

– Фæтæригъæд дын кодтон. Æндæр искæмæн куыд фæтæригъæд кодтаин, афтæ... Стæй мын тыхми æнæуынон у …

Сура ныхъхъус, æмæ сæ ныхас ууыл фæци.

Æмбисæхсæв ын Лаукан куы загъта, хæдзармæ цæуын хъæуы, зæгъгæ, уæд æппындæр нæ бацин кодта. Ам ацахуыр йæ худинагыл, уым та йæм уыцы фыдæвзарæнтæ ногæй æнхъæлмæ кæсынц.

Фæсæмбисæхсæв араст сты. Цыдысты æнæдзургæйæ, Сура хуыссæгау кодта Лауканы хъæбысы; цæмæй бæх тæрын æнцондæр уа, уый тыххæй йæм хъуамæ йæхи балхъывтаид, æмæ Сура æмбæрста, лæппумæ афтæ хæстæг кæй у, уый йын хъыг нæу. Хатгай-иу æй бафæндыд, йæ сæр ын йæ риуыл куы банцой кæнид, æмæ куы афынæй уаид, уый дæр, уымæн æмæ тынг бафæллад, фæлæ нæдæр фезмæлын уæндыди, нæдæр Лауканмæ бакæсын, афтæмæй æнцад æмраст бадт. Æрвылбонау æнкъард æмæ сагъæсхуыз уыд Лаукан дæр, цыд æнæдзургæйæ, æмæ йæм чызг афтæ хæстæг кæй у, уымæй цы æнкъарæнты ахасты уыд, уый ницæмæй æвдыста.

«Тынг раст кæны, кæй мæ ницæмæ дары, уымæй...», – ахъуыды та кодта Сура.

Боныцъæхты размæ, бæстæ талынгдæр куы вæййы, уæд бахæццæ сты хъæумæ. Бæстæ уыд æнахуыр сабыр. Лаукан Сурайы сæ хæдзары дуармæ саргъæй зæхмæ æруагъта. Чызг, бынмæ кæсгæйæ, гыццыл æнæдзургæйæ алæууыд, стæй сабыргай сдзырдта:

– Ды мæнæн цы хорзы бацыдтæ, уымæн аккаг аргъ скæнын мæ бон нæу, фæлæ дæ бауырнæд, мæ зæрдæ йедзаг у бузныджы æнкъарæнтæй… Хæдзармæ дæ бахонин, фæлæ дæхæдæг зоныс, сылгоймагмæ ахæм бартæ нæй.

– Сылгоймагмæ ис нæлгоймаджы зæрдæ басæттыны æнæкæрон бартæ, æмæ дын ахæм бартæ мæ цæст уарзы. Æнæниз у! – дзуапп ын радта Лаукан æмæ йæ бæхы фæцагайдта.

Сура æнкъардæй фæкаст йæ фæстæ, стæй бацыд, ныр æм æцæгæлон цы хæдзар фæкаст, уырдæм…

Рамазан йе ‘рдхордыл куыд фæцин кодта, уыдæттыл нæ дзурдзыстæм, фæлæ йæ сæйраг хæсыл банымадта Лаукан æмæ Сурайы чындзæхсæв фæтагъддæр кæнын.

– Иугæр хъуыддаг афтæ рауад, уæд фæтагъд кæнын хъæуы хистæрты, чызджы æфсымæртимæ дæр бафидауын æмæ дзæгъæл ракæ-бакæ нал, – уынаффæтыл схæцыд Рамазан.

Фæлæ йæ Лаукан æруазал кодта.

– Хъуыддаг никуыд рауад: мæ зæрдæ йæм фыццагау у уазал. Хъæды та бафæстиат стæм, цæмæй мæ орктимæ стох кæнын ма бахъуыдаид. Фæндыд мæ, цалынмæ мæ фæдтæм смудой, уæдмæ чызджы бааууон кæнын...

Рамазан зыдта Лауканы рæстуд æмæ намыс, фæлæ йыл ацы хатт æххæст нæ бауууæндыд, æмæ та-иу алы æфсæнттæй алы бон дæр хъæумæ йæхи айста. Æрхаста-иу уырдыгæй ног хабæрттæ æмæ сæ лыстæггай дзырдта Лауканæн. Фыццаджыдæр ын фехъусын кодта, зæгъгæ, Пшигот, чызджы æфсымæрты тасæй хæстæгдæр хъæдты йæхи æмбæхсы.

Рамазаны ныхæстæм гæсгæ, Сура сæхимæ куы бацыд, уæд æфсымæртæ сæ хæцæнгæрзтæм фæлæбурдтой, Лауканмæ бырсынвæнд скодтой. Фæлæ, дам сын хо афтæ: «Кæд мæ уарзут æмæ мæ бынтон æнамонд скæнынмæ нæ хъавут, уæд ляппуйы æнцад æруадзут. Уый йæхи дардта, æцæг намысджын нæлгоймагæн куыд æмбæлы, афтæ. Ноджы мæ худинаг æмæ æнамондæй фервæзын кодта, æмæ уæ хæс у Лауканы æрбахонын æмæ йын бузныг зæгъын».

Ахæм зонджын ныхæстæ, дам, кодта, æмæ æфсымæртæ фætарстысты: сæ тæргайгæнаг æмæ фыдахин æвзонг хойы ахæм æрхъуыдыджын æмæ сабыр ныхæстæгæнгæ никуы федтой, æмæ, дам, кæд йæ сæрызонд фæкуыддæр.

Æфсымæртæ сразы сты маст нæ исыныл, фæлæ Лауканы нæдæр хонгæ фæкодтой, нæдæр ын бузныг загътой.

Уалынмæ та Рамазан ног уац æрхаста, æнæхъæн хъæу, дам, Сура дыууæ боны хъæды куыд фæци, æндæр кой нæ кæнынц. Чызг бинонтæн, зонгæтæн, йæ хæлар чызджытæ æмæ ляппутæн бæлвырд фæдзырдта хабæрттæ. Сурайæн-иу зæрдæтæ æвæрын æмæ тæригъæдтæ кæнынвæнд чи скодта, уыдонæн-иу сæ ныхас фескъуыдта, мæт кæнинагæй дзы ницы ис, зæгъгæ, чи йæ уарзы, уыдон та хъуамæ цин кæной, Лауканы руаджы фыдбылызæй кæй фервæзт, ууыл. Æмæ, дам ма-иу йæ ныхасмæ бафтыдта, зæгъгæ, Лауканы хæс ницæмæй бафидæн ис.

Хъæуы Лауканмæ хорз цæстæй кастысты, ныр ын чызджы ныхæсты фæстæ ноджы фылдæр кад кæнын райдыдтой æмæ дзырдтой, зæгъгæ, Лаукан у æцæг адæймаг æмæ æндæрхуызон йæхи равдисын зонгæ дæр нæ бакодтаид.

Иухатт та, хъæуæй æрбаздæхгæйæ, Рамазан дисгæнгæйæ дзырдта:

– Фæлæ стыр диссаг уый у, æмæ чызг кæй фендæрхуызон. Раздæр

сæм-иу цыдтæн, уымæн æмæ-иу мæ хæлæрттæй бирæтæ уым уыдысты, стæй Сураимæ дæр дзыхæй чи кæй амбулайæ ерыс кæнынмæ. Фæлæ йæ дæхæдæг зоныс, йæ удыхъæд мæ зæрдæмæ никуы цыди. Ныр ын æз стыр аргъ кæнын.

Гыццыл фæстæдæр та ног уац æрбахæццæ кодта Рамазан. Нымад хæдзæрттæй цалдæр æрыгон лæппуйы Сурамæ усгур цыдысты. Фæлæ сын чызг ахæм дзуапп лæвæрдта: «Æз бонæй-бонмæ тынгдæр дис кæнын Лауканы зондыл. Хъæды фыр мæтæй мæхи куы хордтон, уæд мын афтæ загъта, ма, дам, мæт кæн: разындзæн, æдылы дам-думтæм чи нæ байхъуса, ахæм адæймаг. Сымах ахæмтæ разындыстут æмæ уын мæ сæрæй ныллæг кувын, фæлæ уæ мæ бон нæу асайын: мæ зæрдæйы нæй сымахмæ уарзондзинад, уым æрмæст Лауканæн ис бынат. Æз мæхицæн дзырд радтон, мой не скæндзынæн, цалынмæ Лаукан ус нæ ракура, уæдмæ. Æрмæст афтæмæй бауыдзæн мæ бон, ме 'нæкæрон бузныджы æнкъарæнтæ равдисын, æрмæст афтæмæй сраст кæндзынæн мæхи йæ разы мæ кæддæры æгъатыр ныхæсты тыххæй».

– Мæ цуры дзырдта афтæ! Федтай, цыхуызæн чызг разынд! Зондджын, æууæнкджын, æнувыд! – æппæлынæй нал æнцад Рамазан, йе 'рдхордмæ комкоммæ кæсгæйæ. Фæлæ та йын йæ куыдфæндыйы ахаст куы федта, уæд йæ къух ауыгъта æмæ мæстджынæй ацыд.

Цалдæр боны фæстæ та сног кодта йæ ныхас, фæлæ ныр карздæрæй дзырдта: «Дæхи æцæг адæймаг хоныс, фæлæ дæхи æцæг адæймаджы хуызæн нæ дарыс. Хъæубæстæ дæр дæ разы не сты. Дзурынц, зæгъгæ, дам, Лаукан йæ оцанийæ хирвæссон оркты хуызæн у.  Чызг, дам, йæ рæдыд бамбæрста, бауарзта йæ, æмæ, дам, Лауканы 'рдыгæй ахæм ахаст лæгдзинад нæу! Æз Сураимæ дæр ныхас кодтон. Бафарстон æй, разы у дæумæ смой кæнынил æви нæ, уымæй. Æмæ мын афтæ: «Кæд мын ныххатыр кæна, уæд цæрæнбонты дæр архайдзынæн йæ зæрдæхудты нæ бацæуынæй...» Афтæ, гъе, – мæстыхуызæй фæхъæр кодта Рамазан æмæ та ногæй афарста йе 'рдхорды:

– Ды та цы зæгъынмæ хъавыс? Сфæлдисæджы номæй дын ард хæрын – ды мæ хуыздæр æрдхорд дæ, фæлæ уыцы чызгыл дæ къух куы сисай, уæд дын мæнæй æрдхорд нал ис! Кæд дæ йæ базонын фæнды, уæд уыцы бæллæхы дæр мах аххосæй бахауд! Мах сæрыл бафхæрдта Пшиготы! Стæй, хорз, уый фæрæдыд, фæлæ йæ рæдыд бамбæрста, цы ма дæ хъæуы? Уый та дын, фыццаг бакастæй цы Сурайы бауарзтай, уый. Цыфæнды

ахъуыды кæн, фæлæ дæ оцани ныр зондцухы мийы хуызæн у. Зæгъ ныртæккæ дæ фæстаг ныхас, æмæ æз æмæ ды ууыл фæхицæн стæм!

Лаукан ницы дзырдта, стæй æхсызгон мидбыл худгæйæ, фæзылд Рамазанмæ.

– Мæсты ма кæн, мæ хæлар... Мæнæ дын мæ фæстаг ныхас: зæххыл ахæмæй ницы ис, цæмæй æз ме ‘рдхордыл мæ къух сисон, æмæ ма адæмы фыдæх дæр бавзарон. Кæд чызг разы у, уæд æз дæр дыууæ нал зæгъын. Æцæг мæ Сурайы ныхасмæ фенын хъæуы.

Рамазан æнæдзургæйæ ахъæбыс кодта Лауканæн, йæ худ йæ сæрыл арфдæр æрнадта, йæ бæхыл йæхи баппæрста æмæ хъæумæ фæцагайдта.

Хъæуыл куы айхъуыст Сура æмæ Лаукан бафидыдтой, зæгъгæ, уæд дзырддзæугæ хистæртæ æрæмбырд сты æмæ дзырдтой: «Раздæр нæ ахъуыды кæнын хъуыд, хæрз сывæллон лæппуйæ йе стыр бæллæхты бынæй йæхи мах уазæг чи бакодта, уый хъысмæтыл. Иугæр йæхæдæг сфæнд кодта бинонты хъуыддаг, уæд та йын æнæхъæн хъæуæй дæр нæ хæс у баххуыс кæнын».

Сурайы æфсымæртæ нæ разы кодтой сæ хойы мæгуыр лæппуйæн раттыныл, ноджы сæ орктæ дæр алы мадзæлттæй ардыдтой. Фæлæ Лаканы хъысмæт баст уыд мæгуыр зæхкусджыты æмæ феодалты æнусон тохимæ, æмæ йыл æнæхъæн хъæу дæр зæрдиагæй тыхст. Зæрæдтæн æнцонæй бафтыд сæ къухы æфсымæрты рæгъаугæсимæ бафидауын кæнын, æмæ хъæу йæхи чындзæхсæвмæ цæттæ кæнын райдыдта.

Æппæты фыццаг уал, Ныхасы уынаффæмæ гæсгæ, хъæуы кæрон иумæйаг зæххытæй Лауканæн хæдзар аразынæн бынат рахицæн кодтой. Уый фæстæ райдыдтой хъæдæрмæг ласын.

Рагæй нал уыд хъæуы Ныхасы уыйбæрц адæм иумæ æмбырдæй. Зиу расидтысты æмæ иу бонмæ хъæугæрон сырæзт, адыгаг хъæуты цы хæдзæрттæ уыд, ахæм хъæдын хæдзар æртæ хатæнимæ. Кæрты алыварс сбыдтой уистæй кау. Сара, скъæт, кæркдон – алцыдæр йæ бынаты. Дыккаг бон сылгоймæгтæ æрæмбырд сты æмæ цæрæнуæтты къултæ æлыгæй байсæрстой. Хæдзары дзаума дæр хъæу æрæмбырд кодтой чындзæхсæвмæ лæвæртты æфсон. Хъæуы цæрджытæ иумæйаг фæрæзтæй Лауканы ног кæртмæ батардтой заинаг хъуг. Чындзæхсæвы хæрдзтæ дæр фокотлты бинонтæ сæхимæ райстой. Лаукан дисæй мард, уыйбæрц хуынтæ æмæ уыйбæрц хæринаггæнæг сылгоймæгтæ кæцæй фæзынд, ууыл.

Чындзæхсæвы адæмæй къух бакæнæн нæ уыд. Ахæм æгъдау уыд

адыгтæм фыдæлтæй нырмæ: цины дæр æмæ хъыджы дæр сыхæгтæ кæрæдзимæ æнгом æрбалæууынц…

Афтæ хъæуы кæрон фæзынд чысыл бинонты къорд. Хъæуы Ныхасы, кæд оркты нæ фæндыд, уæддæр рахастой Лауканæн хуымзæххы хай рахицæн кæныны уынаффæ дæр. Ныр æххуырст рæгъаугæсæй нал куыста, фæлæ зæххусæджы фæллойæ цæрын райдыдта. Уæдмæ сын тас нал уыд орктæй дæр. Пшиготы мард йæ нымæты тыхтæй ссардтой хæстæг хъæдтæй иуы...

Уæддæр ма Сура дзæвгар рæстæг æнкъардта йе 'фхæрæн ныхæсты фæдтæ Лауканы зул цæстæнгасы. Сылгоймаг алцыдæр æмбæрста, хъаст нæ кодта, æрмæст æнхъæлмæ каст, йæ мойы зæрдæ кæд æрфæлмæн уыдзæн, уымæ…

Райгуырд сын фыццаг сывæллон – лæппу. Иубон Сура æмæ Лаукан авдæны цурмæ иумæ цыд фесты. Сывæллон хуыссыд, йæ гыццыл тыппыр къух йæ дзыхы, афтæмæй. Стæй лæмбынæг кæстытæ кæнын райдыдта йæ рихиджын бæрзонд фыдмæ. Саби цæсгомы æвæрдæй, йæ былтæ æмæ фындзы кондæй уыд Сурайы хуызæн, фæтæн ных, стыр сау цæстытæ æмæ, фындзы сæрмæ чи баиу, уыцы æрфгуытæй та – фыды æнгæс.

Мад æмæ фыд циндзастæй бирæ фæкастысты сæ хъæбулмæ, стæй фемдзаст сты. Æмæ та Сура Лауканы цæстыты федта, хъæды куы уыдысты, уæдæй нырмæ дзы цы цæстæнгас нæ рох кодта, уый. Уарзт æмæ амондæй хайджын бузныджы æнкъарæнтимæ каст Лаукан ныр дæр Сурамæ, стæй йыл йæ тыхджын къухтæ æрбатыхта.

*Уырыссаг æвзагæй Безаты Фаризæйы тæлмац*

*ГОБОЗТЫ Агуындæ*

# АЗÆ

*Радзырд*

Дзæуджыхъæуы ралæууыдысты уалдзыгон бонтæ. Комдарæны мæй дисы æфтыдта адæмы, уæлдайдæр та дис кодта Азæ:

– Цард-цæрæнбонты никуы уыд афтæ хъарм. Уый уарынтæм сайы,– дзырдта йæ сыхаг устытæн.

– О, цъиутæ ныллæг тæхынц. Ноджы ма цы? Дзæбæх бонтæ ралæууыд, æмæ мæнæн бузныг зæгъ. Æз ныр мæ ног къаба акæндзынæн æмæ парчы фæмидæг уыдзынæн, – загъта Сæлимæ дæр æмæ йæ къухтæ йæ уæрджытыл лæгъзгæнæгау æруагъта.

Кæд Сæлимæ дæр йæ кары бацыд, уæддæр йæхи æрыгон чызгыл нымадта, фыдæлты æмбисæндтæ дзы ферох, æмæ ног дуджы хæрзтæй зæрдиагæй пайда кодта. Нæ каст уый хорз Азæмæ.

– Сомбон дæ чызгæн зонд куы амонай, уæд дын уый дæр зæгъдзæн: «Ма, мæнæ мæ ног къаба парчы равдисон, къустæ дæхæдæг ахс!» – Стгæ-стын, худгæйæ, загъта Азæ. Йæ къухтæ йæ синтыл сæвæрдта æмæ ацыд хæдзармæ.

–Уайдзæфтæ хъуаг не стæм! – ахъæр ма ласта Сæлимæ йæ фæстæ.

Санахъоты Азæ цард иунæгæй. Фондзуæладзыгон хæдзары йын уыд фатер. Йæ лæг æмæ йæ фырт хæсты кæй фæмардысты, уый сæрмæ йын æй радтой. Цы дыууæ уаты дзы уыд, уыдон дардта сыгъдæгæй. Йæ райсом-иу райдыдта мæрзынæй æмæ æхсынæй, стæй-иу йæхи ныннадта, йæ дзаумæттæ скодта æмæ хæринаг цæттæ кæныныл балæууыд. Дис ыл кодтой иннæ устытæ: «Цы дæ нæ уадзы алы бон?» Азæ сын-иу дзырдта: «Цалынмæ мæ бон у, уæдмæ афтæ уыдзæн». Уарзта йæ хæдзар, фæлæ дзы уæддæр йæхи иунæгæй хатыд. Изæры-иу æрбадт фынджы уæлхъус æмæ тæхуды кодта йæ сыхæгтæм…

Азæ хæдзары йæ фæлмæн мидæгæйдаргæ дзабыртæ скодта. Бацыд уатмæ. Йæ къæлæтджыныл æрæвæрдта баз æмæ æрбадт. Сындæггай йæхи узын райдыдта. Йе 'нцъылд цæсгомыл фæзынд æнкъарддзинады хъарм. Кæддæры ирд арвцъæх цæстытæ фæфæлурсгомау сты æмæ, цыма сæ зынг æрмынæг, уыйау кæсынц,

къуыл цы къам ауыгъд ис, уымæ. Æрыгон нæлгоймаг. Рихитæ, цæргæсы фындз æмæ стыр сау цæстытæ. Карз цæстæнгасы фæстæ æмбæхст у салдаты фæлмæн уд.

– Нæ мæ ‘мбарынц мæ сыхæгтæ, Цорæ… – Арф ныуулæфыд Азæ. –Алцыдæр сын ис: фырттæ, чызджытæ, чындзытæ, кæстæртæй сæ хæдзæрттæ дзаг, мæнæн та мæ иунæг хъæбул фесæфт. Иу дзæгъæл усæй мын иу саби дæр нæ ныууагъта. Райсæм Сæлимæйы. Цы йын у? Чындз æфснайы, чызг ын æххуысс кæны. Йæ мæт – ног къаба равдисын. – Йæ рахиз къахæй йæхи тынгдæр асхуыста æмæ йæ сæр фæстæмæ æруагъта. Дзедзырой кæны.

– Арсланæ йæ тынг уарзта нæ фырт Тасолы. Мемæ цæрын ма хъавыд, фæлæ дзы цы кæнын? – бахудти ус, æмæ йæ цæстытыл ауад уыцы æрыгон чызг – йæхи мардта Тасолыл.

Азæ йæ фыццаг рæвдыдта, æмбæрста йæ, фæлæ дзы тагъд сфæлмæцыд.

– Бадти æмæ куыдта бон-изæрмæ. Мемæ цæрын райдыдта, хæдзары афтæмæй никуы ницы бакуыста. Тæригъæд ын кодтон, уый та… Горæты фатермæ бæллыд, – йе ‘нцъылдтæ къухтæй йæ цæсты бынтæ асæрфтæ. Йæ къухдарæнтæм фæкомкоммæ и. Иу дзы уыд сызгъæрин, цыма синаг стыхст æнгуылдзыл, уыйау. Иннæ – сырх зынаргъ дуримæ.

– Цæрæгмæ ‘хцæ нæ уыд, фæлæ мын балæвар кодта, æппæты зынаргъдæр æм цы уыд, уый – йæ зæрдæ. Хæстмæ куы цыд, уæд мын мæ къухыл бакодта ацы сырх дур… Судзгæ цæссыгæй куыдтон. Фæлæ фæстæдæр бамбæрстон: цард дарддæр цæуы. Ахæм растæг скодта, æмæ ма цæмæн хъуыд къухдарæнтæ, фæлтау ссад, науæд нартхор, – Азæйы цæстытæ доны разылдысты, фæлæ иунæг æртах дæр йæ русыл не ‘руад. Йæ кæлмæрзæн систа, йæ дзыккутæ къухæй æрлæгъзытæ кодта. Стæй сæ бийын райдыдта. Фæлмæн бæндæнау кæрæдзийыл тыхстысты. Иу, стæй иннæ. Иу, стæй иннæ… Сындæггай йæхи узгæ, бадт. Рæвдаугæ цæстæнгасæй каст Цæрæджы нывмæ. Йæ къæлæтджыны фæстæ сахаты фат цадæггай цъыкк-цъыкк кодта.

– Цорæ, цы кæнон? Мæ цардæн нæй нысан. Мæ фатер дæр кæй фæуыдзæн? Мæ мардмæ мын цы хо æнхъæлмæ кæсы, уыйы сывæллæтты?.. Иу дзæбæх адæймагыл куы фембæлин. Удæй рæсугъд æмæ æмбаргæ. Курын дæ, Хуыцау...

* * *

Абон раджы рабадт. Йæ зæронд стджытæ базмæлын кодта. Йæхи уæлæнгæйтты æрæхсадта. Сыгъдæг дзаумæттæ скодта. Хæргæ нæма бакодта, афтæмæй æрбадт стъолы уæлхъус гæххæтт æмæ фыссæн гарзимæ. Сахатмæ бакаст, стæй йæ фырты къамыл рæвдаугæ йæ цæст æруагъта. Арф ныуулæфыд æмæ фыссы: «Лизиноприл. Лозартран. Терафлекс». Æркаст фыстмæ:

– Ацы хостæ сты иннæтæй хуыздæр, фæлæ, мыййаг, фæзынаргъдæр сты, уæд æндæртæ райсдзынæн. Дарддæр – бафидын рухс, дон, газæн. Дарддæр фыссы: «Кæрдзын. Сауфагæ. Хæнкъæл…» Йæ фырты къаммæ ногæй бакаст. Дысоны хъуыдытæ йæ нæма суагътой. Йæ уд ын цыдæр маст рæхойы.

Хæсты тæккæ кæрон йæ иунæг фырт... Уыцы бон, цыма нырма знон уыд, афтæ йæ хъуыды кæны. Æдде æхсадта, йæ хуыссæнты цъæрттæй ма цы баззад, уыдон. Гыццыл цъиуты цыма цæргæс сырдта, уыйау æрбатахтысты сывæллæттæ. Сæ фæдыл сцæйцыдысты лæппутæ фондзæй. Дыууæйæ кæйдæр хастой. Азæйы къухтæй зæххмæ æрхаудта урс æмбæрзæн.Уыцы аз ын йæ лæгæй дæр загътой: «Фесæфт».

Уæдæй нырмæ иунæг у. Советон дуджы бæргæ хорз уыд, фæлæ ныр дуне дыууæ мины фыццæгæм азмæ бакъахдзæф кодта, æмæ Азæ разы нæу абоны цардæй. Фæкæсæг æм нæй. Азæ ма сахатыл йæ цæстæнгас аныхæста æмæ йæ дзаумæттæ скодта. Дуар сæхгæдта æмæ фæраст почтæмæ.

– Уæ, Азæ, чысыл фæлæууыдаис, æмæ дын дæ пенси бахастаиккой! – радзырдта йæм чысыл рудзынгæй чызг. Йæ сау дзыкку уыд цыбыр æлвыд.

Сылгоймаджы былтæ бахудызмæл сты. Мæдинæмæ хорз цæстæй каст æмæ-иу хъуыды кодта, куыд хорз фидыдтаиккой йæ фыртимæ, ууыл.

Чызг ын æхца, нымайгæ-нымайын, йæ разы æрæвæрдта. Азæ бафыста йæ хæстæ. Сæ фиддонтæ та схызтысты, фæлæ цы йæ бон у? Хъаст кæна, ма кæна – ницы аивдзæн. Ацыд ныр та хостæ æлхæнынмæ.

– Бабушка, не задерживайте очередь, – райхъуыст сылгоймаджы фæстæ. Раздæхт дзурæгмæ. Йæ бакаст уыд тызмæгхуыз, фæлæ рæсугъд лæппулæг. «Цы пайда ис дæ рæсугъдæй, кæд æмæ хистæртæм ахæм дзыхæй дзурыс»? – Ахъуыды кодта Азæ æмæ та лæгъстæгæнæгæй дзуры афтечы кусæгмæ:

– Кæд ма мыййаг, ис ахæм хос, фæлæ асламдæр?

– Ис, фæлæ уый афтæ ахъаз нæ уыдзæн. Стæй ма, гæнæн ис, æмæ

рынчындонмæ бахауай, уый дæ хъæуы? – къæйныхæй йæм дзуры уый. Йе ‘рфгуытæ, цыма калм хурбон йæхи дурыл хъарм кæны, уыйау сты. Урс хæдон кæйдæронау бадт слгоймагыл.

«Хинæй сæрст», – февзæрд Азæйы сæры. Ныуулæфыд. Цыма йæ цыдæр чысыл къоппы ныввæрдтой æмæ йын улæфын зынæй-зындæр у, афтæ хатыд йæхи. Кæцæйдæр райхъуыст сывæллоны кæуын, æмæ адæмы хъуыр-хъуыр фæтынгдæр: фæстиат сæ кæны…

– Æмæ æз дыуурæ мины хостыл куы схардз кæнон, уæд ма æнæхъæн мæй цæмæй цæрдзынæн? – баввахс гыццыл рудзынгмæ æмæ мидæмæ чысыл сывæлллоны цæстæнгасæй каст – ома, баххуыс мын кæн, адæймаг нæ дæ?!

– Это ваши проблемы! – мæстджынæй сдзырдта хосты хицау æмæ йæ былтæ акъуырдта.

– Девушка, дайте ей уже то, что она просит! – æнæрхъæц хъæлæс та райхъуыст Азæйы фæстæ.

Азæ лæуууыд, йæ зæрдæ бахъарм, фæлæ йын йæ фæсонтæ бакъуырдта рæсугъд лæппулæг:

– Цæй-ма! Адæм дæумæ кæсынц!

Азæ йе ‘хца ризгæ къухтæй систа æмæ дыууæ мины балæвæрдта рудзынгæй.

– Ещæ триста пятьдесят рублей!

Азæ смæсты. Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты йæ зын бонтæ: хæст, фыдуацтæ, стонг рæстæг, ныры фæсивæдæн æдыхст фидæн йæхи удæй чи балхæдта, уыдон. Уæдмæ йын йæ цонгмæ рахизырдыгæй чидæр хъавгæ бавнæлдта. Уый уыд æрыгон чызг, йæ хуыз мæйтæ æмæ хуртæ калдта. Азæ ахъуыды кодта: «Æртæккæ та мæ ай дæр рæхойдзæн». Чызджы хъæлæс фæлмæн дымгæйау, фæлæ фидар мæсыджы дурау зæлыд:

– Нана, цас ма дын нæ фаг кæны?

Азæйы зæрдæ цæхгæр сгуыпп-гуыпп кодта. Йæ бæсты мидæгæй радзырдтой:

– Æртæсæдæ фæндзай сомы!

Чызг æм æхца балæвæрдта. Азæ йын каст йæ фæззыгон зондджын цæстытæм. Чызг ын йæ цонг сабыргай айвæзта.

– Цом, нана, – æддæмæ йæ ракодта. – Кæдæм дæ хъæуы цæуын?

Фæлæ Азæ джихæй лæууыд. Чызг ма иуцасдæр алæууыд, йæ сахатмæ æркаст:

– Мæн тагъд кæнын хъæуы, хатырæй фæуæд, – æмæ адæмы ‘хсæн

ærбайсæфт. Азæ ма чысыл алæууыд. Йе 'нцъылд русыл æруад цæссыджы æртах…

«Уæддæр дзæгъæлы нæ фæмардысты. Цалынмæ ахæм адæм уа, уæдмæ дзæгъæлы нæ уыдысты утæппæт хъизæмæрттæ», – ахъуыды кодта Азæ æмæ уæзбын фæцæйцыд йæ хæдзармæ.

* * *

Азæ йæ уаты астæу лæууы. Æрзылд йæ мидбынаты æмæ йæ цыргъ цæст уатыл ахаста: «Сыгъдæг у, фæлæ йæ рамæрзон», – сфæнд кодта æмæ уымæл цъылынæй райдыдта мæрзын.

Рудзынгæй хур æрбакаст: хъазыд дидинджытимæ, серванты авгæй дуæрттыл цæхæр скалдта. Тъæпæнсæр хох æнцад хуыссыд, ранæй-ран дардта кæрдæгхуыз цъæх. Цъиуты цъыбар-цъыбур зæрдæйы фæлмæн тынтæ уагъта:

– Къупп-къупп!

Ус йæ сæр сдардта. Хус цæсгомыл базмæлыд æхсызгон худт, цæстытæ ферттывтой. Кæрдзыны хай рахаста, рузынг сындæггай бакодта æмæ æддердыгæй лыстæг ныссаста кæрдзын. Сырддонцъиуты хæрынмæ 'рбатахтысты бæлæттæ дæр. Азæ рудзынг сæхгæдта.

Сылгоймаг цыд сабыргай. «Ссæдз минутмæ бахæццæ уыдзынæн, – хъуыды кодта Азæ. – Уыцы чызгыл кæд фембæлин, цы нæ вæйийы, йæ ном дæр ын нæ базыдтон».

Уæдæй нырмæ дыууæ къуырийæ фылдæр рацыд. «Зæрондыл цоппай нæ фидауы» – дзырдта Азæ, фæлæ мæнæ йæхæдæг цыд, куы почтæйы цурмæ, куы уыцы дуканийы цурмæ, цæмæй фембæла уыцы, йæхимæ гæсгæ «хорз» адæймагыл. Уыцы бонæй фæстæмæ йæ зæрдæ рад, æмæ, цыма йæ цардæн ног нысан фæзынд, уыйау ын æнцон улæфæн уыд.

«Туджы аргъæй балхæдтон цыхт, ссад, цæхæрайы сыфтæ, кæрдæджытæ. Картоф мæ къаддæр хъуыд райсын. Цы мæ нæ уагъта?.. Мæхи аххос у. Цæмæн рахастон афтæ бирæ?» – йæхимæ мæстджынæй дзырдта ус æмæ дыууæ дзаг дзæкъулимæ цыд автобусмæ. Æрыгон лæппуйы фарсмæ æрлæууыд æмæ йæм æрхатыд:

– Дæ хорзæхæй, æртын фæндзæм куы фæзына, уæд-ма мын æй загъ, цæстæй æвзæр уынын.

Уый йæм бынмæ æркаст, æмæ загъта:

– Я вас не понимаю.

Ус фæджих. Бæрзонд лæппу сагау лæууыд. Ærвхуыз цæстытæ. Бæзджын æрфгуытæ. Йæ былтæ йын, цыма Хуыцау йæхæдæг сныв кодта, уыйау. Фæла йæ цæстæнгас… Уый нысхъæл, уæларвæй каст ацæргæ сылгоймагмæ. Азæ йе 'ргом аздæхта фæндагмæ. Далæ цыдæр ссæуы, фæлæ йын цы номыр и?.. Феввахсдæр, æмæ уыны æртæ… Йæ цæстытæ ныззынг кодта æмæ уыны фондз: «Мæнæ цы хорз у!». Автобус æрлæууыд. Дуарæй хъуырхъуыргæнгæ рахызт æвзонг чызг. Ærтындæс азы йыл цыдаид:

– Женщина, отойдите, дайте пройти! – æмæ бакъуырдта Азæйы. Уый йæм ницы сдзырдта. Тыхамæлттæй схызт. Кæсы, æмæ дзы сбадæн бынат нæй…

– Женщина, дверь! – фехъуыст шофыры хъæр. Азæ йæ тых-йæ бонæй дуарыл æрбахæцыд. Йæ цæст ахаста фæсивæдыл… «Иу дæр дзы нæ базмæлыд, сæ цæстытæ мæ 'мбæхсынц», – ус йæ дзæкъултæ иу къухмæ райста, йæ син ауагъта, йæ фарсмæ цы бадæн уыд, ууыл. Нывнæлдта йæ дзыпмæ, тыхсти, фæстиат кæй кæны бафидынмæ, уый тыххæй, фæлæ йæ бон нæ уыд тагъддæр базмæлын. Систа æхцатæ, дæс туманы дзы рахицæн кодта, иннæтæ æвæры фæстæмæ. Уæдмæ хъусы:

– Женщина, вы наконец-то платить будете?!

«Хъæр кæн, тынгдæр. Мæ бæрц фæцар. Мæ бæрц бавзар, стæй дыл дæхи хуызæттæ сæ къæхтæ хафдзысты!» Фæрыст йæ зæрдæ. Балæвæрдта йæ быны бадæгмæ йе 'хца:

– Дæ хорзæхæй, адæтт ма, мæ хъæбул.

Лæппу иннæрдæм азылд, цыма йæ нæ хъусы. Азæ та йæм сдзырдта, уæд лæппу былысчъилæй бакаст усмæ, райста æхцайы гæххæтт. Адæдта сæ, зæгъгæ, афтæ йæ фындзы бынмæ загъта:

– Не мешало бы руки помыть…

Азæ фæкуыддæр. Ærкаст йæ къухтæм: æрдæбон картоф куы æвгæдта, уæд ын счъизи сты. Уæдмæ дуар байгом, иу сылгоймаг йæ сывæллонимæ ахызт, æмæ Азæ базмæлыд, йæ бынаты йын сбадон, зæгъгæ, фæлæ уæдмæ лæппу æмæ чызг сæгъътау сгæпп кодтой мидæмæ æмæ уæгъд бынаты сбадтысты. Къæхты бынæй ныуулæфыд Азæ æмæ æнæбары банцой кодта йæ быны бадæгыл.

– Не толкайтесь, женщина, – загъта лæппу æмæ йæхи размæ агуыбыр кодта.

Азæ кæсы рудзынгæй, уыны йæ агъуыст:

– Ам-ма бауром, дæ хорзæхæй.

Бæргæ йæ фæндыд йæ фæдыл дуар йæ тых-йæ бонæй ныггуыпп кæнын, фæлæ йын нæ бантыст.

«Эх… Мæ маст суадзынмæ дæр мæм тых нал ис» – æнкъардæй ма загъта Азæ, стæй баивгъуыдта сæхимæ.

Зиан

Изæрæй уыд хъæргæнæг. Уый фæстæ Азæйы зæрдæйы фæзынд тыхсты хæлуарæг. Æнæхъæн æхсæв йæ мидæг тæлфыд. Йæхи ма цы фæкодтаид, уый нæ зыдта. Алыхуызон хъуыдытæ хæлуарæджы тынтау ын тыхстысты йæ ацæргæ магъзыл: «Цы ма у мæ цард? Нæй мын чындз, нæй мын цоты цот… – арф ныуулæфы æмæ куы йæ фарсыл иннæрдæм æрзилы, куы цармæ скæсы.– Куыд иунæг дæн… Мæ бон цы у… Мæ фырт Тасол удæгас куы уыдаид…

– Уæд цы? Цы? – Талынг къуымæй йæм радзырдта цыдæр æнæзонгæ бæзджын хъæлæс. Азæ уый æнхъæл нæ уыд, æмæ хæрдмæ фесхъиудта.

– Куыд цы? Бинонты цард кодтаикам, фæлæ мын йæ фæстæ никæй ныууагъта. Искуы йын куы разынид саби…

– Дæхи хъусыс, зæронд? – худгæйæ та йæм дзырдæуы тылынгæй.

– Нæ… Фæлтау мæ базыры бын ахъарм кæнон мæ сывæллоны хæрам, цæйнæфæлтау мын ныгæнæг ма уа. Кæсыс, Дзасболæн цас цот ис… Цас кæстæртæ… Цæссыг ыл цас фæкалдзысты… Фæлæ мæнæн Дзасболау бирæ бынтæ нæй, æмæ мын иу кæстæр дæр фаг у. Ацы фатер дыууæйæ дæр куы дих кæной, уæддæр сæм бирæ не ʻрхаудзæн. Ауæй йæ кæнæнт. Цæуылнæ? Уадз æмæ сæ фидæн балхæной ацы капеччытæй.

– Эх… Мæгуыры зæрдæ фынтæй хъал у. Кæмæн смаг кæнай, уый дæ бынығæндзæн! Ууыл фестæм, – мæстджынæй загъта хъæлæс.

Райсомæй дæс сахатыл зынтæй рабадт йæ уатæй. Æмбæлгæ дзаумæттæ бацæттæ кодта, каст сахатмæ. Дыууадæсыл рахызт йæ хæдзарæй зианмæ.

Дымгæ йын цæугæ-цæуыны фæйлыдта йæ сау къаба. Йæ урс дадалитæ зына-нæзына зындысты кæлмæрзæны бынæй. Уыны дуне хæдтулджытæ. «Мæ мардмæ та цасæй æрцæудзысты?.. Кæд Тасолы æмбæлттæ, ме ʻмкъласонтæ, удæгас ма дзы чи уа, уыдон. Æндæр ма чи? Кæй хъæуы мæ зæронд?»

Кæртмæ бацæуæны æрлæууыд, агуры, кæимæ фембал уа, уый. Цалдæр сылгоймагимæ бакъорд ис. Мард рахастой. Азæ йæм бацыд, йæ къухтæ йыл æрæвæрдта. Кæсы Дзасболы чызджытæ æмæ йæ чындзмæ: дыууæйæ – лæджы хæлæфты, иннæ дыууæ – уæрагæй уæлдæр къабаты. Цæнгтæ гом: «Тц-тц-тц, – хъуыды кæны Азæ. Гъеныр Аннæ нæ уыны ацы чызджыты?..»

– Ацы зæрæдтæн та искæй бафауынæй хуыздæр мацы ратт! – Зæлы Азæйы магъзы талынг къуымы дысоны хæлуарæджы хъæлæс. – Аннæйæн цот ис. Цы уæлдай сæ у, цавæр сты æмæ куыд конд сты, уымæй? Сæ фыд фæмард – баныгæдтой йæ. Дæу дæр уымæй фылдæр ницы хъæуы, куыд зонын, афтæмæй.

Азæ, цыма бындзы суры, уыйау йæ къух бауыгъта йæ хъусы цур. Чызджыты фарсмæ лæууыд Дзасболы бинойнаг йæхæдæг – Аннæ. Кæддæры рæсугъд сылгоймаг, сабыргай лæмæрста йæ цæстытæ.

Азæ бацыд сабæттаг ныффыссынмæ. Æркаст номхыгъдмæ. Минæй къаддæр ничи фыста. Йæ дзыппы цы фондзсæдæ уыд, уыдон нылхъывта. Йæхимæ ницæйаг æркаст, фефсæрмы æмæ сдзырдта:

– Гацалты Людæ, – æмæ балæвæрдта æхца фыссæгмæ, уый йæм уæлæмæ дæр не скаст.

Азæ фæстæмæ адæмы ‘хсæн æрлæууыд. Чидæртæ цæуылдæр дзырдтой, фæрсырдыгæй хъуыстис худын. Сфæлмæцыд. Уæларвмæ скаст, æмæ цымæ йæ зердæ мысинæгты къæбиц байтыгъта, уыйау æрхъуыды кодта, кæддæр Дзасболимæ фæткъуытæ куыд давтой, уый.

– Фæндараст у, – мынæг хъæлæсæй загъта, йæ русыл æрлæсыд цæссыджы æртах æмæ айсæфт йæ цæсгомы æнцъылдты.

«Куыд чысыл фæцард»,– райхъуыст кæйдæр дзурын. Азæ ма сæм бакаст, стæй рацыд йæ хæдзармæ.

Фехъуыстай, куыд загътой уыцы устытæ, – фæрсы йæхи фæндагыл. «Чысыл фæцард»… Уæдæ ма фылдæр кæм и? Мæ цахъхъæн у! Мæныл та æнæхъæн æстай æртæ азы цæуы. Куыд у раджы? Кæд ма? Дæ царды хорзæй куы ницыма саразай, уæд вæййы раджы, – дуар бакодта æмæ быхызт йæ уатмæ. Фæлмæн дзабыртæ æнхъæлмæ кастысты сæ хицаумæ. Йæхи бандоныл æруагъта æмæ хъуыды кæны дарддæр:

– Æмæ æз цы сарæзтон? Дыууæ лæджы мæ хæсты фæхъуыд, уый ницы у? Стæй мын Тасолы æмбал куыд бузныг уыд мæ фыртæй: не ‘мбалы, дам, нын тохы быдыры цæфæй нæ ныууагъта! Йæ къухты йæ рахаста!

– О, фæлæ йæхæдæг фæмард… – Кæцæйдæр та æнæнхъæлæджы фæзынд хъæлæс. – Бацагур уыцы чызджы, Азæ! Уый дын уыдзæн дæ удыхос.

Изæры талынг хæрын райдыдта сахар. Сындæггай ссыгъдысты рухсытæ. Сылгоймаг быцыд йæ уатмæ æмæ æрхуыссыд. Йæ уды ма дыууæрдæм кодта æрмæст дымгæ. Уазал, æнæхæдзар дымгæ йæхи хоста уыцы чысыл къоппы æмæ йын æддæмæ радымыны мадзал нæ уыд. Азæ бафынæй.

* * *

Цъæх арвыл ленк кæнынц урс кæсæгтæ. Азæ лæууы кæрдæгцъæх нæууыл хæстон лæгты ‘хсæн. Кæсы сæм æмæ уыны сæ цæстыты тас.

– Цы у? Кæдæм кæсынц? – Фæрсы йæхи Азæ æмæ йæ цæстæнгас иннæты цæстæнгасимæ сбаста.

Лæууы йæ фырт Тасол.

– Кæимæ дзуры? Цæмæн у тызмæг æмæ мæстджын? Йæ фарсмæ та чи ис?

Цыдæр чызг хæцы лæджы хæлафыл. Йæ буар – чъизи, къæхтæ – бæгънæг. Æртындæс азæй фылдæр ыл нæ цæуы. Немыцаг худы. Азæ кæсы, фæлæ тымыгъ æрдз стыхта, æмæ нæ уыны кæронмæ, цы цæуы, уый. «Тасол! Тасол!» – хъæр кодта фыны. Фыццаг хатт нæ уыны ацы ныв, фæлæ ‘рмæст ныр ахæццæ кæронмæ. Сындæггай хуры тын рухсмæ хæссы фыны архайд, æмæ Тасол æд чызг фæцæуы йе ‘мбæлтты ‘рдæм. «Гæрах!» Тасол ма фæзылд, чызджы йæ фæстæ амбæхста æмæ цалдæр нæмыджы фæд-фæдыл суагъта. Немыцаг æрхауд.

Азæ фехъал. Тагъд-тагъд улæфы. Кæсы къулыл сахатмæ – 02:47. Йæ уаты рабадт.

– Уæдæ уый тыххæй уыд дыууæрдыгæй хуынчъытæ?!

– Агъа… Ды та æнхъæлдтай, æмæ дзы чидæр сасир аразынмæ хъавыд, – худгæйæ дзуры хъæлæс.

Азæ йæхи йæ къухтыл систа æмæ кæсы талынг къуыммæ.

– Талынгмæ бирæ рæстæг куы кæсай, уæд дæм талынг дæр ныккæсдзæн, – сдзырдта хъæлæс, æмæ йæ тамако ссыгъта.

Азæ йæ цæстытæ æруагъта. Йæ зæрдæ фæдисонæй скуыста – риуы къултыл йæхи ныххоста. «Цы мыл цæуы?» – хъуыды кæны.

– Ницы. Тæрсыс мæ, æндæр ницы, – сындæггай сдымдта Хæлуарæг.

– Мыййаг, мæ зонд фæцыд? – фæрсы йæ зырзыргæнгæйæ.

– На, цæмæн? – Дзуапп ын дæтты æмæ сындæггай фæздæг дзыхæй раулæфы.

– Уæдæ цы кæныс? Цæмæн æрбацыдтæ? – кæугæйæ дзуры сылгоймаг.

– Азæ, фыны цы федтай, уый Тасолы марды хабары æрдæг дæр нæу.

Йе ‘мбал Гаспар мард куы ‘рбахаста, уæд радзырдта: «Мах хъæды бадтыстæм æмæ-иу нæм уырдæм чызг хæринаг хаста. Нæхи ирон чызг, афтæмæй ма-иу хъæуы хабæрттæ дæр радзырдта. Алы хатт дæр сахатмæ кæсгæйæ. Фæлæ иубон фæхъуыд, æмæ Тасолы зæрдæ нал

лæууыд. Иунæгæй йæ куыд ауагътаиккам, фæлæ нæхи дæр не 'вдыстам, чи къутæрты æрбадт, чи бæлæсы фæстæ. Æнхъæлмæ нæм кастысты. Хъæдæй рахизæны чызджы сбастой, сбæгънæг æй кодтой, цыдæр хæцъилтæ ма йыл уыд. Бирæ йæ надтой, фæлæ уый хъыпп-сыпп дæр не скодта, æрмæст йæ рустыл дыууæ адагау, сындæггай лæсыдысты цæссыгтæ. Тасол бацыд немыцагмæ, фæндыд æй чызджы фервæзын кæнын, бирæ фæдзырдтой уырыссагау. Хъусгæ ницы фæкодтам сæ ныхасæй, нæ зоныс, куыд сабыр æмæ фидар фæныхас кæны? Кæсæм, æмæ рацæуы æд чызг, мах сулæфыдыстам, фæлæ уæдмæ – Гæрах! Нæ нæ бауагъта хистæр, фæцæгъддзысты дам нæ. Тасол ма фæзылд æмæ фехста немыцаджы. Чызг та… Чызг йемæ фæмард. Рахастам сæ изæрæй. Тасолы дæумæ фæхæццæ кодтам, чызджы уым хъæды баныгæдтам…» – афтæ дзырдта Гаспар.

– Æмæ æз та кæм уыдтæн, куы дзырдта, уæд?

– Мæнæ гъенырау куыдтай æмæ никæмæ хъуыстай, – райхъуыст базджын хъæлæс.

Рæстдзинад адæймагмæ æрæгмæ бахъары, мæнг уымæй тагъддæр у.

* * *

– Цæй! Бирæ ма ниудзынæ? – Хъуысы уаты къуымæй хъæлæс. – Цу, дæ дзаумæттæ скæн æмæ атезгъо кæн.

Азæ рахызт æддæмæ. Асæст. Кæмдæр уæле хур хъазы, фæлæ зæххыл цæрæг адæммæ нæ хæццæ кæны. Сындæггай фæцæуы парчы 'рдæм. Фæлмæн дымгæ йын йæ хауд рустæ хъыдзы кодта. Йæ риу æнцонæй улæфыд уазалгомау уæлдæф. Бахæццæ бандонмæ æмæ æрбадт. Йæ рахиз уæхсчы сæрты бакаст фæрсæгау: «Абадæм уал»–сдзырдта Хæлуарæг. Сылгоймаг бадт, каст адæммæ: чидæр тагъд кæны, чидæр – нæ. Цымæ, цæмæн тагъд кæнынц? Сахатæй фылдæр рацыдаид, афтæ хъæлæс загъта:

– Ныр цом.

Азæ сыстад. Тезгъогæнгæйæ, фæцæуы. Йæ разæй цæуæгмæ æдзынæг кæсы – базыдта йæ! Йæ цыд фæтагъддæр кодта. «Аухæй! Дугътæ уадзы ацы чызг? Кæдæм згъоры афтæ рæвдз?» Фæхъæр æм кодта:

– Чызгай!

Чызг æм разылд, æмæ æцæгдæр: уартæ йын хостæ чи æвæрдта йæ хызыны, уый мæнæ йæ разы лæууы.

– Вы меня звали? – бафарста уый.

– Иронау-ма дзур! – йæ лæф-лæф ссыд Азæйæн.

Чызг æм йе ‘рфгуытæ фелхынцъ кодта.

– Мæнмæ дзырдтай, нана?

– О,о. Нал мæ хъуыды кæныс, и?

– Бахатыр кæн, нæ дæ хъуыды кæнын… – азымджынæй загъта чызг.

«Агъа, мæнæ куыд хорз у! Кæддæр цы хорз сарæзта, уый йæ ферох», – разыйæ ахъуыды кодта Азæ.

– Дыууæ мæйы размæ мæм хостæ æлхæнынмæ фæкастæ. Æхца мын нæ фаг кодта, – загъта æмæ чызджы цæсгоммæ бакаст, цыма дзы исты æнкъарæн агуры, уыйау, фæлæ уый æдзæмæй лæууыд.

–Дæ ном ма мын зæгъ?

–Æз Аннæ, ды та?

«Цыма йæхи карæн ис йæ разы, уыйау куыд дзуры, – амæсты ус, фæлæ уайтагъд ахъуыды кодта Хæлуарæджы æххуысæй, – æмæ уый хорз куы у – йæ сæрмæ мæ хæссы».

– Азæ дæн. Цом-ма махмæ, истæмæй дæ барæвдауон, – мæ та лæмбынæг кæсы Аннæйы цæсгоммæ, фæлæ та йыл ницы æнкъарæн фæбæрæг.

– Бахатыр кæн, æнæвдæлон дæн. Мæ телефоны номыр мын афысс, æмæ дæм иннæ хатт æрбауайдзынæн.

Ус фæджих. Чызг йæ хордзенæй систа фыссæнгарз æмæ сыф. Тагъд дзы афыста номыр. Азæйы къухы йæ фæсагъта. Ныхъхъæбыс ын кодта æмæ фæтары. Азæ каст йæ фæстæ, стæй сыфмæ æркаст, йæ дзыппы йæ нывæрдта æмæ хæдзармæ фæцæуæг.

Æдде сывæллæттæ хъазыдысты. Хъæлæба, зарджытæ æмæ æхситт хъуыстысты рудзынджы зыхъхъырæй. Хур йæхи чысыл равдыста, æмæ æнахуыр сырх рухс æрбакалд уатмæ. Стæй талынгæй-талынгдæр кодта. Азæ каст рудзынгмæ, йæ хъуыдытæ уыдысты сыгъдæг, йæ зæрдыл бадт фæлмæн æхсызгондзинад. Фыссы: «Мæ дыууæ уаты мæ мæлæты фæстæ лæвар кæнын Абысалты Геуæры чызг Аннæйæн».

Дыккаг бон Аннæ йæ къæсæрыл фегуырд дидинджытæ, дыргътæ æмæ балджынимæ.

– Мæ царды мын дыууæ хатты лæвæр кодтой дидинджытæ: мæ чындзæхсæвы мын сæ мæ фыд æрбахаста, дыккаг хатт та мæ лæг мæ гуырæн бонмæ… – Йæ цæстыты æртах ферттывта.

Фынджы уæлхъус æрбадтысты, æмæ йын Аннæ балæггад кæнынмæ хъавыд, фæлæ Азæ фæраздæр:

– Хъæбул мын нæй. Нæй, кæй барæвдаун, æмæ мæ бауадз.

Æрæвæрдта цæхæраджынтæ, адджын дон балæвæрдта чызгмæ æмæ скуывта:

– О, Хуыцау, сылгоймагыл нæ фидауы кувын, фæлæ дын бузныг. Фехъуыстай мын кæдæй-уæдæй мæ лæгъстæ – æрбарвыстай мын æцæг уазæг. Мæ фæстаг бонтæ мын срухс кæна йæ цæстыты рухсæй. Зæдтæ, Дауджытæ, Бардуæгтæ, хъахъхъæнут мын мæ хъæбулы. Уа, Лæгты дзуар, йæ фæндæгтæ дæ бæрны! Фæдзæхс æй, æвзæр фæндæгтæй йæ хиз. Уа, Мадымайрæм, сылгоймагæй æрмæст Иры нæ, фæлæ дунейы хуыздæр амонд кæй фæцис, уый æмбал æй бакæн! Аннæ, фыццаг хатт дæ федтон æмæ дын уынын дæ уды сыгъдæгдзинад, де 'гъдау, æмæ мын хорзæй цæр! Мæнæн мæ балц а дунейы фæвæййы, дæу та цæрын хъæуы, æмæ дын арфæ канын! Рæдыдæй макуы фæтæрс, тæрс æвзæр адæмæй, дæхи æнæхъуаджы макуы æфхæр; æфхæр æфхæрджыты, фæстæмæ макуы кæс. Кæс размæ æмæ хаттæй-хатт дæ къæхты бынмæ. Хъуыды кæн алцыдæр, хорз уа, æвзæр уа, адæймаг уа æви гæды, алкæй дæр хъуыды кæн. Дæ уд цы домы, уый кæн! Уый Хуыцауæй амынд у! Адæймаг цæрынмæ райгуыры, фæлæ цард тох у, æмæ алы хатдæр у уæлахиздзау! Гъе уый дын мæ арфæ! Оммен, кæстæр, цы ныхъхъус дæ!?

Аннæйы цæссыгтæ мызтысты, цы загътаид, уый нæ зыдта. Сылгоймаг ын йæ зæрдæмæ ныккаст, йæ миддуне йын сфæлдæхта. Ахæм ныхæстæ ма хъуыста, куыд нæ, фæлæ йын сæ Азæ йæхицæн дзырдта, зæрдæйæ зæрдæмæ. Йæ хъуыдыйы æрбалæууыдысты йæ рæдыдтытæ: йæ намыс куыд фæчъизи æмæ йæхи марынмæ куыд æрцыд, фæлæ йæхимæ йæ къух куыд не сси сисын. «Мæ уд мын сфæйлыдта… Сыгъдæг мæ хоны, фæлæ мæхæдæг мæхи ахæмыл нæ нымайын...» Йæ цæссыгтæ асæрфта æмæ загъта:

– Хистæр, дæ арфæйæ бузныг. Дæ царды фæззæг æрцыд, æмæ, дæ фæндаг рæсугъд куыд уа ахæм амонд дын радтæд Барастыр, фæндид ма мæ, цæмæй ацæрай Хуыцауы фæндæй. – Кæсы сылгоймагмæ, ома цы зæгъид, фæлæ Азæ разыйы тылд бакодта йæ сæр. – Мæнæн дæхи хъæбулы лæггад куы скодтай, уæд дын æз хъæбулæн фæбæззон! Мæ сæр дæ истæмæн куы хъæуа, уæд дæм мæ номыр ис, фæдзур-иу. Дæ зæрдæ æрмæст лæгъз ныхас куы агура, уæддæр.

Ануæзта йæ дон Аннæ æмæ æрбадт. Чъиритæм бавнæлдта, скомдзаг дзы кодта.

– Куыд адджын дын сты! Фæрнæй фæдар дæ къухтæ, нана.

– Хæргæ, мæ чызг, ды ахæмтæ никуыуал бахæрдзынæ.

* * *

«Никуыуал бахæрдзынæ…» – зылдысты Аннæйы сæры Азæйы ныхæстæ. Санахъоты Азæ йын йæ фатер кæй ныууагъта, уый никæмæн загъта. Фыццаг рæстæджы уæндгæ дæр нæ кодта мидæмæ, ссыд-иу, фæлæ та-иу дуары разæй раздæхт. Абон бакъахдзæф кодта къæсæрæй, йæ дзабыртæ раласта, кæсы: Азæйы фæлмæн цъындатæ æрбахизæны уыдысты æвæрд, цыма сæ сæ хицау ныртæккæ сабыргай йæ къæхтыл скæндзæн, уыйау. Аннæ каст йæхимæ кæсæнмæ, йæ цыбыр къабамæ æмæ æрхъуыды кодта Азæйы ныхæстæ: «Æгъдау къабайæ нæу, зæрдæйæ у. Æрхæц-æрхæц ыл ма кæн, кæд дæ зæрдæмæ цæуы уæд æй дæр. Фылдæр дæ уд нычъчъизи кæнынæй тæрс, дæу баныгæндзысты, фæлæ дæ рæсугъд уды нырма уæлæрвтæм хъæуы».

Бацыд уатмæ. Скаст Цæрæгмæ, Тасолы фыдмæ, уый йæм цыма рæвдаугæ цæстæнгас раздæхта, афтæ йæм фæкаст. Йæ зæрдыл та æрбалæууыдысты Азæйы ныхæстæ: «Уый мæн цы уарзт кодта… Ахæм уарзондзинад – дæ хай, фæлæ дын ахæм амод ма уæд. Чызг æй тынг хъуыд, фæлæ фыццаг лæппу рауад, иннæ гуыбыны фæмард. Стæй нæ нал равдалд чызгмæ, революци, стæй хæст. Фæсмон ницæуыл кæнын. Раздæр, мæхи цы фæкæнон, уый нæ зыдтон, фæлæ нын мæнæ Хуыцау цы хорз чызг радта», –æмæ та-иу ын сылгоймаг йæ хауд уадултæ алæгъз кодта. Аннæ ныуулæфыд. Йæ къухмæ систа Тасолы къам. Уый хил дардта, йæ тызмæг цъæх цæстытæ кастысты тæккæдæр зæрдæмæ. Чызг йæхи æруагъта уатыл.

– Дæ къæхтæ сис, афынæй кæн, – дзуры бæзджын хъæлæс.

Фæллад нæ уыд, фæлæ йыл цыма исчи хъарм хъæццул бамбæрзта, æмæ уадидæгæн афынæй æмæ уыны:

Тасол, Цæрæг, Азæйы къухты сывæллон, сæ цуры ма ноджы цавæрдæр чызг. Лæууынц æмæ йæм рæвдаугæ цæстытæй кæсынц.

– Бузныг дын, Аннæ, – зæгъынц, фæлæ сæ былтæ не змæлыдысты.

# АИВАДОН – НЫВГÆНÆН ÆВЗАДЖЫ МАДЗÆЛТТÆ ДЗЕСТЫ КУЫДЗÆДЖЫ РАДЗЫРДТЫ

Бæстон литературон уацмысты алы дзырд дæр феххаст кæны хицæн хæстæ.

Уый дзы куынæ уа, уæд тексты формæ æмæ мидис кæрæдзийыл хорз не сбаддзысты, æмæ эстетикон æгъдауæй уацмыс уыдзæнис цауд. Ныхас æрдзыл цæуы æви архайджыты хъуыдытыл, литературон геройæн йе 'ддаг бакастыл кæнæ йæ митыл, алы дзырд дæр феххæст кæны сæрмагонд хæс.

Йæ формæ æмæ йæ мидис куы баиу вæййынц, уæд фæзæгъæм, ай у алцæмæй дæр æххæст уацмыс, зæгъгæ.

Алы фыссæг дæр фæархайы, цæмæй йæ хъуыдытæ æмæ йæ сагъæстæ чиныгкæсæгæн уой æмбæрстгонд, сюжеты нывæст йæ цæстыты раз æрлæууа кинонывы хуызæн. Уый тыххæй автор фæтырны æвзаджы сусæгдзинæдтæй пайда кæнынмæ, стилистикон фæрæзтæ – троптæ, фигурæтыл æнцой кæнгæйæ. Куыд зонæм, афтæмæй уыдонмæ хауынц: эпитеттæ, абарстытæ, антитезæтæ, олицетворени, метафорæтæ æмæ æндæртæ.

Ирон литературæйы зæрингуырдтæй иу, прозæйы дæсны Дзесты Куыдзæджы радзырдтæ фыццагæй фæстаджы онг се 'ппæт дæр сæ хæрзхъæддзинæдæй æркæсын кодтой сæхимæ ирон æхсæнад. Уыцы радзырдтæй иу – «Хорхæссæг» – 1930-æм азы мыхуыры куы рацыд, уæд Тыбылты Алыксандр фыста: «Уыцы таурæгъы Куыдзаг ахæм курдиат равдыста, æмæ ног фысджыты раззаг рæнхъыты нартон фæдисонæй æрлæуудзæн». Нoджы бæлвырддæр ныхæстæ та дзы загъта Нигер. 1932-æм азы фыссæджы чиныг «Хæхтыл» мыхуыры куы рацыд, уæд Дзанайы-фырт фыста: «Нæ фыссæгæн йе стыр миниуджытæй иу у уый, æмæ тынг хорз зоны ирон адæмы цард Хуссарæй Цæгатмæ, ивгъуыд цард дæр æмæ ног цард дæр. Цæуылдæриддæр фыссы йæ радзырдты, уый зоны хорз, федта йæ, сахуыр æй кодта. Хъаздыг у йе 'взаг, бирæ хорз фадæттæ йын аразы йæ куысты. Кæд Куыдзæджы радзырдтæ иу æвзагыл фыст сты, уæддæр уыцы æууæлтæ йе сфæлдыстады зынынц

кæрæй-кæронмæ. Ахъаззаг культурон атмосферæ, историон, социалон уавæртæ сты курдиат разæнгардгæнæн.

Йæ фылдæр уацмысты фыссæг авторон ныхасы дæр æмæ персонажы ныхасы дæр йæ хъуыдытæ бæлвырддæр зæгъыны тыххæй парахатæй пайда кæны троптæ æмæ фразиологизмтæй.

Цæмæй, йæ радзырды цы предметы кæнæ фæзынды кой кæны, уыцы миниуæг ирддæрæй равдиса, уый тыххæй автор, пайда кæны эпитеттæй. Зæгъæм: *«Уыцы заман ацы фыдран æрцардысты цалдæр хæдзары»;*

*«Фугæ – адæмæн сæхи хуызæн – фаразон алцæмæй дæр»; «Сапджын уыгæрдæнты, зæйуат фæндæгтыл мæлæтдзаг хæст чи кодта, уыдон ныр æлдары фæсдзæуин – меньшевикты хицауадимæ хъазуат тох райдыдтой»; «Сау бонтыл сау хуыз хуыздæр куы фидауы»; «Кæс-ма, Калачы музейæн ды цахæм агуырдтай, уæртæ дын ахæм бынылзад ирон лæг».*

Уымæй уæлдай фыссæг йæ аивадон ныхасы арæх пайда кæны ахæм стилистикон мадзал, куыд абарстæй дæр. Уый фæрцы предметы конд кæнæ хуыз, æрдзы ныв, исты архайд, æндæртимæ абаргæйæ, фæзыны бæлвырддæр, цæстытыл ауайы рæсугъддæрæй. *«Галау – уæзæгæй, каркау – ныхбынæй – удуæлдай тохы руаджы адæм скодтой къаннæг хуымы гæппæлтæ æмæ цæрын байдыдтой»; «Цавддурау лæууы Дзанг йæ бынаты».*

Куыдзæг йæ уацмысы парахатæй пайда кæны метафорæтæй дæр, ома, йæ уацмысты цы предметы кой фæкæны, уыдон сæхи номæй не схоны, фæлæ се 'нгæс чи вæййы, ахæм предметы номæй, кæнæ сæ иухуызондзинадмæ гæсгæ. Метафорæйы æххуысæй уацмысы архайд, предметтæ бæлвырддæрæй ауайынц чиныгкæсæджы цæстытыл. Зæгъæм; *«Лæууынц ма ныр дæр къæдзæхы риуыл дурын зæхгæс – фыдæлтыккон мæсгуытæ»; «Бирæ топпыхос бахардз мыггæгты æхсæн, бирæ зды нæмгуытæ батъæпæн мæсгуыты дуртыл – зæххы сæрыл».*

Аивадон ныхас фæлгонцджын кæнынц фразеологизмтæ дæр. Зындгонд куыд у, афтæмæй æвзаджы ацы фæрæзтæ, иуырдыгæй, хъæуынц алыхуызон фæзындтæ хонынæн, иннардыгæй та ма ныхасмæ бахæссынц алыхуызон æнкъарæнтæ. Сæ фæрцы предметтæ, миниуджытæ, архайдтытæ æвдыст æрцæуынц ирддæр æмæ æххæстдæрæй.

Хуымætæджы сæ нæ пайда кодтой сæ уацмысты нæ литературæйы классиктæ дæр, сæ сæргъы Хетагкаты Къоста, афтæмæй.

Уыдон арæх вæййынц персонажы ныхасы æмæ йын феххуыс кæнынц йæ мидкультурæ,йæ удыхъæд, йæ ахастытæ, йе 'ддаг бакаст равдисынæн. Загъæм: *«Æз ын йæ къубал стондзынæн!» («Ичъи»); «Уæдæ мыл ичъийау цы нындæгъд?» (уый дæр уым); «Дæ фырт бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл куы нæу, мыййаг!» («Фыййауы сагъæс»); «Æгас мæйы дæргъы мæнæн мæ зæрдæ уыимæ дзуры», («Фыййауы сагъæс»); «Фæлæ, дам, Байти цæхæрта калы» («Адæм амонæг æмæ аразæг»); «Гъе ныр хаххон лæгæн ай хуызæны хъуамæ йæ сæр разила» («Хаххон цæрæджы дасныйады»).*

Ацы хъуыдыйæдты фразеологизмтæ æвдисынц алыхуызон æнкъарæнтæ, фылдæр – æппæрццæг, ома æнæразыдзинад, æнæрвæссондзинад уайдзæф æмæ æндæртæ. Иутæ дзы æвдисынц адæймаджы мидуавæр, иннæтæ та – алыхуызон ахастытæ искæмæ кæнæ истæмæ.

Фысджытæ, уыдоны æмрæнхъ Дзесты Куыдзаг дæр, стæмдæр хатт фразеологизмтæ бакæнынц авторон ныхасы, уыимæ, уыцы 'взагон фæрæзты фылдæр хай стилистикон æгъдауæй вæййы нейтралон, авторы тыхджын æнкъарæнтæ æвдисæг æнгом дзырдбæстытæ дзы хæрз чысыл вæййы. Нæ фиппаинæгтæн æвдисæн сты фыссæджы уацмыстæй ист ахæм хъуыдыйæдтæ: *Чи уыдысты, уый нæ базыдтой, æмæ уал сæм сæ цаст дардтой дæрддзæфæй («Мæт»); Зæронд лæг мæстджынæй дзырдта уыцы ныхæстæ , фæлæ, æвæццæгæн, йæ зæрдæ фехсайдта, уазæг æй дзæбæх кæй нæ бамбæрста, æмæ та загъта...» («Мæт»); Дзæрæх дзуаппæнхъæл куы ныхъхъус, уæд сæ сæртæ дæлæмæ æруагътой, сæ цæстæнгас зæхмæ саразтой» («Мæт»); Куыд фæстагмæ йахиуыл æгæр фервæссыд, афтæ йæм каст, цыма æгас хъæубæсты уый йеддæмæ никæй бон у сæрдæр уæвын («Мæт»); Иуæй-иутæ искæй цæстмæ сæхи мæтгæнæг скæнынц, адæмы сæрыл дзурынц, фæлæ сæ мидзæрдæйы та ардауын æмæ змæнтынмæ у сæ хъавд («Мæт»); «Бинонтæй ничи сразы, фæлæ фыдыфсымæры лæппу ныццæхгæр æмæ хъуамæ йæ фæнд атардтаид («Арф комы»); («Арф комы»); Аким æмбарста уыцы фæливæн митæ, фæлæ йæ ныфс дæр нæ хаста, стæй йæ цæсгом дæр нæ хъæцыд Петяйæн йæ азым комкоммæ загъын («Арф комы»); Уыцы ныхас дар та Петяйы тъæнгтæ ацагъта, фæлæ цæвын, æцæг, на бауæндыд, æлгъыст æмæ фидисæй райста йæ маст («Арф комы»).*

Дзесты Куыдзæг йæ уацмысты цы фразеологизмтæй спайда кодта,уыдон ахæсгæ сты дзургæ æмæ хуымæтæг ныхасмæ. Сæ иу дæр æнæаив нæу, ома текстмæ нæ хæссы гуымиры нысаниуæг, æмæ уый диссаг нæу, Куыдзæг йæ уацмысты размæ цы домæнтæ авæрдта, уый зæрдыл даргæйæ.

Æрхаст литературон дæнцæгтæ иуцæсдæр фæрогдæр кæндзысты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты куыст. Æвзаджы урокты сæ ис парахатæй спайда кæнæн, лексикологи æмæ фразеологийы хицæн фæрстытæ амонгæйæ. Уымæй уæлдай сæ дæнцæгты хуызы æрхæссæн ис ирон литературæйы урокты, Дзесты Куыдзæджы сфæлдыстад ахуыр кæнгæйæ, фыссæджы æвзаджы аивадон-стилистикон хъæздыгдзинадтæ скъоладзаутæн æмбарын кæнгæйæ.

## Литературæ:


1. Джусойты К.Г., Дзодзыккаты З. Б., Цопанты Р. Р. Нырыккон ирон æвзаг. Дзæуджыхъæу, 2010.

2. Дзодзикова З. Б. Элементы разговорности в осетинской художественной речи // В кн.: Венок бессмертия// Материалы международной научной конференции, посвященной 150-летию Коста Хетагурова. Владикавказ, 2010.

3. Ирон ныхасы культурæ æмæ стилистикæ, 3-аг чиныг. Дзæуджыхъæу, 2006.

4. Цопанты Р. Г. Ирон æвзаджы стилистикæ. Дзæуджыхъæу, 2011.



*Æрмæг бацæттæ кодта Уаниты Аллæ*
*ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг*

# АЛЫ АДÆМТЫ ХАБÆРТТÆ

## УЫЙ БÆСТЫ ИУ ХАТТ

Алыксандрæн китайæг авд вазæйы балæвар кодтой, æмбисонды зынаргъ æмæ рæсугъдтæ. Уый сæ зæххыл ныццавта, стæй загъта:

– Иугай-иугай мын сæтдзысты, æмæ авд хатты смæстджын уыдзынæн. Уый бæсты иу хатт фæриссæд мæ зæрдæ.

## УАЗÆГ ÆРТÆ БОНЫ, СТÆЙ...

Иу лæг йе 'рдхордмæ 'ртæ боны уазæгуаты фæцис. Тынг буц æй фæдардта, тынг. Сæхимæ куы цыдис, уæд дзы фысым стыр хатыртæ дæр ма куырдта, кæд, дам, дæ зæрдæ истæуыл фæхудт, уæд нын хатыр бакæн, зæгъгæ.

– Алцыдæр иттæг хорз уыд, фæлæ дæуæн æз куы уон дæ фысым, уæд дæ ноджы хуыздæр суазæг кæндзынæн, – загъта уый, æмæ йæ бацымыдис кодта.

Цасдæры фæстæ йæм  æцæг дæр фæзынд йе 'рдхорд. Фæлæ кæсы, æмæ йæ ницы уæлдай буц кæнынц – сæхæдæг цы хæрынц, уый йын æвæрынц. Уæдæ йын хицæн уат дæр нæ бакодтой.

Фысым ын афтæ:

– Æмбарын дын дæ мидхъынцым, фæлæ мын ды ахæм адджын æмæ хион дæ, æмæ дæ уазæгыл нымайын мæ зæрдæ нæ комы. Цыма раст дæхи хæдзары дæ, афтæ 'нкъар ды дæр дæхи. Æз та дæумæ уазæгыл нымд уыдтæн, æцæгæлон кæуылдæр…

## – АХАУДТÆ? СЫСТ!

Ахуырдзау йæ ахуыргæнæг суфийы бафарста:

– Цы мын зæгъис, куы фæкæлин æмæ куы ахауин, уæд?

– Сыст уæлæмæ!

– Дыккаг хатт та?

– Ногæй сыст!

– Æмæ уый кæдмæ афтæ уаид: кæл, хау æмæ сыст?

– Цæргæбонты!

## УСГУРЫ МÆТ

Усгур Сократмæ бакъултæ кодта:

– Мæ зæрды ус курын æрæфтыд æмæ мын куыд чындæ уа?

– Кæсаг дæ ма рауайæд: уый сæрибар у, фæлæ къутуйы смидæг вæййы. Уырдыгæй та йæ фæстæмæ сæрибармæ раирвæзын бафæнды, – дывæлдæх дзуапп ын радта Сократ.

## УÆДДÆР – АЗИМАГ

Æрвыл бон дæр ус йæ лæджы дарæс уыцы æдзынæгæй сгæрста. Æрду дæр сыл-иу ссардта – загъд-замана самадтаид, хæтынмæ та уыдтæ, зæгъгæ.

Уæд, иубон куы уыд, уæд лæджы уæлæдарæс бынтон сыгъдæг разынд. Ус æм мæстæй рафыхт:

– Æдзæсгом! Лæгуынсæримæ хæтынмæ ‘рхаудтай?!

## БÆРЦБАРÆНТÆ

Æрыгон лæг æмæ ус Дæсныйы бафарстой, цоты, дам, куыд растдæр хъомыл кæнын æмбæлы, зæгъгæ. Уый сын рагон дзуттаг фæндон дæнцæгæн æрхаста:

– Уæ цоты, уæхæдæг цастæ зонут, уыцы фæлгæтты мидæг ма дарут: уыдон æндæр дуджы рантыстысты дунемæ…

*Уырыссаг æвзагæй Егары тæлмац*

*ПЛИТЫ Гацыр*

# ÆВДУДОН ИРЫСТОН

Бирæ номарæн бонтæ ранымайæн ис, фæлæ уыдоны 'хсæн сæйраг бынат ахсынц ирон адæмы дыууæ стыр геноциды. 2008 азы хъуыддæгтæ æмæ фæндæгтыл бирæ ныхас æрцыд æмæ цæудзæн дарддæр дæр, фæлæ Иры историйы фыццаг геноцид рохуаты кæй баззад, ууыл у абон нæ ныхас. Хуссар Ирмæ хауынц ацы геноцидтæ, уый æрцыд дыууæ хатты сыгъд, пырх, йæ цæрджытæ сæ райгуырæн зæххæй фæхауæццаг сты тард гуырдзиаг экстремистты фыдæй. Нæ зындойнаг царды уæз ахауд Цæгат Ирмæ дæр.

2020 азы Хуссар Иры дзыллæ бавнæлдтой фыццаг геноциды хабæрттыл æрдзурынмæ. Уæды Президент Бибылты Анатоли расидт мысæн аз. Лæгдзинады хъуыддаг у уый, уымæн æмæ сæдæ азы дæргъы (1920-2020) Хуссар Ирæн уыцы фадат никуы уыд.

Афтæ уыдзæн, уый цыма развæлгъау зыдта уыцы хабæрттæ фенæг нæ зынгæ поэт, прозаик, революционер Беджызаты Чермен, уыйау йæ карз фæдзæхст уыд: «Ссæдзæм аз махæй / Кæмæй фæуа рохы, / Уый не 'хсæн æлгъыст уæд фæлтау».

Рох нæ бæргæ ницы уыд, фæлæ нæ дзурæнтæ дæр нæ бар нæ уыдысты. Нырма уал уый, æмæ 1921 азы ралæууыд ног дуг, Советон Хицауады къухдариуæгад, æмæ уый 1920 азты стыр фыдракæндты рæгъмæ рахæссын нæ бауагъта «хæлардзинад» бахъхъахъхъæныны тыххæй. Дыккаг та уый, æмæ нæ 1922 азы ныууагътой Гуырдзыстоны сконды. Цалынмæ Стыр Цæдис ныццудыдта, уæдмæ геноциды койы бар ирæттæн нæдæр уыд…

Нæ абоны фæлтæры фыдбылызты фæндæгтыл нæ ардауæм, фæлæ хъуамæ зоной, мах кæй цæрæм нæ фыдæлты, аланты зæххыл, æмæ йæ уадзгæ дæр никæмæн ныккæндзыстæм. Абон нæ сыхæгтæ æдзæсгомæй кæй æрхæцыдысты Хъуды, Хады, Тырсы æмæ Къобы кæмттыл, уый дæр сын нæ батайдзæн. Ма сæ хъуамæ уа рох, искæй уæны стæг хурхы ныхсаг кæй у, искæй зæххытæн сау нымæтæй æрæмбæрзæн кæй нæй.

Уый иу хабар у, фæлæ ирон нывæфтыд литературæ дæр йæхи къæмдзæстыджы бынаты æвæры, фыццаг геноцидыл йæ бон рæстмæ зæгъын кæй ницы бацис, уымæй.

Фыццаг геноциды темæйыл зæрдæрисгæйæ чи фыста, уыдоны уацмыстæй нæ скъолатæм фæхæццæ сты «Æртындæсæй иумæ» (Хъуылаты Созырыхъо), «Ссыгъди цард» (Беджызаты Чермен), «Саломи» (Коцойты Арсен) æмæ «Сæлимæт» (Плиты Харитон).

Алыхуызон мадзæлтæ сарæзтæуыд фыццаг геноциды хабæртты фæдыл. Бирæ бафыдæбон кодтой, куыд ахуырадон уагдæттæ, афтæ æхсæнадон организацитæ дæр, фæлæ царды айдæн сси нæ театр, æмæ нæ ныхас бæлвырддæр ууыл уыдзæн. Стыр æмæ бæрнон хæс райста йæхимæ Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон театры коллектив – бакуыста трагеди «Фæстаг æвдисæн»-ыл. Развæлгъауæй йæ зæгъын – тугхъулон нысаниуæгимæ дуджы цаутæ равдисынил нæ театры егъау коллектив цы стыр фыдæбон бакодта, уыйбæрц – ничи, уымæн æмæ ацы темæйыл никуы куыста, сценæйыл ахæм гуырахстджын пьесæ никуы сæвæрдта. Ацы ахсджиаг хъуыддаджы йын ахъаззаг æххуыс бакодта прозаик æмæ драматург Остъаты Алан йæ пьесæ «Фæстаг æвдисæн»-æй.

Дзæвгар азты куыста ацы темæйыл автор, зылдис Ирыстоныл, бадтис архивты, агуырдта, æмбырд кодта æрмæг, æмæ ныр нæ театры сценæйыл сæвæрдæуыд йæ трагеди, чингуыты тæрхджытыл та фæзынд йæ уацау «Сау тымыгъ». Дыууæ уацмысы дæр иу темæйыл фыст сты. Махæн уал нæ ныхасы сæр у, театр æмæ драматург цы сарæзтой, уыдæттыл.

Уæлдæр æй загътон, нæ театры сценæ фыццаг хатт федта ахæм гуырахстджын пьесæ. Гуырахстджын æй уымæн хонæм, æмæ дзы ис 70 фæлгонцæй фылдæр, архайд цæуы æртæ сахаты æмæ æрдæг.

Остъаты Аланы трагеди кæсгæйæ, нæ зæрдыл æрбалæууы абхазаг прозаик Баграт Шинкуба. Туркмæ цы абхазæгтæ-убыхтæ алыгъд, уыдоны хъысмæтыл ныффыста роман «Последний из ушедших». Æнамонд дугæн агуырдта æрмæджытæ, æвдисæнтæ. Йæ къухы ма бафтыд Турчы цæрæг фæстаг убыхаг, фæлæ уымæн дæр уæдмæ йæ иу къах ингæны уыд. Ахæм æвдисæн ссардта Алан дæр, æмæ уый æххуыссæй снывæста йæ трагедийы архайд.

Сценæйы домæнтæм йæ хъус дардта Алан. Трагедийы ис æрмæстдæр дыууæ акты. Кæд æгæр егъау сты, уæддæр аивадуарзджытæй дуджы диссæгтæм кæсгæйæ фæллады кой чи кæн?..

Аккаг фæлгонцтæ райста автор уырнинагæй сæ равдисынæн. Хæ-

стон дуг, судзы Хуссар Ир, лидзынц адæм, сæфынц рæстæй, фæлæ сын ис ныфсы лæгтæ. Уыдонæй автор йæ трагедимæ бахаста Санахъоты Матейы, Гаглойты Рутены, Хаситы Миттайы, Дзуццаты Арсены.

Йæ трагедийæн знæгты ‘рдыгæй дæр аккаг фæлгонцтæ райста. Уыдон та сты меньшевикты æфсады хистæр Георги Квинитадзе, Валикъо Джугъели æмæ йæ хæдивæг Закариа, сауджын Алексей Кванчахадзе, дохтыр Вацлав Херш.

Трагедийы ис гуырдзиаг гвардийы сконды адæмæй Гогия Къасрадзе, Илья Майсурадзе, Лаша, Датикъо, семæ ис йæ адæмы уæйгæнæг Лохты Артем дæр.

Трагедимæ хаст æрцыдысты 13 коммунары, хъæууон адæмæй та – Дзæрæх, Фæрдыг, Борæ, Хуыбылон, Хъæцмæзон, Зæлда, Аминæт, Къориан, саударæг ус, Абрам, Эстер, Сирануш, Гæджион, Плион, Саломи, Гæззаты Есе æмæ æндæртæ.

Ранымад сурæттæй бирæтыл дзæвгар дзурæн ис, уымæн æмæ сты æцæг историон фæлгонцтæ. Фаг æрдзурыны фадат кæм нæй, уым цыбыртæй зæгъæн ис, ирон революционерты ролы чи хъазы, – Мамиты Григори (Санахъоты Мате), Куымæридтаты Батрадз (Гаглойты Рутен), Карсанты Гурам (Хаситы Митта), Козаты Ромик (Дзуццаты Арсен), – арæхстджын разындысты сæ бæрны уæвæг хъуыддæгты. Раст æмбарынц дуджы уавæр, адæмы тухитæ, зындзинæдты нæ зонынц цудын æмæ нæ уадзынц цудын адæмы дæр. Тагъд сæм рæсугъд сомбон кæй æнхъæлмæ кæсы, уый сын сæ зæрдыл лæууын кæнынц æрвылбон дæр.

Аив, уырнинаг æмæ зæрдæмæхъаргæ рауад авторæн, ирон афицер Гæззаты Есе (Гаглойты Артур) гуырдзиæгты штабмæ куы бацыд æмæ Георгий Квинитадзе (Пæррæстаты Димитр) æмæ Валико Джугъелиимæ (Бибылты Сослан) куы ныхас кодта, уыцы сценæ.

Зæрдæмæхъаргæ фæлгонцтæ сты трагедийы Дзæрæх (Хаситы Вильгельм), Фæрдыг (Гугкаты Евелинæ), Борæ (Уанеты Хсар), Хъæцмæзон (Хъæцмæзты Фатимæ), саударæг ус (Таугазты Дзерассæ), Гæджион (Гæджиты Ингæ), Плион (Тадтаты Фатимæ), Магда (Джиоты Альма), Къориан (Хуыгаты Альбина), Саломи (Натия Чохели) æмæ æндæртæ. Кæд авторæн æрымысгæ фæлгонцтæ сты, уæддæр сæ архайд, сæ зондахаст, стæй уæд се ‘ддаг хуыз дæр характерон сты уыцы дугæн, се ‘ппæты хъуыды дæр у иу – адæмæн басæттæн нæй.

Саударæг ус (Таугазты Дзерассæ) гуырдзиаг лæгмартæй нæ фæтарст, æмæ сын бахæрын кодта тугæйдзаг хойраг.

Саломийы (Натия Чохели) хорз зонæм Арсены радзырдæй. Ам сценæйыл уырнинаг нывты æрцыд æвдыст. Айнæджы былæй Саломи йæ чызджытимæ йæхи куы æппæрста, уæд йæ сæйраг хъуыды уыд ахæм: «Уадз лæджыфыдхор знаг зона, ирон сылгоймаг-мад кæй арæхсы тохмæ æмæ мæлынмæ дæр».

Авторæн фæрæстмæ, 13 коммунары удыхъæд, царды фæндæгтæ æвдыст кæм æрцыдысты, уыцы сценæ дæр. Кæд се 'ппæтæн зæгъын æмæ фезмæлыны фадат нæ уыд, уæддæр драматурджы арæхстдзинадыл дзурæг у иу стыр хъуыддаг – театрдзаутæ федтой æмæ бамбæрстой, коммунартæ Иры сахъдзинад æмæ лæгдзинад æвдисджытæ кæй уыдысты. Ууыл дзурæг у, сæ мæлæты размæ цы зарæг систой, уый дæр. Се 'хсæнæй бæрæгæй разынд Джиоты Андри (Хаситы Сослан), куыд раздзæуæг æмæ разамонæг, уымæн автор ссардта хъæугæ архайд, хъæугæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ. Уыимæ ма бæрæгæй разындысты Тедеты Иван (Хугаты Дзамболат) æмæ Уалыты Данел (Уалыты Георгий). Актерты æмрæнхъ спектаклы æвзыгъдæй бацархайдтой Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты актерты факультеты студенттæ, æмæ уый тыххæй бузныг зæгъын хъæуы æвæрæг режиссер Дзуццаты Тамерланæн.

Уæдæ знæгты сурæттæ дæр нæ драматург уырнинагæй равдыста. Адæмæй бирæ азты фæстæ дæр рох не сты, Иры тугæй йæ дойны чи саста, уыцы лæбурджытæ. Цæст æрæвæрæм, нæ адæмон артисттæй сæ фæлгонцты чи бацыд, уыдоныл – Пæррæстаты Димитр (Георгий Квинитадзе), Бибылты Сослан (Валико Джугъели), нæ республикæйы сгуыхт артисттæ Уанеты Эдуард (Закариа), Тедеты Андрей (сауджын Алексей Кванчахадзе), Джиоты Сослан (дохтыр Вацлав Херш), Битарты Бессарион, Хъотайты Сæрмæт, Гаглойты Эдуард, Елбачиты Рамаз, Харебаты Жан-Жак æмæ æндæртæ.

Театрдзаутæ сæ зæрдæтæм æвваахс айстой, бынæттон цæрджытæй лыгъд адæмæн чи æххуыс кодта, уыдоны фæлгонцтæ – цхинвайлаг Абрам (Тъехты Уасил), йæ бинойнаг Эстер (Дыгъуызты Жаннæ), Сирануш (Хаситы Эммæ). Сомихæгтæ æмæ дзуттæгтæ, цæрæнбонты фæцардысты хæларæй, æмæ ныр стыр зыны сахаты архайынц тыхст ирæттæн истæмæйты сæ къух фæрогдæр кæныныл. Сæйраг та сын

уыд сæ уарзон сыхæгты мæлæтæй бахизын, уыдонмæ дзаума æмæ къæбæрæй фæкæсын.

Нæ аивадуарзджытæ йæ дзыллæйы уæйгæнæг Лохты Артемы (Харебаты Жан-Жак) зонынц Хъуылаты Созырыхъойы радзырд «Æртындæсæй иумæ»-йæ, æмæ йæ ныр федтой «удæгасæй», йæ цъаммар митæ æххæстгæнгæйæ. Спектаклы æгасæй баззад, æмæ уый адæмæн зæрдæмæдзæугæ хъуыддаг нæ уыд…

Амондджын уæд нæ республикæйы раздæры президент Бибылты Анатоли, уый фæрцы æрцыд æвæрд ацы пьесæ, хъæугæ фæндæгтæ æмæ уавæртæ сарæзта йæ равдисынæн. Арæх æй бæрæг кодта сценæйыл дæр, ирыл активондæр хайад райста премьерæйы рæстæджы. Стыр аргъ скодта спектаклы автор Остъаты Аланæн, æвæрæг режиссер Дзуццаты Тамерланæн, музыкæйы автор Плиты Муратæн, нывгæнæг Санахъоты Мæдинæйæн. Аивадуарзджытæ разыйæ баззадысты, актерты уæлæ цы дарæс уыд, уымæй – æмæ уыл та бакуыста Коцты Таня.

Президент, театры разамонджытæ стыр бузныг загътой нæ цæгатаг хотæ æмæ æфсымæртæн – Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон паддзахадон академион театры æмæ Дыгурон паддзахадон драмон театры коллективтæн се 'ххуысы тыххæй. Спектаклы архайджыты фæлгонцты бацыдысты Хамыхъоты Дзембат (Дзека), Цæриаты Валери (Джерихан), Хъæцмæзты Лазыр (Абысал), Пагæты Фатимæ (Гергион), Хъаламбегты Фатимæ (Темырон) æмæ Хъамболаты Зæлинæ (Цæргæсон).

Цæгат Иры театр 1942 азы куы фæтыхст, уæд Хуссармæ сарæзта йæ ных. Ам афæдз чысыл цух иумæ фæкуыстой æртæ театры (Хуссары, Цæгаты æмæ Гуырдзиаг театртæ) хæларæй, уарзонæй.

Театры коллективæй ирыл егъаудæр фыдæбон æрхауд Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг, æвæрæг режиссер Дзуццаты Тамерланмæ. Кæуылты уыд режиссеры фантази архайды фадæттæ саразыны хъуыддаджы!

Мæ ранымадæй бæрæг у, театр стыр æмæ бæрнон хъуыддаджы кæй бацыд. Драматург æмæ режиссерæн иунæг фæлгонц дæр фæлурсæй нæ баззад, алкæцы дæр дзы уыд йæ раны, стæй уæд йæ хъуыддаджы лæуд дæр. Адæм тынг дис фæкодтой, цы сывæллæттæ хъазыд, уыдоны змæлд æмæ зæрдæйы уагыл дæр.

Адæмон артисткæ Гугкаты Евелинæ (Фæрдыг) спектаклы райдианы йæ мæлæт кæй ссардта, уый сценæмæкæсджытæн бамбарын кодта, дарддæр уæззау æбуалгъы хабæрттыл дзырд кæй цæудзæн.

Спектаклы темæ актуалон у уымæй дæр ма, æмæ авторы къухы кæй бафтыд равдисын, цы уавæрмæ æрхауд Цхинвал, цы баисты Хуссар Иры кæмттæ, цытæ бавзæрстой рæстзæрдæ адæм, цавæр уыд фæллойгæнæг дзыллæйы ахаст революцимæ æмæ тугцъир меньшевикон гуырдзыйы æлгъаг митæм. Театралон критикæ йæ хъуыдытæ рæстмæ нæма загъта, фæлæ зæрдæ дарæн ис ууыл, æмæ цæстуарзон, авторæн, режиссерæн æмæ актертæн ахъаз чи уа, ахæм фиппаинæгтæ кæй скæндзæн.

Бæрæг аххоссæгтæм гæсгæ, геноциды аз æмбæлгæ стыр, дæрддыл айхъуысгæ мадзæлттæ арæзт не ‘рцыд. Цы сарæзтæуыд, уыдонæй аппаринаг ницы у, фæлæ се ‘хсæн трагеди «Фæстаг æвдисæн» æмæ уацау «Сау тымыгъ»-æн сæрмагонд бынат ис. Ацы уацмыстæ нæ акæсын кодтой Иры тугхъулон быдыртæм ахæм хуызы, æмæ нæ зæрдыл æрлæууыдысты нæрæмон Къостайы ныхæстæ: «Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг». Гъемæ райдзаст уæд, нæ адæмы иудзинад, кæрæдзи уарзын æмæ æмбарын фидæрæй-фидардæр кæнæнт, Ирон театры аивады тых та макуы бамынæг уæд!

*МАМИАТЫ Таймураз*

# ИВГЪУЫД МЫСГÆЙÆ – СОМБОНЫ РУХСМÆ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты арт Советон Цæдисыл куы ахæлиу, уæд паддзахады разамонджытæн хорз зындгонд уыд, тугдзых Гитлерæй Кавказ дæр рох кæй нæ уыдзæн. Уымæ гæсгæ дзы бирæ рæтты хъахъхъæнæг къордтæ æрæвæрын кодтой. Куырттаты комы ахæм къорд æрбынæттон Гуысырайы. Уым æмæ ма Лæцы дæр арæзт æрцыд хæстон-быдырон госпитальтæ. Знаг нæ зæххыл арфæй-арфдæр ссæста. Æрбахæццæ Цæгат Кавказмæ дæр, æрбахызт Æрджынарæгæй, бассæста Алагирыл æмæ йæ ных сарæзта Дзæуджыхъæумæ æмæ Дайраны коммæ.

Куырттаты ком дæр уыд тæссаг уавæры. Гуысырайы æфсæддон хай комы цæрджытимæ иумæ аккаг ныхкъуырд лæвæрдта знаджы ныббырстытæн. Ам знаг æрбахæццæ Гуысырайы дæле «Сырх æфцæджы» онг, фæлæ йын сырхæфсæддонтæ бæрзæйсæттæн цæф куы ныккодтой, уæд бынтон æрра куыдзау лæбурын байдыдта. Карз тохы не 'фсæддонтæй бирæ фæцæфтæ, мæрдтæ дæр дзы æрцыд. Цæф æфсæддонты бæхты бричкæты ластой госпитальтæм, мæрдты та – Гуысырамæ хæстæг иу быгъдæг бынаты арæзт æфсымæрон ингæнмæ.

Хæст куы банцад, уæд æрцыд, Гуысырайы æфсымæрон ингæны ныгæд чи ис, зæгъгæ, уыцы фарстæн дзуапп агурыны рæстæг.

1985 азы Фыййагдоны администрацийы сæргълæуууæгæй сæвзæрстой Гуыриаты Ципусы фырт Валерийы. Уæд ма хæсты фæсчъылдымы архайджытæ дзæвгар уыдысты, æмæ сæ иу æмбырды радзырдта, хæстонты иумæйаг ингæны куыд ныгæдтой Гуысырайы, уый тыххæй. Администрацийы ног сæргълæууæг уыцы хистæримæ Гуысырамæ ацыд. Сбæлвырд кодта ингæны бынат æмæ æфсæддон комиссарады æххуысæй Мæскуымæ ССР Цæдисы Хъахъхъæнынады министрады архивтæм арвыста курдиат, цæмæй æрæрвитой, Ирыстоны зæххыл карз тохы, сæрмагондæй Куырттаты комы, чи фæмард, уыдоны номхыгъд. Цыбыр рæстæгмæ райста дзуапп, бæлвырд бæрæггæнæнтимæ, сæйрагдæр, æбæрæгæй сæфтыл нымад чи уыд, уыцы 43 æфсæддоны тыххæй зонинæгтимæ. Хъæппæрисджын разамонæг йе 'фсымæртæ Таймураз, Тамерлан æмæ Хъазыбегмæ фæдзырдта

æмæ иумæйаг уынаффæ рахастой, цырт дæр сæвæрæм, йæ алыварс ын æхгæнгæ дæр скæнæм, зæгъгæ.

Сæвæрдтой, æфсæн быруйæ йын йæ алыварс æрæхгæдтой, бæлæстæ ныссагътой æмæ, нæхи ирон æгъдаумæ гæсгæ, æдзард хæстонтæн рухсаг загътой. Уыцы æппæт хъуыддæгтæ Ципусы фырттæ фæкодтой сæхи хардзæй.

Газетты уыцы хабæрттæ бакæсгæйæ сæ бацагуырдта, Акопов, зæгъгæ, иу лæг. Йæхионтæ уыцы ран хæцыдысты, æмæ нымад уыдысты æбæрæгæй сæфтыл. Уыцы рæстæг республикæйы сгарджыты къорды активон архайджытæй иу уыд Дзебойты Станислав, æмæ йæ уый йæ хæлар Гуыриайы-фыртмæ барвыста. Валери уазæгæн равдыста Гуысырайы æфсымæрон ингæн, радзырдта йын, цы зыдта, уыдæттæ.

Уый дæр та архивтæм курдиаттæ арвыста, æмæ иу Акоповы бæсты ссардтой авд адæймаджы нæмттæ. Ныр уыцы авды дæр бахæссын хъæуы иннæ 43 хæстоны номхыгъдмæ, фæлæ къæйыл бынат нал разынд. Уæд Станислав ног цырт саразын кодта, иууыл 50 æфсæддоны номхыгъдтæ дæр æм бахаста. Ацы хæрдзтæ та йæхимæ Дзебойы-фырт райста. Æбæрæгæй сæфтыл нымад чи уыд, сæ ингæн хуымæтæг обаугондæй кæмæн лæууыд дæсгай азтæ, уыдонæн ныр аив кондæй лæууы бæрзонд цырт сæ нæмтты номхыгъдимæ. Кæддæриддæр вæййы хæрзæфснайд. Алы аз дæр Стыр Уæлахизы бонмæ бынæттон скъолайы ахуырдзаутæ ныссыгъдæг кæнынц, бафснайынц ацы бынат, æмæ дзы 9 майы сæвæрынц дидинджытæ. Уый сси фæсивæды ‘хсæн патриотон хъомыладæн ахъаз мадзал дæр…

* * *

Ирон фæсивæдæй ис ахæмтæ, хæсты размæ Ирыстонæй чи фæиппæрд æмæ тугкалæн тохты хъæбатырдзинад чи равдыста. Фæлæ сын сæ гыццыл Райгуырæн бæстæйы сæ лæгдзинæдты хабæрттæ нæ зонынц, сæ кой нæ райхъуыст. Хъысмæт дардмæ кæй ахаста æмæ йæ ном рæстæджы рохуаты фæлмы бын кæмæн фæци не ‘мзæххонтæй, уыдонæй иу у афицер Гуыриаты Гаврилы фырт Елхъан (Илья). Уый райгуырд 1912 азы Хъæдгæроны. Ирон фæсивæд рагæй дæр æфсæддон суæвынмæ тырнаг уыдысты, æмæ Елхъан дæр уыцы фæндагыл ацыд. Астæуккаг скъола каст фæци, фæлæ ахуырмæ балцæн æхца нæма уыд, æмæ уал кусын райдыдта Цæцæн-Мæхъхъæлы Республикæйы нефть агурæг къордимæ. Иу афæдз дзы акуыста æмæ, гас хæдзар ссардта. Ам æй фæхуыдтой Æрхонкæйы фæскомцæдисон организацийы секретарæй (Æрхонкæ ма уæд уыдис районы центр). Орга-

низаторы курдиат æм кæй раиртæстой, уый тыххæй йæ фæскомцæдисы обком ахуыр кæнынмæ арвыста Краснодары æфсæддон училищемæ. Каст æй фæуыны фæстæ куыста политикон хайæдты Хъазахъхъаг 6-æм корпусы, Хъубаны-Терчы 6-æм бæхджын æфсады дивизийы æмæ æндæр рæтты. Маршал А.И. Еременко фæстæдæр йæ мысинæгты фыста: «Хæрзконд, зæрдæмæдзæугæ, саджы фисынтыл амад кæмæй фæзæгъынц, ахæм ронæлвæст æфсæддон уыд Гуыриайы-фырт, йæ фезмæлд куыд аив уыд, уымæ та бахæлæг кодтаид кæцыфæнды бæхджын æфсæддон дæр (чиныг «В начале войны»). Сырх æфсады хъомыс фылдæр æмæ тыхджындæр кодта, фæлæ æфсæддон кадртæ кæй нæ фаг кодта, уый тыххæй æрыгон афицер Гуыриаты Елхъан (Илья) 1937 азы ивд æрцыд Белоруссийы, эскадроны политрукы хæдивæгæй Гомельмæ.

Уыд тынг зæрдæхæлар, фæлæ домаг, фыццаджыдæр йæхицæй, уый фæстæ та – йæ дæлбар адæмæй. Йæхицæн сæвæрдта нысан æмæ ныффидар кодта иу æцæгдзинад – фæтк, æгъдау æмæ хиуылхæст.

Уæдмæ хæст сæ дуармæ æрбахæццæ. Йæ фыццаг бонты батальоны комиссар Гуыриайы-фырт уыди Могилевы активон хъахъхъæнджытæй иу. Карз тохы уæззау цæф фæци æмæ госпитальмæ бахауд. Знаджы тыхтæ дзæвгар фылдæр уыдысты, æмæ горæт хъахъхъæнджыты фидар басастой. Уыйадыл хицау В.П. Кузнецовы бæрны уæвæг госпиталь немыцы къухмæ бахауд…

Елхъан кæронмæ нæма бадзæбæх, йæ къæхтыл æдæрсгæ, фидар нæма слæууыд, афтæ сусæг куыстгæнæг организацитимæ бастдзинад скодта, уæлдайдæр Казимир Мэттэимæ. Куы фæфидардæр, уæд, сусæг куыстгæнæг организациты иумæйаг штабы уынаффæмæ гæсгæ, фæстæмæ аздæхт уыцы æфсæддон госпитальмæ æмæ дзы кусын райдыдта слесырæй. Фыццаг бонæй фæстæмæ госпиталы кусджытæй, рынчынтæн сæ сæрæндæртæй æмæ иннæ граждæнтæй сарæзта сусæгæй архайæг къорд «Æнæбасæттонтæ» («Непобедимые»). Елхъанæн йæ сæйраг æххуысгæнджытæ уыдысты Генрих Захарьян, Григорий Бойко, лейтенант Ралдугин. Ацы къорд æрмæст агитаци нæ кодта, фæлæ ма диверситæ дæр. Æнæхъæн эшелонтæ хæцæнгарзимæ, артагимæ, æфсæддонтимæ былæй фæкалдтой.

Захарьянил фæгуырысхо сты немыцаг лæгмартæ, гадзрахатæй цæуджыты фæрцы, æмæ йæ фæстæ зилын байдыдтой. Цасдæр рæстæджы фæстæ йæ листовкæтæ парахатгæнгæйæ æрцахстой. Бирæ йæ хъизæмарæй фæмард-

той, фæлæ сын куы ницы, никæй схъæр кодта, уæд æй горæты адæмы раз фыдмардæй амардтой.

Гуыриаты Елхъаны сусæг къорд активон æмæ хъомысджын куыст кодта фашисттæн сæ фындзы бын, фæлæ йæ сæ бон сбæлвырд кæнын нæ уыд. Фæстагмæ йæ куы бамбæрста, хæстæгæй-хæстæгдæр æм кæнынц, тæссаг у знаджы къæппæджы бахауынæй, уæд сфæнд кодта хъæдмæ партизантæм ацæуын. Æрмæст ма хъуамæ æфсæддон госпиталь бацахстаид æмæ йын йæ кусджыты, цæф æфсæддонтæй цæуынхъом чи у, уыдоны се 'ппæты дæр хъæдмæ партизантæм аластаид. Уавæртæ дзы уæддæр тынг æвзæр уыдысты: нал хостæ, нал хæринаг, немыцы та уыцы хабæрттæ æппындæр не 'ндæвтой. Мæнæ куыд фыста не 'мзæххон уый тыххæй: «1943 азы мартъийы бонтæй иуы изæры 11 сахатыл нысангонд фæсидæн «афон у бафынæй кæнынæн»-мæ гæсгæ операци райдыдта. Сарæзтам æртæ къорды. Фыццаг къорд æнæ иу фехстæй ныццагъта госпиталы немыцаг хъахъхъæнджыты. Дыккаг къорд загъта, цæмæй адæм палатæтæй рацæуой æмæ рæнхъ слæууой. Æртыккаг къорд сындзджын телæй гæрæнты ахизæнтæ арæзта. Уыцы æхсæв бирæ медицинон кусджытæ æмæ рог цæф хæстонтæ ацыдысты хъæдмæ партизантæм, уыцы иу рæстæг – 80 адæймаджы бæрц».

1944 азы сæрды онг хъæбатыр тох фæкодта Гуыриаты сæрæнгуырд партизанты къорды рæнхъыты цыфыддæр знагимæ. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй паддзахады 'рдыгæй дæр рохуаты нæ баззад – хорзæхджынгонд æрцыд Сырх тырысайы орденæй æмæ майдантæй. Уымæй уæлдай ма, мæлæтæй цы бирæ адæмы аирвæзын кодта, уыдоны арфæтæ æмæ Хуыцауы арфæ цас æмæ цас уыдысты! Таурæгъон хъæбатырыл нымад у не 'мзæххон Белоруссийы абоны онг дæр. Хæсты фæстæ цæргæйæ баззад Гомелы æмæ йын лæвæрд æрцыд уыцы горæты кадджын гражданины ном. Йæ номыл ис уынг, йæ хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинадыл дзурæг æвдисæндартæ æмæ сæрмагондæй йæхи дзаумæттæй бирæ цыдæртæ ныр дæр фенæн ис Минск æмæ Могилевы музейты.

Гуыриайы-фырты ном, йæ хъæбатырдзинæдтæ Белоруссийы адæм хъуыды кæнынц, уымæн ма иу æвдисæн æрхæсдзыстæм. 1970 азты кæрон Гуыриаты абоны кадджындæр хистæртæй иу – Иран, – йæ фыд хæсты кæмæн фесæфт Белоруссийы зæххыл хæцгæйæ, уый, араст йæ фыды ингæн агурæг. Могилевмæ куы бафтыд, уæд ссардта йе 'рвад Гуыриаты Ильяйы (Елхъаны) ном хæссæг уынг. Ныр уым аллейы даргъ бандæттыл бадынц алы кары адæм. Бацыд сæм хæстæг æмæ, цымæ ацы уынг кæй ном хæссы,

уый чи уа, зæгъгæ, йæ ахæм фарстæн уайтагъд райста дзуапп: «Это наш герой-осетин, который спас во время войны сотни мирных жителей». Бæлццон сæрыстырæй иуварс азылд æмæ йæ цины цæссыгтæ нал баурæдта…

Ирыстойнаг хъæбатыр партизан йæ цардæй ахицæн 1975 азы æмæ ныгæд æрцыд Гомелы Намысы аллейы. Кæд йæ райгуырæн Ирыстонæй дард ран уыдис, уæддæр æй йæ зæрдæйæ никуы фæхицæн кодта. Арæх-иу абæрæг кодта йæ райгуырæн къæс, фыдæлты зæхх – Куырттаты ком, йæхиуæттыл, йæ зонгæтыл-иу фæзылди, кæрæдзийыл-иу фæцин кодтой.

Гъе, æмæ та ам дæр Гуыриатæ номарæн мадзал скæнынмæ сарæхстысты. Елхъанæн йе 'мхæрæфырт Куыдзиаты Умар бацагуырдта, йæхи хуызæн æнæнцой зæрдæйы хицау чи уыд, йæ мыггаджы кад æмæ намыс бæрзонд чи дары, ахæм лæг Гуыриаты Ципусы фырт Тамерланы. Райдыдтой фыссын, агурын, æмæ та – радон курдиат Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацимæ. Бирæ цæлхдурты сæрты ахизгæйæ, райстой зæрдæ рухсгæнæн дзуапп: «Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци 2014 азы 10 декабры рахаста уынаффæ: «Ватутины уынджы 36 æмæ 38 хæдзары 'хсæн сквер хæссæд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Гуыриаты Елхъаны (Ильяйы) ном. Уый фæдыл курдиат æрбарвитджытæн ис номарæн æвдисæндар дзы сæвæрыны бар».

Мыггаг цы фæрæзтæ æрæмбырд кодта, уыдонæй ирон адæмы æвзыгъд хъæбултæй иу – Гуыриаты Гаврилы фырт Елхъанæн – 2015 азы 29 октябры амынд бынаты цыртдзæвæн байгом.

* * *

Ацы ахсджиаг мадзал дæр куы ахицæн, разыйæ дзы куы баззадысты иууылдæр – фысымæй, хуынд адæмæй, уæд та, куыд фæзæгъынц, хорзæн кæрон нæй, нæ фæстагæттæн ма ноджы исты ныууадзæм, зæгъгæ, Тамерланы зæрдыл æрлæууыд ноджы иу хабар. Йæ уарзон Куырттаты коммæ арæх бауайы. Алы цыдæн дæр, æнæбарæг бæх сæркъулæй кæм лæууы, уыцы зынгхуыст хæстонтæн цыртдзæвæны раз æнæмæнг æрлæууы, «рухсаг ут», зæгъгæ, сын фæзæгъы.

Комбæсты фæсивæдæй хæсты быдырæй йæ бинонтыл чи нал сæмбæлд, æбæрæгæй чи фесæфт, уыдоны иумæйаг номхыгъды ис 187 æдзард хæстоны номы, уыдоны 'хсæн Гуыриаты мыггагæй дæр – 13. Уый æрмæстдæр, комбæсты чи цард æмæ хæстмæ ардыгæй кæй акодтой, фæлæ хъуыд, Ирыстоны иннæ хъæутæй чи фæцыд æмæ йæ къонайыл чи нал сæмбæлд, уыдонимæ

иу номхыгъд саразын æмæ сæ иу цыртдзæвæныл фыстæй равдисын. Уыцы номхыгъдмæ кæсгæйæ йæм æрцыд ног арфæйаг хъуыды – мыггагæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи архайдта, уыдонæн иумæйаг цырт сæвæрын. Фæзылд хъæутыл, горæттыл, фæфарста хиуæтты, фæкуыста архивты. Гуыриаты мыггагæй хæсты быдырмæ фæцыд 149 лæппуйы, уыдонæй ма сæ къонатыл сæмбæлд 63. Иннæтæн ма сыздæхт æрмæст сæ рухс ном. Се 'хсæн – Гуыриаты Бисойы фондз фырты: Амиран, Астемыр, Дзантемыр, Агуыбе, Петр.

Тамерлан фæсидт сæ мыггаджы фæсивæды активисттæм, бамбарын сын кодта йæ фæнд. Фыццæгтимæ йе 'ххуысы хай бахаста, комбæсты йæ удæй фылдæр чи уарзы, иумæйаг хъуыддæгты йæхæдæг дæр хъæппæрисджын чи у, уыцы уæздан æмæ æрхъуыдыджын хистæр Куыдзиаты Умар. Бафæзмыдтой йæ иннæтæ дæр, æмæ Гуыриаты æдзард сахъгуыырдтæн цырт æвæрд æрцыд «æнæбарæг бæхы» фæлгонцы дæллаг фарс. Байгом æй кодтой 2020 азы октябры мæйы.

* * *

Уæлдæр цы хъæппæристы кой ракодтон, уыдон хуымæтæг æмæ гыццыл хъуыддæгтыл нымайæн нæй. Абон æмæ райсомæн нæ, фæлæ бирæ фæлтæртæн зонынæн æмæ ахуыр кæнынæн, ивгъуыд мысынæн æмæ сомбон аразынæн фæахъаз уыдзысты.

Нæ ныхас хъæппæрисджын адæмыл кæм у, уым æнæ зæгъгæ нæй комбæсты кадджындæр хистæртæй иуы тыххæй. Таурæгътæ куыд дзурынц, афтæмæй Куырттаты комы фыццаг æрцардысты дыууæ æфсымæры Куыртта æмæ Тæга. Кæстæр Тæга уый фæстæ æфцæгыл абоны Дæргъæвсы коммæ æрхызт. Куырттаты комы бындурон цæрæг – Куырттайы байзæддаг, Дæргъæвсгомы цæрæг адæм та – Тæгайы байзæддаг систы. Гъемæ ацы дыууæ кадджын рагфыдæлы ном сæнусон кæныны хъуыды æрцыд Гуыриаты Ципусмæ. Уый хъæппæрисæй æмæ хардзæй дыууæ комы æхсæн бæрзонд æфцæгыл 1975 азы æвæрд æрцыд Куыртта æмæ Тæгайæн цыртдзæвæн.

Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы, фæзæгъынц. Цы хъæппæрисджын фæсивæды кой ракодтон, уыдонæн фæндаг амонæг уыдис сæ кадджын хистæр Ципус. Чидæриддæр зынгхуыст хæстонты рухс номæн балæггад кодта, уыдон сты нæ фидæнып хъуыдыгæнджытæ, æмæ сæ нымæц фылдæр кæнæд!

*БЯЗЫРТЫ Алыксандр*

# НÆРТОН НÆМТТÆ УÆРХÆГ ÆМÆ УÆХТÆНГ

Нæртон сидзæр лæппу Уæхтæнгы новеллæтæн сæ сюжет хæрз хуымæтæг у. Нартæй чидæртæ æрхъавыд лæппуйы марынмæ, уый алыгъд æмæ æрцарди денджызы был. Кæфдзуан кодта æмæ уымæй царди. Иубон æм фæзынди Хуры чызг æмæ бацардысты иумæ. Уæд сæ базыдтой Сослан æмæ Созырыхъо æмæ сархайдтой Хуры чызгæй ахъазын, фæлæ сын дзы ницы рауади. Бинонтæуарзæг æвзонг ус йæ мойы цæсгом фæчъизи кæнын нæ бауагъта æмæ равдыста моралон сгуыхтдзинад. (Памятники народного творчества осетин, V, 1941, 140 – 141 ф.; Нарты таурæгътæ æмæ хабæрттæ. 1973 аз, 54 – 55 ф.).

Æртыккаг варианты та сидзæры хонынц Уæрхтæнг. Ацы дыууæ номы – Уæхтæнг æмæ Уæрхтæнг – зæрдыл æрлæууын кæнынц Ос-бæгъатыр æмæ паддзах Вахтангы легендæ. Уыдон цардысты V æнусы. Ос-бæгъатыр аскъæфта гуырдзиаг паддзах Вахтангы хойы, стæй Вахтанг схæцыд Ос-бæгъатыримæ, æмæ уый доны иннæрдæм бæхыл бæдгæ куы фæцæйцыди, уæд æй донмæ фатæй фехста, æмæ бæгъатыр фæмард (кæс Гутнаты Феликсы уац «Ос-бæгъатыр æмæ Вахтанг» – Мах дуг, 1988 аз, III, 95 – 97 ф.).

Зын фæфиппайæн нæу, нæмттæ Уæхтæнг æмæ Уæрхтæнг кæй сты гуырдзиаг Вахтангы æнгæстæ. Ацы нæмтты историйыл бакуыстой лингвисттæ Абайты Васо йæ чиныджы «Осетинский язык и фольклор» (1949 азы уагъд), æмæ Мзия Андроникашвили йæ чиныг «Очерки по иранско-грузинским языковым взаимоотношениям» (1966 азы уагъд).

Абайты Васо куыд бæлвырд кæны, афтæмæй дзырд Вахтанг конд у дыууæ уидæгтæй – «вах» æмæ «тан»-æй. «Вах» у индоевропæйаг æвзæгты бирæгъы номы вариант, зæгъæм, куыд уырыссаг – волк, индиаг – врка, персаг – вырка, литвайаг – вилкес. «Тан» дæр у индоевропæйаг æвзæгты тæн, гуыр, фигурæйы номы вариант, зæгъæм, куыд персаг – тæн, индиаг – таку, ирон – тæн. Мзия куыд зæгъы, афтæмæй гуырдзиаг тъани дæр у ирайнаг æвзагæй æрбайсгæ.

Нæ зæрдыл ма æрлæууын кæнæм иу историон фонетикон закъон: иннæ индоевропæйаг дзырдты «в» кæм вæййы, уым ирон æрвадæлон

дзырды балæууы «æрдæг у»: уырыссаг – выдра æмæ ирон – уырд, волна – уылæн, вода – уыда (йын), весь (хъæу) – уæзæг, два – дыууæ. Афтæ – гуырдзиаг æвзагæй æрбайсгæ дзырдты дæр: варди – уарди, эристави – ерыстау, Вахтанг – Уæхтанг æмæ афтæ æндæртæ.

Уæдæ нæмттæ Вахтанг æмæ Уæхтæнг, Уæрхтæнг кæддæр амыдтой «бирæгъы тых», «бирæгъы гуыр» æмæ уæды заманы лæгæн уый уыди цыты ном.

Абайты Васо куыд зæгъы, афтæмæй нарты Æхсар æмæ Æхсæртæджы фыды ном Уæрхæг дæр у рагон бирæгъы ном «уæрх»-æй конд, куыд Куыдзæг, Æхсæрæг, Арсæг æмæ æнд.

Вахтангы ма хуыдтой Горгасал дæр. Мзия Андроникашвили куыд сбæрæг кодта, афтæмæй рагон персаг дзырдты райдайæны «в» мин азты дæргъы ивд æрцыд «г»-йæ: Уардан (бæгъатыр) – Гурдан, ардыгæй ирон гырдан (налат) кæнæ рæдæнг, Уркаина (бирæгъджын) – Гурген, врка (бирæгъ) – горга, ардыгæй ирон ном Горга дæр (Мах дуг, 1988 аз, IV, 83 ф.). Арсæг – Горга, ома «æрсыты бирæгъ».

Уæдæ ном Горгасал – Горгисар дæр нысан кæны «бирæгъсæр», мæнæ иронау лæгæй «бирæгъбæрзæй» куыд фæзæгъынц, афтæ. Æрмæст ном Вахтанг йæ равзæрдмæ гæсгæ у иу-мин азы хистæр ном Горгасалæй.

1961 азы уагъд чиныг «Ирон адæмон сфæлдыстад»-ы ис мыхуыр «Сырдоны кадæг æнусмæ нарты Уæрхтæнæгыл». Уый хъуыдымæ гæсгæ, нарты кадджыты сфæлдыста поэт-фæндырдзæгъдæг Сырдон. Райдайы афтæ: «Нарты Уæхтæнæджы сфæлдыста æрдзы фарн æмæ Хуыцауы комы тæф… Уæхтæнæг æмæ йæ рæсугъд ус Ацырухс алы бон дæр сырды фыдæй цæл-минас кодтой… Уалынджы сын райгуырди дыууæ лæппуйы Æхсар æмæ Æхсæртæг…»

Уæдæ фæндырдзæгъдæг Сырдоны варианты Уæрхæгы бынаты ис Уæхтæнæг ном æмæ Донбеттыры чызг Дзерассæйы бæсты та ис Ацырухс. Фæлæ уæддæр ном Уæхтæнæг дæр, куыд Уæхтæнг, нысан кодта «бирæгъы тæн» æмæ фидар, фæразон лæг. Уый йæ райдайæны, стæй уыцы нысаниуæг фæрох, ныр дæр исчи искæмæ куы бадзуры Саукуыдз номæй кæнæ Мæлдзыгаты мыггагæй, уæд йæ хъуыдыйы нæдæр куыдз вæййы, нæдæр мæлдзыг, ферох сты.

**Мифологон Уæрхтæнæджы ном.** Уæлдæр мах анализ кодтам нæмттæн лингвистикæйы цæстæй, фæлæ ма уымæй уæлдай мыхуыры фæзыны мифологон анализтæ дæр дзырдты фæзындæн.

1942 азы Цхинвалы мыхуыры рацыди чиныг-эпопея «Нартæ», кæцыйы ис кадæг «Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæджы райгуырд (66 – 70 ф.). Борæ æмæ йæ ус Арвырухс æрæнцадысты тар лæгæты денджызы был. Райгуырд сын иу лæппу æмæ уæларвмæ арвыстой зæрватыкк хæрзæггурæггаг.

Уæд зæрватыччы Хуыцау æрфарста:

– Цæхæм лæппу у, йе цы хуызæн у?

Зæрватыкк дын уæд Хуыцауæн дзуры:

– Уæрхмæ уæрæх у, бæзнмæ бæзджын у.

Уæд зæдтæ дзурынц:

– Уæдæ йæ номæй йæ кондмæ гæсгæ Уæрхæг схонæм!

Стæй та дыккаг лæппу куы райгуырд, уæд та арвыстой уæларвмæ хæрзæггурæггаг зæрватыкк. Уый та загъта сывæллонæй:

– Уæрхмæ уæрæх у, бæзнмæ тæнæг гуырд. Зæдтæ та загътой:

– Уæдæ Уæрхтæнæг, – йæ конд, йæ асмæ гæсгæ, – йæ ном уæд!

Автор банхъæлдта сæ нæмттæн сывæллоны «уæрхæй» саразгæтæ æмæ азыймаг нæу, уымæн æмæ уæды заман Васо æмæ Мзияйы наукон лингвистон анализтæ нæма уыдысты. Фæлæ уыцы чиныг «Нартæ» дыккаг уагъд куы кодтой, 1975 азы, уæд уыцы кадæг нал ныммыхуыр кодтой, раздзырды ницы загътой, афтæмæй.

Ирон хуымæтæджы лæг нæ зæгъдзæн «уæрæх сывæллон». Уæрæх хуынкъ, уæрæх хæдон, уæрæх фæндаг кæнæ æндæр исты, предмет кæм бауагъдæуа, цæуыл æрчындæуа кæнæ йыл бацæуа – гъе ахæмимæ фидауы зæгъын «уæрæх».

Тæнæг сыф, тæнæг цъар, тæнæг хъуымац кæнæ æндæр исты ахæм предметæй фидауы «тæнæг» зæгъын, уый йеддæмæ «тæнæг сывæллон» цавæр у!

Сывæллонæй фæдзурынц стыр, чысыл, нард, тымбыл, мæллæг, тæнтихæг æмæ æндæр ахæм исты.

Уæдæ, ном Уæрхтæнæг у æрымысгæ мифологон ном æмæ никæцы адæмон аивады дæснытæй фыст æрцыди.

Нæртон нæмттæ Уæрхæг, Уæхтæнг, Уæрхтæнг, Вахтанг сты сæ историмæ гæсгæ индоевропæйаг, бæлвырддæрæй зæгъгæйæ та – ирайнаг дзырдтæй равзæргæ.

*1988 азы 8 июнь*

# ХЪАЙТАРОН АРГЪАУ

*Ацы разныхасы автор сарæзта «Аарне-Андреевы системæмæ гæсгæ ирон алæмæты аргъæутты амонæн» (Дзæуджыхъæу, 2004), æмæ дзы, абон уæ размæ цы сюжет хаст цæуы, уый хуызтæ нысангонд сты 301-æм номыримæ. Ацы хуызы алæмæты аргъæуттæ хауынц дæлкъорд «Хъайтарон аргъау»-мæ. Дунейы алы адæмыхæттыты хъайтарон аргъæутты бындуры ис, тохмæ чи расайы, æнахуыр тыхтимæ (кæфхъуындар, уæйыг æмæ æнд.) ахæм быцæу. Хъайтар æнæмæнг тыхджындæр разыны, ома, рæстдзинад фæуæлахиз вæййы. Мыхуыргонд цы аргъау цæуы, уый та цымыдисаг уымæй у, æмæ уæйыг лæппуйы кæй схъомыл кодта, лæппу та йын йæ маст йе знаг авд уæйыгæй кæй систа.*

*Рубрикæ амонæг*

*филологон наукæты доктор, Абайты Васойы номыл ЦИГСИИ-йы фольклор æмæ литературæйы хайады раззаг наукон кусæг*

*СОКАТЫ Дианæ*

## ТУДЖДЖЫН УÆЙЫДЖЫ ХЪАН КÆНÆ ЗÆРОНД ЛÆГ ÆМÆ ЙÆ ЗÆРОНД УСЫ ФЫРТ

*Аргъау*

Зæронд лæг æмæ ус фондзыссæдз азмæ зæнæг нæ кодтой. Стæй сын фондзыссæдз азы фæстæ лæппу райгуырди. Æмæ лæппуйæн авдæн нæ уыди, æмæ загътой:

– Хъæдмæ йæ ахæссæм æмæ йын уым авдæн скæнæм.

Лæппуйы бур уæлдзармы батыхтой, мæгуыр уыдысты æмæ, æмæ йæ зæронд лæг æмæ зæронд ус хъæдмæ ахастой авдæн кæнынмæ. Æмæ иу ран æрлæууыдысты æмæ зæронд лæг загъта:

– Æз æнцонвадæн бæлас рацагурон.

Ус уым бадгæйæ баззади. Лæг æндæр ран бæлас ссардта, кæй агуырдта, ахæм бæлас. Стæй йыл кусын байдыдта. Æризæр.

– Нæ хæдзармæ цæуин, æмæ лæппу авдæн барыны тыххæй куы хъæуа нæ зæронды.

Æмæ кæм бадти, уым æй ныууагъта лæппуйы.

Лæджы зæрдæйæ та – афонмæ ус йæ лæппуйы ахаста æмæ аивгъуыдта хъæдæй. Уыйадыл лæг дæр лæппуйыл нал ракодта йæ фæндаг æмæ æрцыд сæхимæ.

Лæппу усæй лæджы астæу хъæды баззад.

Авд уæйыгæй туг дардта иу æндæр уæйыг. Æмæ-иу туджджын уæйыг æхсæв кодта цуан, бон-иу нæ уæндыд. Æмæ, цуангæнгæйæ, сывæллоныл æрбафтыд. Сывæллоны кæуын хъусы уæйыг, фæлæ йæм нæ уæнды – кæд хæйрæг ныззад.

Стæй йæм хъусгæ-хъусгæ сабыргай бацыди. Сывæллоны систа æмæ йæ ахаста уæйыг йæ хæдзармæ. Æмæ йæ уæйыг хаста йæ хæдзары.

Рахъомыл ис лæппу. Æмæ иубон кæм уыд, уым дзуры:

– Баба, æз дæр демæ цæуын цуаны!

Уæйыг загъта:

– Ды ницы бакæндзынæ, ма цу!

Лæппу нæ ныллæууыди æмæ йемæ ацыди.

Æхсæв-бонмæ фæцуан кодтой. Райсомæй боныцъæхæй сæхимæ рараст сты.

Æмæ уæйыг иу бæлас ратыдта æмæ йæ фæхæссы сæ хæдзармæ йе ‘ккойы.

Æмæ йæм лæппу дзуры:

– Уымæй та цы кæныс, баба?

Уый афтæ зæгъы:

– Артæн.

Лæппу дыууæ уыйас бæласы ратыдта æмæ сæ хæссы йæ фæстæ. Уæйыг æм фæстæмæ ракаст æмæ бахудт:

– Уый та дын цавæр у, лæппу?

– Дæ сугтæн æндзарæн, – загъта лæппу.

Æмæ уæйыг афтæ зæгъы:

– Æмæ йæ æз мæ хæдзармæ хæссын?

– Уæдæ? – фæрсы йæ лæппу.

– Æз æй, – зæгъы, – хохы сæрæй Æрджынарæгмæ æнтъухгæ фæкæнын. Æмæ уæйыг хохы сæрæй Æрджынарæгмæ нынтъыхта бæлас. Стæй лæппу дæр ныздыхтытæ кодта бæлас æмæ йæ уый дæр уыцырдæм фехста.

Уæйыджы зæрдæ иучысыл фæфидар.

Æмæ загъта уæйыг:

– Дæуæн дæлиаумæ нæ ныххаудаид.

– Уæдæ цом, æмæ нæ бæлæсты фенæм, фылдæр нæ кæмæн ахауд, уый, – дзуры лæппу.

Ацыдысты бæлæстæм бæрæггæнæг.

Уæйыджы бæлас Æрджынарæджы ссардтой, фахсы йæ сæр зæххы нынныхсти, афтæмæй.

Уæйыг загъта:

– Фæстæмæ аздæхæм æмæ дæ бæлас уæлдæр искуы бацагурæм, дæ бæлас дæуæн ардæм не 'рхаудаид.

Лæппу загъта:

– Нæ зонын, баба! Хуыцауыстæн, мæнæн тынгдæр цъух-цъух кодта, куы фæцæйтахти, уæд, мæ бæлас уæлдæр нæ уыдзæн.

Агурын байдыдтой лæппуйы бæлас. Бæлас Æрджынарæджы рагъæн йæ тæккæ сæрмæ разынд, йæ хилтæ ма чысыл зындысты, иннæ зæххы афардæг.

Уæйыг йæ зæрдæ фæдардта, æмæ лæппуйæн загъта:

– Ды ацу, лæппу, нæхимæ, æз мæнæ авд уæйыгæй туг дарын, æмæ мын абонмæ æмгъуыд и амæлынмæ.

Авд уæйыгмæ хæстæг обау уыди. Æмæ обаумæ ссыдысты лæппу æмæ уæйыг.

Лæппу загъта:

– Цон æмæ сæм æз бауайон уæйгуытæм, ды ам лæууу обауы сæрыл.

Лæппу уæйгуытæм бацыди. Уæйгуытæ аджы алыварс лæууынц. Аг фыцы. Æмæ сæм дзуры:

– Уæ бонтæ хорз! Уæ аджы алыварс та лæугæ цæмæн кæнут?

Уыдон загътой:

– Уый тыххæй лæууæм, æмæ йæ иу куы аскъæфа, уæд ма аннæтæ цы хæрдзысты?

Æмæ сæм дзуры:

– Уæртæ уæ туджджын обауы сæр куы лæууы, уæд цы ми кæнут?

Æмæ æмхуызонæй рагуыр-гуыр кодтой.

– Уæдæ уайæм!

Гъемæ уадысты æмæ сæ лæппу фæсте райста. Æмæ дзы сæ иуы рацахста æмæ-иу æй аннæйыл ныццавта. Æмæ дзы уыцы хуызæнæй, обауы рæбынмæ цалынмæ хæццæ кодтой, уалынмæ æхсæз фæмарди.

Уæйгуыты хистæр уыди авдсæрон. Æмæ уый обаумæ схæццæ уæйыгмæ. Æмæ дыууæ уæйыджы фæхъæбысæй-хъæбысмæ сты. Лæппу дæр уалынмæ схæццæ. Авдсæрон уæйыджы къахыл фæхæст æмæ йæ обауы бынмæ

ærдавта, дæлбылмæ. Æмæ йын йе 'хсæз сæры ралыг кодта.

Стæй йын загъта:

– Уæ хæзнатæ нын бацамон, æмæ дын дæ фæстаг сæр нал алыг кæндзынæн.

Æмæ йын загъта:

– Хæзнайæ нæм ницы ис, фæлæ нæм ис сызгъæрин æхцайы чырын нæ фæсдуар уæрмы.

Йе 'ннæ сæр дæр ын акъуырдта уæд.

Ныццыдысты æмæ æхцатæ рахастой дыууæ чырыны æмæ сæ хæдзармæ æрбацыдысты.

Уæйыг ницæмæйуал тарсти æмæ загъта лæппуйæн:

– Ды мæ лæппу нæ дæ! Ды дæ дæлæ нарты хъæуккаг лæппу. Æмæ дæ хæдзар куы ссарис, уæд хуыздæр уаид.

– Æмæ, – зæгъы, – мæ хæдзар куыд ссардзынæн æз?

Уый загъта:

– Æхцатæ дæр ахæсс, мæнæ ацы бур уæлдзарм дæр ахæсс, æмæ бур уæлдзарм сæхи чи хона, уыдон дæ фыд æмæ дæ мад, уымæй сæ ссардзынæ.

Æрхаста æхца дæр, уæлдзарм дæр æмæ ныхъхъæр кодта:

– Уæлдзæрмттæ чи балхæндзæн?

Æмæ дуне æмбырдтæ кодтой, уæлдзæрмттæ кæй хъуыди, ахæмтæ дæр уыди, фæлæ йæ хъæр… Уый цавæр хъæр у?

Æмæ-иу уæлдзарм чи федта, уый-иу загъта:

– Ма байрай дæ уæлдзармæй, кæд уымæй чи цы кæны!

Адæммæ гæсгæ Хуыцау йæ мады дæр уырдæм рахаста лæппуйæн. Æмæ мад уæлдзарм куы федта, уæд ныккуыдта.

Æмæ лæппу загъта:

– Кæуинаг фæдæ! Цæуыл мыл кæуыс?

Ус загъта:

– Дæуыл нæ кæуын, фæлæ ахæм уæлдзармы мæ сывæллон хъæды баззад.

Уый загъта:

– Цом-ма дæ хæдзармæ, уыцы ныхæстæ уал фæуадз.

Бацыдысты зæронд усы хæдзармæ. Æмæ йæ фæрсы:

– Дæ мой кæм и?

Уый загъта:

– Мæ мой авд азы хуытæ райста æмæ хуытæ хизы.

Æмæ йæм лæппу дзуры:

– Кæцы ран хизы, уый мын бацамон.

Ӕмӕ йын бацамыдта, кӕм хызта, уый.

Лӕппу йӕм ацыди.

– Дӕ фос бирӕ! – загъта.

Ӕмӕ йӕ сӕры хъуынтӕ йӕ риумӕ хӕццӕ кодтой зӕронд лӕгӕн. Ӕмӕ йӕ фӕрсы:

– Дӕ сӕры хъуынтӕ цӕмӕн афтӕ сты?

Уый загъта:

– Мӕ сывӕллон хъӕды фесӕфт, ӕмӕ ууыл сау дарын.

– Ӕри, – зӕгъы, – ӕмӕ дын ӕй адасон.

Уый афтӕ зӕгъы:

– Нӕ йӕ ныддасдзынӕн.

Лӕппу зӕронды рацахста, йӕ саггӕмтты йӕ бакодта ӕмӕ йын йӕ сӕр ӕрдаста.

Куы йын ӕй адаста, уӕд ын загъта:

– Цӕугӕ, ныр дӕ хӕдзармӕ сфардӕг у, хуытӕ ӕз атӕрдзынӕн.

Лӕг загъта:

– Нӕй гӕнӕн! Хуытӕн мӕнӕн хидыл тӕргӕйӕ сӕ сыдзтӕн пъатӕ кӕнын фӕхъӕуы, ӕмӕ сын ды цы сараздзынӕ?

– Ӕз сын, – зӕгъы, – ныпъпъатӕ кӕндзынӕн!

Лӕджы арвыста, зӕронд лӕджы, сӕ хӕдзармӕ.

Изӕрӕй сӕ куы тардта, уӕд хуытӕ ӕцӕг хидыхъусы ӕрлӕууыдысты ӕмӕ сӕ дымджытӕ схъил кодтой. Лӕппу бӕласы цонг ратыдта, ӕмӕ хуытыл уымӕй ӕрлӕууыди. Ӕмӕ кӕмӕн йӕ астӕу фӕсаст, кӕмӕн йӕ синтӕ, кӕмӕн йӕ агъд. Ӕмӕ кӕрӕдзийы сӕрты хаудысты ӕмӕ хидӕн йе 'ннӕрдыгӕй фесты уӕд. Чи ссыди, уыдон ссыдысты, уым дзы чи баззад, ахӕмтӕ дӕр дзы уыди. Ӕмӕ алчи згъордта ӕмӕ дзырдтой:

– Нӕ хуытӕ куы никуы сты, уӕд кӕм уой?

Уый загъта:

– Уӕ мӕрдты дзыхы уын фӕлыдтой, кӕд уын сӕ йе 'ккой ӕрхӕссинаг нӕ уыд! Цӕугӕут ӕмӕ сӕ агурут.

Иу бон, дыууӕ боны фӕци уыцы хъӕуы. Лӕппу сӕм кӕсы, ӕмӕ сӕ суг никӕмӕ, афтӕмӕй та хъӕд – сӕ фарсмӕ.

Лӕппу сӕ бафарста:

– Суг уӕм цӕуылнӕ ис, ай хъӕд уӕ фарсмӕ куы ис, уӕд?

Уыдон загътой:

– Уый у гуымирыты хъӕд, ӕмӕ йыл маргъ атӕхын дӕр нӕ уадзынц.

– Исчи мын уӕ, – зӕгъы, – дыууӕ галы раттӕд, ӕз уын суг ӕрласон.

Сæ хуыты кæмæн амардта, уыдон ын радтой галтæ, уадз æмæ йæ гуымирытæ амарой, зæгъгæ.

Æмæ лæппу ссыди дыууæ галæй хъæдмæ. Æмæ йæм иу гуымиры æрбацыд хъæргæнгæ:

– Цы дæ, цавæр дæ?

– Хæстæгдæр, – зæгъы, – рацу, стæй базондзынæ, цавæр уон, уый.

Уалынмæ æрбахæццæ гуымиры. Лæппу йæм фæлæбурдта æмæ йæ уæрдоны иу галы бæсты сифтыгъта. Стæй та иннæ гуымиры дæр æрбацыд. Уый дæр та рацахста æмæ йæ иннæ галы бæсты сифтыгъта. Æмæ сыл ахъаззаг æрцамадта. Йæхæдæг баздæхт æмæ дыууæ галæн сæ къæхтæ бабаста, æмæ сæ æфсондзыл дыууæрдыгæй æрцауыгъта, – сымахæн фæстæуæзгæнаг у, зæгъгæ.

Æмæ сыл разæй æрбадт æмæ сыл ра-гъæй кодта, тасаг уис йæ къухы, афтæмæй.

Хъæумæ æрæввахс, æмæ сæ хъæу куы федтой, уæд фæйнæрдæм лидзын байдыдтой. Æмæ сæм хъæр кæны:

– Ма лидзут! Уыдон чи сифтыгъта, уый уыдонæй тыхджындæр у.

Хъæу фæстæмæ æрбаздæхтысты. Гуымирыты суагътой уæрдонæй. Æмæ сын загъта гуымирытæн:

– Уыцы хъæды æмгæрон ма искуы куы æрлæууат, уæд мын сау уæ хæдзар фæци!

Адæмæн та загъта:

– Кæй куыд хъæуа, афтæ ласæд.

Æлдар æм æрбарвыста:

– Мæ адæмæн дæр йе ʻмбис æмæ мæ исы æрдæг дæр дын лæвар кæнын.

Уый йæм фæстæмæ барвыста:

– Æниу мын се ʻгас нæ ратдзынæ!

Æмæ амал нал уыд æлдарæн, æмæ йын йæ чызджы усæн радта.

Лæппу æлдары агъуыстыты æрцарди æмæ байдыдта æлдарад кæнын хъæубæстæн. Йæ мад æмæ йæ фыды дæр уырдæм бахуыдта цæрынмæ.

*(ЦИГСИИ-йы зонадон архив,*
*фольклорон фонд, хъ. 30 – 14, п. 73, 97 – 108 ф.*
*Радзырдта йæ Реуазты Б., ир.д.)*

# ИРОН ХЪÆЛДЗÆГ НЫХÆСТÆ

## ТЫЗМÆГ ХЪÆУЫХИЦАУ

Хъæуыхицау Дзандар цалдæр хатты адæмы æмбырд кодта сходмæ, æмæ-иу не 'рæмбырд сты. Уæд та иуахæмы куы ничи æрцыд, уæд бартхъирæн кодта, уым чи уыд, уыдонмæ:

– Йннæ хуыцаубоны чи не 'рцæуа, уыдоны се 'ппæты дæр фæндзгай сомтæй фæивар кæндзынæн. «Нæ фехъуыстон мачи зæгъæд!

Уæд зæронд Бечи рацыд адæмы 'хсæнæй, йæ лæдзæгыл æрæнцой кодта æмæ хъæуыхицауæн афтæ зæгъы:

– Дæ хорзæхæй, Дзандар, æмæ ма нæм амæй иннæ хуыцаубонмæ дæр хъæуыхицау ды уыдзынæ?

## НÆХИМÆ ДОНДЖАХИ

Афæхъойæн фæсхохæгтæ хуым карстой æмæ сын афтæ зæгъы:

– Кæд ацы хуым изæрмæ карст фæуат, уæд уæ хорз фендзынæн: кæд уæ фæнда – кусарт уын, кæнæ та – хамбохъ.

Хуымонтæ сæ удтæй бацыдысты æмæ æцæгдæр хуым изæрмæ карст фесты. Тæрхон кодтой сæхимидæг: се 'хсæвæрæн кусарт равзарой æви хамбохъ. Стæй уæд æмзондæй бауынаффæ кодтой, æмæ сæм Афæхъо фæрсынмæ куы æрбацыди, уæд загътой:

– Кусарт нæхимæ кæддæриддæр бахæрæм, фæлæ а хамбохъ кæй хоныс, уымæй никуыма фæхъæстæ стæм. Хамбохъ нын скæн.

Афæхъо дынджыр аджы дзаг нартхоры ссады змæст сфыхта æмæ сын æй куы æрæвæрдта, уæд хорзау нал фесты:

– Ай нæхимæ донджахи куы у!

## МОЛЛО ÆМÆ ФЫЙЙАУ

Иу фыййау йæ фос хызта фæндагмæ хæстæг. Йæ цурты фæцæйцыди молло.

– Салам-алейкум, молло! – дзуры йæм фиййау.

– Уæ, алейкум-салам, æмæ дæ фос бирæ! – дзуапп радта молло.

– Молло, чысыл раздæр мæм хæйрæг æрбацыд æмæ мын афтæ

зæгъы, молло, дам, ауылты фæцæйцæудзæн æмæ йын дæ фыстæн сæ тæккæ нарддæр куынæ радтай, уæд хæрзсæфт фæуыдзынæ. Цымæ цы дава уыцы ныхас?

Уæд ын молло афтæ зæгъы:

– Табу сæхицæн, сыгъдæджытæн! Уыдоны фæндон дызæрдыггаг нæу, æххæст кæнын æй хъæуы.

Æмæ молло нард фыс аласта.

Чысыл фæстæдæр молло фæстæмæ раздæхт, æмæ та фыййау йæ размæ фæци æмæ йæм дзуры:

– Молло, уыцы хæйрæг та мæм æрбацыд æмæ мын загъта, молло, дам, фæстæмæ куы 'рбацæйцæуа, уæд ын лæдзæгæй йе рагъæн æртæ хафты ныккæн! Цымæ уый та цæмæ цæуа, молло?

Молло уыцы ныхæстыл ныддис кодта æмæ йын афтæ зæгъы:

– Тобæ, тобæ, фыййау! Исчидæрма хæйрæджы коммæ кæсы? Уый хуыцауæй æлгъыст куы у. Ма сразы у хæйрæджы ныхæстыл!

Фæлæ фыййау моллойы рагъ йæ лæдзæгæй ныххоста.

## ПЪЫРЫСТЫФ ГАВРИЛКА ÆМÆ ЙÆ ПИСЫР

Бæхдавджытæ пъырыстыфæн уæйййаг бæхтæ фенын кодтой. Пъырыстыфы зæрдæмæ фæцыдысты бæхтæ, æмæ сæ балхæдта. Бæхты аргъæй уæлдай ма сын радта мин сомы æмæ сын загъта:

– Ацы бæхтыл ацæут æмæ ма ноджыдæр æрбаласут æндæр бæхтæ.

Бæхдавджытæ бæхтыл абадтысты æмæ сæхимæ афардæг сты.

Иубон пъырыстыф йæ писырмæ дзуры:

– Нæ округджы цы æнæзонд адæм ис, уыдоны нæмттæ ма мын ныффысс!

– Æз сæ раджы ныффыстон, æппæты сæрæй дзы ис Гаврилка.

– Цæмæн? – бафарста пъырыстыф.

– Уымæн æмæ бæхуæйгæнджытæн æхца раздæр радтай, бæхтæ æрбаласдзысты, зæгъгæ, чи сты, æмæ кæм цæрынц, уый дæр нæ базыдтай, афтæмæй. Уыцы хъуыддаг у стыр æдылыдзинад, – загъта писыр.

– Æмæ уыцы бæхуæйгæнджытæ бæхтæ куы æрбаласой, уæд та ма цы зæгъдзынæ?

– Куы 'рбаласой, уæд та номхыгъдæй Гаврилкайы ахахх кæндзынæн æмæ дзы бæхуæйгæнджыты нæмттæ ныффысдзынæн.

# НÆ ЙÆ ÆВДÆЛДИ

Фæсхохаг Бетъре Куырттаты хъæуы кæддæр дыууæ азы кæмæ бакуыста, ахæм хæдзары æрфысым кодта. Бинонтæ йæ размæ рауадысты æмæ йыл цинтæ кæнынц.

Бетъре бинонты фæрсы:

– Дзабо та уын кæм и, Дзабо?

Уæд Дзабойы ус дзуры:

– Дзабо нын нал ис, мæ хур, нал!..

– Ау, цы фæци! Цы кодта?

– Уæлæ, мæ хур, горæты дæле Теркыл цæхгæрмæ æрбацæйхызти æмæ йæ дон аласта.

Уæд фæсхохаг аджих ис æмæ дзуры:

– Уæ, йæ хæдзар фехæла, æмæ æххæст горæтмæ цæуылнæ цыди æмæ хидыл ахызтаид?

– Нæ йæ æвдæлди, мæ хур, мæгуыр лæг уыди æмæ, йæ хæдзарыл тагъддæр цæмæй сæмбæлдаид, уый тыххæй ууылты рацыди.

– Æмæ йæ мардыл цас цæудзæнис ныр?

– Йæ афæдз йæхи фæци.

Уæд та Бетъре дисгæнæгау загъта:

– Ау, æмæ афонмæ дæр нæма æрхæццæ уыдаид?

# ХЪÆДУРЫ КЪУС

Уазæгуаты иу лæгæн дынджыр къус хъæдурдонæй байдзаг кодтой. Æххормаг уазæг уидыгæй къус змæнты æмæ дзы æрмæст цалдæр хъæдуры гагайы ссардта. Уæд уазæг уырдыгыстæг чындздзон чызгмæ дзуры:

– Чызг, тагъд ма мын мæ дзабыртыл ахæц!

Уый йын афтæ:

– Уæ, хæргæ уал акæн, хæргæ!..

– Хæргæ кæнын, хæргæ! Мæнæ мæ къусы цалдæр хъæдуры гагайы ис, æмæ уыдон рацахсон.

# УСГУР ÆМÆ КУЫРДУАТЫ ЧЫЗГ

Дыууæ мыггаджы бафидыдтой. Тагъд хъуамæ уыдаид чындзæхсæв. Раст зæгъын хъæуы, лæппу чызджы уынгæ дæр нæ фæкодта, фæлæ йæ рæстæджы уый диссаг никæмæ каст. Дзæбæх адæймаг у, зæгъгæ йæ бахъуыддаг кодтой æнæ лæппу.

Уæд дын иубон усгур йæ ног хæстæджытæм бацыд. Сарагонды баййæфта æрыгон чызджы. Чызг йе 'взаг даргъ раласта æмæ сирæйдзаг стуан асдæр-асдæр кæны.

Лæппу фефсæрмы, фæлæ йæ чызг хъуыды дæр не 'ркодта.

– Хорз чызг, дæ мад та кæм и? – æрæджиау æй афарста ног хæстæг.

Чындзаг та йе 'взаг даргъ раивæзта æмæ стуан сыстæрдта, стæй загъта:

– Уæлæ, мæн чи ракуырдта, уыдоны рдæм фæуайы.

– Дæу чи ракуырдта, уый та дæуæй ницыдæр, – лæппу цæхгæр фæзылд æмæ дæлæ фæуайы.

## САХЪЛÆУЫ ХÆСНАГ

Сахълæу зонд æмæ хъаруйы фæдыл нæ кодта хæснаг, фæлæ хæрд æмæ нозтыл.

Иурæстæджы та хæснагыл бахордта æмæ бануæзта æнæхъæн фых галы сæр æмæ дыууæ четверты арахъхъ. Фæлæ йын ацыхатт нал батадысты: аскъуыд йæ ахсæн, æмæ йæ цард фæцис.

Адæм хорз кæм не сты. Æрæмбырд сты мæрдджыны алыварс æмæ йын йæ мард уæлмæрдмæ хæссынæввонг скодтой.

Уалынмæ хæдзарæй æрдиаггæнгæ рацыд Сахълæуы ус, йæ къухы лалымы дзаг арахъхъ, афтæмæй.

– Мæнæ йын ацы лалым йæ нывæрзæны нывæрут, мæ бон бакæла! Æдзухдæр-иу мын афтæ фæдзæхста.

– Уанцон нæу, – загъта иу зæронд лæг, – дæ мардæй хынджылæг кæныс! Йæ марг ын йемæ цæмæн æвæрыс?

– Ницы кæны, ницы, мæ бон бакæла! Кæннод йæ зæрдыл куы 'рбалæууа, йæ ингæны къултæ куы стона æмæ фæстæмæ куы раздæха!

– Дæ хорзæхæй, уæдæ йын дзы цывзыты хал дæр цæвæр, – загъта зæронд лæг, – цывзыимæ йæ поджы фылдæр уарзта.

## ХÆНÆЗЫ ДЗУАПП ЙÆ ЮРИСТ ФЫРТÆН

Хæнæзы фырт Бæбыц Бетъырбухы юристты скъола каст фæци æмæ ссыди йæ фыды хæдзармæ.

Иуизæр Хæнæз бады тымбыл фынджы уæлхъус æмæ æнхъæлмæ кæсы æхсæвæрмæ. Бæбыц йæ цуры рауай-бауай кæны.

– Бæбыц, мæ хур, ам æцæгæлонæй ничи ис, нæхæдæг стæм. Иу

хъуыддагæй дæ бафæрсинаг дæн: цавæр скъола каст фæдæ, загътай?

– Юристты скъола.

– О, юристты скъола, æмæ, Бæбыц, уæд дæ куысты сæр та цы уыдзæн, цæуыл хæст уыдзынæ? – фæрсы йæ Хæнæз.

– Æмæ дын æй дыууæ ныхасæй куыд зæгъон?

Тæрхондоны кусдзынæн.

– О, æмæ тæрхондоны сæрмагондæй цавæр куыст? Уым писыр дæр ис, ис дзы тæрхоны лæг дæр, ис дзы ноджы адвокат дæр, æмæ дзы ды кæцы уыдзынæ?

Уыцы рæстæг Бæбыцы мад, фых карк йæ къухы, афтæмæй къæбицæй рацæйцыд. Бæбыц уый куы ауыдта, уæд афтæ зæгъы:

– Уæртæ нана иу карк фæхæссы, нæ? Мæн куы бафæнда, уæд æз афтæ бакæндзынæн, æмæ уый иу карк нæ уыдзæн, фæлæ уыдзæни дыууæ.

Хъыг куыннæ уыдаид йæ фырты ныхас Хæнæзæн æмæ загъта:

– Гъе, уый дын, гъе! Агъниан, дæ разы ма уыцы карк фынгыл æнæхъæнæй æрæвæр.

Ус стыр тæбæгъы карк рахаста æмæ йæ фынгыл æрæвæрдта, йæхæдæг йæ лæгмæ хъуынтъыз æрфыгæй бакасти æмæ сдзырдта:

– Омæ, лæппу демæ не сбаддзæн... уый дæр дзы ахæра!

– Уый та, цы дыккаг карчы кой кæны, уымæй бахæрдзæн.

## ЦЫППАР ХÆЛАРЫ

Фæндагыл фæцæйцыдысты цыппар хæлары: къуырма, къуылых, куырм æмæ бæгънæг. Æвиппайды къуырма тарстæй фæхъæр кодта:

– Бæхты къæхты хъæр хъусын! Чидæр нæ æрбасуры!

– Æцæг у! – фæхъæр кодта куырм. – Уæртæ сæм цы хæцæнгæрзтæ ис!

– Лидзæм, – фæдзырдта къуылых, – науæд нæ раййафдзысты!

– Тагъддæр, тагъддæр! – фæхъæр кодта бæгънæг, науæд нæ бастигъдзысты!

## ХОРЗ ФЫН

Тепсар æмæ Дæхци, балцы цæугæйæ, къæбæрхъуаг баййæфтой æмæ тынг сæххормаг сты, фæлæ уæддæр цæуынц.

Йу цавæрдæр бæлццонæн йæ фæндаггæгтæ ахаудтой, æмæ сæ ацы дыууæ æххормаг æмбалы ссардтой, нард карк æмæ дзаджджын уæливых.

– Ӕрбадæм æмæ хæрæм, – загъта Дæхци.

– Ӕмæ иу карк æмæ уæливых дыууæ æххормаг лæгæн цы фаг сты, – загъта Тепсар. – Фæлтау ныххуыссæм æмæ хуыздæр фын чи фена, уый сæ бахæрæд райсом. Нæ иу уæддæр бафсæддзæн.

Ууыл сразы сты æмæ æхсæвиуат æркодтой уыцы ран. Тепсар йæхи фынæйы æфсон скодта æмæ сусæгæй каст, цалынмæ Дæхци бафынæй ис, уæдмæ. Стæй Тепсар æнцадгай рабадт æмæ сæ арæггæгтæ смерс кодта, стæй уæд бафынæй.

Райсомы куы райхъал сты, уæд кæрæдзи фæрсын байдыдтой, хуыздæр фын чи федта, зæгъгæ.

Раздæр чи бафынæй, уый радзырдта:

– Дысон цыма иу горæты уынгты фæцæйцыдтæн, æмæ мæ иу ран куывдмæ бахуыдтой. Бацыдтæн æмæ, Хуыцау дын афтæ радта, дæргъæй-дæргъмæ фынгтæ се ‘дзаг алы хæрд æмæ нозтæй. Ӕрбадын мæ кодтой æмæ – хæрыс ма? Нал!

Уæд ын Тепсар афтæ:

– Ӕз дæр раст уыцы сахат уæ цурты фæцæйцыдтæн æмæ дæ рудзынгæй куы ауыдтой минасы бадгæ, уæд, зæгъын, уым бафсæддзынæ, æмæ нæ хæринæгтæ ахордтон.

## ХӔСТОН СУСӔГДЗИНАД

Паддзах Никъалайы æфсады инæларæн йæ ординарец иухатт афтæ зæгъы:

– Абон базары æрыхъуыстон, изæры 5 сахатыл не ‘фсæддон хай стæры цæуы, зæгъгæ.

Зæронд инæлар ныххудтис:

– Сæрхъæнтæ! Ӕз инæлар дæн, æмæ йæ æз нæ зонын, фæлæ йæ уыдон базыдтой!..

Фæлæ дын æцæгдæр раст 5 сахатыл æфсæддон хай куы сыстид, æмæ куы араст уаид стæры. Уæд инæлар фæсидт ординарецмæ æмæ йын загъта:

— Цæугæ базармæ æмæ базон, кæдæм цæуæм, уый!

## УД АДДЖЫН У

Сона тынг ныззæронд ис æмæ-иу дзырдта:

– Бакуырм дæн, никъкъодах дæн. Мæ сыджытыл тагъддæр куы сæмбæлин, æндæр мæ ницыуал хъæуы.

Æхсæв-иу ныххуыссыны агъоммæ скуывта:

– О, Хуыцау, рæхджы мæлæт мын ратт!

Иу æмбисæхсæв, бинонтæ иууылдæр куы бафынæй сты, уæд Сонайы фыртыфырты кæстæр фырт йæ уæлæ æрбакодта зыгъуыммæ фæлдæхт кæрц, йæ ныхыл æрсагъта цавæрдæр сыкъатæ, бакодта аразгæ зачъетæ, йæ цæсгом ахорæнтæй схъулæттæ кодта æмæ балæууыд Сонайы уæлхъус.

– Ма фæтæрс, Сона, – загъта йын æнахуыр хъæлæсæй, – æз удхæссæг дæн. Дæумæ æрбацыдтæн... цом!

Фыр тæсæй йæ ныхæстæ йæ дзыхы нал арæхстысты Сонайæн:

– Æмæ, гормон, мæнæй бæллиццагдæр ацы хъæуы никæй ссардтай? Цыкурайы хуызæн чындздзон чызджытæ, саджы хуызæн усгур лæппутæ дзы куы ис. Уыдоны цур мæ хуызæн зæронд хъебрейæ цы кæныс?

Сона ма кæуынхъæлæсæй ноджы цыдæртæ зæгъынмæ хъавыд, фæлæ лæппу йæ худын нал баурæдта æмæ дуар йæ сæрыл рахаста.

Уæдæй фæстæмæ мæлæты кой ничиуал фехъуыста Сонайæ.

## АУАДЗУТ МÆ!

Иу усæн йæ лæг амарди. Марды ингæны куы цæвæрдтой, уæд йæ ус дæр йæ фæдыл ингæнмæ гæпп кодта:

– Ауадзут мæ, куыд ма цæрдзынæн! Ауадзут мæ, нал цæрын æз дæр!

Адæм æй сабыр кодтой, фæлæ ус никæмæ хъуыста. Уæд дын сылгоймæгтæй чидæр афтæ дзуры:

– Ауадзут-ма йæ, цы йыл ныххæцыдыстут?

Мæрдджын ус йæ кæуынæй фæсабыр æмæ йæм уыцыиу къæпп фæкодта:

– Дæ зынг ахуыссæд, куынæ мæ ауадзай! – йæхæдæг иунæгæй иуварс ацыд.

## ХÆДЗАРХÆЛД

Фæсхохаг Химан дард балцæй сæхимæ фæцæйцыд. Хъæугæрон ыл сæмбæлд йæ сыхаг Нестъор. Кæрæдзийыл фæцинтæ кодтой, стæй йæ Химан фæрсы, нæхимæ цы хабæрттæ ис, зæгъгæ.

– Æвзæр хабарæй ницы ис, æцæг, мæгуыр, уæ куыдз Мила амардис, – загъта Нестъор.

– Ау, æмæ цы кодта? – катайы бацыд бæлццон.

– Цы кодта куы зæгъæй, уæд уæ галы стæг йæ хъуыры ныссагъд.

– Æмæ гал та цы кодта?

– Ницы, хистæн æй аргæвстой дæ бинойнагæн, рухсаг уæд, рухсаг.

– Ау, æмæ цы кодта не ‘фсин та?

– Æмæ цы кæна, мæгуыр! Уæ хæдзар ныккалдис, æмæ уый быны фæцис.

– Уæ, Хуыцау дыл Йæ бæллæх сæвæра, Нестъор, ай хæдзархæлд куы фæдæн, уæд мын хабæрттæ Мила-куыдзæй дзурын цы райдыдтай!

## ÆЦЦÆЙ, ИСЧИ ДÆ АМАРДТА?

Иу лæг йæ уæдæгонд æфсымæры йæ сыхæгтимæ æхсæвæддæйыл хуым кæнынмæ арвыста. Йæхæдæг æндæр хъæумæ балцы ацыди. Уæдæгонд æф- сымæр æхсæвы быдыры æвзæр фын федта æмæ райсом раджы йæ гутондзау æмбæлттæн дзуры:

– Уæллæгъи, цыма дысон ме ‘фсымæры чидæр амардта.

Уæд æй æмбæлттæ рог-рогы систой æмæ йын дзурынц:

– Тынг æвзæр фын федтай, æцæг дын ма разына? Цæугæ йæм фæлтау тагъд.

Лæджы мæт бацыди, гутонæй бæх феуæгъд кодта æмæ æнæсаргъ бæхыл æфсымæрмæ фезгъоры. Иудзæвгар куы ауади, уæд дыууæ æфсымæры баиу сты, æмæ йæм уæдæгонд æфсымæр дзуры:

– Æццæй, Хъæрæби, исчи дæ амардта?

## ХЪУДЖЫ ÆФСОН БОГЪ

Иу æдылыгомау лæджы йæ ус кæйдæртимæ хъуг æлхæнынмæ арвыста æмæ йын тынг бафæдзæхста, стыр фæздонджын хъуг-иу балхæн, зæгъгæ.

Æдылы лæг армукъайы хъуджы æфсон богъ балхæдта. Стардта йæ æмæ йæ скъæты æрбаста, йæхæдæг хæдзармæ бацыди.

Ус, цингæнгæ, лæджы фæрсы:

– Лæгай, радуцон æй?

– Радуц!..

Ус скъæтмæ бедраимæ бауад, фæлæ уайтагъд фæзылд фæстæмæ:

– Мæгуыры бонтæ, нæ лæг, уый хъуджы æфсон богъ куы балхæдтай!

– Ард дæ къонайы, дæуæн бедрайы дзаг æхсыр кæнæд, æмæ богъ нæ, фæлæ йед дæр фестæд!..

## ХУЫЗДÆР ЛÆГТÆ – ХУЫЗДÆР ХИЦÆУТТÆМ

Арвыкомы иухатт цавæрдæр хицауы размæ æвзæрст лæгтæ рацыдысты. Ирон адæмæй дæр дзы иу зæронд фыдконд гуыбыр лæг фæци.

Хицау куы æрхæццæ, уæд ирон лæгмæ лыстæг ныккасти æмæ йæ фæрсы:

– Дæуæй хуыздæр кæй рарвыстаиккой ирон адæм, уый сæм нæ уыди?

Уый йæм дзуры:

– Бирæ дæр сæм ис.

– Ау, уæдæ цæуылнæ рарвыстой?

– Уыдон та хуыздæр хицæутты размæ рацæудзысты.

## КÆД МÆНЫЛ КÆУЫС?

Фæсхохы иу ус, йæ чызджы чындзы æрвитгæйæ, тынг куыдта, æмæ йæ сиахс фæрсы:

– Уæ, Деда, дæ мæрдтыстæн, цæуыл кæуыс?

– Куыннæ кæуон, – дзуры ус, – чызг фæхастон, æмæ йæ ды хæссыс.

Уæд æм сиахс дзуры:

– Нæ, фæлæ кæд дæ чызг нæ бæззы, æмæ мæ тæригъæдæй кæуыс?..

## КАРТОФДЖЫН УАРЗТА

Иу усæн йæ лæг амарди, æмæ хъарæг кæны:

– Картофджын мын уарзта, картофджын мын уарзта, картофджын, мæ фæрстæ фехæлой!

Адæм картофджыны коймæ сфæлмæцыдысты. Уæд гуырдзиаг сауджын усмæ йæхи хæстæг баласта æмæ йæм дзуры:

– Хорз ус! Картофджыны кой ныууадз, картофджыны, худинаг у.

– Уæдæ ма цы кæнон, цы сауджын! О, сауджын, о, сауджын, о, сауджын!

Уæд та йæм сауджын дыккаг хатт бацыди æмæ йæм дзуры:

– Хуыцауы хатыр бакæ æмæ сауджын, сауджын, сауджын мауал кæ! Фæлтау та картофджын, картофджын кæн!..

## МА-ИУ БАСÆТТ!

Фæсхохаг амарди, æмæ йыл ног къалостæ скодтой. Ингæны уæлхъус æй куы æрæвæрдтой, уæд иу лæг дзуры:

– Рухсаг у, рухсаг, Нестъор! Фæлæ, Саркъо дæ разæй кæй амарди, уый хорз нæу. Мæрдты дæр та дæ скæсын нæ уадздзæни. Ацы къалостæ дын кæм уыдысты, зæгъдзæн, уæлæуыл бæгъæввадæй куы цыдтæ. Фæлæ-иу ма басæтт, хъусыс! Дардтон сæ-иу зæгъ!..

Уæд æм фæсте иу чидæр хъæр кæны:

– Æмæ йын дæ разы ихсыд дæр куынæма сты, уæд сæ уымæй дæр нæ базондзæн?

## ДЫУУÆ ЧЕСТЫ

Хъазахъхъаг, æрæджы кæй айстой, иу ахæм лæппу Дзæуджыхъæуы уынджы астæуты фæцæйцыди. Уыцы сахат уæлæрдыгæй йæ фæйнæфарс дыууæ афицеры æрцæуынц.

Лæппу катайы бацыди, кæцыйæн дзы радтон чест, зæгъгæ. Уалынмæ æрхæццæ сты, гæнæн нал уыди. Уæд лæппу дыууæ къухы дæр фелвæста æмæ фæйнæрдæм чест радта.

## ХÆРДЫ ФÆСТÆ ГАРЧИЦÆ

Уазæгуаты иу лæджы хорз федтой. Хæрды фæстæ хъал чындзыты æмæ чызджыты уазæгæй ахъазын æрæфтыди. Гарчицæ йын рахастой æмæ йæм дзурынц:

– Бахатыр кæ, нæ буц уазæг, гарчицæ нæ ферох и, æмæ дзы мæнæ иучысыл куы ахæрис!..

Уæд сæм уый дзуры:

– Бузныг уæ уæздандзинадæй, фæлæ хæринæгтæ раджы аивгъуыдтой, гарчицæ сæ нал аййафдзæни. Кæд ма искуы иу фæзилæны сæ размæ фæуа...

*Уыдзæн ма*

# ТÆФÆРФÆС

# СОТТИТЫ РИММÆ



Йæ цардæй ахицæн поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг, Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг, Æмбалты Цоцкойы номыл премийы лауреат, Æрыдоны районы кадджын гражданин Соттиты Риммæ.

Райгуырд Цæгат Ирыстоны Уæллаг Мызуры 1939 азы.

Скъолайы фæстæ 1962 азы каст фæцис Цæгат Ирыстоны педагогон институты филологон факультет. Куыста Æрхонкæйы 1-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнæгæй, уый фæстæ – газеттæ «Ленинское знамя», «Рæстдзинад», «Молодой коммунист», «Социалистическая Осетия»-йы. 1979 – 1989 азты уыд журнал «Ногдзау»-ы хистæр редактор.

1979 æмæ 1986 азты йæ уацмыстæй æмæ æмдзæвгæтæй иу къорд рацыдысты мыхуыры æрыгон фысджыты иумæйаг æмбырдгæндтæ «Судз, ме стъалы», «Æмзæл зарæг»-ы.

Соттиты Риммæ стыр бавæрæн бахаста ирон литературæмæ. Æрмæст йæ тæлмацтæ дæр сты æвæджиауы хæзнатæ. Джусойты Нафийы роман «Сырдоны цæссыгтæ»-йæн тынг вазыгджын æвзаг ис, уымæн æмæ дзы бирæ историон æмæ архаикон дзырдтыл æмбæлæм. Фæлæ йæ Соттиты Риммæ ратæлмац кодта уырыссаг æвзагмæ. Уымæй уæлдай ирон æвзагæй уырыссагмæ раивта Цгъойты Хазбийы фольклорон æрмæджыты æмбырдгонд «Арвы дуар», Æгъуызаты Иуанейы поэмæ «Алгъуызы кадæг», Агънаты Гæстæны роман «Темыры кæстæр чызг»… Бирæ йæм ис уырыссаг æвзагæй иронмæ тæлмацтæ дæр.

Соттион цалдæр азы куыста рухстауæг Æмбалты Цоцкойы бынтæ æмбырд кæнынил æмæ сæ рауагъдта хицæн чиныгæй – «Удварны хæзнатæ». Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй Цоцко уыд йæ фыд Нестъоры ахуыргæнæг. Ахæм ахъаззаджы куыст ма бакодта Зæнджиаты Бæбуйы цард æмæ сфæлдыстад иртасыны хъуыддаджы дæр. Уый та рухс федта, «Уæсиат», зæгъгæ, ахæм номимæ.

2002 азæй фæстæмæ мыхуыры цыдысты йæ поэтикон æмæ проза-

икон уацмысты, сывæллæттæн æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ – «Удæй удмæ», «Фыдæлты къæсæр», «Магуса Гæдила».

«Соттионæй ирон литературон æхсæнад хъуамæ иттæг бузныг уа, нæ курдиатджын адæмæн зæрдылдаринаг тæлмацгæнæджы – Зæнджиаты Бæбуйы – аивадон бынтæ кæй æрæмбырд кодта æмæ равæрдта иу чиныджы сконды, сæ разæй сын Ардасенты Хадзыбатыры зæрдиаг æмæ уæздан фыст уац кæй бафтуан кодта, уый тыххæй…» – фыста Нафи.

«Риммæ у сæдæ лæджы æмдых, æмæ нæм цалынмæ ахæм сæрæнгуырд чызджытæ ис, уæдмæ нын тас нæу сæфынæй…» – загъта Шамил.

«Соттион йе сфæлдыстадон рындзмæ схызт кад æмæ радимæ, аккаг чызг у Соттиты мыггагæн, Ирыстонæн, Ногиры хъæуæн. Царды мæсыг амайы йæ адæммæ уарзты бындурыл. Ирон литературæйы къæбицмæ цы дзадзджын хуынтæ бахаста, уыдон аккаг бынат æрцахстой ирон аив дзырды хæзнадоны… Йе ‘мдзæвгæтыл фыст зарджытæ зарынц Ирыстоны алы къуымты», – уыдон та Мурасты Риммæйы ныхæстæ сты.

Соттион уыд журнал «Мах дуг»-ы иузæрдион хæлар æмæ иудадзыгон автор. Рухсаг уæд, йæ хорз хъуыддæгтæ рох макуы уæнт ирон дзыллæйæ…

*Журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► 15 июлы Мæздæджы кадджын уавæрты байгом Фысджыты аллейæ. Йæ саразыны хъæппæрис равдыста Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Иры Стыр Ныхас»-ы мæздæггаг хайады сæрдар Гуцаты Фридон. Уымæн æмæ йе 'мхъуыдыгæнджытæн зæрдиаг арфæ ракодта РЦИ–Аланийы хицауады сæрдары хæдивæг Æгъуызарты Мурат. Уый фæстæ нæ республикæйы, Дагестаны, Кæсæг-Балхъары, Мæхъæлы, Краснодары æмæ Стъараполы крайты сфæлдыстадон кусджыты, Уæрæсейы алы горæтты ирон æхсæнадты æмæ фæсивæды минæвæрттимæ иумæ раргом кодта Александр Пушкин, Лев Толстой, Александр Грибоедов, Хетæгкаты Къоста, Гуырдзыбеты Блашкæ æмæ Расул Гамзатовы бюстытæ. Зындгонд фысджытæн сæ хъысмæт иу кæнæн иннæ хуызы баст уыд районимæ, æмæ ныр скульптор Дзукъаты Никъалайы куыстытæ адæмæн уыцы хъуыддаг æвдисæг уыдзысты.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 10.08.2022. Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № ???. Цена свободная. Выход из печати 20 августа 2022 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.






MAX ДУГ

Индекс 73247

12+

8

2022